**SH. UBAYDULLAYEV, B. GAFUROV,**
**D. UBAYDULLAYEVA**

# SHAQÍRÍWǴA SHEKEMGI BASLANǴÍSH TAYARLÍQ

*Orta bilim beriw mákemeleriniń 11-klası hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq*

Birinshi basılımı

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw*

Tashkent — «ILM ZIYO» — 2018

**UOK 355.253.2(075.3)=512.121**
**KBK 68.49(5O‘)3**

*Pikir bildiriwshiler:*

**A. SHUMAN** — Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrligi áskeriy kadrlardı tayarlaw basqarması baslıǵı, polkovnik;
**M. TINIBEKOV** — Puqaralıq qorǵanıw institutı aǵa muǵallimi.
**I. MAMATOV** — Tashkent Medicinalıq Akademiyası janındaǵı áskeriy medicinalıq fakulteti muǵallimi, polkovnik.
**A. SOTBOLDIYEV** — Nizamiy atındaǵı Tashkent mámleketlik pedagogikalıq universiteti áskeriy kafedrası docenti.
**H. ATAJANOV** — Shayxantahur rayonı 102-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi «ShShBT» áskeriy muǵallimi;
**T. KARIMOV** — Yunusabad rayonı 5-mektep «ShShBT» áskeriy muǵallimi;
**M. RAXMANOV** — R.Glier atındaǵı Respublika qánigelestirilgen muzıka akademiyalıq liceyi áskeriy basshısı.

**Sh23** **Ubaydullayev Sh. hám basq.**
**Shaqırıwǵa shekemgi baslanǵısh tayarlıq.** 11-klass ushın sabaqlıq/ Sh. Ubaydullayev, B. Gafurov, D. Ubaydullayeva. — Nókis: «Bilim», 2018. — 200 b.

ISBN 978-9943-16-432-1

Bul sabaqlıqta puqaralıq qorǵanıwı ómir qáwipsizligi tiykarları, qáwipsizlik hám ayrıqsha jaǵdaylarda insan qorǵanıwı, áskeriy xızmettiń huqıqıy tiykarları, áskeriy jumıs tiykarları, atıw tayarlıǵı, sap tayarlıǵı, ámeliy áskeriy fizikalıq tayarlıq hám medicinalıq bilim tiykarları haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Kitapta berilgen temalardı ózlestiriw arqalı oqıwshılar ayrıqsha jaǵdaylarda júz bergende qalay háreket etiw kerekligi boyınsha kónlikpelerge iye boladı.

Sabaqlıq 11-klass oqıwshıları hám usı pánnen sabaq beriwshi muǵallimler ushın arnalǵan.

**UOK355.253.2(075.3)=512.121**
**KBK 68.49(5O‘)3**

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-16-432-1

© Sh.Ubaydullayev hám basqa., 2018-j.
© «ILM ZIYO» baspa úyi, 2018-j.
*Qaraqalpaqshaǵa awdarma*
© «Bilim» baspası, 2018-j.

# KIRISIW

Ózbekstan Respublikasınıń Quralli Kúshlerinde alıp barılıp atırǵan reformalardı dawam ettirip, mámleketimiz basshısı Sh. Mirziyoev: «Gózlengen strategiyalıq maqsetlerge jetisiwde hám olardı turmısqa tolıq engiziwde hár tárepleme hám puqta tayarlanǵan, óz Watanına sadıq, joqarı kvalifikaciyalı áskeriy kadrlardı tárbiyalaw, mámleket tárepinen olardıń sociallıq qorǵalıwın kepilliklew sheshiwshi hám tiykarǵı faktor bolıp tabıladı. Sonlıqtan respublikanıń barlıq oqıw orınlarında watandı súyiwshilik tárbiyası haqqındaǵı pánlerin qollanıw hám kúsheyttiriw boyınsha ámeliy jumıslar baslandı», dep atap ótti.

Qolıńızdaǵı bul kitap 10-klaslar ushın basıp shıǵarılǵan «Shaqırıwǵa shekemgi baslanǵısh tayarlıq» sabaqlıǵınıń dawamı bolıp, 11-klaslar ushın dúzilgen baǵdarlama tiykarında tayarlanǵan. Kitap tómendegi bólimlerden ibarat: 1-bólim: Puqaralıq qorǵanıwı. Ómir qáwipsizligi tiykarları. Qáwipsizlik hám ayrıqsha jaǵdaylarda insan qorǵanıwı; 2-bólim: Sap tayarlıǵı; 3-bólim: Askeriy xızmettiń huqıqıy tiykarları; 4-bólim: Áskeriy jumıs tiykarları; 5-bólim: Ótiw tayarlıǵı; 6-bólim: Ámeliy áskeriy fizikalıq tayarlıq; 7-bólim: Medicinalıq bilim tiykarları.

Sabaqlıqta áskeriy tarawǵa baylanıslı buyrıq, qarar, nızam, oqıw qollanba hám basqa oqıw ádebiyatlarınan keń paydalanılǵan.

Oqıwshılarǵa sabaqlıqtaǵı temalar mazmunın ózlestiriw ańsat bolıwı ushın onda foto maǵlıwmatlar, sızılmalardan paydalanılǵan. Hárbir bap sońında temanı ózlestiriw dárejesin anıqlaw maqsetinde qadaǵalaw sorawları berilgen.

«Shaqırıwǵa shekemgi baslanǵısh tayarlıq» páni ximiya, fizika, dene tárbiya sıyaqlı pánler menen tıǵız baylanısqan bolıp, bul oqıwshılardıń keleshekte Ózbekstan Respublikası Quralli Kúshleri qatarında áskeriy xızmetke shaqırılǵan waqıtlarında óziniń konstituciyalıq minnetlerin ótewge járdem beredi.

Jaslarǵa áskeriy bilim beriwde olarǵa armiyanıń oqıw-jawıngerlik xızmetinde orınlanatuǵın shınıǵıwlar, háreketler hám ámellerdi áskeriy bólimlerdegidey múmkinshiligi bolǵansha jaqınlastırılǵan halda úyretiw názerde tutıladı. Bul shınıǵıwlardı kóp mártebe tákirarlaw nátiyjesinde jaslarda zárúr áskeriy bilim hám kónlikpe júzege keledi.

# *I BÓLIM.* PUQARALÍQ QORǴANÍWÍ. ÓMIR QÁWIPSIZLIGI TIYKARLARÍ. QÁWIPSIZLIK HÁM AYRÍQSHA JAǴDAYLARDA INSAN QORǴANÍWÍ

## *1-bap.* AYRÍQSHA JAǴDAYLARDÍŃ ALDÍN ALÍW HÁM HÁREKET ETIWDIŃ BIRDEN-BIR SISTEMASÍN SHÓLKEMLESTIRIW

### *1.1. Ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám háreket etiwdiń mámleketlik sisteması (AJMS)*

Ǵárezsizlikke eriskenimizden soń, xalqımız tınısh hám abadan turmıs keshiriw ushın qabıl etilgen nızamlar tiykarında respublikamızdıń barlıq basqarmaları, oqıw orınları hám mákemelerinde tiyisli ilajlar ótkerilmekte. Bul jumıslardıń ishinde puqaralıq qorǵanıwı máselelerine ayrıqsha áhmiyet berilgen.

Bul áhmiyetli wazıypanı turmısqa engiziw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekstan Respublikasında Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligin shólkemlestiriw haqqında»ǵı Pármanı jáـriyalandı hám usıǵan muwapıq túrde Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligi shólkemlestirildi.

Ministrliktiń tiykarǵı wazıypalarına xalıq hám xalıq xojalıǵı obyektlerin tábiyiy apatshılıqlardan qorǵawdıń nátiyjeli sistemasın shólkemlestiriw, respublikada tábiyiy hám texnogen jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardıń aqıbetlerin saplastırıw, sonday-aq, ayrıqsha jaǵdaylarda olardıń aldın alıw hám háreket etiwdiń birden-bir sistemasın shólkemlestiriw kiredi. Usı maqsette Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Ózbekstan Respublikası ayrıqsha jaǵdaylarda olardıń aldın-alıw hám háreket etiwdiń mámleketlik sistemasın jáne de jetilistiriw haqqında»ǵı qararı qabıl etilgen.

Ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám háreket etiw mámleketlik sisteması, adamlardıń qurban bolıwı, olardıń densawlıǵı yaki qorshaǵan ortalıqqa zıyan tiyiwi, ayrıqsha materiallıq zıyan keltiriwi hám de adamlardıń turmıslıq xızmetiniń buzılıwına alıp keliwi múmkin bolǵan yaki alıp kelgen avariya, baxıtsızlıq, qáwipli tábiyiy qubılıs yaki basqa tábiyiy apatshılıq nátiyjesinde belgili aymaqta júzege kelgen jaǵdaydı; ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw sharaları, usıl-

ları, qurallar sisteması, is-háreketleriniń kompleksin; aldınnan ótkerilip, ayrıqsha jaǵdaylar júz beriw qáwipin ilajı bolǵanınsha kemeytiwge, bunday jaǵdaylar júz bergen táǵdirde bolsa, adamlardıń densawlıǵın saqlaw, qorshaǵan ortalıqqa tiyetuǵın zıyan hám materiallıq zıyan muǵdarın kemeytiwge qaratılǵan ilajlardıń kompleksin; ayrıqsha jaǵdaylar júz bergende adamlardıń ómiri hám densawlıǵın saqlaw, qorshaǵan ortalıqqa tiygizetuǵın zıyan hám materiallıq zıyan muǵdarın kemeytiw, sonday-aq, ayrıqsha jaǵdaylar júz bergen zonalardı karantinge alıp, qáwipli faktorlardıń tásirin saplastırıwǵa qaratılǵan avariyalıq-qutqarıw isleri hám keshiktiriwge bolmaytuǵın basqa islerdiń kompleksin óz ishine aladı.

*AJMS wazıypaları, dúzilisi, dárejeleri, basqarıw hám muwapıqlastırıw organları.* AJMS basqarıw organları, mámleketlik hám xojalıq basqarıwı organları, jergilikli mámleketlik hákimiyat organları ayrıqsha jaǵdaylarda xalıq hám aymaqlardı qorǵaw máselelerin sheshiw wákilligine kiretuǵın basqa shólkemlerdiń kúsh hám qurallarin birlestiredi hám de ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám saplastırıw tarawındaǵı ilajlardı shólkemlestiriw hám ámelge asırıw, olar júzege kelgende xalıqtıń qáwipsizligin, qorshaǵan tábiyiy ortalıqtı qorǵawdı hám de tınıshlıq hám áskeriy dáwirde mámlekettiń ekonomikasına zıyanın azaytıwdı támiyinleydi.

Tınıshlıq hám áskeriy dáwirde xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında mámleket siyasatın ámelge asırıw, normativlik-huqıqıy hújjetlerin islep shıǵıw hám ámelge asırıw; respublika aymaǵındaǵı múmkin bolǵan ayrıqsha jaǵdaylardı prognozlastırıw, olardıń social-ekonomikalıq aqıbetlerin bahalaw; ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıwǵa, adamlardıń qáwipsizligin támiyinlewge, qáwipli texnologiyalar hám óndirislerdiń táwekelshiligin páseyttiriwge, ekonomika tarmaqları hám basqa shólkemler xızmet kórsetiwiniń turaqlılıǵın asırıwǵa qaratılǵan maqsetli hám kompleksli ilimiy-texnikalıq baǵdarlamalardı islep shıǵıw hám ámelge asırıw; basqarıw organları hám ayrıqsha jaǵdaylardıń aldınalıw, olardı saplastırıw ushın gózlengen kúsh hám qurallardıń úzliksiz tayarlıǵın támiyinlew; xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawındaǵı maǵlıwmatlardı jıynaw, islep shıǵıw, almaslaw hám beriw; xalıqtı, basqarıw organlarınıń lawazımlı shaxsların, AJMSnıń kúshleri hám qurallarin ayrıqsha jaǵdaylarda háreket etiwge tayarlaw; ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw ushın finanslıq hám materiallıq resurslar qorın jaratıw; xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında

mámleketlik ekspertizası, qadaǵalawın hám tekseriwin ámelge asırıw; ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw; ayrıqsha jaǵdaylardan zıyan kórgen xalıqtı sociallıq jaqtan qorǵawǵa baylanıslı ilajlardı ámelge asırıw; xalıqtı hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında puqaralardıń, sonıń qatarında olardı tamamlawǵa tikkeley qatnasqan shaxslardıń huqıq min-netlemelerin ámelge asırıw; xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında xalıq aralıq birge islesiw; júzege keliwi múmkin bolǵan ayrıqsha jaǵdaylardan qamsızlandırıwdıń maqul sistemasın támiyinlew AJMS nıń tiykarǵı jaǵdayları bolıp esaplanadı.

AJMS aymaqlıq hám funkcional tómendegi sistemalardan ibarat hám hám de quramında xabar-basqarıw dúzilmesi xızmet kórsetetuǵın respub-lika, jergilikli hám obyektler kólemindegi úsh dárejege iye.

AJMSnıń hárbir dárejesi tómendegilerden ibarat:

— AJMS basshı organları;

— AJMS kúndelikli basqarıw organları;

— ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw kúshleri hám quralları;

— ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw ushın finanslıq hám materiallıq resurslardıń qorları;

— xabar beriw, baylanıs sistemaları, basqarıw hám maǵlıwmat penen támiyinlewdiń avtomatlastırılǵan sistemaları.

AJMSnıń aymaqlıq tómengi sistemaları óz hákimshilik aymaqları dógereginde ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw ushın Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında dúziledi hám de tiyisli rayonlar, qalalar, awıllar kólemindegi buwınlardan ibarat.

AJMSnıń funkcional tómengi sistemaları mámleketlik hám xojalıq basqarıwı organları, basqa shólkemler hám obyektlerde qorshaǵan tábi-yiy ortalıq hám joqarı dárejede qáwipli obyektler jaǵdayın baqlaw hám qadaǵalawdı ámelge asırıw, sonday-aq, basqarmaǵa tiyisli, obyektlerde olardıń óndiris xızmeti menen baylanıslı ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw ushın shólkemlestiriledi hám de AJMS xız-metlerinen, tómengi sistemalardıń mámleketlik qadaǵalaw organları, kúsh hám qurallardan ibarat boladı.

AJMS xızmetleri, mámleketlik qadaǵalaw organları hám de baqlaw hám qadaǵalawdıń basqa shólkemleri, AJMS funkcional tómengi sistemaları ayrıqsha jaǵdaylardı tamamlaw kúshleri hám qurallarınıń wazıypaları, olardı shólkemlestiriw hám de quramı mámleketlik hám

xojalıq basqarıw organları, sonday-aq, basqa shólkemlerdiń qorshaǵan tábiyiy ortalıqtıń jaǵdayın baqlaw qadaǵalaw tarawındaǵı funkciyaları, basqarmaǵa tiyisli joqarı dárejede qáwipli obyektlerdegi óndiris texnologiyalarınıń ózgesheligi esapqa alınǵan jaǵdayda islep shıǵılatuǵın usı tómengi sistemalar haqqındaǵı ustavlar menen belgilenedi hám de Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligi (keyingi orınlarda AJM dep júrgiziledi) menen kelisilgen jaǵdayda tiyisli mámleketlik hám xojalıq basqarıwı organları, basqa shólkemler basshıları tárepinen tastıyıqlanadı.

AJMSnıń xabar-basqarıw dúzilmesi tómendegilerdi óz ishine aladı:

— AJMtıń awır jaǵdaylardı basqarıw orayı;

AJMS aymaqlıq hám funcional tómengi sistemalarınıń xabar-analiz orayları;

— qorshaǵan tábiyiy ortalıq hám joqarı dárejede qáwipli obyektler jaǵdayın baqlaw hám qadaǵalaw organlarınıń xabar orayları;

— turaqlı basqarıw punktleri;

— ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw kúsh hám qurallardı basqarıwdıń háreketleniwshi punktleri;

— AJMS aymaqlıq hám funkcional tómengi sistemalarınıń náwbetshilik—dispetcherlik xızmetleri;

— baylanıs hám xabar jetkeriw quralları, sonıń qatarında basqarıw hám xabar menen támiyinlewdiń avtomatlastırılǵan sisteması.

Xabar-basqarıw dúzilmesi tómendegilerdi támiyinlewi kerek:

— AJMSnıń aymaqlıq hám funkcional tómengi sistemalarınan alınǵan seysmologiyalıq, geologiyalıq, gidrometeriologiyalıq qáwipli hádiyseler, sanaat hám transportdaǵı avariyalar hám apatshılıqlar, epidemiyalar, epizootiyalar, epifitotiyalar, radioaktiv, ximiyalıq hám biologiyalıq (bakteriologiyalıq) awhal haqqındaǵı maǵlıwmatlardı toplaw hám qayta islew (analizlew, saqlaw);

— basshı organlar, AJMSnıń kúndelikli basqarıw organları, ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw kúshleri hám quralları hám de xalıqqa ayrıqsha jaǵdaylardıń júzege keliw jaǵdayları, ózgeshelikleri, rawajlanıw kólemleri hám ótiwi, bolıwı múmkin bolǵan aqıbetleri, ayrıqsha jaǵdaylarda háreket etiw tártibi haqqında xabar etiw hám xabar beriw;

— AJMS tómengi sistemaları hám buwınları, AJMSnıń basshılıq etiwshi basqarıw organları, basqarıw punktleri, ayrıqsha jaǵdaylardı tamamalw kúshleri hám qualları arasında óz ara xabarlar almaslaw.

Ayrıqsha jaǵdaylar haqqındaǵı xabarlardıń normaları, mazmunı hám túrleri, olardı AJMS na, onıń tómengi sistemaları hám buwınlarına, sonday-aq, xalıqqa jetkeriw múddetleri hám tártibi Ózbekstan Respublikası Puqaralıq qorǵanıw baslıǵı tárepinen tastıyıqlanatuǵın Mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları, jergilikli mámleketlik hákimiyatı organları hám basqa shólkemler arasında ayrıqsha jaǵdaylar máseleleri boyınsha kúndelikli birge islesiw hám xabar beriw kórsetpesi menen belgilenedi.

AJMSnıń basshı organları — bul wákilligine xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw boyınsha tómendegi máselelerdi sheshiw kiretuǵın mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları, jergilikli mámleketlik hákimiyatı organları hám de basqa shólkemler hám obyektler bolıp tabıladı:

— respublika dárejesinde — AJM oraylıq apparatı, mámleketlik hám xojalıq basqarıwı organları hám de qorshaǵan tábiyiy ortalıq hám joqarı dárejede qáwipli obyektlerdiń jaǵdayın baqlaw hám qadaǵalaw ushın juwapker bolǵan, sonday-aq, quramında ximiyalıq, jarılıwshı, órt payda bolıwı múmkin bolǵan hám basqa qáwipli obyektleri bolǵan shólkemler;

— jergilikli dárejede — jergilikli mámleketlik hákimiyatı organları;

— obyektler dárejesinde — shólkemler hám obyektler hákimshiligi.

AJMS, onıń tómengi sistemaları hám buwınlarınıń xızmeti shólkemlestiriw, xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw boyınsha olarǵa júklengen wazıypalardı orınlawǵa tayarlıǵı ushın tolıq juwapkerlik tiyisli basshı organlarǵa júklenedi.

AJMSnıń kúsh hám quralları tómendegilerden ibarat:

— puqaralıq qorǵanıw armiyaları;

— AJM ge tuwırıdan-tuwrı hám de tez boysınıwshı respublika qánigelestirilgen dúzilmeleri, qutqarıw dúzilmeleri;

— ministrlikler hám basqarmalardıń professional qánigelestirilgen bólimsheleri hám dúzilmeleri, respublika, jergilikli hám obyektler dárejesinde AJMS tiyisli aymaqlıq hám funkcional tómengi sistemalarınıń qutqarıw xızmetleri hám qutqarıw dúzilmeleri;

— Ózbekstan Qızıl Yarım ay jámiyetiniń kewilliler otryadları (komandaları, toparları), qorǵanıwǵa járdemlesiwshi «Watanparvar» shólkemi.

Prognozlastırılıp atırǵan yaki júzege kelgen ayrıqsha jaǵdaylardıń halatı, kólemlerinen kelip shıǵıp Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri — Puqaralıq qorǵanıw baslıǵı, sonday-aq, puqara qorǵanıw baslıǵı — Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslıǵınıń, tiyisli

wálayatlar hám Tashkent qalalıq hákiminiń qararı menen belgili bir aymaq shegarasında AJMS xızmet kórsetiwiniń tómendegi rejimlerinen biri ornatıladı:

— kúndelikli xızmet rejimi — normadağı óndiris-sanaat, radiaciyalıq, ximiyalıq, biologiyalıq (bakteriologiyalıq), seysmikalıq hám gidrometeorologiyalıq jağdayda, epidemiyalar, epizootiyalar hám epifitotiyalar bolmağanda;

— joqarı tayarlıq rejimi — óndiris-sanaat, radiaciyalıq, ximiyalıq, biologiyalıq (bakteriologiyalıq), seysmikalıq hám gidrometeorogiyalıq jağday qıyınlasqanda, ayrıqsha jağdaylar júzege keliwi múmkinligi haqqında prognoz alınğanda;

— ayrıqsha rejim — ayrıqsha jağdaylar júzege kelgende hám ayrıqsha jağdaylar dáwirinde.

Tómendegiler AJMS xızmet kórsetiwi waqtında ámelge asırılatuğın tiykarğı ilajlar esaplanadı:

a) kúndelikli xızmet rejiminde:

— qorshağan tábiyiy ortalıqtıń jağdayın, joqarı dárejede qáwipli obyektler hám olarğa jaqın aymaqlardağı jağdaydı baqlaw hám qadağalawdı ámelge asırıw;

— ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw, xalıqtıń qáwipsizligi hám qorğanıwın támiyinlew, tiygiziletuğın zıyan hám zıyandı qısqartıw, sonday-aq, ayrıqsha jağdaylar sharayatında turaq jay imaratları, sanaat obyektleri, turmıs támiynatı sistemaları hám ekonomika tarmaqları xızmet kórsetiwiniń turaqlılığın asırıw boyınsha maqsetli hám ilimiy — texnikalıq bağdarlamalar hám de shara-ilajlardı rejelestiriw hám orınlaw;

— ayrıqsha jağdaylar boyınsha basqarıw organları hám AJMS kúshlerin ayrıqsha jağdaylar waqtında háreketlerge tayarlawdı jetilistiriw xalıqtı ayrıqsha jağdaylar waqtında qorğaw usılları hám háreket etiwge úyretiwdi shólkemlestiriw;

— ayrıqsha jağdaylardı saplastırıw ushın finanslıq hám materiallıq resurslar qorların jaratıw hám toltırıw;

— qamsızlandırıwdıń maqsetli túrlerin ámelge asırıw;

b) joqarı tayarlıq rejiminde:

— ayrıqsha jağdaylar júzege keliwi qáwpi haqqında mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları, jergilikli mámleketlik hákimiyatı organları hám basqa shólkemlerge xabar beriw hám xalıqtı xabardar etiw;

— AJMS tiyisli tómengi sistemaları hám buwınları xızmetine tikkeley basshılıq etiwdi mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları, jergilikli

mámleketlik hákimiyatı organları hám basqa shólkemlerdiń óziniń juwapkershiligine alıwı, zárúrlik bolǵanda jaǵdaydıń qıyınlasıwı sebeplerin anıqlaw ushın apatshılıq júz beriwi múmkin bolǵan regionlarda tez járdem toparların shólkemlestiriw, jaǵdaydı normallastırıw boyınsha usınıslar islep shıǵıw;

— turaqlı jaylasıw punktlerinde AJMS basshıları quramınıń kúni-túni náwbetshiligin engiziw;

— ayrıqsha jaǵdaylar boyınsha aymaqlıq basqarmalar (bólimler)dıń tez járdem toparları hám de mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları, obyektler hám basqa shólkemlerdiń náwbetshilik-dispetcherlik xızmetleri náwbetshiligin shólkemlestiriw;

— qorshaǵan tábiyiy ortalıqtıń jaǵdayı, joqarı dárejede qáwipli obyektler hám olarǵa jaqın aymaqlardaǵı jaǵdaydı baqlaw hám qadaǵalawdı kúsheytiw, ayrıqsha jaǵdaylardıń júzege keliw itimalın, olardıń kólemleri hám aqıbetlerin prognozlastırıw;

— ayrıqsha jaǵdaylar sharayatlarında xalıq hám qorshaǵan tábiyiy ortalıqtı qorǵaw, sonday-aq, turaq jay imaratları, turmıs támiynatı sistemaları, obyektler hám ekonomika tarmaqlarınıń turaqlı xızmet kórsetiwin támiyinlew shara-ilajların kóriw;

— kúshler hám qurallardı tayar jaǵdayǵa keltiriw, olardıń háreket rejelerin anıqlastırıw hám de zárúr bolǵanda ayrıqsha jaǵdaylarda shamalanıp atırǵan aymaqqa jılıstırıw;

d) ayrıqsha rejimde:

— ayrıqsha jaǵdaylar júzege kelgeni haqqında mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları, jergilikli mámleketlik hákimiyatı organlarına xabar beriw hám xalıqtı xabardar etiw;

— tez járdem toparlardı ayrıqsha jaǵdaylar aymaǵına jılıstırıw;

— xalıqtı qorǵawdı shólkemlestiriw;

— ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıwdı shólkemlestiriw;

— ayrıqsha jaǵdaylar zonaları shegaraların belgilew;

— ekonomika obyektleriniń turaqlı xızmet kórsetiwin támiyinlew, zıyan kórgen xalıqtıń turmıs sharayatların támiyinlew jumısların shólkemlestiriw;

— ayrıqsha jaǵdaylar aymaqlardaǵı qorshaǵan tábiyiy ortalıqtıń jaǵdayı, avariya obyektleri hám olarǵa jaqın aymaqlardaǵı jaǵday boyınsha monitoring alıp barıw.

### *1.2. Mektepte ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw hám saplastırıw háreketleri rejesiniń dúzilisi*

Shólkemlestiriwshilik— huqıqıy túrine qaramastan hárbir mektepte (oqıw ornında) tábiyiy hám texnogen ózgeshelikli ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw hám saplastırıw háreketleri rejesi islep shığıladı. Rejeni islep shığıw hárqanday sharayatta insanlar qurban bolıwın hám materiallıq baylıqlarğa zıyan tiyiwin maksimal azaytıwğa qaratılğan bolıwı kerek.

Rejelestiriw obyektinde ayrıqsha jağdaylar júz beriw qáwipi dárejesin, apatshılıqlar hám tábiyiy apatlar, júz beriwi nátiyjesinde júzege keliwi múmkin bolğan jağdaylardı boljaw, bar materiallıq qor hám insanlardı hár tárepleme úyrenip hám baha beriwge tiykarlanıwı kerek.

Ayrıqsha jağdaylarda xalıqqa eskertiw olardıń nátiyjesindegi materiallıq zıyanlar hám jábirlengenlerdiń sanın azaytıw ilajları muğdarı, múddeti, shólkemlestiriw hám orınlaw tártibin, avariya, nabıt bolıwlar, tábiyiy apatshılıqlardan (xalıqtı) mektep xızmetkerleri hám oqıwshılardı, materiallıq baylıqlardı qorğaw boyınsha keshiktirip bolmaytuğın ilajlardıń orınlanıwı, sonday-aq, qutqarıw jumısların shólkemlestiriw hám alıp barıwdı belgileydi.

Ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw hám saplastırıw háreketleri rejesi eki bólimnen ibarat:

*— mektep (obyekt) hám oğan qońsı aymaqlardağı potencial qáwip-qáterler.*

Bul bólimde obyektke qáwip salıwshı, úlken avariyalar, óndiristiń qıyralıwları bolıwı múmkin bolğan kárxana, ximiyalıq zatlar hám basqa qáwipli júkler tasıp ótiwshi hám júklewshi temir jollar, stanciyalar (bándirgiler), epizootik, epidemiyalıq kóz qarastan qolaysız aymaqlar kórsetiledi;

*— úlken óndiris avariyaları, nabıt bolıwlar hám tábiyiy apatshılıqlar, terroristlik háreketler júz beriw qáwpi tuwılğanda islenetuğın ilajlar (joqarı tayarlıq rejiminde).*

Bul bólim:

a) ayrıqsha jağdaylar júz beriw qáwpi haqqında basqarıw organların, basshılar, jumısshılar hám xalıqtı xabarlaw tártibin;

b) ayrıqsha jağday tásiri haqqında eskertiw hám onı azaytıw boyınsha ótkeriletuğın ilajlardıń muğdarı, múddeti, qatnastırılatuğın kúsh hám qurallar;

d) bar kúsh hám qurallardı, qorğanıw qurılmaların, basqa jertólelerdi, jerdiń ústinde jaylasqan imarat hám qurılmalardı bekkemlep, jawıp mektep xızmetkerleri, oqıtıwshıları hám xalıqtı jasırıw ushın tayarlaw;

e) jeke qorǵanıw quralların mektep xızmetkerleri hám oqıwshılarına beriwge tayarlaw hám beriw;

f) mektep xızmetkerleri hám oqıwshıların, evakuaciya etiw ushın biriktirilgen avtotransporttı hám qaladan tısqarı zonalardı tayarlawda qatnasıw;

g) medicinalıq hám epidemiyalarǵa qarsı qorǵanıw ilajların ótkeriw;

h) órtke qarsı ilajlardı hám óndiristi avariyasız toqtatıwǵa tayarlıq ilajların ótkeriwdi óz ishine aladı.

Hárbir oqıwshı ayrıqsha jaǵdaylar júz bergende ne etiwi kerekligin biliwi, kúndelikli turmısta mektep aymaǵında hám mektepten sırtta durıs háreket etiw qaǵıydaların ózlestiriwi, órtke qarsı qáwipsizlik sharaların orınlawı, qorǵanıw qurallarınıń qayjerde saqlanıwın, qorǵanıw qurallarınıń durıs qollanılıwın, janındaǵılarǵa birinshi járdem beriw qaǵıydaların biliwi, evakuaciya waqtında basshılardıń buyrıqların tez hám durıs orınlawı shárt.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Ayrıqsha jaǵday degende neni túsinesiz?
2. Ayrıqsha jaǵday ministrligi qashan hám ne maqsette shólkemlestirilgen?
3. AJMSnıń basshı organları qaysılar?
4. Ayrıqsha jaǵdaylar ministrliginiń kúsh hám qurallarına neler kiredi?
5. Ayrıqsha jaǵday júz bergende oqıwshılardıń wazıypaları nelerden ibarat?

## *2-bap.* QORSHAǴAN ORTALÍQTÍŃ UNAMSÍZ TÁSIRLERINDE, INFEKCIYALÍQ HÁM INFEKCIYALÍQ EMES KESELLIKLERDEN SALAMATLÍQTÍ SAQLAW

### *2.1. Qorshaǵan ortalıqtıń adam organizmine unamsız tásiri*

Adam organizmine átirapımızdaǵı ortalıq úlken tásir kórsetedi. Taza suw, hawa hám hasıldar jerler adam jaqsı hám salamat jasawı ushın eń kerekli zatlar bolıp tabıladı. Eger átirapımızdaǵı hawa patas bolsa, ol insan organizmine dem alıw jolı arqalı kiriwi múmkin.

Patas suw ishinde patogen mikroogranizmler bolıwı múmkin. Hár qıylı toksik aralaspalar suw menen adamnıń ishki organlarına túskende densawlıqqa úlken zıyan keltiredi. Átirapımızdaǵı jerler hám aǵın suwlar zıyanlasa, olardıń ónimdarlıǵına zıyanı tiyedi.

Tábiyatta mıńlap mikroorganizmler jasaydı hám olar aǵashlar, gúller hám qıyabanlarda azıqlıq tawıp azıqlanadı. Usı tiri janzatlar hawadan,

suwdan hám jerden paydalanıladı. Bulardıń arasında payda hám zıyan keltiretuǵınları da bar.

Adamlar jerdi bahalaǵanda onıń paydalı táreplerin izleydı. Sebebi jerdiń ústinde hám astında baylıqlar júdá kóp. Jer ústine hár túrli eginler egiwge boladı. Ókinishlisi, sońǵı waqıtları adamzat tábiyatqa úlken zıyan keltirmekte, buǵan mısal etip hár túrli shıǵındılardıń jerge hám suwlarǵa taslanıwın keltiriw múmkin. Aqıbetinde jer hám suw pataslanadı hám de olarda jasawshı tiri organizmler nabıt boladı. Zavod hám favrikalardan shıǵıp atırǵan tútin hawaǵa úlken zıyan keltirip, kóp ósimliklerdiń ósiwine jol qoymaydı hám átiraptaǵı jerlerge úlken zıyan tiygizedi.

Tábiyatqa eń úlken qáwipti awır metallar keltiredi. Bulardıń ishinde sınap, kadmiy, mıs, xrom, vanadiylerdiń zavod hám fabrikalardan hawa hám jerge túsiw itimalı júdá úlken.

Avtomobillerden shıǵıp atırǵan tútin menen mıńlap tonna záhárli zatlar hár jılı hawaǵa kóteriledi. Qosımshasına awır metallar menen birgelikte zıyanlı zatlar hawaǵa gaz halında shıǵarıladı. Bulardıń ishinde uglerod oksidi, azot hám uglevodorodlardı ayrıqsha ajıratıp kórsetiwge boladı.

Eń kóp ushırasatuǵın aralaspalar kúl hám shańlar bolıp tabıladı. Kúl neft janıwınan, janılǵı, kómir hám basqa ónimlerden payda boladı.

Qurılısta keń qollanılatuǵın asbest insannıń dem alıw organlarında (ókpede) qalıp, awır keselliklerge alıp keledi. Ol dem alıw arqalı organizmge kirip, adamdı kesellikke ushıratadı.

Adam ushın eń úlken zıyandı pesticidler keltiredi. Olar awıl xojalıǵında keń túrde qollanıladı. Olardı qollanıw qaǵıydaları bar. Biraq usı qaǵıydalar buzılsa, nerv sisteması, adamnıń kózi, dem alıw organları hám terisine úlken zıyan keltiredi.

Átirap-ortalıqtaǵı radioaktiv shıǵındılar adam ushın júdá qáwipli. Olar, zavodlardan dárya hám kóllerge túsedi.

Íon, ultrafiolet nurlanıw hám hár qıylı ximiyalıq aralaspalar da adamǵa úlken zıyan keltiredi.

Sońǵı waqıtlarda tábiyatqa sintetikalıq juwıw ónimleri aqıbetinde úlken zıyan keltirmekte. Usı ónimler házirgi kúnde planetamızdıń barlıq jerlerinde bar.

Adamlar sintetikalıq juwıw ónimleri menen zıyanlanǵan kól hám basqa shomılıw orınlarına barǵanda hár qıylı allergiya keselliklerin juqtırmaqta.

Pataslanǵan tábiyat tásiri arqalı adamda gen (mutaciya) ózgerisleri payda boladı. Bul ózgerisler *mutagenez* dep ataladı.

Qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı adamzattıń genetikalıq fondına da tásir etedi. Organizm genlerin buzatuǵın zat *mutagen* bolıp tabıladı. Mutagenler organizmge kirgennen keyin hár qıylı keselliklerge sebepshi boladı. Olardıń ishinde qan tamır hám rak kesellikleri kóp ushırasadı. Mutagenler organizmge túskennen keyin organizm olar menen gúresedi. Mutagenlerge qarsılıq kórsetiw ushın adam vitaminlerge bay ónimlerdi paydalanıwı zárúr.

### *2.2. Tiykarǵı infekciyalıq hám infekciyalıq emes keselliklerge sebep bolıwshı qáwipli faktorlar*

*Juqpalı (infekciyalıq) kesellikler*— bul arnawlı kesellik qozǵatıwshı (shaqırıwshı)lar: bakteriyalar, viruslar, bir kletkalı zamarrıqlar keltirip shıǵaratuǵın kesellikler (pilis) toparı.

Adam organizminde juqpalı kesellik payda bolıwınıń tikkeley sebebi kesellik qozǵatıwshılarınıń adam organizmine túsiwi, olardıń organizm toqımaları hám kletkaları menen óz ara tásirlesiwi.

Keselliktiń ótiw procesiniń awırlıǵı, klinikalıq ózgesheligi hám keselliktiń qalay juwmaqlanıwı tiykarınan adam organizminiń jaǵdayına, ásirese, adamnıń fiziologiyalıq ózgesheligi hám immunitet sistemasına baylanıslı.

Ayırım kesellikler bar, bunday kesellikler juqpaydı, yaǵnıy adam organizmine kesellik qozǵatıwshısı túspegen jaǵdaylarda da rawajlanadı. Bularǵa infarkt, insult, asqazan jara keselligi, soqırishek sıyaqlı kesellikler kiredi. Bunday kesellikler juqpalı bolmaǵan jaǵdayda da adamlar ushın qáwipli.

Nawqas organizminde keselliklerdi júzege keltiriwshi arnawlı mikroblar barlıǵı hám keselliklerdiń adamnan adamǵa juǵıwı múmkinligi infekciyalıq keselliklerdiń tiykarǵı belgileri bolıp tabıladı.

Infekciyalıq keselliklerdiń haqıyqıy sebepleri XIX ásirdiń ekinshi yarımında L. Paster, R. Kox, I. I. Mechnikov hám basqa alımlardıń jumıslarında kórsetilgen.

Ayırım kesellikler (xolera, súzek keseli, paratif, dizenteriya hám basqa ishek infekciyaları) as sińiriw jolı arqalı (nawqaslar dáreti túsken suw hám azıq-awqat yamasa onıń bólekleri tiygen juwılmaǵan qol arqalı) juǵadı.

Nawqas jótellegende, túshkirgende, sóyleskende shıǵatuǵın silekeyli mayda tamshılar hawa menen dem alıw jollarına kiriwinen kelip shıǵatuǵın kesellikler (tamshılı infekciyalar)ge gripp, kók jótel, parotit, difteriya, qızılsha hám basqalar kiredi.

Ayırım kesellikler qan sorıytuǵın jánlikler (biyt, shıbın, búrge, keneler hám t.b.) arqalı juǵadı (bezgek, áspeli súzek, qaytalama súzek, kene hám shıbın arqalı juǵatuǵın ensefalitler, (moskit) mayda shıbın, súyir shıbınlar ısıtpası hám t.b.). Nawqasqa jaqın júrgende yaki onıń súlgisi, ıdıs-tabaǵı hám buyımlarınan paydalanǵanda juǵatuǵın kesellikler (venerik soz kesellikler, kúydirgi, taz jara hám basqalar) óz aldına topardı quraydı.

Infekciyalıq kesellikler birneshe kún (gripp, qızılsha, mayda shıbınlar ısıtpası) yaki birneshe hápte (súzek keseli, áspili súzek) dawam etiwi yaki aylap hám hátte, jıllap sozılıwı múmkin (tuberkulyoz, maqaw keseli, siflis (merez)).

Infekciyalıq kesellikler kelip shıǵıwı organizmge kirgen patogen mikroblarınıń sanına, virulentligine (kesel juqtırıw, tarqatıw qásiyeti) kirgen jerine, adamnıń jasına, infekciyaǵa beyimliligine, sonday-aq, mikrob átirapındaǵı sırtqı ortalıq sharayatına (qolaysız sharayatta mikrobtıń virulentligi azayadı) baylanıslı.

Infekciyalıq keselliklerdiń payda bolıwı hám ótiwinde sociallıq sharayat (úy-jay, awqatlanıw tárizi, mádeniy dárejesi, medicinalıq járdem) sheshiwshi rol oynaydı. Usı sharayattıń óz ara tásirine qarap infekciyalıq keselliklerdiń hár túrli túrleri kórinedi. Infekciyalıq keselliklerdiń ótiwinde inkubaciyalıq dáwir, kesellik belgileriniń payda bolıw hám asıp barıw dáwiri, kesellik háwjine shıqqan dáwir, keselliktiń joq bolıw hám sawalıw dáwiri ajıraladı. Infekciyalıq keselliklerdiń hárbirinde usı dáwirlerdiń ózine tán ózgeshelikleri bar. Súzek keseli sıyaqlı ayırım infekciyalıq kesellikler mikrobı awırǵan organizmde saqlanıp qaladı hám dógerek átirapındaǵı ortalıqqa shıǵa beredi.

Kóplegen infekciyalıq keselliklerden keyin oǵan qarsı immunitet payda boladı. Infekciyalıq keselliklerdi anıqlawda keselliktiń klinikalıq belgileri, laboratoriyada tekseriw nátiyjeleri hám epidemiologiyalıq maǵlıwmatlar tiykar etip alınadı. Nawqaslar arnawlı úskenelengen infekciyalıq emlewxanalarda emlenedi. Infekciyalıq kesellikler ge qarsı gúreste profilaktikalıq ilajları sheshiwshi rol oynaydı. *Profilaktika* adamlardıń joqarı dárejedegi salamatlıǵın, uzaq jıllıq iskerligin támiyinlewge, kesellenıw sebeplerin joq etiwge, xalıqtıń turmıs, miynet hám dem alıw sharayatların jaqsılawǵa, qorshaǵan ortalıqtı qorıqlawǵa qaratılǵan ilajlar kompleksi bolıp tabıladı.

Infekciyalıq keselliklerdiń jáne de keń tarqalıwına jol qoymaw ushın usınday kesellikler menen awırǵan nawqaslar yaki sonday kesellik bar dep gúman etilgen adamlar emlewxanada yaki úyinde ayırıp bólek qoyıladı.

Oba, xolera, áspili súzek (áspili tif), súzek keseli (bryushnoy tif), paratif, dizenteriya, virusli gepatit, differiya hám sol sıyaqlı kesellikler

tabılǵan yaki gúman etilgen adamlardı arnawlı sanitariya transportında emlewxanaǵa alıp barıp jatqızıw shárt.

Gripp, qızılsha, kókjótel hám basqa ayırım infekciyalıq kesellikler menen awırǵan nawqaslardı óz aldına bólmege jatqızıw, tiyisli bolǵanınsha kútip qaraw hám dezinfekciya ótkerip turıw shárti menen úyinde ayırıp bólek qoyadı.

Sanatoriyalar, dem alıw úyleri, balalardı salamatlastırıw orınları, balalar baqshaların da, sonday-aq, emlewxanalardıń terapiya, xirurgiya, pediatriya hám basqa (infekciyalıq bólimnen basqa) bólimlerinde izolyator úskenelenedi.

Ásirese, qáwipli infekciyalar (oba, xolera) menen awırǵan nawqaslarǵa jaqın júrgen adamlardı sol kesselliklerdiń inkubaciyalıq dáwirine teń keliwshi múddet penen ayırıp qoyıw shárt. Basqa infekciyalarda nawqaslar hár túrli múddetke ayırıp qoyıladı. Infekciyalardıń aldın alıw ushın mekteplerde emlew ilajları ótkeriledi.

## *2.3. Azıq-awqat ónimleri hám suw menen baylanıslı qáwipli faktorlar*

Hárbir adam durıs awqatlanıwǵa úlken áhmiyet beriwi kerek. Eger taza suw, sıpatlı taǵam paydalansa, adam densawlıǵı bárhama jaqsı boladı hám ol hesh kesel bolmaydı. Biraq adamzat mol hasıl alıw ushın hár qıylı tájiriybeler ótkerip, ónimlerdiń tábiyiy jaǵdayın ózgertpekte. Nátiyjede paydalanılǵan ximiyalıq dáriler jerge kirip, eginlerge zıyan keltirip atır.

Ximiyalıq zatlardıń hádden tısqarı kóp qollanılıwınıń aqıbetinde miywe hám palız ónimleriniń geni ózgerip, zúráátliligi artadı, biraq mazası hám sıpatı tómenleydi. Sonıń menen birge, sol zatlar miywe, palız ónimleriniń kórinisin de ózgertip, organizmge payda keltiriw ornına zıyanlı ónimge aylanadı. Sıpatı ózgergen miywe hám palız ónimleri insan organizminde hár túrli allergiyalıq kesselliklerdi keltirip shıǵaradı. Geni ózgergen ónimler paydalanǵanda organizm ishine kirip, qan tamır sistemasına úlken zıyan keltiredi hám óz gezeginde, basqa kesselliklerdiń payda bolıwına jaǵday jaratadı.

Quyashlı úlkemiz tábiyiy hám sıpatlı miywe-palızlarǵa bay bolıp, olardı jıldıń qálegen máwsiminde taba alamız. Mámleketimizde miywe hám palızlar jıl dawamında ósirilip, bazarlarımızdı toltırıp turadı. Eger biz tábiyatqa zıyan keltirmesek, oǵan járdem qolın sozsaq, jerlerimizdi abadanlastırsaq dasturqanlarımız jáne de tolı boladı.

Bul járdem neden ibarat? Qashan hárbir insan ózi jasap atırǵan aymaǵı, onıń baylıqları, jaratılǵan sharayatlardıń qádirine jetse ǵana

buǵan erisiwge boladı. Ómirimiz, turmısımız, densawlıǵımız, eń dáslep, topıraǵımız sıpatına, dárya, kóllerimizdegi suwlar tábiyat jaratqan halda saqlanıwına hám dem alıp atırǵan hawaǵa baylanıslı. Sonıń ushın suwdıń pataslanıwına hesh jol qoymawımız kerek. Suw aǵatuǵın jerlerdi asırap-abaylaw hárbir insannıń wazıypası.

Adam organizmi tiykarınan suwdan ibarat, sonlıqtan suw insan ushın oǵada zárúr. Adam suwsız jasay almaydı. Taza suw tek adamlarǵa emes, al awıl xojalıǵına da kerekli bolıp, suwsız ónim alıwdıń ilajı joq. Demek, tábiyat sawǵası bolǵan suwdı asırap-abaylawımız kerek. Biraq sońǵı waqıtlarda adamzat tárepinen tábiyatqa, ásirese, suwǵa keltirilip atırǵan zıyan kólemi artıp, shegara bilmeytuǵın dárejege shekem jetpekte. BMShnıń klimat ózgeriwi boyınsha tayarlaǵan bayanatına muwapıq, 2050-jılǵa barıp. Dúnya okeanı suwlarınıń pataslanıwı hám kislotalılıq dárejesi 150% ge artadı. Bul teńiz ekosistemasında artqa qaytarıp bolmaytuǵın ózgerislerge alıp keledi. Dúnya suwları pataslanıwınıń tiykarǵı sebebi adam tárepinen hár kúni 2 million tonna shıǵındınıń tábiyiy hám jasalma suw basseylerine taslanıwı bolıp tabıladı. Hár jılı 260 million tonna plastmassa ıdıslar okeanǵa ilaqtırıladı. Olardıń úlken bólimin bolsa teńiz tolqınları jaǵalarǵa shıǵarıp taslaydı. Ishimlik suwınıń pataslanıwı kúnine 14 mıń adamnıń ólimine sebep bolıp atırǵanı aqılǵa sıymaytuǵın kórsetkish bolıp tabıladı.

Pataslanǵan suw insan organizmine úlken zıyan keltiredi. Suw adamnıń kóriw qábiletine, terisiniń názik hám taza bolıwına, shashı ósiwi hám miydiń jaqsı islewine jaqsı tásir etedi.

Taza suw qan menen organizmge kirip, onı vitaminlerge bayıtadı. Eger atız maydanları patas suw menen suwǵarılsa, eginler quwraydı hám zıyanlanadı. Insan paydalanıp atırǵan ishimlik suwınıń 70—80% i awıl xojalıǵına sarplanadı. Solay bolsa da, suwdı ısırap etiw dawam eptekte. Eger bir irrigaciya sisteması jetilistirilse, awıl xojalıǵına sarplanıp atırǵan suwdıń 30% in únemlep qalıwǵa boladı. Qullası, suwdıń pataslanıwı nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın keselliklerdiń túrleri kún sayın artıp baratırǵanlıǵın medicinalıq diagnozlar da dálillep turıptı. Suwdı asırap-abaylamasaq, ol bizden densawlıǵımız esabınan «tólem» ala beredi, aqıbetinde bizler hár túrli keselliklerge ushıraymız.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Topıraqtıń awır metallar menen zıyanlanıwı nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın qáwipler nelerden ibarat?
2. Mutagenez degen ne? Oǵan qarsı gúresiw sharaların aytıń.
3. Juqpalı kesellikler menen kesellengen nawqaslardı emlew ilajları haqqında aytıp beriń.

## *3-bap.* ZAMANAGÓY JAWÍNGERLIK QÍYRATÍWSHÍ QURALLAR

### *3.1. Yadro qurali*

Yadro quralınıń tásiri yadro reakciyası, yaǵnıy ıdıraw-sintez yaki bul ekewiniń tendey júz beriwi nátiyjesinde yadro ishinen ajıralıp shıǵatuǵın energiyadan paydalanıwǵa tiykarlanǵan.

Yadro quralınıń kishi trotil ekvivalenti, yaǵnıy trotil zaryadınıń salmaǵı menen ańlatıladı. Trotil zaryadınıń jarılıw energiyası yadro quralınıń jarılıw energiyasına teń.

Jarılıw orayınıń jer (suw) qáddine salıstırǵanda jaylasıwına qarap hawada jarılıw, jerde jarılıw, jer astında jarılıw, suw ústinde jarılıw hám suw astında jarılıwlarǵa ajıraladı (1-súwret). Bul túrdegi jarılıwlardıń hárbiri obyektlerge ózine tán túrde qıyratıwshı tásir kórsetedi.

*Hawadaǵı yadrolıq jarılıw* — bunda jarılıw hawada júz beredi, jaqtılıq tarawı jer betine tiymeydi. Hawadaǵı jarılıw joqarıda yaki tómende bolıwı múmkin. Tómende yadrolıq jarılıwda kóteriletuǵın shań tiykarı jarılıw bultı menen tutasadı hám nátiyjede zamarrıq tárizli bult payda boladı. Hawada payda bolatuǵın joqarı jarılıwda shań tiykarı jarılıw bultı menen tutaspaydı.

Hawadaǵı yadrolıq jarılıw qısqa waqıt, kózdi qamastıratuǵın jaqtılıq tarqalıwı menen payda boladı. Sonnan keyin sfera formasındaǵı kórsetilgen bólim payda boladı. Ondaǵı temperatura birneshe million gradusqa jetedi. Kórsetilgen bólim jaqtılıq nurlanıwı deregi bolıp xızmet etedi.



*a* *b* *d* *e*

*1-súwret.* Yadro zaryadınıń jarılıw túrleri:
*a* — hawada; *b* — jer betinde; *d* — jer astında; *e* — suw astında hám ústinde jarılıw.

Yadrolıq jarılıw gúldirmama waqtında payda bolatuǵın seske uqsas keskin gúmbirlew menen payda boladı. Jarılıw bultı samal baǵıtı boyınsha háreketlenip, ózine tán túrdi joq etedi hám tarqalıp ketedi. Joqarıdaǵı yadrolıq jarılıwlarda sharǵa uqsas kórsetilgen bólim payda boladı. Onıń ólshemleri jer beti atmosfera qatlamlarında payda bolatuǵın yadrolıq jarılıwǵa qaraǵanda úlken boladı. Kórsetilgen bólim suwıǵannan keyin, shań-tozańlı shar tárizli bultqa aylanadı. Joqarıdaǵı jarılıwda shań-tozań bultı hám tiykarı payda bolmaydı.

*Jer betindegi yadrolıq jarılıw* dep, jer betinen onsha biyik bolmaǵan hawadaǵı jarılıwǵa aytıladı, bunda kórsetilgen bólim jer beti menen kesisip, yarım sfera formasında boladı. Jer betinde jarılıwdan shuqır oy payda boladı. Shuqırdıń ólshemleri jarılıw kúshine baylanıslı bolıp, birneshe júz metrge shekem jetiwi múmkin.

*Jer astındaǵı yadrolıq jarılıw* dep, jer astında ótkerilgen yadrolıq jarılıwǵa aytıladı. Bunday jarılıwda jaqtılandırılǵan bólim baqlanbaydı. Bunda topıraqqa úlken basım beriledi, payda bolǵan soqqı tolqını jer silkiniwine uqsas terbeliw payda etedi. Jarılıw payda bolǵan jerde úlken shuqır oy payda boladı, onıń ólshemleri jarılıw kúshi hám topıraq túrine baylanıslı. Shuqırdan kóp muǵdardaǵı topıraq qabatı radioaktiv zatlar menen átirapqa shashıladı. Jarılıw birneshe júz metrge shekem jetedi.

*Suw ústinde payda bolatuǵın yadrolıq jarılıw* sırtqı kórinisi boyınsha jer ústinde payda bolatuǵın jarılıwǵa uqsaydı.

*Suw astındaǵı yadrolıq jarılıw* suw astında payda boladı, bunda jaqtılandırılǵan bólimi kórinbeydi. Suw betinde biyikligi bir kilometrge jetetuǵın zamarrıq tárizli bult payda boladı. Suwdıń jerge qaytıp túsiwi nátiyjesinde radioaktiv duman payda boladı. Keyin suwlı bult payda bolıp, onnan radioaktiv jawın jawadı.

Yadrolıq quraldıń qıyratıwshı faktorları: jarılıw tolqını yaki soqqı tolqını jaqtılıq nurlanıwı, ótkiziwsheń radiaciya, jerlerdiń radioaktiv zatlardan zıyanlanıwı, elektromagnit impulsinen ibarat.

*Soqqı (jarılıw) tolqını* jarılıw orayınan bir tárepke ses tezliginen de qattı tezlikte tarqalatuǵın, júda úlken basımda qısılǵan hawa zonasınan ibarat.

Soqqı tolqını dáslepki 1000 metrdi 2 sekundta, 2000 metrdi 5 sekunta, 3000 metrdi 8 sekundta basıp ótedi, sol waqıt arasında adam aspanda jaqtılıq nurın kóriwi menen jasırınıwına úlgeredi hám soqqı tolqını zıyanlawınan saqlanıp qaladı.

*Jaqtılıq nurlanıwı* — yadrolıq jarılıwdan payda bolǵan otlı (jalınlı) shardan shıǵatuǵın hám oǵada kúshli dárejede kóp kúydiriwshi ıssılıq energiyası tarqatatuǵın jaqtılıq nurı aǵımınan ibarat. Yadrolıq jarılıw jámi energiyasınıń shama menen 35% i jaqtılıq nurlanıwına tuwrı keledi. Jaqtılıq nurı tarqalıwı 8—15 sekund dawam etedi, bul nur tek tuwırı baǵdarda tarqaladı. Ashıq bolmaǵan hárqanday tosıq jaqtılıq nurlanıwı tásirinen saqlap qaladı.

Jaqtılıq nurlanıwı úlken aralıqlarǵa birden tarqalıp, hár túrli materiallardı eritiw, jandırıw, qorǵanbaǵan adamlar hám haywanlardı kúydiriw yaki kózin zıyanlaw, toǵay hám xalıq punktlerinde órt shıǵarıw qásiyetine iye.

Zatlardıń jaqtılıq nurlanıwınan záhárleniwi olardıń qay dárejede qızdırılǵanına baylanıslı boladı. Zatlardıń qızıwı bolsa, óz gezeginde, tómendegi faktorlarǵa: jaqtılıq impulsınıń kúshine, zatlardıń qásiyetine, zatlardıń ıssılıqtı jutıw koefficientine, ıǵallıǵına, janıwına baylanıslı. Qara reńdegi gezleme aq reńdegige qaraǵanda jaqtılıq nurın kóp jutadı. Máselen, qara reńli gezleme 99%, másh reń gezleme 60%, aq reń gezleme bolsa 25% jaqtılıq energiyasın jutadı.

Jaqtılıq nurlanıwı kózge túskende (ásirese túnde, sebebi kóz qarashıǵı keńeygen boladı) kóz qamasıwı baqlanadı. Kóz qamasıwı waqtınsha dawam etedi. Buǵan sebep kózdegi rodopsin pigmentiniń (toyǵın qızıl reń) azayıwı bolıp tabıladı. Eger nur jaqın aralıqtan kózge tásir etse, kózdiń tor perdesi kúyedi hám soqır bolıp qaladı. Sonıń ushın aspanda birden jarqıldaw júz bergende oǵan qarawǵa bolmaydı.

*Sińiwshi radiaciya* yadrolıq jarılıwda shıǵatúǵın kórinbeytuǵın hám sozılmaytuǵın gamma-nurlar hám de neytronlar aǵımınan ibarat. Buǵan yadrolıq jarılıw energiyasınıń shama menen 5% i jumsaladı. Yadrolıq jarılıw júz bergennen 15—20 sekund ótkennen keyin, yadro hám termoyadro reakciyası nátiyjesinde gamma-nurlar, neytronlar aǵımı, alfa hám beta-bóleksheleriniń júdá kúshli aǵımı tarqaladı.

Sińiwshi radiaciyadan saqlanıw ushın baspana hám qurılmalardan paydalanıladı. Qorǵanıwshı zatlardıń tıǵızlıǵı qansha joqarı bolsa, ol gamma-nurların ózinde sonsha kóp uslap qaladı.

Sińiwshi radiaciya tiri toqımalar molekulaların ionlastırıp, organizmniń tirishilik iskerligin buzadı hám adamdı hár túrli dárejedegi nur kesellligine ushıratadı, geyde bolsa nabıt etedi. Adamǵa az radiaciya qısqa waqıt dawamında tásir etkende organizmde sezilerli ózgerisler júz bermeydi. Házirgi waqıtta nur keselligi ótiwine qaray: jeńil, awır hám ortasha awır túrlerge bólinedi.

*Orınlardıń radioaktiv zatlardan zıyanlanıwı* yadrolıq jarılıw nátiyjesinde payda boladı, bunda yadrolıq jarılıw energiyasınıń shama menen 10% i sarplanadı.

Yadro jarılıwı nátiyjesinde payda bolǵan kóp muǵdardaǵı radioaktiv zatlar hawa aǵımı menen, jarılıw orayınan 10, 100 kilometr aralıqlarǵa tarqaladı. Hawa turaq jaylar, suw derekleri, awıl xojalıǵı ónimleri hám basqa zatlardı zıyanlaydı. Zıyanlanǵan jerlerdegi radioaktiv zatlar adam hám haywanlarǵa sırttan tásir kórsetedi. Bul zatlar awqat, suw arqalı organizmge túsip, ishten tásir kórsetedi, aqıbetinde adam hám haywanlarda hár túrli dárejedegi nur keselligi payda boladı.

Yadro zaryadın jerde jarıldırǵanda jalını shardıń jerge tiyiwi sebebinen jer betiniń qatlamı erip ketedi hám jarılıw ónimleri menen qosılǵan topıraq soqqı tolqını járdeminde uzaq jerlerge shashıladı. Jarılıw júz bergen jerde payda bolǵan joqarıǵa umtılıwshı hawa aǵımı quyın sıyaqlı úyirilip, jerdegi shań, qum-topıraqlardı joqarıǵa alıp shıǵadı. Ol jarılıw ónimlerine aralasıp, zamarrıq formasındaǵı bulttı payda etedi. Payda bolǵan bult samal esken tárepke áste-aqırın háreketlenip, uzaq aralıqlarǵa tarqaladı. Bunıń nátiyjesinde kóp jerlerge radioaktiv zatlar túsedi hám zıyanlanadı. Radioaktiv zatlar menen qosılǵan bult ótken jerlerde sozılǵan ellips tárizli radioaktiv «iz» qaladı (2-súwret). Radioaktiv bult qaldırǵan «iz» radioaktiv zatlar izi kósherinen qansha uzaqlassa, radiaciya dárejesi sonsha az boladı hám adam organizmine az tásir kórsetedi.

*Elektromagnit impulsi hám ekilemshi zıyanlawshı faktorlar.* Yadro zaryadlarınıń jarılıwı nátiyjesinde hawanıń ionlasıwı baqlanadı, pay-




*2-súwret.* Yadro zaryadınıń jarılıwı nátiyjesinde payda bolǵan radioaktiv «iz».

da bolǵan elektronlarınıń joqarı tezlikte háreketi sebepli elektrmagnit maydanı payda boladı. Bunıń nátiyjesinde elektormagnit razryadı hám tok júzege keledi. Atmosferada payda bolǵan elektrmagnit impuls shaqmaq sıyaqlı tarqalǵan halda antennalarda, kabellerde, elektr jetkerip beriw tarmaqlarında hám sımlarda kúsheyttiriwge iye bolǵan tok payda boladı.

Jer betinde hám hawanıń tómengi bólimlerinde yadro zaryadı jarılǵanda elektr impulstiń zıyanlawshı tásiri jarılıw orayınan birneshe kilometr uzaqlıqta baqlanadı. Jer betinen birqansha biyiklikte hám hawada jarılǵan yadro zaryadı nátiyjesinde elektrmagnit impuls maydanı, jarılıw orayında hám jer betinen 20—40 kilometr biyiklikte hám elektrmagnit impuls maydanı payda bolıwı baqlanadı. Kúsheytiw maydanı payda bolǵan elektrmagnit maydanınıń zıyanlawshı faktorı bolıp esaplanadı. Kúsheytiw maydanınıń kúshliligi jarılǵan yadro zaryadınıń quwatına, jarılıw biyikligine, jarılıw orayınan uzaqlıǵına hám qorshaǵan ortalıqtıń ózgesheligine baylanıslı boladı.

Payda bolǵan tok avtomat óshiriw úskenelerin buzadı, radioapparatlar, elektr ásbaplarınıń buzılıwına alıp keledi, bunıń nátiyjesinde usı ásbaplar menen islep atırǵan adamlar eletr tokinan zıyanlanıwları múmkin.

Yadro zaryadı jarılıwı nátiyjesinde payda bolǵan elektromagnit impuls-lerden qorǵanıw ushın ásbaplardı ekranlaw kerek. Barlıq sırtqı elektr jet-keriw tarmaqları eki qabatlı sımnan bolıwı hám olar jaqsı izolyaciyalanıwı zárúr.

Bunday oyranshılıqlardıń aldın alıw ushın áskeriy bólimler jaylasqan jer hám kárxanalarda qorǵanıw-injenerlik jumısları ótkerilgen bolıwı kerek (3-súwret).




*3-súwret.* Transheyanıń radioaktiv nurlardı páseytiw qásiyeti.

Yadro zaryadı jarılǵanda xalıq háreketleri tómendegilerden ibarat:

1) soqqı (jarılıw) tolqınınan dala sharayatında qorǵalǵan oy jerlerden paydalanıw kerek;

2) ashıq emes hárqanday tosıq jaqtılıq nurlanıwı tásirinen saqlap qalıwı múmkin;

3) sińiwshi radiaciyadan saqlanıw ushın pana jerler hám qurılmalardan paydalanıladı;

4) jeke qorǵanıw quralların (zatlarınan) paydalanıw zárúr.

## *3.2. Ximiyalıq qurallar*

### Záhárlewshi zatlardıń ulıwmalıq klassifikaciyası

Házirgi kúnde dúnyanıń birneshe mámleketlerinde ximiyalıq qurallar barlıǵı heshkimge sır emes. Biraq usı qurallar xalıq aralıq konvenciyalar talabına muwapıq isletiliwi múmkin emes. Usı temada ximiyalıq qural hám onıń adamǵa tásiri haqqında túsinikler beriledi.

Ximiyalıq qural da kóplep jaraqat jetkeriw qurallarınan esaplanadı. Ximiyalıq quraldıń tásiri záhárlewshi zatlardıń jawıngerlik qásiyetlerinen paydalanıwǵa tiykarlanǵan, záhárlewshi zatlar bolsa adamlardı, haywanlardı zıyanlaydı, jerdi, suw basseynlerin hám ósimliklerdi záhárleydi. Záhárlewshi zatlar raketa, aviaciya, artilleriya, arnawlı ximiyalıq ásbaplardıń járdeminde qollanılıwı múmkin.

Záhárlewshi zatlar jerdi záhárlew ushın tamshılar halında, hawanı záhárlew ushın puw halında (duman, tútın sıyaqlı) boladı. Sol sebepli, adam záhárlengen hawa menen dem alǵanda, terisine, kózine, kiyimine túskende, sonday-aq, záhárlengen awqat jegende yaki suwdı ishkende záhárlenip qaladı.

Záhárli zatlardıń zıyanlaw tásiri olardıń konsentraciyası, záhárlew tıǵızlıǵı, turaqlılıǵına qarap bahalanadı. Záhárlengen hawanıń kólemi birliginde záhárlewshi zatlardıń awırlıq muǵdarı onıń *konsentraciyası* dep ataladı. Konsentraciya, kóbinese 1 litr hawadaǵı záhárlewshi zatlardıń esabındaǵı muǵdarı mg/*l* menen belgilenedi.

Záhárleniw tıǵızlıǵı jerdiń yaki basqa maydannıń qáddi birligindegi záhárlewshi zatlar muǵdarı. Záhárleniw tıǵızlıǵın g/m$^2$ penen ańlatıw qabıl etilgen. Záhárlewshi zattıń turaqlılıǵı záhárlewshi zatlardıń hawada yaki jerde óziniń zıyanlaw tásirin belgili waqıt saqlap turıw qásiyeti bolıp tabıladı.

Zıyanlaw tásirin birneshe saattan birneshe kúnge shekem saqlap turatuǵın záhárlewshi zatlar turaqlı záhárlewshi zatlarlardıń qatarına (V gazlar, iprit) kiredi. Turaqlı emes záhárlewshi zatlarlar (sianid kislota, fosgen, xlorsian) zıyanlaw qásiyetlerin tek ǵana birneshe minutqa shekem saqlap tura aladı.

Záhárlewshi zatlar zıyanlaw tásiriniń sıpatına qarap: *nervti zıyanlaytuǵın, terini irińlestiretuǵın, buwıwshı, ulıwma záhárleytuǵın, psixoximiyalıq, tásirlendiriwshi záhárlewshi* zatlar toparına bóliw qabıl etilgen. Ulıwmalıq záhárlewshi zatlarǵa sianid kislota, xlorsian kiredi.

Nervti zıyanlaytuǵın záhárlewshi zatlarǵa zarin hám V gazler kiredi. Bular kúshli hám tez tásir etetuǵın záhárler bolıp esaplanadı. Bul záhárlewshi zatlarlar adam organizmine dem alıw organları, teri qaplamaları hám as sińiriw jolları arqalı kirip, nerv sistemasın zıyanlaydı.

*Zarin* — reńsiz yaki ashıq sarı, iyisi joq, júdá záhárli suyıqlıq. Qısta muzlamaydı, suwdıń tásirine shıdamlı. Maylarda jaqsı eriydi. Ádettegi hawa rayı temperaturasında siltiler hám ammiak eritpeleriniń tásirinde tez ıdırap ketedı. Zarin menen záhárleniw belgileri dárhal kórinedi: kóz qarashıqları tarayadı, silekey aǵadı, dem alıw awırlasadı, adam qusadı, esinen ketedi. Usınnan keyin adamnıń ayaq-qolları qattı qaltıray baslaydı, awır záhárlengenlerdiń dem alıw orayları paralish bolıp qalıwı hám olar ómirden kóz jumadı. Záhárleniwdiń dáslepki belgileri seziliwi menen dárhal gazden qorǵanıw nıqabın kiyiwi hám de organizmge záhárge qarsı zat (antidot) jiberiw zárúr, antidot bolsa shpric-tyubikte yaki paketlerde boladı.

*Sianid kislotası* — reńsiz, tez puwlanıp ketetuǵın suyıqlıq bolıp, onnan ashshı badam iyisi keledi. Kúshli hám tez tásir etetuǵın záhár adam organizmine záhárli hawa menen dem alǵanda kiredi. Sianid kislotası menen záhárlengen adamnıń awzında metallǵa tán mazalı dám seziledi, tamaǵı qıshıydı, bası aylanadı, bulshıq etleri hálsizlenedi hám qorqıw basadı.

Záhárleniwdiń dáslepki belgileri sezildi degennen-aq, dárhal gazden qorǵanıw nıqabın kiyiwi lazım. Eger záhárge qarsı dárilik zatlı ampula bolsa, ampulanı sındırıp, maskanıń astına qoyıw kerek.

*Xlorsian* — reńsiz, ańsat ushıwshı suyıqlıq bolıp, onnan ótkir iyis shıǵadı. Tásiri sianid kislotası sıyaqlı ulıwma záhárlewden ibarat. Xlorsian menen záhárlengen adamnıń kózleri hám dem alıw jolları qattı zıyanlanadı.

Terini irińlestiretuǵın záhárlewshi zatlarǵa iprit kiredi. *Iprit* (aydalǵan iprit) — mayǵa uqsas, reńsiz, suyıqlıq bolıp, onnan chesnok yaki gorchica iyisi keledi. Iprit kúyeli záhárlerdiń qatarına kiredi, terige iprit tamshıları

tússe, teri dáslep qızaradı, sonnan keyin (birinshi kúnnıń aqırında) torsıqlar shıǵadı. 2—3 kún ótkennen keyin torsıq jarıladı hám olardıń ornında uzaq waqıt jazılmaytuǵın jara payda boladı.

Dem alıw jollarınıń iprit penen záhárleniw belgileri murın hám tamaqtıń awırıwı, túshkiriwi hám murınǵa suw keliwi bolıp esaplanadı. Adam kúshlirek záhárlengende, bronxit hám ókpe isiniwi boladı. Iprit kózge tez tásir etedi. Iprit puwı tásir etkende kózdiń silekey perdesi qızaradı, shanshıw payda boladı, yaǵnıy adam ózinen-ózi qısıladı, kózden jas aǵadı. Iprittiń zıyanlaw tásirine say qásiyeti sonda, ol jasırın tásir etedi hám onda kumulyativlik qásiyeti boladı, yaǵnıy adam organizminde zıyan toplanıp baradı.

Ruwxıy tásir etiwshi záhárli zatlarǵa Bi-Zet (BZ) kiredi. BZ óz aldına ózine tán qásiyeti menen oraylıq nerv sistemasına tásir etip, adamlardı ruwxıy jaqtan esinen ayıradı, qorqıw payda etedi. Yamasa fizikalıq jaqtan buzılıp, esitpeytuǵın, kórmeytuǵın etip qoyadı.

Buwıwshı záhárli zatlarǵa fosgen kiredi. *Fosgen* — reńsiz gaz bolıp, onnan ashıǵan shópke tán kúshsiz iyis keledi. Ashshı siltiler, nashatır spirt, sodanıń suwdaǵı eritpesi fosgendi tez ıdıratıp jiberedi. Fosgen dem alıw aǵzaların zıyanlaydı: awızda mazalıraq dám seziledi, adam biraz jóteledi, onıń bası aylanadı, adam ózin ulıwma hálsiz sezedi. Fosgende jasırın tásir etiw dáwiri bolǵanlıǵınan zıyanlanıwdıń dáslepki belgileri 4—6, bazıda bolsa 12 saattan keyin seziledi.

Tásirlewshi záhárli zatlarǵa xloracetofenol, adamsit, dibenziksazepin kiredi. Bul zatlar kóz hám dem alıw jolların zıyanlaydı.

*Ximiyalıq záhárleniw oshaǵı* — bul záhárlewshi zatlar tásirinde bolǵan aymaq bolıp esaplanadı. Bunday aymaqta adamlar hám haywanlar zıyanlanadı yaki olardıń zıyanlanıwı múmkin bolıp qaladı. Ximiyalıq záhárleniw oshaǵınıń sıpatlaması, dáslep, dushpan tárepinen qollanılǵan záhárlewshi zatlardıń túrine hám qollanılıw usılına, meteorologiyalıq sharayatqa hám jerdiń relyefine baylanıslı.

Ximiyalıq qural tikkeley isletilgen zonada hawanı záhárlewshi záhárli zatlar puwı hám aerozol payda boladı. Záhárli zatlar puwı (záhárlengen hawadan ibarat birlemshi bult) samal esken tárepke qarap, birneshe on kilometrge tarqalıwı múmkin, bul adamlar hám haywanlardıń, hár qıylı obyekt hám zatlardıń záhárleniw qáwpin asıradı. Záhárlengen hawanıń saqlanıw waqtı hám tarqalıw aralıǵına samaldıń baǵdarı, tezligi, záhárli zatlar hawa temperaturası, jıl máwsimi úlken tásir kórsetedi. Záhárlengen bult dáryalar, janbawırlar, jıralar hám tóbelikler boylap uzaq aralıqlarǵa tarqaladı.

Shuqır jıralar, jaylawlar, batpaqlıqlar, jarlar, bağlar, xalıq jasaytuğın punktleri záhárli zatlar uzaq waqıt turıp qalatuğın orınlar bolıwı múmkin. Qalalarda záhárlengen bult kósheler, tuneller, truboprovodlar boylap úlken aralıqqa tarqaladı. Záhárli zatlar puwı jabıq jerler, dem alıw orınlarında turıp qalıwı múmkin. Záhárli zatlar puwı germetikalıq emes jasırınıw orınlarına, jaylarğa, jer tólelerge kire aladı, dáliz hám jaydıń tóbesinde turıp qaladı.

Turaqlı emes záhárli zatlar qollanıw payıtında hawanıń jerge jaqın qatlamında záhárlengen bult payda etedi. Bul bult bolsa samal esken tárepke qarap baradı hám tez de jayılıp ketedi. Jaydıń ashıq, samal ótip turatuğın ushastkalarında hawa záhárli zatlardıń puwınan tez tazalanadı. Biraq záhárlengen hawa jabıq orınlarda, háwlilerde hám basqa jerlerde turıp qalıwı múmkin.

Qorğanıw sharaların tez kóriw ushın orın hám hawanıń záhárlengenligin kórsetiwshi ózine tán belgilerdi jaqsı biliw kerek. Záhárleniwdi kórsetiwshi sırtqı belgiler topıraq, terek japıraqları, imarat diywalları hám basqa zatlardağı tamshılar bolıwı múmkin. Ximiyalıq qural jarılğanda, sol orınnıń tóbesinde kishkene bult payda boladı. Ol bazıda ashıq qandayda bir reńge aylanğan boladı. Bulttı samal tez tarqatıp jiberedi. Eger dushpan záhárli zatlardı shashıwshı aviaciya ásbaplarınıń járdeminde qollanğan bolsa, samolyot hawada sezilerli dárejede toyğın yaki sál boyalğan duman jol qaldırıwı múmkin. Záhárli zatlar qollanılğanlığı belgisi sezilgenshe, qorğanıw sharaları dárhál kóriledi (gazden qorğanıw nıqabı hám terini qorğawshı zatları kiyiledi).

## Ximiyalıq qurallardı qollanıw quralları

Zárárlewshi zatlar nıshanğa dáslep, aviaciya járdeminde jetkeriledi. Hár túrdegi záhárlewshi zatlar menen toltırılğan aviaciyalıq bombalar jarılıwshı úskeneleri boyınsha: soqqı tásirinde jarılatuğın hám uzaqtan basqarılıwshı (distanciyalıq) úskeneler menen jarılatuğınlarğa bólinedi.

Soqqı tásirinde jarılatuğın ximiyalıq aviaciyalıq bombalar hawa atmosferasın yaki belgili jerlerdi záhárlewge arnalğan bolıp, ózinde fosgen, iprit yamasa zoman túrindegi záhárlewshi zatlardı saqlawı múmkin. Soqqı tásirinde jarılıwshı aviaciyalıq ximiyalıq bombalardıń awırlığı, ádette, 100 kg nan 1000 kg ğa shekem boladı.

Bunda bombanıń 50% awırlığın záhárlewshi zatlar quraydı. Adamlardı záhárlew ushın qollanılatuğın aviaciyalıq ximiyalıq bombalar jer betinen biraz biyigirek aralıqta jarıladı (distanciyalıq jarıldırıwshı úskenelerge iye boladı).




*4-súwret.* 340 kilogramm awırlıqtaǵı MS-1 markalı ximiyalıq bomba: *a*—ulıwma kórinisi; *b*—kesilgen halda kórinisi; *1, 9*—bas jarılıwshı úskene; *2, 10*— korpus; *3*—stabilizator; *4-8*—vtulkalar; 5—gofrilengen kartonnan tayarlanǵan cilindr; *6*—jarılıwshı zaryad; *7*—jarılıwshı zaryadtı salıw ushın arnalǵan stakan; *11*—záhárlewshi zat; *12*—bombanı ildirip qoyıw ushın arnalǵan ilgekler.

Bul bombalar shıdamlı záhárlewshi zatlar (zoman, iprit) penen toltırıladı.

Bunnan basqa, kishi salmaqtaǵı (3 kg hám onnan artıq) kassetalı aviaciyalıq ximiyalıq bombalar da qollanıladı.

***Tógetuǵın aviaciyalıq ásbaplar*** suyıq záhárlewshi zatlar menen toltırılıp, samolyot qanatları yaki fyuzelajı (korpusı) astına ildiriledi hám 300—500 metr joqarıdan sebiledi (5-súwret).

***Raketa qurallarn.*** Ximiyalıq hújim ótkeriw zárúrligi payda bolǵanda raketa qurallarınan keń paydalanıladı. Ayırım mámleketler armiyaları ximiyalıq quraldı kerekli jerge jetkeriw ushın basqarılmaytuǵın raketa qurallarına iye. Basqarılmaytuǵın reaktiv snaryadlardıń ushıw aralıǵı 40 kilometrdi, basqarılatuǵın raketa quralı reaktiv snaryadlardıń ushıw aralıǵı 5—140 kilometrdi quraydı.

Bul reaktiv snaryadlardıń (raketa) jawınger bólimi kassetadan ibarat bolıp, ol shar tárizli formada birqansha bombalardan quralǵan (hár



*5-súwret.* TMU—28/V markalı tógetuǵın aviaciyalıq ásbap.

qaysısı shar tárizli bombanıń awırlıǵı 0,6 kg boladı) hám záhárlewshi zatlardan zarin, zoman hám basqalar menen toltırılıwı múmkin.

Raketanıń jawıngerlik ximiyalıq bólimi 1,5—3 km joqarıda avtomatikalıq túrde ashıladı hám shar tárizli bombalar 1 km$^2$ ǵa tarqalıp ketedi, jerge túsip jarıladı hám belgili bir jerdi zıyanlaydı.

*Reaktiv minomyotlar (kóp stvollı qurılmalar) dan* atılatuǵın reaktiv snaryadlar yaki minalar záhárlewshi zatlardan zarin yaki V gazleri menen toltırılıp, qollanılǵanda úlken maydan hám kóp adamlardı zıyanlaydı, qurılmalardıń atıw uzaqlıǵı 2,7—11 km di quraydı.

*Artilleriya ximiyalıq snaryadları hám minaları.* Ayırım shet mámleketler armiyaları házirgi waqıtta 105, 155, 175, 203,2 mm li pushkalar hám gaubicalardan atıw ushın islep shıǵarılǵan ximiyalıq snaryadlarǵa iye (6-súwret).




*6-súwret.* 115 mm li ximiyalıq artilleriya snaryadları: *1,8* — jarılǵıshlar; *2* — porox zaryad; *3* — diafragma; *4* — tesilgen tútikshe; *5* — záhárlewshi zatlar shashkası; *6, 9* — korpus; *7* — snaryadtıń astıńǵı bólimi; *10* — záhárlewshi zat; *11* — jarıwshı zaryad ústingi stakanı; *12* — jarılıwshı zaryad.



*a* *b*

*7-súwret.* Ximiyalıq fugaslar: *a* — M-1 markalı fugas;
*b* — M-23 markalı fugas.

Bul tabelli snaryadlar V gazleri, zarin, iprit hám CS záhárlewshi zatlar menen toltırılǵan. Gaubicalardiń uzaqqa atıw aralıǵı 16—18 km, pushkalardıń uzaqqa atıw aralıǵı 32 km di quraydı.

Bunnan basqa, 106,7 mm li minomyotlarǵa arnalǵan ximiyalıq minalar islep shıǵarılǵan bolıp, olardıń uzaqqa atıw aralıǵı 5,5 km.

*Ximiyalıq fugaslar* dushpannıń tiri kúshlerin, maydan hám de jollardı zıyanlaw ushın qollanıladı. Shet mámleketler armiyalarında házirgi waqıtta M-1, M-23, ABC-M23 markalı fugaslar saqlanbaqta. Bul fugaslar V gazleri, zarin hám basqa túrdegi záhárlewshi zatlar menen toltırılǵan boladı. Jarıldırǵan waqıtta 12,5 $m^2$ hám onnan úlken maydandı zıyanlaydı (7-súwret).

***Záhárlewshi zatlardıń zıyan tiygiziwine hawa-rayı hám jerdiń tásiri, organizmge túsiw jolları hám záhárleniwdiń aldın alıw.*** Hawa hám jerdegi záhárlewshi zatlardıń zıyan tiygiziwine ***hawa rayı, topıraqtıń jaǵdayı hám jerdiń pás-biyikligi*** úlken tásir etedi. Hawa hám topıraqtıń temperaturası jerde záhárlewshi zatlardıń saqlanıw múddetine tásir etedi. Tómen temperaturada (qısta) iprit júdá áste puwlanıp, kók shóp shıqqansha topıraqta saqlanıwı múmkin. Jazda bolsa iprit birneshe on márte tez puwlanadı hám topıraqta tek birneshe saat, Orta Aziya aymaǵı sharayatında bolsa jáne de az saqlanadı.

Hawa ashılıp, quyash shıǵıp turǵan kúnlerde záhárlewshi zatlar jerden qızıp joqarıǵa kóteriledi hám tez jayılıp ketedi. Túnde hawa aralaspaydı, bul bolsa dushpannıń turaqlı emes záhárli zatlardı qollanıwǵa qolay sharayat tuwdıradı. Záhárlengen hawa túnde júdá áste tarqaladı, saylarda, samal tiymeytuǵın jerlerde, oy jerlerde, transheyalarda uzaq turıp qaladı. Samal esiwi hawadaǵı záhárlewshi zat konsentraciyasın birqansha azaytadı, qattı samalda bolsa jerdegi záhárlewshi zattıń puwlanıwı kúsheyedi hám usı sıyaqlı topıraqtaǵı záhárlewshi zat tez puwlanadı.

Jerlerdiń ózgesheligi, ósimlikleri hám záhárlewshi zatlardıń konsentraciyasına tásir etedi.

Záhárlewshi zatlar qollanılǵan jerde xalıqtıń 10—30% hám onnan kóbiregi záhárleniwi baqlanadı. Záhárlewshi zatlar bultları tarqalǵan jerlerde bul kórsetkish 8—12% ti quraydı.

*Záhárlewshi zatlardıń organizmge túsiw jolları.* Záhárlewshi zatlar organizmge hár túrli jollar menen — dem alıw jolları, asqazan-ishek, teri, silekey perdeler hám de jaraqatlardan ótiwi múmkin.

Záhárlewshi zatlar qollanıw usılına, olardıń fizikalıq hám ximiyalıq, toksikologiyalıq ózgesheliklerine qarap tásir etedi. Bul zatlardıń ayırımları dem alıw jolları arqalı tússe, ayırımları basqa jollar menen organizmge túsedi.

Záhárlewshi zatlar kóbinese puw hám aerozol jaǵdayında dem alıw jollarına túsedi. Hawa jollarına túsken záhárlewshi zat silekey perdelerde toqtap qalıwı nátiyjesinde biraz ókpe alveolaları arqalı qanǵa sorıladı. Eger ókpe alveolaları jayıp qoyılsa, záhárlewshi zatlar 90—100 $m^2$ qa tarqaladı, sonıń ushın olar dem alıw arqalı záhárleniw klinikasında birinshi orındı iyeleydi, yaǵnıy záhárleniw klinikası tez rawajlanadı.

Záhárlewshi zatlar menen dem alıw jolları arqalı záhárleniw *ingalyaciyalıq záhárleniw* dep atalıp, júdá qáwipli bolıp esaplanadı. Dem alıw jolların záhárlewshi zatlardan saqlaw ushın qorǵanıw qurallarınan, gaz nıqaplarınan paydalanıladı.

Záhárlewshi zatlardıń organizmge túsetuǵın jáne bir eń zárúr jolı teri qabatı bolıp tabıladı. Sińiwdıń úsh jolı belgili: epidirmis arqalı, jún follikulaları hám may bezleriniń shıǵarıwshı jolları arqalı. Lipidlerde jaqsı eriytuǵın záhárlewshi zatlar (fosfororganikalıq záhárlewshi zatlar iprit, lyuizit hám basqalar) teri arqalı organizmge tez sorılıw qásiyetine iye. Adamnıń terisi qızarıp terlep turǵan jaǵdayda záhárli zatlardıń sorılıwı birqansha ańsatlasadı.

Bunnan basqa, teri qabatı arqalı organizmge túsken záhárlewshi zatlardıń toksikalıq tásir kórsetiwi ushın záhárlewshi zatlardıń qansha tez sorılıwshılıǵı hám suwda eriwshiligi de áhmiyetli orın tutadı. Teri arqalı sińgen záhárlewshi zatlar bawırǵa túspey, úlken qan aylanıw sheńberine túsiwi múmkin. Teri qabatların záhárlewshi zatlardan qorǵaw ushın arnawlı qorǵaw quralları qollanıladı.

*Záhárlewdiń aldın alıw.* Ǵalaba qırǵın quralın qollanıw qáwpi payda bolǵanda yaki qollanılǵanda onnan saqlanıwdıń tiykarǵı ilajları tómendegilerden ibarat:

— eger qáwip haqqında signal kóshede berilse, qorıqpań. Qáwip qaysı tárepten kiyatırǵanın anıqlań. Eger qáwipli aymaqtan shıǵıwǵa múmkinshilik bolmaytuǵın tosıqlar ushırassa (diywal, kól), jaqın átiraptaǵı imaratlardıń birewine jasırınıw kerek.

— eger qáwip haqqında signal úyde bolǵan waqtıńızda berilse, tereze hám qapılardı jawıp, jeke qorǵanıw quralların qollanıwǵa tayarlaw zárúr;

— eger qáwip haqqında maǵlıwmat berilmegen bolsa, siz gúmbirlegen ses yaki jarılıw, ózine tán iyislerdi sezgen bolsańız, olardan qorǵanıwǵa háreket etiń. Bunıń eki tiykarǵı usılı bar: birinshisi—zıyanlanǵan aymaqtan qáwipsiz jerge shıǵıw; ekinshisi—jaqın átiraptaǵı turaq jaylardan birine jasırınıw;

— zıyanlanǵan aymaq on metrden júz metrge shekem jayılıwı múmkin. Bunnan sonday juwmaq shıǵadı, eger adam saatına 4—5 km tezlik penen háreketlense, zıyanlanbaǵan aymaqtan shıǵıp ketiw ushın 10—15 minut sarplanadı.

Ximiyalıq záhárleniw oshaǵında záhárlewshi zatlar menen záhárlengende adamlarǵa tez birinshi medicinalıq járdem kórsetiw kerek.

Birinshi medicinalıq járdem áskeriy xızmetshilerdiń jeke dári aptechkası (AI-2) jeke paketler (IPP-8, IPP-9, IPP-10) járdeminde ózine hám óz ara, sonday-aq, sanitarlar hám sanitar-drujinashılar tárepinen ótkeriledi.

### *3.3. Biologiyalıq (bakteriologiyalıq) qurallar hám kesellik tarqatıwshı mikroblar*

Biologiyalıq (bakteriologiyalıq) qurallar biologiyalıq qurallar menen toltırılǵan oq dáriler hám olardı nıshangıa alıw (atıw) quralları bolıp tabıladı.

Biologiyalıq (bakteriologiyalıq) qurallar qollanılıwı menen alıp barılatuǵın urıslar ***biologiyalıq (bakteriologiyalıq) urıslar*** dep ataladı. Biologiyalıq (bakteriologiyalıq) quraldıń tásir etiwshi faktorın bakteriologiyalıq qurallar quraydı. Olar jawıngerlik jaǵdayda qollanıw ushın ajıratıp alınǵan biologiyalıq agentler bolıp, insan organizmine túskende qattı awıradı. Olarǵa kesellik tarqatıwshı mikroblar hám mikrob toksinleri (ayırım mikroblar tirishilik iskerligi dawamında payda bolatuǵın záhárli zatlar) kiredi.

Awıl xojalıǵı egin maydanların joq etiw, sonıń menen birge, mámleket ekonomikasın buzıw maqsetinde jánlikler, ásirese, shegirtkeler, kolorado qońızları hám basqalar qollanıladı. Mikroorganizmler, infekciyalıq kesellik tarqatıwshı mikroblar biologiyalıq qásiyetleri hám ólshemlerine

baylanıslı tómendegi klaslarǵa bólinedi: bakteriyalar, viruslar, rikkeciyalar, zamarrıqlar hám mikrob tóksinleri.

*Bakteriyalar*— bir kletkalı mikroorganizmler bolıp, mikroskop astında kórinedi, ápiwayı bóliniw jolı menen kóbeyedi. Olar quyash nurlarınan, zıyansızlandırıwshı zatlardıń tásirinen hám joqarı temperaturadan tez nabıt boladı. Tómen temperaturaǵa sezgir emes, muzlawǵa da shıdaydı. Ayırım bakteriyalar qolaysız sharayattan saqlanıw ushın qorǵanıw qatlamı payda etedi yaki sporalarǵa oraladı. Bakteriyalar oba, tularemiya, sibir kúydirgisi, manqa, melioidoz sıyaqlı keselliklerdi keltirip shıǵaradı.

*Viruslar*— eń kishi bakterialardan hám ólshemine qarap 100 ese kishi mikroorganizmler bolıp tabıladı. Bakteriyalardan parqı viruslar tek tiri toqıma kletkaları ishinde rawajlanadı hám kletka paraziti bolıp esaplanadı. Viruslar qáwipli hám awır kesellikler — tábiyiy sheshek, sarı bezgek, gemorragik bezgek keselligin keltirip shıǵaradı.

*Rikkeciozlar*— viruslar hám bakteriyalar arasında jaylasqan mikroorganizmler toparınan bolıp, sırtqı kórinisi hám ólshemlerine qaray bakteriyalarǵa jaqın turadı. Olardı viruslarǵa jaqınlastıratuǵın qásiyeti kletkadaǵı parazitligi bolıp tabıladı. Olardan ayırımları qurǵaqlıq hám suwıqqa shıdamlı. Rikkeciozlar áspili tif keselligin keltirip shıǵaradı.

*Zamarrıqlar* (pilis, qara bas) — bakteriyalardan quramalı dúzilisi hám kóbeyiwi menen ajıraladı. Zamarrıq sporaları qurǵap qalıwǵa hám quyash nurlarına, zıyansızlandırıwshı zatlar tásirine shıdamlı.

*Mikrob toksinleri*— ayırım bakteriyalar tirishilik xızmetinde bólip shıǵarǵan joqarı záhárli zatlar.

Bakteriologiyalıq quraldan qorǵanıw qurallarına tómendegiler kiredi:

— jeke aptechka. Onıń quramına: shpric-tyubikdegi awırıwdı qaldırıwshı dárilik zat; fosfororganikalıq zatlar menen záhárleniwge qarsı dári; radiaciyaǵa qarsı dáriler; bakteriyaǵa qarsı dárilik zatlar; kewil aynıwǵa qarsı dárilik zat;

— ximiyaǵa qarsı jeke paket. Bakteriologiyalıq (biologiyalıq) zatlar menen zıyanlanǵanda teri qaplamaları zıyansızlandırıladı.

### *3.4. Zamanagóy ápiwayı qırǵın quralları*

*Zamanagóy ápiwayı qırǵın qurallarıı* óz aldına yaki ǵalaba qırǵın quralları menen birgelikte dushpannıń xalqı hám texnikasın zıyanlaw, obyektlerdi buzıw yamasa joq etip jiberiw maqsetinde qollanılıwı múmkin.

Ápiwayı hújim qurallarına idıratıwshı, fugas, kumulativ, beton buzıwshı, jandırıwshı qural-jaraqlar kólemli jarılıw qualları kiredi.

Ídıratıwshı qural-jaraqlar tiykarınan adamlarǵa zıyan tiygiziw ushın arnalǵan bolıp, olardıń ishinde eń qáwiplisi sharikli bombalar bolıp esaplanadı. Sharikli bombalar samolyotlardan kassetalar járdeminde taslanadı. Hárbir kassetada 100 den kóp bombalar boladı. Bunday kasseta jer ústinde ashılıp, bombalar hár tárepke atılıp shıǵadı. Hárbir bombalardıń bólekleriniń zıyan tiygiziw radiusı 15 metrge teń.

Fugaslar tiykarınan sannat, turaq jay hám hákimshilik imaratlar, temir jollardı buzıw, texnika hám adamlarǵa zıyan tiygiziw, kumulativ qural-jaraqlar bolsa qorǵalǵan belgilerdi joq etiw ushın arnalǵan.

Jandırıwshı qural-jaraqlar adamlardı zıyanlaw, imarat hám óndiris obyektlerin, xalıq jasaytuǵın orınlar, skladlar, transport quralların jandırıw hám joq etiw ushın arnalǵan. Jandırıwshı qural-jaraqlar 4 túrli boladı: napalmli, pirogel, termitli, fosforlı.

Kólemli jarılıw quralı qollanılǵanda hawada aralaspanıń 15 metr radius hám 2—3 metr qalıńlıqtaǵı janılǵı-hawa aralaspasınıń shar tárizli bultı payda boladı. Bul bult detonator járdeminde jarıladı. Ol quwatı jaǵınan yadrolıq quralǵa jaqın bolıp tabıladı.

Ápiwayı qırǵın quralları: jarılıwshı zatlardıń energiyasınan paydalanıwǵa tiykarlanǵan (fugaslı, oskolkalı, oskolka-fugaslı); ıssılıq energiyasınan paydalanıwǵa tiykarlanǵan (jandırıwshı aralaspa—napalm, metallastırılǵan jandırıwshı aralaspa—termit, elektron); ólimge alıp kelmeytuǵın (agitaciya, grafitli, kesiwshi, psixotrop, plastikalıq oqlar) boladı.

Barlıq qural-jaraqlar 2 toparǵa bólinedi: basqarılatuǵın hám basqarılmaytuǵın.

Bul túrdegi qurallardıń ózine tán ózgeshelikleri:

*Kólemli jarılıw (vakuum) qural-jaraqları (gaz, suyıqlıq hám basqa):*

—jarılǵanda—gaz germetik emes keńislik (kólem) boylap bir sekundta tarqaladı hám áste (0,1 sekundqa shekem) jarıladı;

—ishki keńislikte—júdá tómen basım (vakuum), sırtqı keńislikte—hádden artıq basım payda etedi;

—quwatı ápiwayı oq dárige salıstırǵanda 4—6 ese úlken.

Sharikli, iyneli qural-jaraqlar bolsa sharik yamasa iyneler oq dári ishinde (birneshe milligrammnan birneshe grammǵa shekem) jaylasadı.

Zamanagóy ápiwayı qırǵın quralları belgilengen jerge raketalar, hawadan, artilleriya, oq atıwshı qural yaki adam tárepinen jetkerilip beriledi.

Zamanagóy ápiwayı qorǵın qurallarınan qorǵanıw ilajlarına: xalıqtı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵanıwǵa tayarlaw (zamanagóy qırǵın quralların biliw; olardan qorǵana alıw; birinshi medicinalıq járdemdi kórsete alıw);

óz waqtında hám durıs xabar beriw; qorǵanıw zatları (jámáátlik hám jeke, dizimdegi hám qolında bar) nan sheberlik penen paydalanıw; arnawlı ilajlar (hákimshilik, mdicinalıq-administrativlik, epidemiyaǵa qarsı, profilaktikalıq, sanitar-gigienalıq, emlew-evakuaciya)dı ótkeriw; evakuaciya (aldınnan ótkeriletuǵın, biraz hám tolıq); avariya-qutqarıw hám basqa keshiktirip bolmaytuǵın jumıslardı ótkeriw kiredi.

Zamanagóy qırǵın qurallarınan qorǵanıwdı shólkemlestiriwde dushpan tárepinen ol yaki bul quraldı qollanıw itimallıǵın anıq biliw zárúr.

Hárbir zıyanlawshı quraldan qorǵanıwda maqsetke muwapıq keletuǵın usıl, qural hám qorǵanıw boyınsha háreketlerdi izlep tabıw kerek. Bunıń ushın da dizimdegi, hám qolında bar qorǵanıw zatlarınan paydalanıw kerek. Xalıqtı qorǵawda birinshi medicinalıq járdemniń óz waqtında hám durıs kórsetiliwi ásirese zárúr áhmiyetke iye.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Yadro quralınıń tásiri nege tiykarlanadı?
2. Jarılıwdıń qanday túrleri bar?
3. Sińiwshi radiaciya nelerden ibarat?
4. Ximiyalıq quralларǵa mısallar keltiriń. Olar neler járdeminde isletiledi?
5. Záhárlewshi zatlardıń zıyan tiygiziwine qaysı jaǵdaylar aktiv tásir kórsetedi?
6. Zamanagóy ápiwayı qırǵın qurallarınan qorǵanıw ilajlarına neler kiredi?

# *4-bap.* AYRÍQSHA JAǴDAYLAR PAYDA BOLǴANDA XALÍQTÍ QORǴAWDÍŃ TIYKARǴÍ ILAJLARÍ

## *4.1. Ayrıqsha jaǵdaylarda xabar beriwdiń birden-bir sisteması*

Respublika, wálayat, qalalıq baylanıs sistemasınıń tiykarın basqarıw punktleriniń baylanıs tarmaqları quraydı.

Basqarıw punktleriniń baylanıs tarmaǵı — bul basqarıwdı támiyinlew ushın qollanılǵan baylanıs kúshleri hám qurallarınıń shólkemlestiriwshilik texnikalıq birlespesi bolıp tabıladı.

Puqaralıq qorǵanıw sistemasında televidenie, radio, radiorele, uyalı baylanıs quralları, sımlı hám signal beriwshi baylanıs qurallarıqollanıladı.

Ayrıqsha jaǵday payda bolǵan orınnan alınǵan xabarda kim xabar berip atırǵanı, qaysı aymaqtan xabar berilip atırǵanı, sol waqıttaǵı jaǵday,




*8-súwret.* Ayrıqsha jaǵday payda bolǵanda
xabar beriw quralları hám usılları.



*9-súwret.* Házirgi kúnde paydalanıp atırǵan mobil, stacionar
hám qol radiostanciyalar.

jáne qanday qáwip júz beriwi múmkinligi, qanday shara-ilajlar ótkerilgeni hám járdem beriw túri anıqlastırıladı.

Eger xabar sirena arqalı berilse, xalıq sirenanı esitip, reje boyınsha háreket ete baslaydı.

Xabar beriw sisteması lokal hám oryalasqan boladı. *Xabar beriwdiń lokal sisteması* qáwipli suw basıw itimalı bar aymaqlarda, atom energetikası obyektlerinde, ximiyalıq qáwipli obyektler jaylasqan aymaqlarda xalıqtı tez xabardar etiw maqsetinde shólkemlestiriledi. Xalıqqa óz waqtında



*10-súwret.* Zamanagóy mobil avtomobillerde ornatılǵan baylanıs quralları.



C-40



C-28

*11-súwret.* Zamanagóy elektrsazlastırıw sirenalar.

xabar beriw júdá zárúr. Lokal sistemalardıń tiykarǵı abzallıǵı tezlik bolıp tabıladı.

*Xabar beriwdiń oraylasqan sisteması:*

— qalalarda, rayonlarda obyektler hám awıllıq jerlerde, iri xalıq punkt-lerinde oraylasqan hám oryalaspaǵan tárizde «Dıqqat, hámmege! Signalın beriw;

— jergilikli radio esittiriw stanciyalarında sımlı esittiriw tarmaqları arqalı xalıqqa awızeki xabar beriw;

— televidenie arqalı xabar beriw;

— signal hám xabardı respublika, wálayat, qala, rayon, ministrlik hám basqarmalardıń basqarıw punktlerine, qala, rayon ishki isler bólimlerine jetkeriw;

— lawazımlı shaxslarǵa úy hám xızmet telefonlarınan turaqlı xabar beriw arqalı ótkeriledi.

Puqaralıq qorǵanıw xabar beriw signalın ekonomika obyektleri jumısshı-xızmetshilerine, AJMS dúzilmelerine hám respublika xalqına jetkeriwdi támiyinlew kerek.

### Xabar beriw sistemalarınıń tiykarǵı wazıypaları

Baylanıs hám xabar beriwdi shólkemlestiriw ushın puqaralıq qorǵanıwı baslıqları juwapker bolıp esaplanadı. Baylanıs hám xabar beriw sistemasınıń tiykarǵı wazıypaları:

— signallardı óz waqtında beriw hám qabıl etiw, AJMS rejimlerin ornatıw boyınsha biylik jiberiw;

— AJMS basqarıw organları ortasında tómennen joqarıǵa hám joqarıdan tómenge xabar almasıwınıń isenimli bolıwın támiyinlew;

*Respublika dárejesinde xabar beriw sistemasınıń wazıypaları:*

— respublika oraylastırılǵan xabar beriw sistemasın, sonday-aq, maǵlıwmat penen támiyinlew hám basqalardıń avtomatlastırılǵan sistemasın jaratıw hám onı turaqlı tayar jaǵdayda saqlaw;

— baylanıs, radio, televidenie hám basqa texnika qurallarınıń mámleketlik hám basqarmalıq kanallarınan basqarıw hám maǵlıwmat jetkerip beriw ushın oraylastırılǵan jaǵdayda paydalanıwdı támiyinlew;

— ximiyalıq hám basqa qáwip kúshli obyektlerde hám de olarǵa jaqın aymaqlarda xabar beriw hám maǵlıwmat jetkerip beriwdiń jergilikli sistemasın, sonday-aq, suw qoymasınıń gidrotexnikalıq quralmalarında signalizaciya hám xabar beriwdiń jergilikli avtomatlastırılǵan sistemaların jobalastırıw hám jaratıwdı qadaǵalaw;

— júzege kelgen ayrıqsha jaǵdaylar, olardıń rawajlanıw kólemleri hám ótiwi múmkin bolǵan aqıbetleri hám de ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıwǵa baylanıslı qabıl etilip atırǵan shara-ilajlar haqqındaǵı maǵlıwmatlar toplanıwın hám almasıwın hám de xabar etiwdi támiyinlew hám qadaǵalaw.

*Jergilikli kólemde xabar beriw sistemasınıń wazıypaları:*

— wálayat ishki baylanıs hám xabar beriw sistemaları, sonday-aq, basqarıw hám maǵlıwmat penen támiyinlewdiń avtomatlastırılǵan sistemasın shólkemlestiriw hám turaqlı tayar jaǵdayda saqlaw;

— basqarıw hám maǵlıwmat jetkerip beriw ushın baylanıs, radio, televidenie hám de basqa texnikalıq qurallardıń mámleket, wálayat hám basqarmalıq kanallarınan oraylastırılǵan jaǵdayda paydalanıwdı támiyinlew;

— mápdar ministrlik hám basqarmalar menen birgelikte ximiyalıq hám basqa kúshli qáwipli obyektler, olarǵa jaqın aymaqlarda xabar beriw hám olardı jetkeriwdiń jergilikli sistemaların, sonday-aq, suw saqlaǵıshlarınıń gidrotexnikalıq qurılmalarında signalizaciya hám xabar beriwdiń avtomatikalıq sistemaların jaratıw.

*Obyekt dárejesinde xabar beriw sistemasınıń wazıypaları:*

— ximiyalıq hám basqa qáwipli obyektlerde xabar beriw hám maǵlıwmat beriwdiń jergilikli sistemaların, sonday-aq, gidrotexnikalıq qurılmalarǵa signalizaciya hám xabar beriwdiń jergilikli avtomatikalıq sistemaların jaratıw jumısların shólkemlestiriw;

— xabar beriw, maǵlıwmat toplawdı támiyinlew hám qadaǵalaw, júzege kelgen ayrıqsha jaǵday, onıń rawajlanıw kólemleri hám ótiwi, jetkerip beriwi múmkin bolǵan aqıbetleri, ayrıqsha jaǵdaydı saplastırıw ushın kórilip atırǵan shara-ilajlar hám zárúr járdem haqqında joqarı organlarǵa maǵlıwmat beriw.

Ózbekstan Respublikasınıń barlıq basqarmalarında xabar beriw hám maǵlıwmat jetkerip beriw sistemasınıń xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw boyınsha wazıypaları:

— puqaralıq qorǵanıw ilajların ótkeriw waqtında baylanıs sistemalarınıń isenimli hám turaqlı islewin támiyinlewdi shólkemlestiriw hám ámelge asırıw;

— basqarmalıq potencial qáwipli obyektlerde signalizaciya hám xabar beriwdiń jergilikli avtomatlastırılǵan sistemasın jaratıw;

— xalıqtı ayrıqsha jaǵday qáwpi tuwılǵanlıǵı hám júz bergenligi haqqındaǵı maǵlıwmat penen támiyinlew.

## Xabar beriw signalları hám olar boyınsha xalıqtıń háreketi

Xalıqtı qorǵaw qanday da bir qáwip-qáter qáwpi tiwılǵanı yaki júzege kelgenligi haqqında xabar beriw hám maǵlıwmat tarqatıwdı óz waqtında ámelge asırıwdan baslanadı.

Xabar beriw shártlesip alınǵan aldınnan belgilep qoyılǵan hám xalıqqa anıq túsinikli bolǵan signallar (sirena sesi, ses shıǵarıwshı buyımlardı urıw hám t.b.) arqalı ámelge asırıladı.



*12-súwret.* Ayrıqsha jaǵdaylarda júz bergen jerden xabar alıw.

Qanday qáwip tuwılmasın, elektr sirenaları iske túsiriledi. Olardıń sestine kárxanalardıń gudokları qosıladı. Bul puqaralıq qorǵanıwdıń birden-bir «Dıqqat, hámmege!» signalı bolıp tabıladı.

Sirena sesi qollanılǵan waqıtta televizor, radiopriyomnik, radiosırnaylar isletip qoyıladı, jergilikli hákimiyat organları yaki ayrıqsha jaǵdaylar basqarmaları bolsa júzege kelgen qáwiptiń xarakteri, kólemi, sonday-aq, bunday sharayatta xalıqtıń háreket etiw tártibi haqqındaǵı sıpatlamalardı beriw kerek.

Isenimli hám turaqlı baylanıs, sonday-aq, haqıyqıy maǵlıwmat xalıqtıń qorǵanıwın shólkemlestiriw hám ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw ilajları shınjırındaǵı tiykarǵı buwınlardan biri bolıp tabıladı.

Xabar beriw nátiyjeli qorǵanıw usılı bolıp, onıń ornı sheksiz bolıp tabıladı. Biykarǵa eskertilgen adam yarım qutqarılǵan adam delinbeydi.

## *4.2. Dem alıw aǵzaları hám terini qorǵaw quralları*

Dem alıw organların qorǵaw qurallarına filtirlewshi gaz nıqap, respiratorlar, shańǵa qarsı gezlemeli nıqap, siyleli nıqaplar kiredi. Dem alıw aǵzaların eń isenimli qorǵawshı qural gazden qorǵawshı nıqap, sebebi ol dem alıw aǵzaların radioaktiv, záhárlewshi zatlar hám bakteriologiyalıq zatlardan qorǵaydı.

Gazden qorǵanıw nıqabınıń qorgaw tásiri dem alıw aǵzaları, bet hám kózlerin sırtqı ortalıqtan tolıq izolyaciya etiwge tiykarlanǵan. Paydalanıw ushın qolay hám ápiwayı nıqaplardan biri GP-5 gazden qorǵanıw nıqabı bolıp tabıladı.

Bul nıqap jeńil bolıp, onıń shlem-maskası bastı jaqsı qorǵaydı. Shlem-maska tańlaw ushın bas eki márte ólshenip, onıń nátiyjeleri bir-birine qosıladı. Nátiyjelerdin jıyındısı 92 sm. den kem bolsa, 0-ólshemli; 92—96 sm bolsa 1-ólshemli, 96—98 sm bolsa, 2-ólshemli, 99—102,5 sm bolsa, 3-ólshemli, 102,5 sm den artıq bolsa, 4-ólshemli shlem alıw kerek.

Qollanılıwına qarap barlıq gaz nıqaplar filtrlewshi hám izolyaciyalawshı túrlerge bólinedi. Olardıń bir-birinen ayırmashılıǵı sol, filtrlewshi gaz nıqap dem alıw organları, kóz hám júz terisin izolyaciyalawshı gaz nıqap bolsa qurǵaqlıq hám suwda islew ushın arnalǵan.

Jaǵdayǵa qarap gazden qorǵanıw nıqabı hár qıylı jaǵdaylarda asıp júriledi. Eger dushpannıń tikkeley hújimi qáwipli bolmasa, gazden qorǵanıw nıqabı «Dala» jaǵdayında shep iyinge asıp júriledi. «Hawa qáwpi» xabarı yaki **«Gazden qorǵanıw nıqapları tayarlansın!»** komandası berilgende




*13-súwret.* GP-5 gaz nıqabı: *1*—nıqap; *2*—hawa tazalawshı qutı; *3*—trikotajdan islengen qap; *4*—dem alıw trubkasınıń awzı; *5*—sóylesiw uskenesi; *6*—dem shıǵarıw trubkası, *7*—obtyurator; *8*—tóbelik; *9*—mańlay buwǵıshı; *10*—sheke buwgıshı; *11*—iyek astı buwgıshı; *12*—uzaytıp qısqartılatugın buwgıshı; *13*—qabı.

gazden qorǵanıw nıqabı «Tayar» halatqa keltiriledi. Bunıń ushın sumka sál aldıǵa jılıstırılıp, onıń joqarǵı qaqpaǵı ashılıp hám de kanopı alınıp, belden ótkiziledi hám onıń ushı aldıńǵı yarım gúrmekke baylap qoyıladı.

Radioaktiv, ximiyalıq hám bakteriologiyalıq záhárleniw haqqında eskertiwshi xabarlar berilgende **«Gazler!»** komandası boyınsha, sonday-aq, ximiyalıq hám bakteriologiyalıq hújimniń dáslepki belgileri baqlanǵanda gazden qorǵanıw nıqabı «Jawınger» halatqa keltiriledi.

Gazden qorǵanıw nıqabınıń tez hám durıs taǵılıwında bolsa belgili bir tártipke ámel etiliwi: dem almay turılıwı, kózlerdiń jumılıwı (bolmasa záhárlenip qalıwı múmkin), bas kiyimi alınıp, dizeler arasına qısılıwı, sumkadan maska alınıp, onıń jaq hám onıń jelke lentalarınan eki qol menen de bas barmaqlar ishkeri tárep bolatuǵın etip uslanıwı kerek.

Nıqaptıń tómengi bólegi iyekke qoyılıp, qalǵan bólegi betine tartılıwı, qaptaldaǵı lentalar bolsa qulaqlardıń arasına ótkeriliwi kerek. Jelke lentalarınıń bos ushları, nıqaptıń shetleri betke tıǵız jabısatuǵın etip tartılıwı lazım. Sonnan keyin tez dem shıǵarıp, dem alıwdı dawam ettiriw, kózlerdi ashıp, bas kiyimdi kiyip alıwı zárúr, tez dem shıǵarılǵanda betine nıqap kiyiw waqtında nıqaptıń astına kirip qalǵan záhárli hawa shıǵıp ketedi.

Gazden qorǵanıw nıqabı **«Gazden qorǵanıw nıqapları sheshilsin!»** komandası berilgennen keyin ǵana sheshiledi. Tikkeley záhárleniw qáwpi ótip ketkenligi haqqında xabar berilgennen keyin de gazden qorǵanıw nıqabı sheshilmewi múmkin. Gazden qorǵanıw nıqabın sheshiw ushın oń qol menen bas kiyim alınıp, shep qol menen gazden qorǵanıw nıqabı qutısınan uslanadı hám maska sál tómenge tartıp alınadı da, bas kiyim kiyiledi. Sheshilgen gazden qorǵanıw nıqabı sumkaǵa jaylastırıladı, bunda nıqap taza shúberek yaki qol sharshı menen sıpırıladı. Áne sonnan keyin gazden qorǵanıw nıqabı «Tayar!» yaki «Dala» jaǵdayına ótkeriledi.

Qattı suwıqta nıqaptıń rezinası qatıp qalıwı yaki kóz áynek muzlap qalıwı múmkin. Bunda gazden qorǵanıw nıqabınan paydalanıw qıyınlasawı hám islemey qalıwı múmkin. Bunday hádiyselerge jol qoymay ushın nıqap palto ishine alınıp jılıtıladı. Eger gazden qorǵanıw nıqabı taǵılǵan halatta bolsa, onıń nıqabı hám klapanlar qutısın waqtı-waqtı menen qolda ısıtıp turıw, dem shıǵarıw klapanların bolsa úplep qoyıw usınıs etiledi.

Suwıqtan ıssı xanaǵa kirgende, gazden qorǵanıw nıqabınıń metall bólimleri terlemegenshe 10—15 minut kútip turıw hám sonnan keyin gazden qorǵanıw nıqabı qutısın, metall bólimlerin hám nıqabtı qurǵaq

shúbirek yaki qol oramal menen sıpırıw hám dem shıǵarıw klapanlarına úplew kerek. Birlestiriw trubkasın da úplew lazım, eger trubka muzlap qalǵan bolsa, onı muz bóleklerinen abaylap tazalaw zárúr.

Gazden qorǵanıw nıqabınan paydalanıw waqtında onıń ayırım bólimleri zıyanlanıwı múmkin. Bunday jaǵdayda gazden qorǵanıw nıqabın dárhál basqasına almastırıw yaki záhárlengen orınnan dárhál shıǵıp ketiw lazım. Zıyanlanǵan gazden qorǵanıw nıqabınan belgili waqıt paydalanıwǵa tuwra keledi.

Nıqabtıń shetleri sál jırtılǵan yaki lentalardan biri úzilgen bolsa, zıyanlanǵan jerdi betine yaki basına alaqan menen bekkemlep qısıladı. Eger nıqaptıń júz bólimi jırıtılǵan, birlestiriw trubası tesilgen yaki úzilgen, kózáynek, dem shıǵarıw klapanları zıyanlanǵan bolsa, bunday gazden qorǵanıw nıqabı qutısınıń moynın awızǵa tutıp, murındı barmaqlar menen qısıw hám kózdi ashpay turıp, qutı arqalı dem alıw lazım (bunda awızdan dem alıw hám awızdan dem shıǵarıw zárúr).

Eger gazden qorǵanıw nıqabı qutısınıń korpusı tesilgen bolsa, onı ılay, ıǵal topıraq, nannıń usaǵı yaki basqa soǵan uqsas zat penen sıbap qoyıw kerek. Imkaniyat tuwılıwı menen, zıyanlanǵan qutı basqasına almastırıladı.

Eger gazden qorǵanıw nıqabı bolmasa, ol buzıq bolsa, dem alıw organların radioaktiv shańnan hám bakterial zatlardan qorǵaw ushın respiratorlar, paxta-siyle, baylamalar, shańǵa qarsı toqıma nıqaplar paydalanıladı. Biraq olar záhárli zatlardan saqlay almaydı. Kárxanalarda óndiris shańlarınan qorǵanıw ushın hár qıylı shańǵa qarsı respiratorlardan paydalanıladı.

Hárqanday nıqap yarım nıqaptan hám oǵan montaj etilgen filtrlewshi elementten (filtrlewshi respirator qutısınan) ibarat boladı.

Bazı túrdegi nıqaplarda filtr wazıypasın bet bóliminiń materialı óteydi. Olardıń gazden qorǵanıw nıqaplarınan abzal tárepleri sonda, olar dem alıwǵa kem qarsılıq kórsetedi, jeńil, dúzilisi ápiwayı hám bahası arzan boladı. Nıqaplardıń dúzilisi ápiwayı bolǵanlıǵı ushın olardan paydalanıw da qolay bolıp esaplanadı.

Dem alıw organların záhárli zatlardan qorǵawdıń eń ápiwayı usıllarınan biri paxta-siyle materiallarınan tayarlanǵan shańǵa qarsı taǵılatuǵın nıqap bolıp tabıladı. Bul nıqap radioaktiv shańlar hám bakterial aerozollardan qorǵaydı.



*a*



*b*

*14-súwret. a* — shańǵa qarsı paxta siyleli nıqap;
*b* — shańǵa qarsı materialdan tayarlanǵan nıqap.

Paxta-siyleli baylamanı tayarlaw ushın 100×50 sm ólshemdegi siyle materialı alınadı, oǵan 1—2 sm qalıńlıqta paxta qoyıladı, siyleniń shet jiyeginiń eki tárepi qayrılıp paxta oraladı. Aqırǵı uzınlıq tárepinen 30—35 sm ólsheminde kesiledi. Paxta siyleli baylam jaǵ, awız, murındı jawıp turıwı lazım. Kóz tárepke shańǵa qarsı kózáynek taǵıladı.

Shańlarǵa qarsı materiallardan tayarlanǵan nıqaptıń korpusı qadaǵıshtan ibarat (korpus bólegi 4—5 oramnan ibarat materialdan tayarlanadı). Korpus, qadaǵıshlardan úlgi alınıp shıǵıladı. Korpus bólimine kóz kórinisine mólsherlengen tesiksheler islenip, olarǵa ayna yaki kóriw plastinkası ornatıladı. Nıqap basqa jabısıp turıwı ushın rezina lentaları ornatıladı. Nıqaptıń korpus bólimin bas tárepke birlestiriw ushın kesesine rezina lenta da ornatıladı.

*Terini qorǵaw zatları.* Radioaktiv, ximiyalıq hám bakteriologiyalıq záhárlengen orınlarda dem alıw organları hám kózler ǵana emes, al pútkil deneni de qorǵaw zárúr. Bizler kúndelikli turmısımızda paydalanatuǵın ádettegi kiyim-kenshekler záhárleniwden saqlay almaydı. Bunıń ushın terini qorǵaytuǵın hár túrli zatlar, deneniń teri qaplamına, kiyim-kenshek, ayaq-kiyimge radioaktiv hám záhárlewshi zatlardıń hám de bakteriologiyalıq zatlardıń túsiwinen saqlawshı zatlardan qollanıladı.

Terini qorǵawshı zatlar wazıypasına qaray arnawlı (tabel) zatlar menen qolda bar zatlarǵa bólinedi.

Qorǵanıwdıń tabel zatlarınan puqaralıq qorǵanıw dúzilmeleriniń jeke quramı záhárlengen orında jumıs islew waqtında paydalanıladı.

Tabel zatlarınıń qatarına qorǵanıw kombinezonı (shalbarlı kelte kamzol), L-1 jeńil qorǵanıw kostyumı, qorǵanıw etigi hám qolǵabı, fartuk kiredi. Bul zatlar sanaatta plyonka payda etiwshi sintetikalıq zatlardan




*15-súwret.* L-1 jeńil qorǵanıw kostyumı:
*1*—etigi menen shalbar; *2*—shlem astı kiyimi; *3*—kapyushonlı kóylek;
*4*—eki barmaqlı qolǵaplar; *5*—kostyum saqlanatuǵın qalta. Onda «Jawınger» halattaǵı qorǵanıw kostyumı.

(toqımanıń 1 yaki 2 tárepine sińdirilgen kauchuk jasalma smolalar, beloklı zatlar, plastikalıq massalar hám basqalar)dan tayarlanadı, bular hawanı ótkermewshiligi menen birge, ózine túsken záhárli zatlardıń tamshıları hám juqlarınan puqta qorǵaydı. Pútkil deneni sırtqı ortalıqtan izolyaciya etiw ushın terini qorǵaw zatlarınan kompleks tárizde paydalanadı (máselen, kombinezon, qorǵanıw etigi hám qolǵabı menen birge kiyiledi). Qorǵanıwdıń tabel zatları *qorǵanıw kiyimleri* dep ataladı.



1 2 3 4

*16-súwret: 1* — qorǵanıw kompleksi; *2* — L-1 jeńil qorǵanıw kostyumı;
*3* — qorǵanıw kombinezonı; *4* — filtrlewshi kiyim.

Qorǵanıw kombinezonı (shalbarlı kelte kamzol) kúshli záhárlengen orınlarda islewde rezina etik, qolǵap hám qalpaqsha (kapyushon) menen birge kiyiledi. Kombinezonlar hám shalbarlı kelte kamzollar rezinalanǵan toqımalardan tayarlanadı. Kombinezonnıń awırlıǵı 3,5 kg. ǵa, etik hám qolǵapları menen birgeliktegi awırlıǵı bolsa 6 kg. ǵa jaqın keledi.

Jeńil qorǵanıw kostyumı rezinalı elastikalıq toqımadan tayarlanadı.

Bul kostyum qalpaqshalı kóylek, etikli shalbar, eki barmaqlı qolǵap hám shlem astınan ibarat. Komplektke kostyumdı salıp júriw ushın sumka hám awısıq qolǵap ta kiredi.

Záhárleniw qáwipi payda bolǵanlıǵı haqqındaǵı xabarlandırıwshı signallar berilgennen soń, gazden qorǵanıw nıqabı taǵılıp, jaǵa kóteriledi, qalpaqsha (kapyushon) hám qolǵap kiyiledi.

## *4.3. Xalıqtı qorǵawdıń injenerlik qurılmaları*

Xalıqtı radiaciyadan qorǵaw ushın hár qıylı qurılmalar bar. Qorǵanıw qurılmaları xalıqtı qorǵawshı isenimli orınlar esaplanadı. Bul qurılmalar xalıqtı hár túrli ayrıqsha jaǵdaylardan hám de ǵalabalıq qırǵın qurallarınıń tásir etiw faktorlarınan saqlaytuǵın baspana esaplanadı.

Qorǵawshı qurılmalar qorǵaw ózgesheligine qaray, baspana hám radiaciyaǵa qarsı baspana orınlarǵa bólinedi. Usınday qurılmalar tómendegi ózgesheliklerden kelip shıqqan halda qurıladı:

1. Jónelis boyınsha — puqaralardı saqlawǵa, basqarıw sistemaların jaylastırıwǵa arnalǵan;

2. Jaylasqan ornı boyınsha — óz aldına jaylasqan (metropolitenler hám taw-kán qurılısları);

3. Qurılıs múddeti boyınsha — baspana RSB (radiaciyadan saqlawshı baspana) hám ápiwayı baspanalar esaplanadı.

Baspanalar — bul arnawlı qurılma bolıp, ol jasırınǵan adamlardı yadrolıq jarılıwdan, záhárlewshi zatlardan, bakteriyalıq qurallardan, sonday-aq, joqarı temperatura, órt waqtında záhárli gazlerden qorǵaydı (17-súwrette baspana jobası kórsetilgen).

Baspanalar adamlardı qabıl etiw sanına qarap bes toparǵa bólinedi. Kishi kólemdegi baspana 150—300 adamdı, ortasha baspana 360—600, úlken baspana bolsa 600 den artıq adamlardı qabıl etedi.

Baspanalar tiykarǵı hám járdemshi imaratlardan ibarat boladı. Tiykarǵı imaratda jasırınıwshılardı jaylastırıw jeri hám eki yaki úsh qabatlı krovatlar bar.




*17-súwret.* Baspana jobası:
*1*— hawa ótkermeytuǵın qorǵaw esigi; *2*— shlyuzli kamera; *3*— sanitar xanası;
*4*— adamlardı jaylastıratuǵın tiykarǵı zal; *5*— avariya waqtında shıǵıw jolı;
*6*— hawanı tazalap samallatıw xanası; *7*— azıq-awqat saqlanatuǵın qoyma;
*8*— medicina xanası.

Ekinshi járdemshi imaratda sanitariya tarmaǵı, hawanı tazalap almastırıp beriwshi kamera hám sıyımlılıǵı úlken qurılmalarda medicinalıq bólme, azıq-awqat saqlanatuǵın qoyma, artezian qudıǵı hám dizelli elektrstanciya ushın xana bar.

Baspanada qaǵıydaǵa muwapıq, keminde eki kirip-shıǵıw esikleri, kishi baspanalarda kiriw hám avariya waqtında shıǵatuǵın esikler boladı.

Apatshılıq júz bergende, qosımsha esiklerden záńgi menen yaki solay kóshege shıǵıw múmkin. Apatshılıq payıtında esiklerden jer astı jolları arqalı shaxtaǵa shıǵıladı. Kóp orınlı (300 den aslam adam) qurılmalarda qurılatuǵın esiklerdiń birewine shlyuzli dáliz, zıyanlanǵan hawadan qorǵalatuǵın sırtqı hám ishki samal kirmeytuǵın esikler menen úskeneledi.

Hawa tazalaw sisteması hawanı shańlardan tazalawshı hám hawanı tazalap almastırıwshı tártipte isleydi.

Baspananıń energiya, suw ısıtıw, kanalizaciya tarmaqları sırtqı tarmaqqa jalǵanǵan. Olar buzılǵanda baspanalarda kóshpeli elektr fonarlar, suw qorları, shıǵındılar ushın ıdıslar menen támiyinlengen.

Bulardan tısqarı, tekseriw hám qadaǵalaw kompleksi, qorǵanıw kiyimleri, órtti óshiriwshi úskeneler tayar halatta saqlanadı.



*18-súwret.* Imarat astında jaylasqan baspana.

Xalıq baspanaǵa jaylasqanda ol jerde tómendegiler qadaǵan etiledi:

— záhárlewshi zatlardıń daǵı, izleri bar kiyimler menen kiriw;

— radioaktiv záhárleniw júz bergende záhárlengen kiyim menen kiriw;

— ayaq kiyimdegi shań hám ılay, qar menen kiriw;

— shegiw, topalań etiw;

— ruqsatsız kerosinli lampalardı jaǵıw;

— sham, tez janıwshı zatlardan paydalanıw;

— haywanlardı alıp kiriw;

— jas balalı analar, nawqaslar óz aldına ajıratılǵan orınlarǵa jaylastırıladı.



*19-súwret.* Óz aldına jaylasqan baspana.

### *4.4. Radiaciyadan jasırınatuǵın jerler, jer tóle hám basqa jerlerdi qorǵanıw qurılmalarına sáykeslestiriw*

Hár túrli radiaciya hám basqa sol sıyaqlı apatlardan xalıqtı qorǵaw ushın bar bolǵan qurılma — baspanalar qurılısına tómendegi talaplar qoyıladı:

1) adamlardı úsh sutkadan kem bolmaǵan múddette saqlaw;

2) suw baspaytuǵın jerlerge qurıw;

3) aǵın suwlardan, kanalizaciya kommunikaciyalarınan hám de qurılıs kommunikaciyalarınan alıslaw orınlarda qurıw;

4) shıǵıw hám kiriw esikleriniń bolıwı.

Radiaciyadan jasırınıw orınların, jer tóle hám basqa orınlardı toltırıw tártibi aldınnan islep shıǵıladı hám tastıyıqlanǵan reje boyınsha ámelge asırıladı. Hárbir jaǵdayda qorıqpastan, kórsetilgen orınǵa barıp, jaylasıp, belgilengen qaǵıyda boyınsha háreket etiw kerek.

Radiaciyaǵa qarsı baspanalar radioaktiv (pataslanıw) záhárleniwde adamlardı ion payda etiwshi nurlanıwdan qorǵaydı. Bunnan tısqarı, tolqın soqqısı, jaqtılıq nurları, sińiwshi radiaciya, neytron aǵımı, teri hám kiyimge radioaktiv zatlardıń túsiwi, záhárli zatlar, bakteriyalı zatlardan qorǵaydı. Kóp qabatlı imaratlardıń jer tólelerinde radiaciyadan saqlanıw ushın orın tayarlawǵa boladı.

Qorǵawshı baspanalardı tayarlawda jıynalma temir-beton buyımları, gerbish, aǵash materiallar, tastan paydalansa boladı.

Radiaciyadan saqlanıwda diywalları qorǵaw qásiyetine iye bolǵan jer tóleler, palız ónimleri saqlanatuǵın qoymalar, jer ústindegi imaratlardan



*20-súwret.* Radiaciyaǵa qarsı baspana.

paydalanıladı. Bárlıq esik, terezeler bekkemlenedi, esikler kiyiz yaki jumsaq gezleme menen tıǵız etip jabıladı. Baspana (30 adamǵa mólsherlengen bolsa) tábiyiy hawa aǵımı menen samallatqısh hám sorıwshı qutı qoyıladı. Sorıwshı qutı samallatqıshtan 1,5—2 metr joqarıǵa qoyıladı. Sırtqı hawa shıǵarıwshı qutıshaǵa qaqpaq islenedi. Kiriw ornına jaqsılap qaqpaqsha islenedi. Baspanalarda suw hám kanalizaciya bolmasa, bir sutkaǵa hárbir adam ushın 3—4 litr suw, hájetxana, shıǵındı tógiletuǵın ura, krovat, azıq-awqat ushın shkaf imkaniyatları jaratıladı. Aǵashtan tiklengen úyler radiaciya koefficientin shama menen 100, tastan qurılǵan úyler 800, úskenelenbegen jertóle 7—12, úskenelengen jertóle 350—400 ese kemeytedi.




*21-súwret.* Jertóle.

Jertóle jaqtılıq nurlarınan tolıq, tolqın soqqısınan 2,5—3 ese, sińiwshi radiaciya hám radioaktiv nurlanıwdan 200—300 ese qorǵaydı. Ol teri hám kiyimge radioaktiv, záhárlewshi zat hám bakteriyalıq zatlardıń túsiwinen saqlaydı. Ol ashıq orında ústine hesh nárse qulamaytuǵın, jawın suwı, suw baspaytuǵın orında qurıladı. Aldı ashıq halda tayarlanadı. Ol jılan izi dáliz sıyaqlı tuwrı sızıqlı 15 metrden aslam bolmaǵan birneshe (bólek) bólimlerden ibarat. Tereńligi 1,8—2 metr, joqarı bóliminiń eni 1,0—1,2 metr, ultanı 0,8 m. Jertóle uzınlıǵı hárbir adamǵa 0,5—0,6 metr esabında anıqlanadı.



*22-suwret.* Ashıq (*a*) hám jabıq (*b*) baspana.

***Ápiwayı túrdegi baspanalar.*** Ápiwayı túrdegi baspana yaki pana jerlerge jertóleler kiredi. Olar qurılıs konstrukciyasına qaray, ápiwayı qorganıw qurılmalarına kiredi. Sebebi, onı qurıw ushın qısqa waqıt sarplanadı.

Ápiwayı baspanalar ashıq hám jabıq kóriniste boladı (22-súwret). Jertóle (tesikler)di xalıqtın qolında bar qurallar menen tayarlaydı. Ashıq tesik tolqın soqqısın 1,5—2 ese, jaqtılıq nurları hám siniwshi radiaciyanı 1,5—2 ese, radioaktiv zıyanlanǵan aymaqta nurlanıw dárejesin 2—3 ese kemeytedi.

Radioaktiv pataslanǵan jerde qalay háreket etiw kerek?

Organizmge radioaktiv zatlar tásirinin aldın alıw yamasa tásirin azaytıw ushın:

— imarattan tek ǵana zárúrlik tuwılǵanda, qısqa waqıtqa, respirator, plash hám rezina etik kiygen halda shıǵın;

— ashıq jerde sheshinbeń, jerge otırmań hám shekpeń, ashıq suw basseyinlerinen shomılıwdan hám miyweler teriwden saqlanın;

— úyińiz átirapındaǵı aymaqqa waqtı-waqtı menen suw sewip turıń, imarat ishin bolsa juwıw zatları menen hár kúni tazalań;

— imaratqa kiriwden aldın ayaq kiyimińizdi juwıń, ústingi kiyimińizdi qaǵıp, ıǵallanǵan shyotka menen tazalań;

— suwdı tek tekserilgen jerlerden alıp ishiń, dúkanlardan alınǵan azıq-awqat ónimlerin paydalanıń;

— awqatlanıwdan aldın qollarıńızdı jaqsılap juwıń hám awzıńızdı 0,5% li ishimlik sodası menen shayıń.

Usı usınıslarǵa ámel etiw nurlanıw keselliginiń aldın alıwǵa járdem beredi.

## *4.5. Ayrıqsha jaǵdaylarda haywan hám awıl xojalıǵı ósimliklerin qorǵaw*

Ayrıqsha jaǵdaylarda awıl xojalıǵı ósimlikleri hám haywanların qorǵaw zárúr áhmiyetke iye.

Házirgi kúnde awıl xojalıǵı ónimleri, ot-jemge zıyan keltiretuǵın kóplep kesellikler bar. Bunnan tısqarı, awıl xojalıǵı ónimleri záhárli hám radioaktiv zatlar menen de ziyanlanıwı múmkin. Bunday qáwipli faktorlar ónimleriniń ósiw procesine hám de uzaq múddet dawamında saqlanıw jaǵdayına keri tásir kórsetedi.

Ósimlikler arasında keselliklerdiń keń tarqalıwı nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın jaǵdaylarǵa *epifitotikalıq ayrıqsha jaǵdaylar* delinedi.

Usı sıyaqlı kesellikler haywanlar arasında da tarqalıwı múmkin. Haywanlar kesellikler, záhárleniwler, radioaktiv zatlar tásirinde de záhárlenedi.

Haywanlar arasında kesellilerdiń keń tarqalıwı nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın jaǵdaylarǵa *epizootikalıq ayrıqsha jaǵdaylar* delinedi.

Epifitotiya menen epizootiyanıń panfitotiya hám panzootiya túrleri de bolıp, bunda ósimlik yaki haywanlar kesellileriniń birneshe mámleket yaki region aymaǵına tarqalıp ketiwi túsindiriledi.

Aymaq radioaktiv zatlar menen zıyanlanǵanda usı aymaqta jasaytuǵın adam hám haywanlarǵa úlken zıyan keltiriledi. Záhárleniw jolları neden payda boladı? Dáslep, kúndelikli radioaktiv zatlar menen jumıs alıp baratuǵın basqarma hám laboratoriyalarda qáwipli jaǵday payda bolıwı múmkin. Qáwipli jaǵday bul jerlerde hár túrli sebeplerge baylanıslı radioaktiv zatlar sırtqa shıǵıp ketiwine sharayat tuwılsa júz beredi. Máselen, atom elektrstanciyalarında qáwipsizlik ilajlarına ámel etilmese, óz waqtında profilaktikalıq jumıslar alıp barılmasa, jumısshı hám basshı xızmetkerler belgilengen qaǵıydalardı óz waqtında orınlamasa hám t.b.

Radioaktiv zatlar sırtqa shıǵıp ketkennen keyin átiraptaǵı aymaq záhárlenedi, insan, janlı haywanlar, quslar, tawıqlar hám t.b. áste aqırın záhárlenip, nurlanıw keselliklerine ushıraydı.

Usıǵan uqsaǵan jaǵday 1986-jıl Ukrainada júz bergen. Atom stanciyasındaǵı jarılıw nátiyjesinde átiraptaǵı aymaq záhárlengen, ol jerde jasap atırǵan xalıq evakuaciya etilip, basqa aymaqlarǵa kóshirilgen. Waqıya júz bergennen soń birqansha jılǵa shekem bul aymaqta dezaktivaciya, degazaciya hám arnawlı tazalaw jumısları alıp barılǵan. Házirgi kúnde

bunday jumıslar dawam ettirilip, adamlar jasawı ushın zárúr sharayat jaratıw jumısları alıp barılmaqta.

Ayrıqsha jaǵday payda bolmawı ushın hámme óz wazıypasın shın kewilden orınlaw shárt. Jaǵday payda bolǵanda xalıq ne islew hám qanday háreketleniwin aldınnan úyretiw hám evakuaciya tártip-qaǵiydaların tastıyıqlanǵan reje boyınsha orınlawı lazım. Bul sıyaqlı jaǵday payda bolıwına jol qoymaw hárbir adamnıń wazıypası.

Keń tarqalıwı múmkin bolǵan keselliklerden biri *quslar grippi* bolıp tabıladı. Bul, ásirese, adam hám úy tawıqları ushın júdá qáwipli kesellik bolıp, ólimge alıp keliwi múmkin.

Virustıń tábiyiy deregi suwda júziwshi jabayı quslar boladı. Virus tasıwshılar bolsa jabayı quslar hám tıshqanlar esaplanadı.

Quslardıń záhárleniwi suw hám awqat arqalı payda boladı, sebebi quslarda virus dárisi menen birge sırtqa shıǵadı.

Adamǵa virus quslardıń góshi, ishek-shabaǵı, párleri, tuqımı, dárisi, soń patas qollar, awqat, suw yaki shań menen birge awız yaki murınǵa kiriwi múmkin.

Quslar grippinen qorǵanıw ilajlarına tómendegiler kiredi:

— quslardı jabıq sharayatta baǵıwǵa ótkeriń (olardıń jabayı quslarǵa qosılıwına jol qoymań);

— jabayı quslar (ǵarǵalar, maynalar, shımshıqlar) qus ketekler ishine kirip ketiwi hám olardıń azıqlarına jaqınlamawı ushın barlıq jollardı jawıp taslań;

— tıshqanlardı joq etiń;

— quslar dárisin jer astına keminde 0,5 metr tereńlikke kómiń;

— jıynastırıw jumısların siyleli nıqap yaki respirator taǵıp, qolǵap, bas kiyim kiyip yamasa oramal orap, jumısshı kiyim hám ayaq kiyimde isleń;

— jıynaw jumısları tamamlanǵannan soń jumısshı kiyim hám ayaq kiyimin sabın menen juwıń, quyash nurları astında keptiriń, qollarıńız hám betińizdi puqtalıq penen juwıń yaki shomılıń.

Yadta saqlań, qus grippi jaǵdayları úy qusları arasında payda bolǵan jaǵdayda, infekciya jáne de keń tarqalıp ketiwin toqtatıw hám adamlardıń zıyanlanıwınıń aldın alıwdıń birden bir usılı pútkil xalıq jasaytuǵın jerde payda bolǵan barlıq vakcina menen emlenbegen quslardı pútkilley joq etiwden ibarat bolıp tabıladı.

Balalar, jası úlkenler, hámiledar hayallar, hám immuniteti kúshsiz insanlardı qorǵaw ushın olardı ápiwayı grippke qarsı vakcina menen emlew kerek.

Vakcina grippten qorǵaydı hám qus grippiniń awır túrleri payda bolıw qáwpin kemeyttiredi.

Jup tuyaqlı jabayı hám úy haywanlarınıń qáwipli, kúshli bolatuǵın viruslı keselliklerden biri awsıl (russha ящур) bolıp tabıladı. Kesellikke qaramal hám shoshqalar joqarı dárejede qoy, eshki hám jabayı jup tuyaqlı haywanlar bolsa azıraq beyimlesedi.

Tariyxıy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, awsıl kesellígi haqqında 1546-jılı italyan alımı J. Frakastoro maǵlıwmat bergen, onıń filtrleniwshi virus ekenligin bolsa 1898-jılı nemec alımları Lyoffler hám Frosh anıqlaǵan.

Awsıl haywanlardıń shegara bilmes keselliklerі arasında eń kóp ushırasatuǵın hám úlken ekonomikalıq hám de sociallıq zıyanlar keltiretuǵın juqpalı kesellik esaplanadı. Kesellik hár túrli geografikalıq aymaqta hám sharayatqa qaramay, qısqa waqıtta uzaq aralıqlarǵa tez tarqalıw qásiyetine iye.

Haywanlarda keselliktiń klinik belgileri murın, awız boslıǵı silekey perdelerinde, tilde, tuyaq aralıǵı hám jelinde torsıldaqlar payda bolıwı, soń olar jarılıp eroziyalarǵa aylanıwı menen kórinedi.

Awsıl kesellígi tarqalǵan aymaqlarda jas haywanlardıń 60—80% ge shekemgisi nabıt boladı.

Awsıl tómendegi jaǵdaylarda júdá tez hám keń tarqalıwı múmkin:

— kesel yaki kesellikten táwir bolǵan, biraq virus tasıwshı bolıp qalǵan haywanlar saw mallar menen birge baǵılsa, kesellik tarqalmaǵan jerler, gósh kombinatları, haywan bazarları hám kórgizbelerge kirgizilse;

— virus benen zıyanlanǵan sút yaki maysızlandırılǵan sút jas mallarǵa berilse;

— kesellik tarqalǵan aymaqlardaǵı jaylawlarda saw mallar baǵılsa yaki olardaǵı suw derekleri hám imaratlardan paydalanılsa;

— kesellik tarqalǵan aymaqtan ot-jem hám basqa awıl xojalıǵı ónimleri yaki kesellikke beyim bomaǵan at, eshek, qańǵımay iyt, pıshıq hám t.b. lar kesellik tarqalǵan aymaqlarǵa kirip kelse;

— biologiyalıq qáwipsizlik ilajlarına ámel etpegende veterinariya qánigeleri óz kiyimleri hám qurallarin dezinfekciya etpegende.

Awsıl kesellíginiń aldın alıw ushın haywanlardı ǵalaba hám májbúriy emlew, veterinariya-sanitariya ilajların óz waqtında ótkeriw, biologiyalıq qáwipsizlik ilajlarına ámel etiw, sharwa malları hám ónimleriniń háreketi ústinen barqulla baqlaw júrgiziw sıyaqlı kompleks ilajlardı ámelge asırıw talap etiledi.

 

*23-súwret.* Arnawlı qánigeler tárepinen profilaktika jumısların alıp barıw procesi.

Awıl xojalıǵı ónimleri, ót-shóp hám suwdı zıyanlanıwlardan qorǵaw ushın baqlaw jumısları alıp barıladı. Rejelestirilgen tártip boyınsha arnawlı ásbaplar menen haywanlarǵa beriletuǵın suw tazalıǵı hám jaylawlardaǵı ósimliklerdiń jaǵdayı tekseriledi. Reje boyınsha dezinfekciya isleri alıp barıladı.

Máselen, hawa kemeleri aerodromnan hawaǵa kóterilip atırǵanda olardan bólinip shıqqan janılǵı zatları jerge túsip, átiraptı záhárleydi, ósimliklerge zıyan keltiredi. Ót-jem hám suw arqalı haywanlardıń ishine kirgen záhárli zatlar bolsa kesellikke alıp keledi.

Epifitotikalıq ayrıqsha jaǵdaylarda awıl xojalıǵı eginleriniń ǵalaba nabıt bolıwı, ónimniń páseyiwi menen bolatuǵın ǵalaba kesellik hám ósimlik zıyankesleriniń sanınıń keskin kóbeyiwi baqlanadı. Bunday kesellik hám zıyankeslerge tómendegilerdi mısal etip keltiriw múmkin.

*Kartoshka fitoftorozı.* Kartoshka fitoftorozı záhárli kesellik esaplanadı. Bunda túynek payda bolıw dáwirinde nállerdiń ólip qalıwı hám ǵalaba shirip ketiwi sebepli ónim muǵdarı kemeyedi. Gúllew dáwirinde shaqalarda toyǵın qara qońır yaki kúlreń sıyaqlı maylı daǵlar payda boladı. Ónimdarlıq 15—20% ke shekem kemeyedi.

*Kolorado qońızı.* Usı zıyankestiń ólshemi 9—11 mm ge shekem jetiwi múmkin. Báhárde topıraq astınan shıǵadı. Urǵashısı jıltıraq, sarı uzın sopaq tárizli, uzınlıǵı 2—4 mm li máyek tuwadı. Máyeklerin kartoshka japıraǵınıń arqa tárepine 18—20 dan birlestirip qoyadı. Quwırshaqlar 24 kúnde rawajlanadı (24-súwret).

Bir jıl dawamında birewden tórtewge shekem áwlad qaldıradı. Nátiyjede ónimdarlıq keskin kemeyip ketedi.

*Shegirtke.* Oraylıq Aziya respublikalarında shegirtkeniń 380 túri bar, elimizde bolsa 200 den kóbirek túri anıqlanǵan. Ol eki ekologiyalıq



*24-súwret.* Kolorado qońızınıń rawajlanıwı.

toparǵa ajıratılǵan. Topar payda etiwshi shegirtke rawajlanıwı ushın qolaylı sharayat bolǵan jılları iri toparlar payda etedi hám oǵada úlken zıyan keltiredi. Bularǵa Aziya yaki toǵay shegirtkesi (25-súwret, a), Marokash shegirtkesi, oazis yaki Italiya shegirtkesi (25-súwret, b) hám basqalar mısal boladı.

Zıyanlı shegirtkelerge qarsı gúreste házirgi kúnde tek ǵana Ózbekstanda emes, bálki dúnya júzinde ximiyalıq gúres usılı júrgizilmekte. Keyingi jılları respublikamızda birqansha zamanagóy ximiyalıq dáriler sınawdan ótkerilip, islep shıǵarıwǵa usınıs etildi.

Shegirtkelerge qarsı gúreste piretroid hám fosfororganikalıq preparatlardıń tásir etiw múddeti 3—5 kúnnen aspawı sebepli, ayırım jaǵdaylarda qayta islew beriw zárúrligi júzege keledi. Ásirese, oazis shegirtkesiniń máyeginen shıǵıwı hám keyingi rawajlanıwı birdey múddette ótpeytuǵının esapqa alatuǵın bolsaq, oǵan qarsı uzaq múddet tásir etiwshi preparatlardı qollanıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.



*a* *b*

*25-súwret.* Shegirtklerdiń túrleri hám rawajlanıw procesleri:
Aziya yaki toǵay shegirtkesi *(a)* hám oazis yaki Italiya shegirtkesi *(b).*

### *4.6. Qutqarıw jumısların shólkemlestiriw, ótkeriw tiykarları hám alıp barıw usılları. Qutqarıw jumıslarınıń maqseti hám áhmiyeti*

Ayrıqsha jaǵday payda bolǵanda xalıq hám aymaqlarǵa úlken zıyan keltiriliwi múmkin. Bunday jaǵdaylardıń payda bolıwına tómendegi jaǵdaylar sebep bolıwı múmkin: avariyalar, taw kóshkende, suw, gaz, órt penen baylanıslı jaǵdaylar hám basqa texnogen hám de tábiyiy jaǵdaylar.

Ózbekstan Respublikasında 2008-jıl 26-dekabrde «Qutqarıw xızmeti hám qutqarıwshı ataması haqqında»ǵı Nızam qabıl etilgen. Usı Nızamnıń maqseti qutqarıw xızmetleri hám qutqarıw dúzilmeleriniń shólkemlestiriliwi, xızmeti hám tamamlanıwı tarawındaǵı múnásibetlerdi tártipke salıwdan ibarat. Onda qutqarıw tarawına baylanıslı ayırım túsiniklerge táriyip berip ótilgen.

Solardan:

— qutqarıwshı — belgili baǵdarlama boyınsha qutqarıw jumıslarına tayarlanǵan hám belgilengen tártipte attestaciyadan ótken Ózbekstan Respublikası puqarası;

— qutqarıw quralları — qutqarıw jumısların alıp barıw ushın arnalǵan arnawlı texnikalıq, ilimiy-texnikalıq hám intellektual ónim, sonıń ishinde arnawlı baylanıs hám basqarıw quralları, texnika, ásbap-úskeneler, qural-jaraq-ánjamlar, mal-múlk, qutqarıw jumısların orınlaw texnologiyasına baylanıslı qollanba materiallar, videomateriallar, fotomateriallar, elektron hújjetler, sonday-aq elektron-esaplaw mashinaları ushın baǵdarlamalıq ónimler hám maǵlıwmatlar bazarları, basqa quarallar;

— qutqarıw jumısları — ayrıqsha jaǵdaylar zonasında adamlardıń ómirin saqlap qalıw hám densawlıǵın saqlaw, yuridikalıq hám de fizikalıq shaxslardıń mal-múlkin, átirap tábiyiy ortalıqtı qorǵaw, ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw olarǵa tán bolǵan qáwipli faktorlar tásirin joq etiw yaki ilajı bolǵansha boldırmawǵa qaratılǵan háreketler;

— qutqarıw dúzilmesi — ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw jumısların alıp barıw ushın arnalǵan, tiykarın arnawlı texnika, ásbap-úskeneler, qural-jaraq-ánjamlar hám basqa qutqarıw quralları menen támiyinlengen qutqarıwshılar bólimleri shólkemlestirgen biygárez dúzilme yaki qutqarıw xızmeti quramına kiriwshi dúzilme;

— qutqarıw xızmeti — xızmeti boyınsha birden-bir sistemaǵa birlestirilgen, tiykarın professional qutqarıw dúzilmeleri payda etken, ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıwǵa baylanıslı wazıypalardı sheshiw ushın arnalǵan basqarıw organları, kúshler hám quarallar kompleksi.

Qutqarıw jumısların shólkemlestiriw aldınnan tayarlanıp rejege kirgiziledi. Hárbir rejede hár qıylı jağdaylar júz beriwi esapqa alınadı, sebebi qáwipli jağday adamlardıń jasaytuğın aymağına baylanıslı. Sonıń ushın hárbir júz bergen jağdayda qutqarıw jumısları ózine tán usıllar boyınsha shólkemlestiriledi. Máselen, tawlı orınlarda jer silkiniw, sel, taw hám qar kóshiwleri júz beriwi múmkin bolğan jağdaylar payda boladı, dárya hám teńizge jaqın aymaqlarda bolsa suw tasqını payda bolıwı múmkinshiligi kúshli. Sonıń ushın qutqarıw jumıslarınıń tiykarğı maqseti usı jağdaylarğa baylanıslı. Biraq, jağday qay jerde payda bolıwına qaramastan adamlardı qutqarıw birinshi orında turıwı shárt, sonnan keyin ğana aymaqta baylıqlardı qutqarıw jumısların alıp barıw múmkin. Soń epidemiya payda bolıp tarqalıwına qarsı profilaktikalıq jumısları shólkemlestiriledi.

Qutqarıw jumıslarınıń áhmiyeti hám usılları jumıslar alıp barılıp atırğan orınğa baylanıslı boladı. Olar payda bolğan jağdaydı durıs bahalaw jağdaydı joq etiw ushın bar kúsh hám qurallar barlığına baha beriw hám de olardı iske salıw is-ilajlarınıń izbe-izligin anıqlawdan ibarat. Sonnan soń jağday payda bolğan orınnan xalıq hám baylıqlardı alıp shığıw rejesi dúziledi. Usı jumıslardı shólkemlestiriw ushın júdá qısqa waqıt ajıratıladı hám jumıslar kúni-túni úzliksiz alıp barıladı.

Bunda tiykarğı itibar qutqarıw jumısların ámelge asırıwshı qutqarıwshığa, onıń tayarlığına qaratıladı.

Joqarıda aytıp ótilgen nızamğa baylanıslı qutqarıwshılardıń wazıypaları belgilengen. Sonıń qatarında, qutqarıwshılar:

— ayrıqsha jağdaylardı saplastırıw jumısların alıp barıwda qatnasıwğa tayar turıwı;

— óziniń fizikalıq, arnawlı, ruwxıy tayarlığın, qutqarıw xızmetleri hám qutqarıw quramında ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw hám olardı joq etiw boyınsha háreket etiw kónlikpelerin jetilistirip barıwı;

— ayrıqsha jağdaylardı joq etiw boyınsha qutqarıw jumısların alıp barıw texnologiyasına ámel etiwi;

— ayrıqsha jağdaylar sharayatında jábirlengenlerdi izlewi, olardı qutqarıw sharaların kóriwi, olarğa birinshi medicinalıq járdem hám basqa túrdegi járdem kórsetiwi;

— ayrıqsha jağdaylardı saplastırıw jumısların alıp barıw waqtında qutqarıwshılar bul jumıslardı alıp barıwda qaysı qutqarıw xızmetleri hám qutqarıw dúzilmeleriniń quramında qatnasıp atırğan bolsa, usı qutqarıw

xızmetleri hám qutqarıw dúzilmeleriniń baslıqları tárepinen qabıl etiletuǵın qarardı sózsiz orınlawı;

— ayrıqsha jaǵdaylarǵa jol qoymaw maqsetinde puqaralarǵa qáwipsiz júris-turıs qaǵıydaların hám ayrıqsha jaǵdaylar júz bergende orınlanatuǵın háreketler tártibin túsindiriwi shárt.

Qutqarıw jumısların alıp barıw jaǵdayǵa baylanıslı boladı hám soǵan baylanıslı alıp barıladı. Máselen, tawlı jerlerde jer koshkisi hám jemiriliwler payda bolǵanda xalıq aviaciya járdeminde evakuaciya etiledi. Xalıq tez qáwipsiz jerlerge alıp shıǵıladı hám birinshi járdem kórsetiledi.

Máselen, jer silkiniw bolǵanda onıń kúshi anıqlanıp, qutqarıw armiyaları tez járdem jumısların baslaydı.

Bunday jaǵdayda qurılmalarǵa tiygiziletuǵın zıyan tómendegishe baha-lanadı:

1-dárejeli zıyan: jeńil zıyanlar — imarat diywallarında jińishke jarıqlar payda boladı hám suwıq ótedi;

2-dárejeli zıyan: ortasha zıyanlar — diywallarda kishilew jarıqlar payda boladı, morı zıyanlanadı.

3-dárejeli zıyan: imaratlar kúshli zıyanlanadı, diywallarda úlken hám tereń jarıqlar payda boladı, morılar tolıq búlinedi.

4-dárejeli zıyan: imarat hám qurılmalardın ishki diywalları tolıq oyran boladı;

5-dárejeli zıyan: jay hám imaratlar tolıq oyran boladı.



*26-súwret.* Tábiyiy ayrıqsha jaǵday aqıbetinde júz bergen jaǵday.

1966-jılı Tashkent qalasında bolǵan kúshli jer silkiniwden keyin qutqarıw jumısları jaqsı jolǵa qoyılǵanlıǵı hám tez orınlanǵanlıǵı ushın xalıqqa qısqa waqıt ishinde barlıq tiyisli járdem kórsetilgen.

Házirgi kúnde mámleketimiz tárepinen ayrıqsha jaǵdaylar máselesine úlken áhmiyet berilmekte. Sonıń ishinde, AJMSnıń ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw boyınsha kúsh hám quralları shólkemlestirilgen bolıp, olar tómendegilerden ibarat:

— Puqaralıq qorǵanıw armiyaları:

— Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligine tuwrıdan-tuwrı hám de tez boysınıwshı respublika qánigelestirilgen dúzilmeleri, qutqarıw dúzilmeleri;

— ministrler hám basqarmalardıń professional qánigelestirilgen qutqarıw bólimleri hám dúzilmeleri, respublika, jergilikli hám obyektler dárejesinde AJMS ǵa tiyisli aymaqlıq hám funkcional tómengi sistemalardıń qutqarıw xızmetleri hám qutqarıw dúzilmeleri, Ózbekstan Qızıl Yarım ay jámiyetiniń kewilliler otryadları («komandaları, toparları») qorǵanıwǵa járdemlesiwshi «Watanparvar» shólkemi.

Puqaralıq qorǵanıwı armiyaları Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligine boysınadı hám óziniń tez baǵdarına muwapıq áskeriy dáwirde respublikanıń zárúr hám sanaat obyektlerinde ayrıqsha jaǵdaylardı tamalawǵa baylanıslı jumıslardı alıp baradı.

Puqaralıq qorǵanıw armiyaları iri kólemdegi óndiris avariyaları, apatshılıqlar, tábiyiy apatshılıqlar waqtında qutqarıw jumısları hám basqa keshiktirip bolmaytuǵın jumıslardı ámelge asırıw, arnawlı texnikalıq ásbaplar hám tayarlanǵan qánigeliklerdi talan etiwshi ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw ushın Ózbekstan Respublikası Prezidenti — Ózbekstan Quralllı Kúshleri Bas komandiriniń biyligine muwapıq qatnastırılıwı múmkin.



*27-suwret.* Jer silkiniw aqıbetleri.

Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligine tikkeley boysınıwshı dúzilmeler tájiriybeli qánigelerge iye bolıwı hám arnawlı texnika, ásbap-úskene, qural-jaraq hám basqa qutqarıw quralları menen úskenelengen, qutqarıw jumısların avtonom rejimde keminde 72 saat ishinde támiyinlewge arnalǵan turaqlı jaǵdaydaǵı qutqarıw dúzilmelerin óz ishine aladı.

Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligine tez boysınıwshı respublika qánigelestirilgen hám qutqarıw dúzilmeleri Ózbekstan Respublikası Ishki isler ministrligi Órt qáwipsizligi bas basqarmasınıń ayrıqsha quramalı hám uzaq dawam etetuǵın órtlerdi óshiriw boyınsha respubika qánigelestirilgen otryadın, Ózbekstan Respublikası Axborot texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi Arnawlı avariya-tiklew basqarması, Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrliginiń Respublika tez medicinalıq járdem ilimiy orayı hám onıń filialların, «Ózbekstan hawa jolları» milliy aviakompaniyasınıń izlewshi hawa kemelerin, jergilikli mámleket hákimiyatı organları avtotasıwshıları aymaqlıq shólkemleri avtotransport hám avtosanitariya otryadları, sonday-aq, ayrıqsha jaǵdaylardı tamamlawǵa hám de AJMS kúshleri háreketi hám ilajların támiyinlewge arnalǵan AJMS funkcional tómengi dúzilmeleriniń basqa quramlıq bólimshelerin óz ishine aladı.

### *4.7. Zıyansızlandırıw. Adamlardı sanitariyalıq islewden ótkeriw*

Zıyansızlandırıw alıp barılǵanda arnawlı tazalaw ilajları qural-jaraq, texnika, individual qorǵanıw zatları, kiyim-kenshek hám basqa materiallıq zatlardı degazaciyalaw, dezaktivaciyalaw hám dezinfekciyalawdan ibarat.

Hárbir usılda zıyansızlandırıw boyınsha orınlanatuǵın jumıslar kólemine tómendegiler kiredi.

*Dezinfekciya* yaki zıyansızlandırıw patogen mikroblardın joq etiw maqsetinde alıp barıladı.

Emlew-profilaktika mákemelerinde ximiyalıq zatlardan tayarlanǵan zıyansızlandırıwshı poroshok, tabletka kórinisindegi kúshli hám eritpelerdi qollanıw keń tarqalǵan. Zıyansızlandırıwshı quarallar arnawlı samallatqısh ornatılǵan óz aldına xanalarda tayarlanıwı lazım.

Quramında xlor elementi bolǵan zıyansızlandırıwshı eritpelerdi tayarlawdan aldın arnawlı xalat, respirator, qalpaqsha, qolǵaplar kiyiledi.

Hárbir usılda zıyansızlandırıw boyınsha orınlanatuǵın jumıslar kólemi tómendegilerden ibarat:

*Degazaciya* degende zıyanlanǵan orınlardan záhárlewshi zatlardı joq etiw (mikroblardı joq etiw yaki toksinlerdi ıdıratıw), *dezaktivaciya* degende bolsa zıyanlanǵan orınlar ústindegi radioaktiv zatlardı joq etiw túsiniledi.

Arnawlı tazalaw *biraz* hám *tolıq* bolıwı múmkin.

Záhárlewshi orınnan shıqqannan soń, biraz arnawlı tazalaw ótkeriledi, wazıypanı orınlaw procesinen keyin, kerek bolǵan payıtta tabel hám orındaǵı zatlardı isletip dezinfekciya etiledi.

Záhárlewshi zatlar menen zıyanlanǵanda dárhal adamnıń teri qaplamaları, kiyim-kenshekleri, gaz nıqaptıń ústingi bólegi, qural-jaraq hám texnikanıń óz aldına sırtqı ústingi uchastkaları degazaciya etiledi.

Radioaktiv zatlar menen zıyanlanǵan jaǵdayda adamnıń teri qaplamaları, kiyim-kenshekleri, ústine ilingen buyımları, ayaq kiyim, individual qorǵanıw zatları dezaktivaciya etiledi.

Bakteriallıq zatlar menen zıyanlanǵanda bolsa adamnıń teri qaplamları (bet, moyın, qol) dezinfekciya etiledi.

Tolıq arnawlı tazalaw wazıypa orınlap bolınǵannan keyin ámelge asırıladı.

Arnawlı tazalawdı ótkeriw ushın ТДП komplekti, kiyim-kensheklerin tazalaw ushın ИДПС-69 komplekti, ДПП degazaciyalawshı paket hám de ИПП-8, ИПП-9 ximiyaǵa qarsı individual paket qollanıladı.

*Kiyim-kensheklerdi degazaciyalaw ushın ИДПС-69 komplekti.* Zoman, zarin, iprit sıyaqlı záhárlewshi zatlar hám olardıń puwları menen zıyanlanǵan kiyim-kensheklerdi degazaciya etiw ushın isletiledi.

Komplekt degazaciya etiw ushın ИДП-1 paketinen 10 hám kiyim-kenshekti degazaciyalawshı ДПС-1 paketinen 10 nan karton qutıǵa taqlap salınadı. Sapar waqtında komplekt texnikada tasıp júriledi.

*ДПС* paketi V gazler, zoman, iprit penen zıyanlanǵanda degazaciya etiw ushın arnalǵan.

Máselen, sawash maydanında degazaciya etiw ushın 1, pulemyot hám granatomyottı degazaciya etiw ushın bolsa 2 paket isletiledi.

*Degazaciyalawshı paket* zoman puwları menen zıyanlanǵan kiyim-kensheklerdi degazaciya etiw ushın isletiledi.

Kiyim-kenshek komplektine bir paket isletiledi. Kiyim-kenshekti degazaciyalaw ushın paket ashıladı hám qaltashaǵa áste urıp, kiyim-ken-

shektiń barlıq jerine sewip shıǵıladı. Bunday kiyimler ashıq jerde silkitilip taslanadı hám gaz-nıqap sheshiledi.

*ТДП komplekti* arnawlı texnikalardı tolıq degazaciya etiw ushın mólsherlengen. ТДП komplektine eki avtonom úskene, zaryadlawshı qurılma hám kerekli bólekleri kiredi.

Degazaciya ásbabınıń shańlatqıshı tazalanıp atırǵan betinen 0,2—0,5 m biyiklikte bolıwı kerek. Texnikanıń ishki betlerin shańlatıp, degazaciyalaw múmkin emes. Texnikanı degazaciya hám dezinfekciyalawda tómendegi eritpeler isletiledi.

Texnikanı ДК-4 járdeminde dezaktivaciya, degazaciya hám dezinfekciyalaw ushın funkcional 0,0075—0,15% juwıwshı СФ-2(СФ-2У) untaǵınıń suwdaǵı eritpesi jazda, ammiaktıń suwdaǵı eritpesi qısta qollanıladı.

Arnawlı texnikanı biraz degazaciya etiw ekipaj kúshi menen ТДП komplekti járdeminde yaki degazaciyalawshı eritpege batırıp alınǵan shúberek, eritiwshiler yaki janılǵı menen ámelge asırıladı.

Kórsetip ótilgen obyektlerdi tolıq dezaktivaciya etiw dezaktivaciyalawshı receptura, eritpe, janılǵı, suwǵa batırıp alınǵan shyotka, shúberek yaki shańjutqısh járdeminde ámelge asırıladı. Ortasha dezaktivaciyada barlıq zıyanlanǵan bet tazalanadı. Tolıq degazaciyada bolsa bet tolıq tazalanadı.

Tazalaw islerinde zıyanlanǵan predmetlerge tiyiw, individual qorǵalıw zatları yaki sádeplerdi sheshiw qadaǵalanadı.

## *4.8. Ayrıqsha jaǵdaylarda evakuaciya ilajların shólkemlestiriw hám ótkeriw*

Xalıqtı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵawdıń ilajlarınan biri xalıqtı rejelestirilgen tártipte evakuaciya etiw. Bul islerdi sıpatlı hám tez orınlaw ushın hárbir puqara ulıwma wazıypalardı biliwi shárt.

*Puqaralardıń ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawındaǵı minnetlemeleri.*

Puqaralar:

— qáwipsizlik sharalarına ámel etiwleri, óndiris hám texnologiyalıq tártibi, ekologiyalıq qáwipsizlik talapları ayrıqsha jaǵdaylar júz beriwge alıp keliwi múmkin bolǵan tárizde buzılıwına jol qoymawları;

— qorǵawdıń tiykarǵı usılların, jábirlengenlerge birinshi medicinalıq járdem kórsetiw jolların úyreniwleri hám de óz bilim ámeliy kónlikpelerin jetilistiriliwleri;

— ayrıqsha jaǵdaylar júz beriwge alıp keliwi múmkin bolǵan avariyalar, apatlar hám apatshılıqlar qáwip-qáterinen derek beriwshi belgiler barlıǵı haqqında tiyisli organlarǵa xabar beriwleri;

— ayrıqsha jaǵdaylar qáwip salǵan hám baslanǵan sharayatlarda eskertiw belgilerin, háreket etiw tártibin, ulıwma hám jeke qorǵalıw zatlarınan paydalanıw usılların biliwleri;

— múmkinshiligi bolǵanda qutqarıw jumısları hám keshiktirip bolmay-tuǵın basqa jumıslardı ótkeriwde járdemlesiwleri shárt.

*Puqaralardıń ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawındaǵı huqıqları.*

Puqaralar tómendegi huqıqlarǵa iye:

— ayrıqsha jaǵday júz bergende, ómirleri, densawlıǵın hám jeke malmúlkleri qorǵalıwı;

— ulıwma hám jeke qorǵalıw zatlarınan, jergilikli hákimiyat organlarınıń, kárxanalar, mákeme hám shólkemlerdiń ayrıqsha jaǵdaylarda xalıqtı qorǵaw ushın arnalǵan basqa múlkten paydalanıw;

— mámleket aymaǵınıń belgili orınlarında bolǵanda olar júz beriwi múmkin bolǵan qáwip-qáter dárejesi hám de zárúr qáwipsizlik ilajlarınan xabardar bolıw;

— xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw máseleleri boyınsha mámleket hákimiyatı hám basqarıw organlarına múrajáát etiw;

— ayrıqsha jaǵdaylar júz bergen zonalarda islengenligi ushın pulsız medicinalıq xızmet, kompensaciya hám basqa jeńillikler alıw;

— ayrıqsha jaǵdaylardı joq etiw dawamında wazıypalardı orınlaw waqtında densawlıqqa keltirilgen zıyan ushın kompensaciya hám jeńillikler alıw;

— xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw wazıypaların orınlaw waqtında arttırǵan keselligi múnásibeti menen miynet qábiletinen ayırılǵanda, mayıplıǵı miynette jumıs waqtında mayıp bolıw aqıbetinde kelip shıqqan xızmetkerlerge belgilengen tártipte pensiya alıw;

— baǵıwshısın xalıqtı hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw minnetlemelerin orınlaw waqtında arttırǵan mayıplıq, kesellikten ólgenligi yaki qaytıs bolǵanlıǵı múnásibeti menen ayırılǵanda, jumıs waqtında mayıp bolıwı sebepli qaytıs bolǵan shaxstıń shańaraq aǵzaları ushın belgilengen tártipte pensiya alıw.

Mámleketlik sociallıq qamsızlandırıw tártibi hám shártleri, kompensaciyalar, jeńillikler túrleri hám muǵdarları nızam hújjetleri menen belgilenedi.

Xalıq penen reje boyınsha oqıw shınıǵıwları alıp barıladı. Ayrıqsha jaǵdaylarda qorǵaw tarawında, sonday-aq, ayrıqsha jaǵdaylarda háreket etiwge tayarlıqtan ótip atırǵan xalıq toparları tayarlawdıń tiykarǵı wazıypaları, formaları hám usılların belgileydi.

Óndiris hám xızmet kórsetiw tarawında bánt bolǵan xalıq, ulıwma bilim beriw mektepleri, basqarmalıq boysınıwı hám shólkemlestiriwshilik-huqıqıy túrlerine qaramastan, baslanǵısh orta hám joqarı kásip-óner bilimlendiriw mákemeleriniń oqıwshıları, Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar, respublika hám wálayat qaramaǵında bolǵan qala, rayonlar mámleket hákimiyatı hám basqarıw organları, ministrlikler, basqarmalar, múlkshilik túrine qaramastan birlespeler, kárxanalar mákemeler hám shólkemler basshıları hám de ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵanıw tarawı qánigeleri, óndiris hám xızmet kórsetiw tarawlarında bánt bolmaǵan xalıq ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵanıw tarawında tayarlıqlardan ótiwleri shárt.

Tómendegiler ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵanıw tarawında tayarlawdıń tiykarǵı wazıypaları esaplanadı:

— xalıqtı barlıq toparlarǵa ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw qaǵıydaları hám tiykarǵı usılların, jámáát hám jeke tártipte qorǵanıw zatlarınan paydalanıw qaǵıydaların úyretiw;

— basqarıwdıń barlıq dárejedegi baslıqların xalıqtı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw boyınsha háreket etiwge tayarlaw hám qayta tayarlaw;

— mámleket hákimiyatı hám basqarıw organları, kárxanalar, mákemeler, shólkemler baslıqları hám qánigelerinde qutqarıw hám basqa keshiktirip bolmaytuǵın jumıslardı ótkeriw ushın kúsh hám qurallardı tayarlaw hám de olardı basqarıw kónlikpelerin payda etiw, ayrıqsha jaǵdaylarda háreket etiwde xızmetkerlerdiń óz wazıypaların ámeliy iyelewi.

Óndiris hám xızmet kórsetiw tarawlarında bánt bolǵan xalıqtı tayarlaw, jumıs orınlarında shınıǵıwlar ótkeriw hám usınıs etiletuǵın baǵdarlamalarǵa muwapıq ayrıqsha jaǵdaylarda háreket etiwdi erkin túrde úyreniw, keyin oqıw shınıǵıwlarında hám jımıslarda alǵan bilim hám qánigeliklerin bekkemlew jolı menen ámelge asırıladı.

Ulıwma orta bilim beriw mektepleri, akademiyalıq liceyler, kásip-óner kolledjleriniń oqıwshıların, joqarı oqıw orınlarınıń studentlerin tayarlaw ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawındaǵı ulıwma bilimlendiriw baǵdarlamalarına muwapıq oqıw waqtında ámelge asırıladı.

Házirgi kúnde xalıqtı evakuaciya etiw eń quramalı ilajlardan biri bolıp esaplanadı. Sebebi evakuaciya etiw ushın basqarıwshılar úlken ámeliy bilim hám tájiriybege iye bolıwı lazım. Sonıń menen birge evakuaciyada qatnasatuǵın xalıq tereń bilimge iye bolıwı kerek. Evakuaciya



*28-súwret.* Xalıqtı evakuaciya etiw shınıǵıwları.

awır sharayatlarda, úzliksiz, kúni-tún, hawa-rayı ózgeriw sharayatında, qısta hám jazda, suwıq hám ıssıda alıp barılıwı múmkin. Tómende xalıq evakuaciyasına tayarlanıw hám ótkeriw ushın kerekli maǵlıwmatlar keltirilgen.

*Evakuaciya* — bul tábiyiy hám texnogen qásiyetli ayrıqsha jaǵday júz bergen yaki ayrıqsha jaǵday júzege keliwi múmkin bolǵan aymaqlardan xalıqtı shólkemlestirishilik tárizde transportta yaki piyada alıp shıǵıw hám de onı waqtınsha jaylastırıw ilajları kompleksi.

Evakuaciya:

— ótkeriw waqtına qaray: aldınan ótkeriletuǵın; tez (keshiktirip bolmaytuǵın);

— ayrıqsha jaǵday kólemi hám evakuaciya etiletuǵın xalıqtıń sanına qaray; lokal; jergilikli; regionlıq;

— xalıqtı qorshap alıwına qaray: ulıwma; ortasha túrlerge bólinedi.

***Sheklengen evakuaciya*** (lokal) ayrıqsha jaǵday deregin shamalap zıyanlawshı faktorlardıń tásir maydanı óz aldına qala orınları yaki awıl xalqı jasaytuǵın shegarasınan shıqpay, kóshiriletuǵın xalıq sanı birneshe mıń adamnan aspaǵan jaǵdayda ótkeriledi.

*Jergilikli evakuaciya* ayrıqsha jaǵday aymaǵına ortasha úlkenliktegi qalalar, iri qalalardıń óz aldına rayonları, awıllıq posyolkaları túsip qalǵan jaǵdaylarda ótkeriledi. Bunda kóshiriletuǵın xalıq sanı birneshe mıńnan oń mıńlap adamǵa jetiwi múmkin.

*Regionlıq evakuaciya* zıyanlawshı faktorlar keń maydanǵa jayılıp, iri qalalardı da óz ishine alǵan, xalqı tıǵız jaylasqan bir yaki birneshe region aymaǵın qorshap alǵan jaǵdaylarda ámelge asırıladı.

Ayrıqsha jaǵdayda aymaǵında qalǵan hám evakuaciya etilgen xalıq sanına qaray evakuaciya eki túrge bólinedi:

*Ulıwmalıq evakuaciya* ayrıqsha jaǵday aymaǵınan xalıqtıń barlıǵın alıp shıǵılıwın názerde tutadı.

*Ulıwmalıq emes evakuaciya* ayrıqsha jaǵday aymaǵınan miynetke jaramsız xalıq, mektepke shekemgi jastaǵı balalar, mektep, licey, kolledj, joqarı oqıw orınlarınıń oqıwshı hám studentlerin alıp shıǵılıwı zárúr bolǵanda ótkeriledi.

Adamlar ómiri hám salamatlıǵı ushın qáwip barlıǵı xalıqtı evakuaciya etiw haqqında qararǵa keliw ushın tiykar esaplanadı.

Evakuaciya ótkeriw haqqındaǵı qararǵa keliw huqıqına aymaǵında ayrıqsha jaǵday júz bergen yaki prognoz etilip atırǵan hákimlikler, jergilikli ózin ózi basqarıw organları baslıqları (puqaralıq qorǵanıw baslıqları) iye.

Ayrıqsha jaǵday kólemi hám evakuaciyanıń múddetine qaray ol tez hám aldınnan ótkeriletuǵın bolıwı múmkin.

Keshiktirmey qarar qabıl etiw talap etiletuǵın jaǵdaylarda lokal xarakterge iye tez evakuaciya qáwipi bar obyekttiń náwbetshi dispetcherlik xızmeti baslıǵınıń kórsetpesine baylanıslı ótkeriliwi de múmkin.

Xalıq evakuaciyasın támiyinlew rejeleri tiyisli barqulla is júrgiziwshi basqarıw organları tárepinen islep shıǵıladı.

Xalıq evakuaciyası óndiris—aymaqlıq yaki aymaqlıq principke muwapıq rejelestiriledi, shólkemlestiriledi hám ámelge asırıladı.

*Óndiris-aymaqlıq proncipi* ayrıqsha jaǵday aymaǵınan jumısshılar, xızmetshiler, studentler, oqıwshılardı, kárxanalar, shólkemler, mákemeler boyınsha óndiris hám xızmet kórsetiw tarawında bánt bolmaǵan xalıqtı jasaw ornınan transportta (piyada) alıp shıǵıwdı názerde tutadı.



*29-súwret.* Xalıqtı evakuaciya etilgen aymaqqa jaylastırıw shınıǵıwları.

*Aymaqlıq princip* óndiris hám xızmet kórsetiw tarawında bánt bolmaǵan xalıqtı jasaw ornınan máhálle komitetleri arqalı alıp shıǵıwdı kózde tutadı.

Ayırım jaǵdaylarda evakuaciya aymaqlıq princip tiykarında, yaǵnıy evakuaciya daǵzalanǵan waqıtta tikkeley xalıq qay jerde bolsa, usı jerden ámelge asırıladı.

Xalıqtı ayrıqsha jaǵday aymaǵınan evakuaciya etiw hárqanday jaǵdayda ayrıqsha jaǵdaydıń júzege keliw hám rawajlanıw sharayatları, zıyanlawshı faktorlar tásiriniń xarakteri hám aymaq waqıt kórsetkishleri menen anıqlanadı.

Ayrıqsha jaǵday qáwpi haqqında isenimli prognoz alınǵannan soń tayarlıq ilajları ótkeriledi. Bunnan maqset ayrıqsha jaǵday aymaǵınan xalıqtı shólkemlestiriwshilik tárizde transportta yaki piyada alıp shıǵıp ketiw ushın barlıq zárúr sharayatlardı jaratıw. Olar qatarına:

— evakuaciya organların tayar halǵa keltiriw hám jumıs tártibin anıqlastırıw;

— evakuaciya etiletuǵın, sonıń ishinde, transportta hám piyada evakuaciya etiletuǵın xalıq sanın anıqlaw hám olardı piyada jónelislerine biriktiriw;

— evakuaciya jónelislerin tayarlaw, jol belgileri hám kórsetkishlerin ornatıw, toqtaw orınların úskenelew;

— jıynalmalı evakuaciya punkti, transportqa shıǵarıw-túsiriw punktlerin tayarlaw;

— xabar beriw hám baylanıs sistemalarınıń tayarlıǵın tekserip kóriw;

— bar qorǵanıw qurılmaların tayar jaǵdayǵa keltiriw kiredi. Evakuaciya ótkeriw haqqında xabar alınǵannan soń tómendegi ilajlar ámelge asırıladı;

— evakuaciya organları, kárxana, shólkem basshılarına, sonday-aq, xalıqqa evakuaciya baslanǵanı hám ótkeriliw tártibi haqqında xabar beriw;

— evakuaciya organların jayıw hám tayar halǵa keltiriw;

— qáwipsiz aymaqlarǵa evakuaciya etiletuǵın xalıqtı jıynaw hám jiberiwge tayarlaw;

— piyada kolonnalardı shólkemlestiriw hám baslanǵısh punktlerge alıp shıǵıw, transportlarǵa shıǵarıw jaylarına transport quralların keltiriw hám xalıqtı shıǵarıw;

— evakuaciya etilgen xalıqtı ázelden turmıs iskerliginiń birinshi náwbettegi túrleri támiyinlenip qoyılǵan qáwipsiz orınlarda qabıl etip alıw hám jaylastırıw.

*Jer silkiniwde* evakuaciya ya jergilikli, ya regionlıq kóriniske iye boladı. Evakuaciya ótkeriw múddeti jol-transport imkaniyatları menen anıqlanadı. Evakuaciya óndiris-aymaqlıq princip tiykarında bir basqıshta zıyan kórgen aymaqlarda jıynalmalı evakuciya punktlerin jayıw arqalı ámelge asırıladı.

*Radioaktiv zıyanlanıwda* evakuaciya ya jergilikli, ya regionlıq tárizde, aymaqlıq princip tiykarında, ayırım obyektler (balalar úyleri, psixonevrologiyalıq medicinalıq mákemeleri, internat hám t.b.) kirmegen halda ótkeriledi. Evakuaciya 2 basqıshta: 1-transportqa shıqqan jerden aralıq evakuaciya punktlerine shekem; 2-aralıq evakuaciya punktinen rejedegi jerlerge shekem ótkeriledi. Aralıq evakuaciya punktinde «taza transport»ǵa ótkeriw ámelge asırıladı.

Ximiyalıq avariyada tikkeley ekonomika obyekti janında jasawshı xalıq waqıt jetispegenligi sebepli, ádette, qáwipli aymaqtan alıp shıǵıp ketilmeydi, kerisinshe, pana jerlerde hám germetiklengen xanalarda jasırınadı.

Selden qáwipli aymaqlardan evakuaciya sel aǵısı qáwipli júzege kelgeninde, payda bolıw dáwirinde, ayırım jaǵdaylarda sel aǵısı toqtaǵan soń ótkeriliw múmkin.

Xabar beriw aldınnan (prognoz boyınsha) yaki sel bası signal ústinen ótkennen soń beriledi.

Qar kóshkisi qáwpi bar aymaqlardan evakuaciya qar kóshkisi túsiw qáwpi júzege kelgende, olar túsiwi toqtaǵanınan soń (turmıs támiynat

obyektleri oyran bolǵanda) ótkeriledi. Evakuaciya aymaqlıq princip tiykarında shólkemlestiriledi hám rejeli xarakterge iye bolıwı, bunıń ilajı bolmaǵan jaǵdayda tez bolıwı shárt.

Qáwipli suw basıwları hám suw tasqınlarında evakuaciya gidrotexnikalıq qurılma jarılǵanda yaki suw háwizindegi suwdıń qáddi kóterilgende, sonday-aq, suw obyektleri hám turmıslıq támiynat sistemaları isten shıqqanda ótkeriledi. Evakuaciya lokal yaki jergilikli xarakterge iye bolıp, aldınnan ótkiziletuǵın evakuaciyada jıyma evakuaciya punktleri (óndiris aymaqlıq principinde) jayıladı. Waqıt az bolǵan jaǵdayda evakuaciya aymaqlıq princip tiykarında 1 yaki 2 basqıshta aralıq evakuaciya punktlerin jayıw jolı menen ótkeriledi.

Xalıq evakuaciyasın rejelestiriw, shólkemlestiriw hám ótkeriw tikkeley qalalar, rayonlar hám wálayatlardıń evakuaciya organları, mámleketlik organları, ayrıqsha jaǵdaylar basqarma hám bólimlerine júkletiledi.

Evakuaciya organlarına:

— evakuaciya komissiyası (EK);

— qabıl etiw evakuaciyası komissiyaları (QEEK);

— jıyma evakuaciya punktleri (JEP);

— qabıl etiw evakuaciya punktleri (QEEP);

— aralıq evakuaciya punktleri (AEP);

— piyada evakuaciya baǵdarların basqarıw toparları;

— evakuaciya etiletuǵın xalıqtı transportta (piyada) alıp shıǵıw tez isleytuǵın toparlar kiredi.

## *Qadaǵalaw sorawları*

1. Dem alıw aǵzaların qorǵaw qurallarına neler kiredi? Olardıń qorǵaw ózgeshelikleri nelerge tiykarlanǵan?

2. Terini qorǵaw qurallarına mısallar keltiriń. Olar nelerden tayarlanadı?

3. Xalıqtı radiaciyadan qorǵaw ushın qanday qurılmalar kózde tutılǵan? Olar qanday úskenelenedi hám qurıladı?

4. Epizootikalıq hám epifitotikalıq ayrıqsha jaǵdaylar degende neni túsinesiz?

5. Qutqarıw jumısların shólkemelstiriw hám ótkeriw tiykarları nelerden ibarat?

6. Adamlar qanday jollar menen sanitariyalıq tekseriwden ótkiziledi?

7. Evakuaciya qaysı organlar tárepinen ámelge asırıladı?

## *1-bap.* QURALSÍZ ORÍNLANATUĞÍN SAP ÁMELLERI HÁM HÁREKETLERI

### *1.1. Bir orında turıp hám quralsız háreket etkende áskeriy sálem beriw*

***Bas kiyimsiz sálemlesiw.*** Áskeriy sálem beriw anıq, nıq tik turıw hám háreket etiw qağıydalarına ámel etken jağdayda islenedi.

Bas kiyimsiz, saptan tısqarıda hám baslıq (dárejesi úlken adam) tan úsh-tórt qádem arıda turğan waqıtta áskeriy sálem beriw ushın tik turıw, baslıq (dárejesi úlken) tıń betine qarap, bas ol ketip baratırğan tárepke burıladı.

***Bas kiyim kiyilgenge sálemlesiw.*** Eger bas kiyim kiyilgen bolsa, oń qoldı eń ańsat (qısqa) jol menen bas kyimge (shekege) solay tiygiziw kerek, onda barmaqlar birikken, alaqan tuwrı boladı, orta barmaq bas kiyimniń tómengi bólimine (mańlay tárepine) (shekege) tiyedi, shığanaq bolsa iyin sızığı hám biyikliginde boladı (30-súwret), bas baslıq (dárejesi úlken) tárepke burılğanda, qoldıń bas kiyim (shekeniń) janındağı jağdayı ózgermeydi (31-súwret).



*30-súwret.* Bir orında turıp, áskeriy sálem beriw.



*31-súwret.* Háreket waqtında áskeriy sálem beriw.

Baslıq (lawazımı úlken) áskeriy sálem berip atırǵan áskeriy xızmetshiniń janınan ótip baratırǵanda, basın tuwrı uslap, sol waqıttıń ózinde qoldı túsiriw kerek.

*Saptan tısqarıdaǵı bas kiyimsiz háreket waqtında áskeriy sálem beriw.* Saptan tısqarıdaǵı bas kiyimsiz háreket waqtında áskeriy sálem beriw ushın baslıqqa úsh-tórt qádem qalǵanda ayaqtı jerge qoyıw menen bir waqıtta qollar háreketi toqtatıladı, bas baslıq (dárejesi úlken) tárepke burıladı, onıń betine qarap, háreket dawam ettiriledi. Baslıq (dárejesi úlken)tıń janınan ótip bolǵannan soń, bası tuwrı uslanıp, qollar háreketi dawam ettiriledi.

*Saptan tısqarıdaǵı bas kiyim kiyilgen waqıtta háreket waqtında áskeriy sálem beriw.* Saptan tısqarıdaǵı bas kiyim kiyilgen waqıtta ayaqtı jerge qoyıw menen bir waqıtta oń qoldıń ushı bas kiyimge (shekege) taqaladı, shep qol bolsa janbasqa tiygizilip háreketsiz uslap turıladı; baslıq (dárejesi úlken)tıń janınan ótip bolǵannan keyin, bir waqıttıń ózinde shep ayaq jerge tiyiwi menen bas tuwrı uslanıp, oń qol tómenge túsiriledi.

*Saptan tisqarıdaǵı baslıq (dárejesi úlken) tan ótip ketiwge tuwrı kelip qalǵanda áskeriy sálem beriw.* Baslıq (dárejesi úlken) tan ótip ketiwge tuwırı kelip qalǵanda, onnan bir qádem ozıw menen-aq, áskeriy sálem beriledi. Eki qádem ótkennen keyin, bastı tuwırı uslap, oń qol tómenge túsiriledi.

Eger áskeriy xızmetshiniń qolları júk penen bánt bolsa, bastı baslıq (dárejesi úlken) tárepke burıw menen áskeriy sálem beriledi.

## *1.2. Saptan shıǵıw hám sapqa qaytıw. Baslıqtıń aldına barıw hám onıń aldınan ketiw*

Áskeriy xızmetshi saptan shıǵıw ushın **«Oddiy askar Ahmedov, safdan falon qadam chiqing»** yamasa **«Oddiy askar Rahimov. Oldimga (oldimga yuguring)»** komandası beriledi. Óz familiyasın esitken áskeriy xızmetshi **«Men»**, saptan shıǵıw haqqında komanda (buyrıq) berilgennen keyin, **«Xo'p bo'ladi»**, dep juwap beredi.

Birinshi, komanda berilgende, áskeriy xızmetshi nıq qádem menen aytılǵan aralıqqa shıǵadı, bunda óz qádemin birinshi sherengadan baslap sanaydı, toqtap, sap tárepke burıladı.

Ekinshi komanda boyınsha áskeriy xızmetshi birinshi sherengadan tuwrı bir-eki qádem júrip, ketip baratırǵan orınnan baslıq tárepke burıladı, eń qısqa joldan nıq qádem menen (juwırıp) onıń aldına baradı,

oǵan eki-úsh qádem qalǵanda toqtap, jetip kelgenligi haqqında bildiredi. Máselen, **«O‘rtoq leytenant, oddiy askar Ahmedov buyrug‘ingizga binoan keldi»**.

Áskeriy xızmetshi ekinshi sherengadan shıqpaqshı bolsa, shep qolın áste ózinen aldıńǵı qatarda turǵan áskeriy xızmetshiniń iynine qoyadı, aldında turǵan áskeriy xızmetshi shep ayaǵı menen bir qádem aldıǵa taslap, oń ayaǵın shep ayaǵı janına qoymastan oń tarepke jáne bir qádem taslaydı, arttaǵı áskeriy xızmetshini ótkerip jiberip, jáne óziniń ornına qayta turadı.

Birinshi sherengada turǵan áskeriy xızmetshi saptan shıqqanda onıń ornın artta, yaǵnıy ekinshi sherengada turǵan áskeriy xızmetshi iyeleydi.

Áskeriy xızmetshi eki, úshinshi, (tórtinshi) kolonnadan, dáslep ońǵa (shepke) bir qádem qoyıp eń jaqın qanatqa shıǵadı. Eger onıń qaptalında basqa bir áskeriy xızmetshi turǵan bolsa, ol oń (shep) ayaǵı menen bir qádem qaptalǵa taslap, oń (shep) ayaǵın shep (oń) ayaǵı qaptalına qoymay, artqa bir qádem taslaydı hám saptan shıǵıp baratırǵan áskeriy xızmetshi ótkerip jiberedi.

Áskeriy xızmetshi sapqa qaytıwı ushın **«Oddiy askar Rahimov. Safga turing»** yamasa tek ǵana **«Safga turing»** komandası beriledi.

**«Oddiy askar Qosimov»** komandası berilgende, sapqa qarap turǵan áskeriy xızmetshi óziniń familiyasın esitiwi menen: **«Men»** dep juwap beredi, **«Safga turing»** komandası berilgende, eger ol quralsız yamasa quralı «orqaga» halatındaǵı quralı menen bolsa, oń qolın bas kiyimine (sheke-ge) taqap: **«Xo‘p bo‘ladi»** dep juwap beredi, sońınan háreket etiwi kerek bolǵan baǵdarǵa burılıp, bir qádem taslawı menen qolın túsiredi, eń jaqın joldan saptaǵı óziniń ornına barıp turadı.

Eger **«Safga turing»** komandası berilse, áskeriy xızmetshi baslıǵı tárepke burılmay, sapqa qaytadı.

Áskeriy xızmetshi saptan tısqarı waqıtta, baslıqtıń janına baratırıp, bes-altı qádem qalǵanda, nıq qádem taslawǵa ótedi, eki-úsh qádem qalǵanda toqtaydı, sol waqıttıń ózinde oń qolın bas kiyimine (shekege) taqap jetip kelgenligin bildiredi hám qolın túsiredi.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Bas kiyimsiz sálemlesiw qalay orınlanadı?
2. Bas kiyim kiyilgende sálemlesiw tártibin aytıń.
3. Háreket waqtında áskeriy sálem beriw tártiplerin bayan etiń.

## *2-bap.* SEKCIYA HÁM TOPARLARDIŃ SAP TARTIWI. JÚRIW SAPI HÁM JAYILĜAN SAPI

### *2.1. Sekciyanıń sap tartıwı. Jayılĝan sapı*

Sekciyanıń jayılĝan sapı bir sherengalı yamasa eki sherengalı bolıwı múmkin.

Sekciyanıń bir (eki) sherengaĝa diziliwi **«Seksiya, bir (eki) sherengaga SAFLAN»** komandası boyınsha ámelge asırıladı.

Sekciya komandiri qáddin tiklep turıp, komanda bergennen soń, sap qarap turĝan tárepke burıladı. Sekciya komandiriniń shep qaptalına 32 hám 33 súwretlerde kórsetilgendey, shtatqa tiykarınan, sap tartadı.

Sapqa diziliw baslanıwı menen sekciya komandiri saptan shıĝadı hám sekciyanıń qalay sapqa diziliwin qadaĝalaydı.

Sekciyada adamlar sanı tórt hám onnan kem bolĝanda bárháma bir sherengaĝa diziledi.

*Beriletuĝın komandalar hám olardı orınlaw qaĝıydaları.* Zárúr bolĝan jaĝdaylarda tegisleniw ushın **«TEKISLAN»**, **«Chapga qarab TEKISLAN»** komandaları beriledi.

**«TEKISLAN»** komandası berilgende, oń tárepte turĝan áskeriy xızmetshiden basqa hámme basın oń tárepke búradı (oń qulaq shep




*32-súwret.* Sekciyanıń bir sherengali jayılĝan sapı.




*33-súwret.* Sekciyanıń eki sherengalı jayılĝan sapı.

qúlaqtan bálentirek, iyek biraz kóterilgen boladı), tegislengende hárbir áskeriy xızmetshi ózinen baslap sanaǵanda, tórtinshi áskeriy xızmetshiniń kókiregin kóriwi kerek. **«Chapga qarab TEKISLAN»** komandası berilgende, shep tárepte birinshi bolıp turǵn áskeriy xızmetshiden basqa hámme basın shepke buradı (shep qulaq oń qulaqtan biyigirek, iyek biraz kóterilgen boladı).

Tegisleniw waqtında áskeriy xızmetshiler biraz aldıǵa, artına yamasa qaptalına jılısadı.

Tegislenip bolǵannan soń, **«ROSTLAN»** komandası beriledi, ol boyınsha, barlıq áskeriy xızmetshiler basların tuwrı tutadı.

Sekciya tegislenip ortaǵa burılǵannan soń, komanda beriwde qaysı tárepke qarap tegisleniw kórsetiledi, máselen, **«O'ngga (chapga) qarab TEKISLAN»**.

**«ERKIN»** hám **«KIYIM-BOSH TO'G'RILANSIN»** komandaları berilgende, áskeriy xızmetshiler turǵan, ornınan jıljımay, kiyim-kensheklerin tuwrılaydı.

**«Seksiya — TARQAL»** komandası berilgende, áskeriy xızmetshiler saptan shıǵadı. Sekciyanı jıyıw ushın **«Seksiya — OLDIMGA»** komandası beriledi, onı esitken áskeriy xızmetshiler juwırıp komandirdiń aldına kele-di hám onıń qosımsha komandası menen sapqa diziledi.

Barlıq áskeriy xızmetshiler komanda hám buyrıqlarǵa muwapıq (**«O'ng-GA»**, **«Chap-GA»**, **«Ort-GA»**) tegislikti saqlaǵan jaǵdayda sekciya boyınsha birgelikte ol yaki bul tárepke burıladı. Sekciya eki sherengalı sapta oń tárepke burılǵannan keyin sekciya komandiri ońǵa (shepke) yarım qádem, artqa burılǵanda bolsa aldınǵa bir qádem taslaydı.

Bir orında turǵan sekciyanı jayıw ushın **«Seksiya, oralar o'ngga (chapga, o'rtadan) falon qadam kengay (yugur, oralar kengaysin)»** komandası beriledi. Dárhal orınlanatuǵın komanda berilgende áskeriy xızmetshiler kórsetilgen tárepke burıladı, ayaqlar juplanıwı artınan kiyatırǵan adamǵa iyninen qarap, onnan uzaqlap ketpey tez júredi (juwıradı); artınan kiyatırǵan adam toqtaǵannan keyin komandada aytılǵan aralıqqa júriledi hám shepke (ońǵa) burıladı.

Ortadan jayılıwda kim qalıwı aytıladı. Ortada qalatuǵın áskeriy xızmetshi óziniń familiyasın esitiwi menen: **«Men»** dep, shep qolın aldıǵa sozıp, tómenge túsiredi.

Seksiya tegislenip atırǵanda jayılıw waqtında belgilengen aralıq qashıqlıq (interval) saqlanıp qaladı.

Seksiyanı jıynaw ushın turǵan ornında **«Seksiya, o'ngga (chapga, o'rtaga) JIPS-LAN (yugur, jipslan)»** komandası beriledi. Dárhal orınlanatuǵın komanda berilgende, ózine qarap birigiwi kerek bolǵan áskeriy xızmetshiden basqa áskeriy xızmetshiler ol tárepke burıladı, sonnan keyin mayda qádem menen tez júrip (juwırıp) birigetuǵın sap ushın belgilengen intervalǵa jetip keledi, jetip kelgennen keyin, erkin túrde toqtap, shepke (ońǵa) burıladı. Sekciya háreket etiwi ushın **«Seksiya, qadam BOS («Shaxdam qadam BOS». «YUGUR»)»** komandaları beriledi. Zárúr jaǵdaylarda háreket baǵdarı hám tegisleniw tárepi aytıladı: máselen, **«Seksiya, falon narsaga qarab, o'ngga (chapga) TEKISLAN»**, **«Qadam BOS («Shaxdam qadam BOS», «YUGUR»)**.

**«QADAM BOS»** komandası berilgende, barlıq áskeriy xızmetshiler tegislikti, interval hám aralıq qatnasıqtı saqlaǵan jaǵdayda birgelikte júre baslaydı.

Eger tegisleniw tárepi aytılmaǵan bolsa, basın burmastan ońtárepke qarap, tegisleniw ámelge asırıladı.

Sekciyanı háreketten toqtatıw ushın **«Seksiya, TO'XTA»** dep komanda beriledi.

Sapta turǵan waqıtta ol yaki bul tárepke birneshe qádem jılısıw ushın **«Seksiya, o'ng-GA (chapga)»**, sap burılǵanda keyin bolsa **«Falon qadam olg'a qadam BOS»** dep komanda beriledi. Áskeriy xızmetshiler aytılǵanǵa shekem qádem basqannan keyin, **«Seksiya, chap-GA (o'ngga)»** komandasına muwapıq dáslepki jaǵdayǵa burıladı.

Aldınǵa yaki artqa birneshe qádem júriw ushın **«Ikki qadam olg'a (artqa) qadam BOS»** komandası beriledi. Komanda berilgennen keyin, eki qádem alǵa (artqa) basıladı hám ayaqlar juplanadı. Ońǵa, shepke hám artqa qádem basqanda, qollar háreketlendirilmeydi. Zárúr jaǵdaylarda erkin júriw ushın **«ERKIN»** komandası beriledi. Iyindi burıw menen háreket baǵdarın ózgertiw **«Seksiya, chap (o'ng) iyin OLDINGA»** (háreket waqtında bolsa **«YUR»**) dep komanda beriledi.

Usı komanda berilgende, sekciya shep (oń) iyindi aldınǵa shıǵara baslaydı:

— aldıǵa shıǵatuǵın qanatta turǵan adam basın aldınǵa burıp, tolıq qádem taslaydı, háreket waqtında ornınan qıymıldamaytuǵın qanatta turǵanlardı qısıp qoymaytuǵın usılda júredi;

— qıymıldamaytuǵın qanatta turǵan adam ornında qádem taslap, aldınǵa shıǵıp atırǵan qanataǵılarǵa say túrde áste-aqırın shepke (ońǵa) burıla baslaydı;

— qalǵanlar aldıǵa shıǵıp, burılıp atırǵan tárepke basın burmastan qaraǵan jaǵdayda aldınǵı tegislikti saqlaydı, júrmey atırǵan qanatta turǵan qońsısına shıǵanaǵı tiyip turadı, sol qanatqa qansha jaqın turǵan bolsa, sonsha kishi qádem taslaydı.

Sekciya jeterli dárejede burılǵannan keyin **«TO'G'RIGA»** yaki **«Seksiya — TO'XTA»** komandası beriledi.

Sekciyanı bir sherengadan eki sherengaga qayta diziw ushın **«Seksiya, bir-ikki deb SANA»** komandası boyınsha aldınnan esap-kitap etiledi.

Usı komanda boyınsha hárbir áskeriy xızmetshi oń qanattan baslap tez gezegi menen shep qaptalında turǵan áskeriy xızmetshi tárepke basın burıp, óziniń sanın aytadı hám tez basın tuwırı tutadı; shep qanatta turǵan áskeriy xızmetshi basın burmaydı.

Ulıwma sanaw da tap usı tártipte ótkeriledi, bunıń ushın **«Seksiya, tartib bilan SANA»** komandası beriledi.

Eki sherengali sapta ekinshi sherenganıń shep qanatında turǵan áskeriy xızmetshi saptı ulıwma sanaw tamamlanǵannan soń, **«To'liq»** yaki **«To'liqsiz»** dep bildiredi.

Sekciyanı bir sherengadan eki sherengadan qayta diziw ushın **«Seksiya, ikki sherengaga SAFLAN»** komandası beriledi.

Dárhal orınlanatuǵın komandaǵa muwapıq, ekinshi sanlılar shep ayaq penen bir qádem artqa taslaydı, oń ayaqtı shep ayaqtıń qaptalına qoymastan, oń tárepke birinshi sanlılardıń artına turıw ushın bir qádem taslanadı, shep ayaq oń ayaq qaptalına qoyıladı.

Sekciyanı turǵan ornında tıǵız eki sherengadan bir sherengalı sapqa diziw ushın áskeriy xızmetshiler bir qádem jayıladı, sonnan keyin **«Seksiya, bir sherengaga SAFLAN»** komandası beriledi.

Dárhal orınalantuǵın komandaǵa muwapıq, ekinshi sanlılar shep ayaq penen bir qádem shepke, oń ayaqtı shep ayaqtıń qaptalına qoymastan, oń ayaq penen bir qádem aldınǵa júredi hám shep ayaqtı oń ayaqtıń qaptalına aladı.

## *2.2. Júriw sapı*

Sekciyanıń júriw sapı bir yaki eki kolonnadan ibarat bolıwı múmkin.

*Beriletuǵın komandalar hám olardı orınlaw qaǵıydaları.* Bir orında turǵan sekciyanıń birewden (ekewden) kolonnaǵa saplanıwı **«Seksiya, bir (ikki) kolonnaga «SAFLAN»** komandası menen ámelge asırıladı. Sekciya komandiri boyın tiklep, komanda bergennen keyin, háreket baǵdarı tárepke qaraydı, sekciya bolsa shtatqa tiykarlanıp, 34 yaki 35-súwretlerde kórsetilgendey saplanadı. Tórt hám onnan az bolǵan sekciya bir qatarlı kolonnaǵa saplanadı.

Sekciyanıń jayılǵan saptan kolonnaǵa ótiwi sekciyanıń **«Sekciya, o'ng-GA»** komandası boyınsha ońǵa burılıwı menen ámelge asırıladı. Eki sherengalı sap ońǵa burılatuǵın bolsa, sekciya komandiri aldıǵa yarım qádem taslaydı.

Sekciya kolonnadan jayılǵan sapqa **«Seksiya, chap-GA»** komandası menen qayta diziledi. Sekciya eki qatarlı kolonnada turǵan waqıtta burılatuǵın bolsa, sekciya komandiri aldıǵa yarım qádem taslaydı.

Sekciya bir kolonnadan eki kolonnaǵa **«Seksiya, ikki kolonna bo'lib qadam BOS»** (júrip baratırǵan waqıtta—**«Ikki kolonna bo'lib qadam BOS»)** komandası menen diziledi.

Dárhal orınlanatuǵın komanda berilgende, sekciya komandiri (jetekshi) yarım qádem júredi, ekinshi nomerler ońǵa shıǵıp qádemlerin basqalarǵa sáykes taslap, 35-súwrette kórsetilgendey kolonnadaǵı orınların iyeleydi; sekciya **«TO'G'RIGA»** yaki **«Seksiya, TO'XTA»** komandası berilgenge shekem, mayda qádem menen júre beredi.

Sekciya eki kolonnadan bir kolonnaǵa **«Seksiya, bir kolonna bo'lib qadam BOS»** (júrip kiyatırǵanda — **«Bir kolonna bo'lib qadam BOS»**) komandasına qaray qayta diziledi.

Dárhál orınlanatuǵın komandası boyınsha, sekciya komandiri (jetekshi) tolıq qádem menen, qalǵanlar mayda qádem menen júredi.




*34-súwret.* Sekciyanıń bir qatarlı júriw sapı.




*35-súwret.* Sekciyanıń eki qatarlı júriw sapı.

Orın bosawı menen ekinshi nomerliler basqalardıń qádem basıwına say túrde júrip baratırıp, birinshi nomerlilerdiń artına ótedi hám tolıq qádem taslay baslaydı.

Kolonnanıń háreket baǵdarın ózgertiw ushın tómendegi komandalar beriledi:

— **«Seksiya, o‘ng (chap) yelka OLDINGA»** komandası boyınsha, jetekshi **«TO‘G‘RIGA»** komandası berilgenge shekem júrip baratırıp shep (oń) tárepke burıla beredi, qalǵanları bolsa oǵan eredi;

— **«Seksiya, ORTIMDAN»** (**«Seksiya, ortimdan yugurib qadam BOS»**) komandası boyınsha, sekciya komandiriniń artınan eredi.

## *2.3. Topardıń sap tartıwı. Jayılǵan sap*

Topardıń jayılǵan sapı bir sherengalı yaki eki sherengalı boladı.

*Beriletuǵın komandalar hám olardı orınlaw qaǵıydaları.* Topar jayılǵan sapqa **«Guruh, bir sherengaga (ikki sherengaga) SAFLAN»** komandası boyınsha dizilеdi.

Topar komadiri qáddin tiklep, komanda bergennen keyin, saptıń aldıńǵı tárepine qaraydı; sekciyalar 36 hám 37-súwretlerde kórsetil-

genindey komandrdiń shep tárepinen sap tartadı. Eki sherengalı sap dizilgende hárbir sekciyanıń sońgı qatarı tolıq bolıwı kerek.

Topar komandiri sapqa diziliw baslanıwı menen saptan shıǵadı hám de qaramaǵandaǵılardıń is-háreketin baqlay baslaydı.

Sekciyalar quramı tort hám úsh adamlıq bolǵan topar, 38-súwrette kórsetilgenindey, eki sherengalı sapqa dizileDİ.

Topardıń jayılǵan saptaǵı tegisleniwi, burılıwı qayta sap tartıwı hám basqa háreketleri sekciya ushın belgilengen qaǵıyda hám komandalar boyınsha ámelge asırıladı.

Topardıń bir sherengalı saptan eki sherengalı sapqa diziliwi yaki bunıń kerisi sekciya ushın kórsetilgen tártipte ámelge asırıladı. Topar birinshi hám ekinshi sekciyalarǵa bólingende onıń komandirleri kórsetilgen usıllardı orınlawda esapqa alınbaydı.




*36-súwret.* Topardıń bir sherengalı jayılǵan sapı.




*37-súwret.* Topardıń eki sherengalı jayılǵan sapı.




*38-súwret.* Topardıń bólimleri quramına baylanıslı eki sherangalı jayılǵan sapı: *a* — tórt adamnan; *b* — úsh adamnan.




*39-súwret.* **Bas kiyimlerdi kiyiw hám sheshiw tártibi.**



*40-súwret.* **Qáddin tik tutıw (aldı hám qaptal tárepten kórinisi)**




*41-súwret.* **«Tekislan» komandasın orınlaw.**



*42-súwret.* **Áskeriy sálemlesiwdi orınlaw**



*43-súwret.* **Ayaqtı burıw jaǵdayı.**



1 2 3 4 5

*44-súwret.* **Háreketté aylanıp burılıw.**




*45-súwret.* **Nıq qádem taslaw háreketi.**







*46-súwret.* **Sherenga hám kolonna bolıp sap tartıw.**

## *2.4. Topardıń sap tartıwı. Júriw sapı*

Topardıń júriw sapı úsh (tórt sekciyadan quralǵan toparlarda — tórt), eki yaki bir kolonnadan boladı (47, 48 hám 49-súwretler).

*Beriletuǵın komandalar hám olardı orınalaw qaǵıydaları. Bir orında turǵan topar* **«Guruh, uch (ikki) kolonnaǵa SAFLAN»** komandasına qaray úsh (eki) kollannaǵa diziledi. Usı komandaǵa qaray sekciyalar 47-súwrette kórsetilgenindey saplanadı.

Topar sekciyalarınıń tórt hám úsh adamnan ibarat quramınıń eki kolonnaǵa dizilip júriw sapı 50-súwrette kórsetilgen.

Topar jazıq sherengalı saptan bir kolonnaǵa (eki sherengalı saptan eki kolonnaǵa) ońǵa burılıw menen qayta saplanadı.

Topar jazıq eki sherengalı saptan bir kolonnaǵa (bir sherengalı saptan eki kolonnaǵa) **«Guruh, o'ng-GA»**, **«Bitta (ikki) kolonna bo'lib qadam BOS»** (júrip baratırǵanda — **«Bir kolonna bo'lib qadam BOS»**) komandası boyınsha sap tartadı.




*47-súwret.* Topardıń júriw sapı:
*a* — úsh kolonna;
*b* — tórt kolonna.




*48-súwret.* Topardıń júriw sapı: eki kolonna.




*49-súwret.* Topardıń bir kolonnadaǵı júriw sapı.




*50-súwret.* Topardıń bólimler muǵdarı boyınsha júriw sapı: *a* — tórt adam; *b* — úsh adam.

**«Qadam — BOS»** komandası berilgende, birinshi sekciya júrip baratırıp, bir kolonnaǵa (eki kolonnaǵa) saplanadı; qalǵan sekciyalar bir (eki) kolonnaǵa qayta dizilip, birinshi sekciyanıń artınan eredi.

Topar jazıq eki sherengalı saptan úsh (eki) kolonnaǵa **«Guruh, o‘ng-GA»**, (**«Uch (ikki) kolonna bo‘lib qadam BOS»**) komandası boyınsha qayta diziledi.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Jayılǵan sap ámelde qalay kóriniwin túsindiriń.
2. Áskerlerdi jayılǵan sapqa saplaw ushın qanday komandalar beriledi hám olardı orınlaw qaǵıydaları nelerden ibarat?
3. Áskerlerdi júriw sapına saplaw ushın qanday komandalar beriledi hám olardı orınlaw qaǵıydaları nelerden ibarat?
4. Topardı jayılǵan hám júriw sapına saplaw ushın qanday komandalar beriledi hám olardı orınlaw qaǵıydaları nelerden ibarat?

# *III BÓLIM.* ÁSKERIY XÍZMETTIŃ HUQÍQÍY TIYKARLARÍ

## *1-bap.* ÁSKERIY JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍ

### *1.1. Áskeriy oqıw orınları*

Respublikamızda oficer kadrlar tayarlaw joqarı áskeriy oqıw orınlarında ámelge asırıladı.

Bular Tashkent joqarı ulıwma áskeriy komandirlik oqıw ornı, Chırchıq joqarı áskeriy tank komandirlik-injenerlik oqıw ornı, Jizzaq joqarı áskeriy aviaciya oqıw ornı, Tashkent xabar texnologiyaları universiteti qasındaǵı Qorǵanıw ministrliginiń baylanısshı oficerler tayarlawshı arnawlı fakulteti hám Tashkent medicinalıq akademiyası janındaǵı áskeriy-medicinalıq fakultetleri bolıp tabıladı. Tashkent, Chırchıq joqarı áskeriy oqıw orınları uzaq tariyxqa hám bay tájiriybege iye bolsa, Jızzaq aviaciya oqıw orını hám arnawlı fakultet ele jas, olar ǵárezsizlik jıllarında shólkemlestirildi. Áskeriy qánigelerge degen talaptı qanaatlandırıw ushın áskeriy oqıw orınlarımızda tayarlanıp atırǵan qánigeler quramı da keńeytilgen.

**Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri Akademiyası**
*(Tashkent joqarı ulıwma armiya komandirlik oqıw ornı)*

Tashkent joqarı ulıwma armiya komandirlik oqıw ornı, 1918-jıldıń 12-iyulında shólkemlestirilgen.

1993-jıldan Ózbekstan Respublikası húkimetiniń qararı tiykarında oqıw ornınıń sisteması jetilistirildi hám kóp tarmaqlı tiykarda oficer kadrlardı tayarlaw jumısları baslandı. Oqıw ornında motoatqıshlar, razvedka hám shegara bólimsheleri ushın oficerler hám sonday-aq, komandirlerdiń tárbiyalıq jumıslar boyınsha orınbasarları tayarlana baslandı.

Komandirlik etiwge bolatuǵın, shólkemlestiriwshilik hám basqarıw kónlikpelerine iye, mámleket ǵárezsizligi ideyalarına sadıq, keń dúnya qarasqa, bilimge, Watanǵa hám Qurallı Kúshler ushın maqtanısh sezimge iye oficerlerdi tayarlaw oqıw ornınıń tiykarǵı wazıypası bolıp tabıladı.

2004-jılı oqıw ornınıń negizinde taktikalıq zveno hám jergilikli áskeriy basqarıw organları oficerleriniń qánigeligin asırıw hám qayta tayarlaw fakulteti shólkemlestirildi. 2007-jıldan baslap TDUKOO negizinde Qorǵanıw ministrligi joqarı oqıw orınları muǵallimleriniń pedagogikalıq dárejesin asırıw boyınsha metodikalıq oray óz xızmetin ámelge asırıp kelmekte.

Orta Aziya regionındaǵı eń jası úlken hám belgili áskeriy oqıw ornında tómendegi baǵdardaǵı qánigelikler boyınsha oficerler tayarlap kelgen:

— motoatqısh hám shegara armiyaları bólimsheleri komandirleri;

— razvedkashı bólimsheler komandirleri;

— motoatqısh hám shegara armiyaları bólimleri komandirleriniń tárbiyalıq jumıslar boyınsha orınbasarları.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 25-apreldegi qararına tiykarlanıp Tashkent joqarı ulıwma armiya komandirlik oqıw ornı Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri Akademiyası menen birlestirilip, Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri Akademiyası dep atala basladı.

Akademiyada úsh fakultette oqıw shólkemlestirilgen:

— akademiya tıńlawshıları ushın — komandirlik-shtab fakultetinde eki jıllıq oqıtıw baǵdarlaması tiykarında;

— kursantlar ushın — ulıwma armiya tayarlıǵı fakultetinde tórt jıllıq oqıtıw baǵdarlaması tiykarında;

— oficerler ushın — qánigeligin asırıw fakultetinde úsh aydan toǵız ayǵa shekem hár túrli baǵdarlamalar boyınsha.

Áskeriy Akademiyadaǵı ulıwma armiya tayarlıǵı fakultetinde tómendegi baǵdardaǵı qánigelikler boyınsha oficerler tayarlanadı:

— motoatqısh hám shegara armiyaları bólimleri komandirleri;

— razvedka hám radio-elektron gúres bólimleri komandirları;

— komandirlik-taktikalıq ximiyalıq armiyalar;

— komandirlik-taktikalıq injenerlik armiyaları;

— komandirlik taktikalıq front artı támiynatı (kiyim-kenshek támiynatı, azıq-awqat támiynatı, janılǵı-maylaw materialları támiynatı);

— armiyalar bólimleri komandirleriniń tárbiyalıq jumıslar boyınsha orınbasarları.

## Chırchıq joqarı tank komandrlik-injenerlik oqıw ornı

Chırchıq joqarı ornı 1918-jıl 16-noyabrda shólkemlestirilgen. 1992-jıldıń 14-yanvarındaǵı «Mámleket aymaǵında jaylasqan barlıq áskeriy bólim hám shólkemlerdi Ózbekstan Respublikası yurisdikciyası astına alıw» haqqındaǵı Qarar Milliy armiyanı dúziw jolında áhmiyetli qádem boldı. 1993-jıl oqıw ornı Chırchıq joqarı tank komandirlik-injenerlik oqıw ornı dep atala basladı. Joqarı qánigeli kadrlardı tayarlaw Chırshıq joqarı tank komandrlik-injenerlik oqıw ornınıń tiykarǵı wazıypası bolıp qaldı. Ol zamanagóy oqıw-materiallıq baza, texnika hám qural-jaraq, poligonlar, tankodromlarǵa iye.

1995-jıldıń 25-aprelinde Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministri Quralllı Kúshler Joqarı Bas komandiri atınan oqıw ornına Jawıngerlik bayraq tapsırdı. Usı waqıya áskeriy jámáättiń ruwxıy-ádep-ikramlıq kóterińkiligine, maqtanıshlı jetiskenligine xızmet etedi. 25-aprel hár jılı oqıw ornında bayram sıpatında belgilenedi. Ǵárezsizlik jıllarında oqıw ornı kóp tarmaqlı tiykarda oficer kadrlardı tayarlaw oshaǵına aylandı.

Oqıw ornında joqarı kásipli sheberligi professor — muǵallimler óziniń xizmetin ámelge asırıp atırǵan 14 kafedra islep turıptı.

Joqarı oqıw tómendegi baǵdarlar boyınsha áskeriy qánigeler tayarlaydı:

— tank armiyaları komandiri;

— tank armiyaları injenerlik jumısları oficer-qánigeleri;

— hawa-desant armiyaları komandirleri;

— hawa hújiminen qorǵanıw armiyaları komandirleri;

— hawa hújiminen qorǵanıw armiyaları injenerlik jumısları oficer qánigeleri;

— avtomobil bólimleri ushın komandirlik-taktikalıq injenerlik;

— komandirlik-taktikalıq artilleriya;

— taktikalıq injenerlik raketa-artilleriya oq-dárileri hám quralları.

## Jizzax joqarı áskeriy aviaciya oqıw ornı

Jizzax joqarı áskeriy aviaciya oqıw ornı Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I. Karimov baslaması hám Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti qararı hám sonday-aq, Qorǵanıw ministriniń 1994-jıl 9-iyuldaǵı buyrıǵına tiykarlanıp shólkemlestirilgen.

Oqıw ornı shólkemlestirilgen birinshi jılları oficer kadrlar tómendegi qánigeler boyınsha tayarlaǵan edi: «Komandirlik — taktikalıq vertolyot aviaciyası ushıwshı—injener»; «Jawıngerlik basqarıw oficeri»; «Shturman»; «Samolyotlar hám dvigateller boyınsha injener—texnik»; «Aviaciya úskeneleri boyınsha injener-texnik»; «Radiotexnika úskeneleri boyınsha injener-texnik». Ushıw fakultetinde oqıw waqtı 4 jıldı quraytuǵın edi, texnika fakultetinde bolsa 3 jıldı. Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri hám áskeriy bilim beriw sistemasınıń reformaları sebebpli qánigelerdi tayarlaw maqul sanǵa shekem qısqartıldı.

Qorǵanıw ministrligi sistemasında joqarı maǵlıwmatlı, joqarı bilimli hám keń dúnya qaraslı qánigelerge qoyılatuǵın qatań talaplar sebepli oqıw múddeti dáslep 4 jılǵa, soń 5 jılǵa uzaytıladı.

1995-jılı oqıw ornında saltanatlı túrde húrmet, qatańlıq hám batırlıq belgisi bolǵan Jawıngerlik bayraq tapsırıldı. Usı waqıya oqıw ornı tariyxında umtılmas sáne bolıp qaldı.

1997-jıldıń oktyabrinde oqıw ornın birinshi qarlıǵashlar — ushıwshı hám injener-texnik qánigelikleri boyınsha 97 pitkeriwshi tamamladı.

Orta Aziya mámleketlerinde usı baǵdardaǵı birden-bir oqıw ornı. Házirgi kúnde oqıw ornında tómendegi baǵdarlar boyınsha qánigeler tayarlanbaqta:

— vertolyot aviaciyası ushıwshısı;
— aviaciya úskeneleri injeneri;
— aviaciya quralları injeneri;
— aviaciya radioelektron úskeneleri injeneri;
— ushıw apparatlarınıń dvigatelleri injeneri.

## Tashkent axborot texnologiyaları universiteti janındaǵı Qorǵanıw ministrliginiń arnawlı fakulteti

Tashkent axborot texnologiyaları universiteti (TATU) janındaǵı Qorǵanıw ministrliginiń arnawlı fakulteti 1993-jıl 13-mayda Ministrler Kabinetiniń qararına tiykarlanıp shólkemelstirilgen.

TATU janındaǵı Arnawlı fakultet Ózbekstan Respubikası Qurallı Kúshlerine áskeriy kadrlardı tayarlawshı joqarı oqıw ornı esaplanadı. «Arnawlı fakultet haqqındaǵı Ustav» qa muwapıq 1-hám 2-kurs tıńlawshıları universitet studentleri esaplanadı, 3-kursqa ótkennen soń

ant qabıl etedi, joqarı áskeriy oqıw ornı kursantı dárejesin aladı hám mámleketlik támiynatına ótkeriledi.

Fakultette oqıw procesi «Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrliginiń joqarı áskeriy oqıw orınları haqqındaǵı Ustav» qa muwapıq «Telekommunikaciya» hám «Radio texnika» baǵdarları boyınsha Mámleketlik bilimlendiriw standartlarına say keletuǵın baǵdarlamalar tiykarında shólkemlestirilgen.

Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri ushın joqarı qánigeli, oficer kadrlardı tayarlaw waqtında aldıńǵı professor-muǵallimler quramı fakultettiń studentleri hám kursantlarına gumanitar, social-ekonomikalıq hám arnawlı pánler, matematika, informatika, fizikadan bilim beredi.

Fakultet pitkeriwshisine bilim beriw baǵdarı boyınsha áskeriy qánigelik qánigesi beriledi hám joqarı maǵlıwmat haqqındaǵı diplom hám de «leytenant» áskeriy dárejesi tiykarında áskeriy qánigelik nomenklyaturasına say keletuǵın «Telekommunikaciya» hám «Radiotexnika» baǵdarları boyınsha tómendegi qánigelikler beriledi:

— radio hám planeta baylanısı injeneri;

— sımlı radiorele hám troposfera baylanısı injeneri;

— elektr sımlı baylanıs quralları hám avtomatlastırılǵan basqarıw siteması injenerleri;

— radio hám radiotexnika razvedkashıları hám radioelektron gúres injenerleri;

— zenit-raketa armiyaları bólimsheleri oficerleri;

— radiotexnik armiyaları bólimleri oficerleri;

— axborot qáwipsizligi xızmeti oficerleri.

## Tashkent Medicinalıq akademiyası janındaǵı áskeriy-medicinalıq fakulteti

Tashkent Medicinalıq akademiyası janındaǵı áskeriy-medicinalıq fakulteti Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2012-jıl 10-iyul kúnindegi 203-sanlı «Tashkent Medicinalıq akademiyası janındaǵı áskeriy-medicinalıq fakultetin shólkemlestiriw haqqında»ǵı qararı tiykarında respublikamızdıń abroylı joqarı orınlarınan biri bolǵan Tashkent Medicinalıq akademiyası janında, Qorǵanıw Ministrligi Oraylıq áskeriy klinikalıq gospitalı aymaǵında shólkemlestirildi.

Áskeriy-medicinalıq fakulteti shólkemlestiriwden maqset:

— mámleketimizge joqarı qánigeli, tereń bilimge iye bolǵan, Watanǵa sadıq ruwxında tárbiyalanǵan, haqıyqıy watandı súyiwshi medicinalıq xızmet oficerlerin tayarlaw;

— respublikamız medicinalıq joqarı oqıw orınlarınıń farmacevtika, stomatologiya, medicinalıq profilaktika hám emlew fakultetleri studentlerinen rezerv hám zapastaǵı medicinalıq xızmet oficerlerin tayarlaw;

— Qurallı Kúshlerimiz áskeriy bólimleri hám medicinalıq bólimlerinde xızmet etip atırǵan medicinalıq qánigeler quramınıń qánigeligin asırıw;

— áskeriy-medicinalıq tarawında ilimiy izertlewler alıp barıw bolıp esaplanadı.

Áskeriy-medicinalıq fakultetine respublikamız medicinalıq joqarı oqıw orınlarınıń emlew fakultetinde 4 jıl dawamında ayrıqsha hám jaqsı bahalarǵa oqıǵan, salamat hám jetik studentler áskeriy-qánigelik tańlawı tiykarında, arnawlı imtixanlar hám test sınawları nátiyjelerine qaray qabıl etiledi.

Fakultetke qabıl etilgen studentler «kursant» dárejesine hám de bir qatar nızamda belgilengen jeńilliklerge iye boladı.

Áskeriy-medicinalıq fakulteti kursantları respublikamız medicinalıq ilimiy oraylarında, Tashkent Medicinalıq akademiayası klinikası hám oqıw bólimlerinde, Oraylıq áskeriy klinikalıq gospitalında shólkemlestirilgen oqıw bazalarında bilim aladı. Fakultette oqıw procesi 2 jıl, yaǵnıy medicinalıq bilim beriwdiń 5—6-basqıshlarında da dawam ettiriledi.

Áskeriy-medicinalıq fakultetin tamamlaǵan kursantlarǵa Qorǵanıw ministrliginiń buyrıǵı menen dáslepki — «Medicinalıq xızmet leytenantı» oficerlik dárejesi beriledi. Medicinalıq xızmet leytenantları Qurallı Kúshler áskeriy bólimlerinde «Medicinalıq punkti baslıǵı» hám «Medicinalıq xızmeti baslıǵı» lawazımlarında óziniń qánigelik xızmetlerin dawam ettiredi.

## Ózbekstan Respublikası Milliy gvardiyası áskeriy-texnikalıq universiteti

Ózbekstan Respublikası Milliy gvardiyası áskeriy-texnikalıq universiteti 2017-jıl oktyabr ayında aldınǵı Tashkent Joqarı áskeriy texnika oqıw ornı bazasında payda bolǵan.

Universitet házirgi kúnde qáwipsizlik boyınsha Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri quramı hám huqıqtı qorǵawshı basqarmalar ushın kadrlar tayarlap beredi.

## *1.2. Joqarı áskeriy oqıw orınlarına qabıllaw tártibi hám qağıydaları*

Keleshekte oficer bolıwdı qáleytuğın áskerlerimiz múddetli xızmet waqtında sınawlardan tabıslı ótse, oqıwdı dawam ettiredi hám oqıw dáwiri de áskeriy xızmet múddetine kiredi.

Joqarı áskeriy oqıw ornına tolıqtırılğan orta mağlıwmatlı, qabıllaw shártleri hám de kásipke uqıplılıq tańlawdıń barlıq talaplarına juwap beretuğın joqarı ádep-ikramlı hám isker sıpatlarğa iye Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları qabıl etiledi.

Kásiplik qánigeligi hám xızmet múddetine qaramastan, xızmettegi áskeriy xızmetshiler hám zapasqa bosatılğan áskeriy xızmetke májbúr shaxslar 23 jasqa shekem, puqara jaslar, áskeriy kásipke bağdarlawshı oqıw orınlarınıń pitkeriwshileri oqıwğa kirgen jılı 1-sentyabrge shekem 17 jasqa tolatuğın, basqa oqıw orınlarınıń oqıwshıları 21 jasqa shekem áskeriy oqıw ornına qabıllanadı.

Múddetli xızmettegi áskeriy xızmetshiler oqıwğa kiriw jılınıń 1-apreline shekem qağıyda boyınsha komandiri atına jazba raport tapsıradı. Puqara jaslar bolsa, oqıwğa kiriw jılınıń 1-mayına shekem jasaw ornındağı rayon yaki qala qorğanıw isleri bólimlerine arza beredi. Qorğanıw ministrligi joqarı oqıw áskeriy orınlarına oqıwğa kiriw jılınıń 10-iyunına shekem hújjetler qabıllanadı.

Kásipke uqıplılıq tańlawı ushın talabanlardıń keliw waqtı hám ornın oqıw ornı baslığı qorğanıw isleri basqarmaları hám de bólim komandirleri arqalı xabar etedi. Olar bolsa, óz gezeginde, talabanlardı biypul jol haqı hújjetleri menen támiyinleydi. Oqıw ornına kelgen abiturientler biypul azıq-awqat hám jataqxana menen támiyinlenedi.

Kiriw imtixanları baslanğanğa shekem, talabanlar oqıw ornında medicinalıq kórikten ótedi. Densawlığında kemshiligi barlığı sebepli medicinalıq kórikten óte almağan abiturientler imtixanlarğa jiberilmeydi. Barlıq abiturientler ulıwma fizikalıq tayarlıqlar boyınsha kúshlilik, shıdamlılıq hám shaqqanlıq (turnikte tartılıw, 3 km ge kross hám 100 m ge juwırıw) hám de kásiplik-ruwxıy arnawlı tańlaw usılı boyınsha qánigelik imtixanların tapsıradı. Bolajaq áskeriy kásip talaplarına juwap bermeytuğın abiturientler ulıwma bilim beriw pánleri boyınsha imtixanlarğa jiberilmeydi hám talabanlar dizimnen óshiriledi.

Barlıq joqarı oqıw orınları abiturientleri sıyaqlı kursantlıqqa talabanlar hám test tárizdegi matematika, fizika, ana tili hám ádebiyatı pánlerinen

kiriw imtixanların tapsıradı. Test sınawları úsh tilde — ózbek, rus hám qaraqalpaq tilinde ótkeriledi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 4-apreldegi Qararı tiykarında, áskeriy xızmetti ótew waqtında jawıngerlik jámiyetlik-siyasiy tayarlıqtan joqarı nátiyjelerge erisken, múddetli áskeriy xızmetti tamamlaǵannan soń órnatılǵan túrdegi tavsifnoması bar joqarı áskeriy oqıw ornına kiriwshi puqaralarǵa ózleriniń test imtixanlarında toplaǵan ballarınıń 50%i muǵdarında jeńillik beriledi.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2004-jıl 12-apreldegi «Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri serjantlarınıń dárejesi haqqında»ǵı qararına muwapıq serjantlar quramında 5 jıl shın kewilden xızmet etken áskeriy xızmetshilerge test imtixanlarında toplaw múmkin bolǵan maksimal balldan 20% muǵdarında jeńillik beriledi hám sonday-aq, «Eń jaqsı serjant» respublika konkursınıń jeńimpazları joqarı áskeriy oqıw orınlarına konkursdan tısqarı kiriw huqıqına iye boladı. Áskeriy kásiplik baǵdarlı liceyler pitkeriwshilerine kiriw waqtında test imtixanlarında toplaw múmkin bolǵan maksimal balldan 10% ke shekem muǵdarda qosımsha jeńillik beriledi.

Oqıw ornına qabıllanǵanlar tolıq mámleketlik támiynatına iye áskeriy xızmette boladı. Oqıw sessiyalarınıń nátiyjelerine qaray, ayrıqshalarǵa aylıq pullıq tólemniń 50%, jaqsı bahalardı ózlestirgenlerge bolsa, pullıq tóleminiń 25% muǵdarında qosımsha pul beriledi.

Oqıw dáwiri dawamında kursantlarǵa qısta eki háptelik dem alıs, oqıw jılı tamamlanǵannan keyin bolsa, bir aylıq dem alıs hám onı ótkeriw ornına shekem biypul jol hújjeti beriledi. Oqıw ornındaǵı oqıw múddeti tórt-bes jıl hám ol jıllar Qurallı Kúshler qatarında kadr quramındaǵı xızmet jılları stajına kirgiziledi. Oqıw ornın tamamlanǵanlarǵa «leytenant» áskeriy dárejesi beriledi hám tarawına muwapıq, mámleketlik úlgisindegi diplom hám kókirek nıshanı tapsırıladı.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Ózbekstanda qanday áskeriy joqarı oqıw orınları bar?
2. Ózbekstandaǵı áskeriy joqarı oqıw orınlarınıń payda bolǵan sánesi hám tariyxın aytıp beriń.
3. Áskeriy joqarı oqıw orınalarına orta maǵlıwmatlı jaslardı qabıllaw tártibin aytıp beriń.
4. Múddetli áskeriy xızmettegi áskeriy xızmetshilerge hám xızmetti ótep bolǵanlarǵa qanday jeńillikler beriledi?

# *2-bap.* ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ QURALLÍ KÚSHLERI ARMIYALARÍNDA TARBIYALÍQ HÁM JAWÍNGERLIK DÁSTÚRLERININ ORNÍ

## *2.1. Komandirler, baslıqlar hám olardıń jeke quramdı tárbiyalawdaǵı ornı*

Komandir áskeriy basshı bolıp ǵana qoymay, óziniń qol astındaǵılardıń tárbiyashısı da bolıp esaplanadı. Baslıqtıń bul ózgesheligi Quralllı Kúshler ustavlarında, dáslep, Ishki Ustavında kórsetilgen. Komandirler hám baslıqlar áskeriy-siyasiy jaqtan hár tárepleme tayarlanǵan, zamanagóy sawash sırların, jańa qural hám jawıngerlik texnikanı tereń biletuǵın, ózinde ádep-ikramlılıq sıpatlardı birlestirgen, áskeriy ilimniń, pedagogika hám psixologiyanıń zamanagóy jetiskenliklerine tayanatuǵın ustaz hám oqıtıwshılar bolıp esaplanadı.

Komandirler hám baslıqlar tárbiyashı sıpatında ǵárezsizlik ideyalarına qatań isenim, joqarı huqıqıy hám ruwxıy mádeniyat, Watanǵa, xalıqqa hám Prezidentke sadıqlıq sıyaqlı sıpatlardı tárbiyalaw ushın qol astındaǵı áskerler arasında aktiv tárbiyalıq islerdi alıp barmaqta. Jeke quramǵa bar bilimleri, tapqırlıǵı, adamlardı isendire alıw, joqarı ádep-ikramlıq belgiler, úlgili minezdi hám jeke ibratların sińdiriw, xalqımızdıń mentaliteti, úrp-ádetleri hám dástúrleri diniy isenimi, ata-babalarımız dástúrlerine sadıqlıq, ata-babalarımızdıń tarixıy tájiriybelerin tuwrıdan-tuwrı esapqa alıp óz islerin shólkemlestirgen.

Jawıngerlik tayarlıq hárbir armiyanıń birinshi dárejeli wazıypası bolıp kelgen hám sonday bolıp kelmekte. Ózbekstan Respublikası Quralllı Kúshlerinde de jawıngerlik tayarlıq bas wazıypalardan esaplanadı. Ol waqtınsha hám máwsimlik xarakterge iye bolıp, bir orında toqtap qalmaydı. Mámleketimiz hám Quralllı Kúshler basshılıǵı jawıngerlik tayarlıqtıń turaqlı jetilistiriliwi hám sıpatı tárepten ósip barıwına hár tárepleme áhmiyet berip kelmekte. Bul talaplardı orınlaw ushın armiya materiallıq-texnikalıq jaqtan úzliksiz támiyinlenbekte, bólim hám bólimsheler puqta bilimge iye bolǵan jeke quram menen tolıqtırılmaqta, onıń siyasiy, ruwxıy-ádep-ikramlıq, watandı súyiwshilik tárbiyasına itibar berilip kelmekte.

Jawıngerlik tayarlıqtı shólkemlestiriw barlıq komandirler, shtab komandirlik quramı hám tárbiyalıq isler bólimleriniń birinshi dárejeli wazıypası esaplanadı hám ol Ózbekstan Respublikası Prezidenti —

Qurallı Kúshler Joqarı Bas Komandiri kórsetpeleri hám Qorǵanıw ministri buyrıǵı menen belgilengen reje tiykarında ámelge asırıladı.

Bólim hám bólimshelerdegi jawıngerlik tayarlıq tikkeley komandirdiń basshılıǵı astında shólkemlestiriledi, ol hárbir sabaqtı joqarı dárejede ótkeriwdi shólkemlestire alıwı kerek. Hárqanday kategoriyadaǵı komandirdiń sheberligi tek ǵana óziniń quralın qalay sheberlik penen islete alıwı menen emes, al onı qol astındaǵılarǵa úyrete alıwı menen ólshenedi.

Jawıngerlik tayarlıq armiya ómiriniń barlıq tarawların qamtıp alǵan. Olar bir-biri menen óz ara tereń baylanıslı. Jawıngerlik tayar turıwdı támiyinlewge jawıngerlik hám sociallıq-siyasiy tayarlıqtıń barlıq tarawları, xızmetti shólkemlestiriw, ishki hám garnizon qarawıllıq xızmeti, jawıngerlik náwbetshilikke baǵdarlanǵan. Jawıngerlik tayarlıqtıń tiykarǵı elementlerinen biri, sergeklik. Sergeklik bárhama dushpan basqınshılıǵın qaytarıwda bas roldı oynaǵan. Mine usıdan kelip shıǵıp, hárbir jas ásker Qurallı Kúshler qatarına kirgende, dáslep, sergek jawınger bolıwǵa saltanatlı ant etedi.

Aymaǵımızda áskeriy-siyasiy jaǵdaydıń keskinlesiwi áskeriy xızmetshiler tayarlıǵında komandirler aldına ayrıqsha juwapkershilik qoyadı. Olardıń ideyalıq jaqtan shınıqqan, milliy ǵárezsizlik ideyalarına, xalqı hám Prezidentke sadıq, sergek áskerler bolıp jetisiwlerine ayrıqsha itibar beriledi.

### *2.2. Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleriniń jawıngerlik dástúrleri*

*Jawıngerlik dástúrler* — bul armiya hám áskeriy flotta tariyxtan jas áwladqa ótiwshi sawash alıp barıw hám áskeriy xızmetti orınlawdıń ádep-ikramlılıq qaǵıydası. Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri xalqımızdıń milliyligi, turmıs tárizi dástúrleri, úrp-ádetleri hám qádiriyatları qayta tiklenip atırǵan bir payıtta, Qurallı Kúshlerimiz jawıngerlik dásturlerge iye bir álemge mártlik hám er júreklilikke shaqıradı. Anańday, nanday áziz Watan túsinigine mehir oyatadı, onıń qorǵawshısı bolıw qanshelli húrmetli ekenligin uqtıradı. Jawıngerlik dástúrler Ózbekstan Respublikası Watan, Keleshek, Mámleket bayraǵı, Gimni, Respublika Prezidenti — Joqarı Bas Komandiri, Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri, Áskeriy ant sıyaqlı ǵárezsizlik sebepli júzege kelgen muqáddes atamalar kewlimizdi maqtanıshqa toltıradı.

Jawıngerlik dástúrler — er adamdı óz Watanınıń shegaraların múnásip qorǵawı, ata-ana tınıshlıǵın, úy-jaydı kóz qarashıǵınday saqlaw,

qorǵawshısı, iyesi bar jurttıń tınısh bolıwına, biypayan dalalarda ırsqınesiybeniń óndiriliwine, tandırları tolı nan jabılatuǵın, jigit-qızları yar-yar aytatuǵın, kempir apaları besik terbetip bala háyyiwleytuǵın, dana babaları jaslardı jurtınıń jetik perzentleri etip tárbiyalaytuǵın, úlken mámleketti jan-táni menen qorǵawǵa shaqıradı.

Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleriniń dástúrleri Milliy ǵárezsizlik ideyası jámiyetimizdiń rawajlanıwınıń ideologiyalıq principlerin kórsetedi. Sonıń ushın, bul ideya mámleketimizdiń ǵárezsizligin bekkemlew, elimizde azat hám abat Watan, erkin hám abadan turmıs qurıwǵa xızmet etetuǵın pútin hám turaqlı táliymat bolıp esaplanadı. Ol sol teoriyalıq sociallıq waqıyalardıń kórinisi tárizinde sáwlelenip, ózine tán qáliplesiw nızamlıqları hám ózgesheliklerine iye bolǵan ulıwma milliy hádiyse esaplanadı. Milliy keleshek ideyası elimizde jasaytuǵın hárbir millet, jámiyetlik topari, partiya yamasa qatlam wákili ushın ulıwma normativ bolıp tabıladı. Ózbekstan xalqınıń, ǵárezsizlikti bekkemlew jolınan baratırǵan jámiyetimizdiń ulıwma ideyası bolıp tabıladı.

Milliy mámleketshilik dástúrlerimizdi asırap-abaylaw, mámleketimizdiń shegaralarınıń pútinligin hám qáwipsizligin támiyinlew, puqaralarımızda jat ideyalarǵa qarsı ideologiyalıq imunitetti qáliplestiriw, olardı erkin puqaralıq jámiyetti qurıw jolında birlestiriw, Watanımızdıń gúlleniwi, el tınıshlıǵı, xalqımızdıń abadanlıǵı jumıslarına movilizaciyalaw — bul ideyanıń tiykarǵı maqseti.

*Áskeriy ant.* Ant tariyxı uzaq ótmishlerge barıp taqaladı. Máselen, Sahıpqıran Amir Temur armiyasında sonday ádet bolǵan: hárbir bólim áskeriy komandiri, qaǵıydaǵa muwapıq, armiya kóriginen aldın húkimdarǵa óz bólimshelerin tanıstırǵan hám oǵan sadıq qalıwǵa ant ishken. Jalaliddin Manguberdi, Babur armiyalarında usıǵan usaǵan ant ishiwge ámel etilgen. Hárbir dáwirde ásker: «Usı antımdı buzsam, nızamlarda belgilengen jaza hám xalıqtıń jerkenishine duwshar bolayın», dep ant ishken hám oǵan sadıq qalǵan.

Áskeriy ant — Qurallı Kúshlerimizdiń hárbir áskeriniń pútkil ómiri dawamında ar-namısınıń nızamı. Anttı buzıw — Watan aldındaǵı awır jınayat. Ant qabıllawshı, Ózbekstan Respublikasınıń pútkil xalqına usınıs etip, «Eger men usı saltanatlı antımdı buzsam, nızamlarda belgilengen jaza hám xalıqtıń jerkenishine duwshar bolayın», dep ant ishedi. Áskeriy anttıń teksti 1992-jil 3-iyul kúni Ózbekstan Respublikası Oliy Kengashiniń qararı menen tastıyıqlanǵan.

*Men (familiyası, atı, ákesiniń atı), Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri qatarına kirer ekenmen, xalqıma, Prezidentime sadıq bolıwǵa saltanatlı túrde ant etemen.*

*Men Ózbekstan Respublikasınıń Konstitutciyasın hám nızamların muqáddes bilip, olarǵa boysınıwǵa, áskeriy ustavlardı, komandirler hám baslıqlardıń buyrıqların sózsiz orınlawǵa, áskeriy intizamǵa qatań boysınıwǵa, hadal, batır hám sergek jawınger bolıwǵa ant etemen.*

*Sońǵı nápesim qalǵansha ana Watanımnıń sadıq perzenti bolıp qalıwǵa, áskeriy xızmettiń barlıq mashaqat hám qıyınshılıqların shıdamlılıq penen jeńiwge, mámleketlik hám áskeriy sırlardı bekkem saqlawǵa ata-babalarım ruwxı aldında ant etemen.*

*Janajan Ózbekstanımnıń nurlı keleshegi ushın onıń mámleketlik mápleri hám ǵárezsizliginiń qorǵawshısı bolıwǵa ant etemen.*

*Eger men usı saltanatlı antımdı buzsam, nızamlarda belgilengen jaza hám xalıqtıń jerkenishine duwshar bolayın.*

Ózbekstan Respublikasınıń birinshi márte áskeriy xızmetke qabıllanǵan yamasa áskeriy xızmetti ótemegen hám birinshi márte áskeriy jıyınlarǵa shaqırılǵan puqarası áskeriy bólimniń jawıngerlik bayraǵı aldında ant qabıl etedi.

Áskeriy anttı:

— mádetke kelgen, movilizaciyalıq shaqırıw rezervine kelgen áskerler hám matroslar olar tiyisli baǵdarlardı ótegenlerinen, áskerler hám matroslardıń tiykarǵı wazıypaların, áskeriy anttıń áskeriy bólimniń jawıngerlik bayraǵı hám áskeriy tártiptiń áhmiyetin ózlestirgennen soń áskeriy bólimge jetip kelgen kúnnen baslap, eki aydan keshiktirmesten;

— áskeriy oqıw orınlarınıń dáslep ant qabıllamaǵan kursant hám tıńlawshıları tap sol múddet dawamında qabıllanadı.

Áskeriy ant etetuǵınlar menen, áskeriy anttıń áhmiyeti hám nızamlarınıń Watandı qorǵaw boyınsha talapları haqqında bólimshelerde túsindiriw jumısları ótkeriledi. Áskeriy ant etiwdi tarixıy, jawıngerlik hám miynet dańqı orınlarda, sonday-aq, Watan azatlıǵı hám ǵárezsizligi ushın sawashlarda sheyit bolǵan jawıngerlerdiń tuwısqanlıq mazarlarında ótkeriw múmkin. Áskeriy ant qabıllaw kúni usı bólim ushın dem alıs kúni esaplanıp, bayram kúni sıpatında belgilenedi (51-súwret).

Áskeriy ant mámleket kóz qarasınan Watanımızdı múnásip qorǵaw boyınsha áskeriy xızmetshige qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardı birlestirgen



*51-súwret.* Áskeriy ant qabıl etiw máresimi.

huqıqıy akt. Bul — ǵárezsiz Watanımızdı, onıń suvereniteti hám aymaqlıq pútinligin qorǵaw boyınsha haqıyqıy jawıngerlik háreketler procesi yamasa tınıshlıq dáwirdegi jawıngerlik oqıwlardıń hár túrli sharayatlarda jawıngerdiń minez-qulqı normalarınıń ózine tán jámlengen kórinisi.

Sociallıq-siyasiy kóz qarastan ol jawıngerlerdi Watanǵa pidayılıq penen xızmet etiwge, áskeriy minnetlerine sadıq bolıwǵa úyretedi hám ózinde xalqımızdıń eń joqarı pazıyletlerin hám joqarı watan súyiwshilik sezimlerin, ullı ata-babalar dásturleri hám wásiyatlarına sadıqlıǵın óz ishine aladı. Búgingi kúnde Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleriniń áskerleri ata-babalarımız erliklerine sadıq qalmaqta hám onı dawam ettirmekte. 1999—2000, 2005-jılları mámleketimiz aymaǵına bir topar basqınshı kúshler bastırıp kirgende, jawıngerlerimiz óz Áskeriy antına sadıqlıq penen Watanımızdı dushpannan qorǵadı.

... 5-avgust kúni erte tańda razvedkashılar bergen maǵlıwmat boyınsha dushpan jaylasqan jer aviaciya bólimshesi tárepinen kózden ótkerilip, kórsetilgen noqatlarǵa soqqı berildi. Ayrıqsha topar tárepinen maydandı tazalaw jumısları baslandı. Jasırınıp qalıp janı kózine kóringen dushpan tosattan atıspalardı basladı. Topar tez qolay poziciyaǵa ótip, dushpanǵa qarsı sawashqa kiristi. Dushpannıń kúshi zıyat bolǵanlıqtan, jawıngerler qorshawda qaldı.

Ásirese, úńgir ishine jasırınıp, soqqı beriwge umtılǵan dushpan menen sawash qıyın ótti. Aǵa serjant Marufjan Rajapov qolay poziciyanı iyelep, dushpanǵa soqqı berip atırǵanlıǵına qaramay, dushpan oǵı onı jaraladı, biraq ol sawashtı dawam ettirdi. Bólimshe feldsheri Qaharman

Madolimov oǵan járdemge bardı. Óz janın qáwipke qoyıp, jaralanǵan áskerdiń ómirin saqlap qalıwǵa asıqtı.

Óz insanıylıq, kásiplik hám xızmet minnetin oqlar jawını astında orınlawǵa kirisken Qaharman qısqa múddette jaradar aldına keldi hám onıń jarasın bayladı. Biraq, dushpan oǵı onı da shetlep ótpedi. Qaharman jaralanıp jatırǵan saplası haqqında oylar edi. Ne bolsa da onıń ómirin saqlap qalıw kerek. Ol bar kúshin jıyıp, jaradardı kóterdi de, háreketke tústi.

Dushpannıń bekinisi jaylasqan jerge ayawsız soqqı berip atırǵan shártnama boyınsha áskeriy xızmetshi Ulıǵbek Barnoyev qısqa múddetli tınıshlıqtan paydalanıp, Qaharman Madolimov hám Marufjan Rajabovqa járdem beriw ushın ózin sawash maydanına urdı. Usı sawash shártnama tiykarında áskeriy xızmetshiler Qaharman Madolimov, Marufjan Rajabov hám Ulıǵbek Barnoyevlar ushın sońǵı sawash boldı. Márt jawıngerler aqırǵı demine shekem áskeriy minnet, áskeriy doslıq, mártlik, insanıylıq, Watan hám xalıq aldındaǵı óz Áskeriy antlarına sadıq qaldı.

2005-jıl 13-mayda Andijan qalasında qorqınıshlı waqıya júz berdi. Bir topar terroristler qalanıń birneshe obyektinde qoparıwshılıq búlginshilik háreketlerin islewge umtıldı. Biraq bul jawız maqsetke erisiwlerine jol qoymadı. Arnawlı armiyalar tárepinen óz waqtında kórilgen sharalar sebepli terroristler qolǵa alınıp, nızam menen juwapkershilikke tartıldı.

Biraq bul háreketler dawamında jawıngerlik wazıypanı orınlap atırǵan waqıtta kapitan Bahram Juraev qaharmanlarsha qaytıs boldı. Bul Watanımız xızmetshileriniń elimizdi bárháma qorǵawǵa hám áskeriy ant talapların orınlawǵa tayarlıǵın kórsetedi.

Sońǵı demi qalǵansha Watandı, xalıqtı muqáddes eliniń sadıq perzenti bolıwǵa, ullı ata-babalarımız — Shıraq, Tumaris, Spitamen, Muqanna, Mahmud Tarabiy, Jalaliddin Manguberdi, Amir Temur, Zahiriddin Muhammad Babur, patsha húkimetiniń basqınshılıq siyasatına qarsı mártlershe gúresken azatlıq qurbanları, XX ásirdiń 20 — 30-jıllarında milliy ǵárezsizligimiz ushın jan pidá etken xalqımızdıń márt perzentleri, Ekinshi jáhán urısı jılları dúnyanı fashizmnen azat etiw jolında sheyit ketken watanlaslarımız; 1999 — 2000, 2005-jılları Watanımız shegaralarına suǵılıp kiriwge háreket etken terroristlerge qarsı háreketlerde jan pidá etken Bahram Jurayev, Sayor Sadinov, Alisher Salimov, Baburjan Ǵaniyev, Yunusjan Oxunov, Mahmudjan Jalilov hám basqa jawıngerler

ruwxı aldında ant etedi. Sol sebepten de Ant áskeriy xızmetshi ushın muqáddes esaplanadı.

*Áskeriy bólimniń Jawıngerlik bayrağı.* Ózbekstan Respublikası Quralli Kúshleri áskeriy bóliminiń Jawınger bayrağı — áskeriy húrmet, mártlik hám dańq-húrmetiniń nıshanı. Ol Ózbekstan Respublikası Quralli Kúshleriniń hárbir áskeriy xızmetshisine onıń Watanğa pidayılılıq penen xızmet etiwi, onı mártlik hám sheberlik penen qorğaw, óziniń sońğı tamshı qanı hám hátte ómirin ayamastan janajan topırağımızdıń hárbir qarısın bekkem qorğawday muqáddes wazıypası haqqındağı esletpe sanaladı.

Jawıngerlik bayraq áskeriy bólim dúzilgen waqtında Ózbekstan Respublikası Prezidenti atınan Qorğanıw ministrligi wákilleri tárepinen tapsırıladı. Jawıngerlik Bayraq bólimniń atı hám nomeri ózgeriwine qaramastan, hámme waqıtta áskeriy bólimniń ıqtıyarında saqlanadı. Áskeriy bólimniń atı hám nomerindegi ózgerisler Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Jawıngerlik bayraqtı tapsırıw waqtında beriletuğın Jarlığına jazıp qoyıladı.

Jawıngerlik bayraq bárháma óz áskeriy bólimi menen, sawash maydanında bolsa, bólimniń jawıngerlik háreketleri aymağında boladı. Bólimniń hámme jeke quramı sawashta Jawıngerlik bayraqtı jan-táni hám mártlik penen qorğawğa, onıń dushpan qolına túsip qalıwına jol qoymawga májbúr. Házirgi kúnleri Quralli Kúshlerimiz jawıngerleri tınıshlıq húkim súrgen dáwirde óz bólimleriniń Jawıngerlik bayraqların isenimli qorğap, jawıngerlik siyasiy tayarlıqtağı nátiyjelerge erisiwge jeteklemekte. Jawıngerlik bayraqtı qorğawğa saqshı postı qoyılmaqta, bul eń juwapkerli postlardan esaplanıp, aldıńğı qatardağı áskerlerge isenip tapsırıladı. Jayılğan Jawıngerlik bayraq astında ásker-matroslar, serjant-starshinalardı maqtaw ushın fotosúwretke túsiriledi.

***Qadağalaw sorawları***

1. Komandirler, baslıqlar hám olardıń jeke quramdı tárbiyalawdağı ornın sóylep beriń.
2. Quralli Kúshlerdiń jawıngerlik dástúrlerin sanap ótiń
3. Áskeriy anttı qabıl etiw tártibi qanday?
4. Áskeriy antqa sadıq qalıp qaytıs bolğan zamanlaslarımız haqqında aytıp beriń.
5. Áskeriy bólim Jawıngerlik bayrağınıń mánisi nede?

# *IV BÓLIM.* ÁSKERIY XIZMET TIYKARLARI

## *1-bap.* ULÍWMA ARMIYA SAWASHI TIYKARLARI

### *1.1. Dushpan menen júzbe-júz kelgen jaǵdayda hújimge ótiw hám birden hújimge ótiw usılları*

Dushpan menen júzbe-júz keliw—armiyanıń sonday halatı, bunda qarama-qarsı tárep bólimleri qorǵanısta turadı. Ol dushpan qandayda bir shegaranı iyelegen, qattı qorǵanısqa ótip onı uslap turǵan, onıń jawıngerlik tártibin jarıp ótiwge jol qoymay, hújimge ótiwshi tárepti qorǵanısqa ótiwge májbúr etken jaǵdayda payda bolıwı múmkin.

Dushpan menen júzbe-júz hújimge ótiw baslanǵısh halatdan baslanadı. Baslanǵısh halat — transheya (okop) esaplanıp, onı jawınger jasırın túrde komandir kórsetken waqıtta iyeleydi. Ásker hújim ushın baslanǵısh halatda dushpannıń itimaldaǵı hújimin qaytarıwǵa bárhama tayar bolıwı kerek.

Hújimge tayarlanıw waqtında ásker óziniń hám toparınıń wazıypasın; mina-jarılǵısh tosıqlardan ótiw tártibin anıqlap aladı; quralınıń sazlıǵın hám onıń sawashqa tayarlıǵın, belgilengen normadaǵı oq-dárilerdiń bar-joqlıǵın, jeke qorǵanıw qurallarınıń barlıǵın hám onıń sazlıǵın tekseredi; ústi-bası hám oǵan taǵılatuǵın úskenelerdi kórip, tuwırlaydı; signallardı úyrenedi.

Topar poziciyasına tankler jaqınlasqanda, komandirdiń **«Guruh, hamlaga shaylan»**, komandasına tiykarlanıp, ásker quralın oqlawǵa, onı saqlaǵıshtan sheship alıwǵa, qol granataların háreketke tayarlawǵa (zapallar qoyıladı), nayza-pıshaqtı ornatıwǵa májbúr. Tanklerdiń topar poziciyasına keliwi menen **«Guruh, hamlaga olg‘a»**, komandası boyınsha ásker tez transheyadan sekirip shıǵadı hám basqa jawıngerler menen birge sol baǵdarda hújimge ótken tank artınan juwırıp yamasa tez qádem taslap, alǵa júredi.

Piyadalardıń jawıngerlik mashinaları bronetransportyorlar (BTR) bul waqıtta dushpanǵa qarap oq atqan halda topardıń mina-jarılıwshı tosıqlardan ótiwin támiyinlep, topar artınan shegaraǵa háreketleniwge tayar turadı. Jeke quramnıń minalı—jarılıwshı tosıqtan ótiwi hám qorǵanıstıń aldıńǵı sızıǵına hújim etiwi piyada tártipte birden hújim etiwge usap ámelge asırıladı.

Hújim payıtında ásker topar hújimi baǵdarındaǵı jerlerdi hám qanatlardı baqlap, jerlerdiń halatı, ondagı predmetlerge jasırınıp transheya hám baylanıs jollarınan tısqarıdaǵı dushpanǵa jaqın sawash quralları hám granatalardan paydalanıp, dushpandı óz waqtında tabadı hám joq etedi. Tankler háreketiniń toqtap qalmawı hám hújimdegi topar áskerleriniń olardan ajıralıp qalıwǵa májbúr etiliwiniń aldın aladı. Sonıń ushın hárbir ásker dushpannıń háreketlerin tez bayqap, dárhal dushpannıń oq atıw qurallarınn, dáslep, tankke qarsı hám hárekettegi kúshlerin joq etiw ushın oq atadı.

***Birden hújimge ótiw.*** Birden hújimge ótiw aldınan ásker óz topari quramında komandir kórsetken jerge jasırın ornalasadı, ol jerde quralı



*52-súwret.* Topardın tosıqlardı tank izinen júrip, basıp ótiwi.

hám jawıngerlik texnikasın tayarlap, dushpannıń jer hám hawadan bolatuǵın hújimlerin qaytarıwǵa bárha jawıngerlik tayar halda turadı.

Orınlanıp atırǵan wazıypaǵa, jer xarakteri hám jaǵdaydıń basqa shártlerine qaray, ásker motoatqıshlar toparı quramında piyadalardıń jawıngerlik mashinasında (bronetransportyor), piyada yamasa tanklerde desant halatında háreketleniwi múmkin.

Piyadalardıń jawıngerlik mashinasın (bronetransportyor)da hújimge ótip atırǵanda, ásker aldın ala otırıwǵa tayarlanadı. Bunda ol tiykarǵı dıqqatın óziniń jeke ekipirovkasına, quralınıń sazlıǵına, belgilengen oq-dári normasına bunnan basqa, quralınıń oqlanbaǵanlıǵın tekseredi. Eger **«Qurol o'qlansin»** komandası berilgen bolsa, avtomat saqlaǵıshqa qoyılǵanlıǵın tekserip, nayza-pıshaqtı ajıratıp aladı.

Sekciya quramındaǵi áskerlerdi jawıngerlik mashinalarǵa otırǵızıw ushın mashina aldındaǵı belgilengen jerde **«Mashinaga»** komandası(signalı) boyınsha saplanadı, **«Joylarga»** komandası (signalı) boyınsha áskerler dóńgelekler, shınjırlar, ayaq qoyatuǵın orınlardan paydalanıp, jawıngerlik mashinadaǵı orınların iyeleydi.

Otırǵızıw waqtında qural qolaylıraq etip alınadı (PK pulemyotınan basqa). Pulemyot jaylastırılıp atırǵanda, áskeriy xızmetshi yaki artında turǵanǵa beriledi.

## *1.2. Piyada tártipte hújimge ótiw*

Sekciya komandiriniń piyada tártipte hújimge ótiw boyınsha **«Seksiya, piyoda tartibga tayyorlan»** komandasın alǵan mexanik-aydawshı (shofyor) jawıngerlik mashinanıń qozǵalıw tezligin páseytedi, ásker jasırın orınnan quralın shıǵarıp, onı saqlaǵıshqa qoyadı hám piyada júriwge tayarlanadı.

Áskerdiń jawıngerlik mashinadan shıǵıwı (piyada halatqa ótiwi) — artqı esik arqalı, bronetransportyordan shıǵıwı qaptaldaǵı lyuklar arqalı ámelge asırıladı. Jawıngerlik mashinanıń piyada tártipke ótiw sheginde sekciya komandiriniń **«Mashinalarga»** komandası boyınsha mexanik — aydawshı (shofyor) háreketti páseytedi yamasa jer sharayatı hám bar bolǵan pana jerde qısqa múddetke toqtaydı.

Sekciya komandiriniń komandası boyınsha ásker jawıngerlik mashinadan sekirip túsedi. Hújim baslanıwı menen ásker hújim etiletuǵın obyekt hám olardan atıw tártibin anıqlap aladı.

Tank izinen izbe-iz júrip, ol óziniń oǵı menen dushpannıń oq atıw quralların joq etedi, birinshi náwbette, tankke qarsı quralların, sekciya háreketine kesent etetuǵın eń qáwipli nıshanlardı óz waqtında tankke kórsetedi.

Hújimniń kúshli bolıwı — jeńis girewi. Minalastırılǵan maydanǵa jaqınlasqanda, topar komandiriniń **«Guruh, mening ortimdan bir (ikki) kolonna bo'lib, minalashtirilgan maydondan ochilgan yo'lakka, yugur»** komandası boyınsha pulemyotshı birinshi bolıp jolǵa jaqınlasadı hám oq atıp topardıń háreketin jasırıp turadı. Qalǵan áskerler bolsa bir kolonna bolıp saplanıp tanktiń izinen yamasa tayarlanǵan joldan júrip, piyada áskerler jawıngerlik mashinası (bronetransportyor)nıń oq atıp jasırıwı astında minalastırılǵan jerdi basıp ótedi. Minalastırılǵan maydannan ótip bolıp ásker topar komandiriniń **«Guruh, jangga olg'a»** komandası boyınsha jáne topar shınjırındaǵı óz ornın iyelep, júrgen halda dushpanǵa qarata oq atıp, kúshli hújim obyektine qaray háreketlenedi.

Transheyaǵa 30 — 35 metrge jaqınlasqan ásker komandirdiń **«Granata bilan o't och»** komandasına muwapıq, granatanı transheyaǵa ılaqtıradı, hám júdá tez shaqqanlıq penen, eńkeygen halda qorǵanıs shegine juwırıp shıǵadı, dushpandı jaqın aralıqtan oq atıp joq etedi hám kórsetilgen baǵdar tárepke toqtawsız hújimdi dawam ettiredi.

Eger ásker transheyada yamasa baylanıs jolında sawash alıp barıwǵa májbúr bolsa, onda tez hám háreket etiwi kerek. Transheyaǵa yamasa baylanıs jolına kiriwden aldın ásker granata ılaqtıradı hám avtomattan bir-eki márte oq atadı.

Transheya yamasa baylanıs jollarında dushpan tárepinen ornatılǵan «kirpi», «ayır» hám t.b. kórinistegi sımlı tosıqlar nayza-pıshaq penen joqarıǵa shıǵarıp taslanadı yamasa granata menen jarıladı. Eger bunı orınlaw imkanı bolmasa, bunday uchastka qupıya tárizde joqarıdan aylanıp ótiledi.

Dushpan transheyasında háreketke kelgende, dıqqat penen transheyada mina hám basqa jarıwshı qurılmalardıń joqlıǵın kózden ótkeriw kerek. Mina-jarıwshı tosıqlar tabılsa, olardı zıyansızlandırıw zárúr, imkanı bolmasa, anıq kórinetuǵin eskertiwshi belgi qoyılıwı kerek.

Dushpandı bunday sharayatta joq etiw júdá qıyın, ásker, tiykarınan qol menen urıs alıp barıw sheberligine, quralı hám kúshine isenip, bunda nayza shanshıw, qundaq (magazin) yamasa piyada belshesi menen urıwdı, granata ılaqtırıw hám jaqın aralıqtan oq atıwdı inabatqa alıwı kerek.

Motoatqısh toparı vzvodda batalyon rezervi quramında, shturmshı topar hám jawınger háreketleniwi, bunnan tısqarı, taktikalıq desanttıń aldıńģı toparında háreketleniwi múmkin.

Qaģıydaģa muwapıq, motoatqısh topar 200 metr frontda hújimge ótedi, motoatqısh sekciya bolsa piyada tártipte front boyınsha 50 metr aralıqta háreketlenedi. Motoatqısh toparģa hújimde hújim etiw obyekti hám sońınan hújim uyımlastırıw baģdarı kórsetiledi. Radio arqalı jawıngerlik wazıypa berilgende, toparģa sońınan hújim uyımlastırıw baģdarı kórsetiliwi múmkin.

Motoatqısh toparınıń hújim obyekti bolıp, ádette, okoptaģı yamasa basqa tayanısh punktiniń bekinis qurılmalarındaģı dushpan hám hújim baģdarında jaylasqan tankler, top hám pushkalar, pulemyotlar hám basqa oq atıw quralları esaplanadı. Hújim jawıngerlik tártiptegi motoatqıshlar bólimleriniń tankler, piyadalardıń jawıngerlik mashinaları (bronetransportyorları) tez oq atıwı menen birgeliktegi kúshli hám toqtawsız háreketinde, dushpan menen jaqınlasqanda bolsa, onı joq etiw maqsetinde basqa qural túrlerinen atıp, háreketleniwinde kórinedi.

Motoatqısh toparınıń jeke quramı piyada halatına ótkende, piyadalardıń jawıngerlik mashinalarında (bronetransportyorlarda) nıshanģa alıwshı — operatorlar (bronetransportyor pulemiyotshıları) hám mexanik — shofyor (shofyor)lar qalıp, olar jawıngerlik mashinalarınıń qural-jaraqlarınan oq atıp, sawashta óz bólimlerin qollap-quwatlaydı.

Tawlı jerlerdegi hújimde júriw qıyın uchastkalarında motoatqısh topar vzvodtan ajıralıp, óz betinshe háreketlenedi, sekciya bolsa, qaģıydaģa qarap, topar quramında boladı. Motoatqısh topar (sekciya), ádette, piyada tártipte háreketlenedi.

Shól jerlerdegi hújimde topar (sekciya) dushpan qorģanısındaģı aralıqlar hám ashıq qanatları ishkerisine kúshli túrde kirip barıwı hám tayanısh punktlerine arqa tárepten qatań hújim etiw ushın keń qollanıladı.

### *Qadaģalaw sorawları*

1. Dushpan menen júzbe-júz keliw jaģdayında hújimge ótiw tártibin túsindirip beriń.
2. Birden hújimge ótiw tártibin túsindirip beriń.
3. Piyada tártipte hújimge ótiw tártibin túsindirip beriń.

## *2-bap.* ORİNLARDA KARTASİZ ORIENTIR ALİW

### *2.1. Orında hár túrli sharayatlarda kartasız orientir alıwdıń ózine tán ózgeshelikleri*

Aymaqta kartasız orientir alıw zárúr áhmiyetke iye bolıp, ol tómendegilerden ibarat: gorizont tárepleriniń baǵdarların anıqlaw; átiraptı qorshap turǵan jergilikli predmetler hám relyef formalarına salıstırıp ózi turǵan orındı anıqlaw; háreket etiw ushın tańlanǵan yamasa kórsetilgen baǵdardı saqlaw. Jawıngerlik jaǵdaylarda orientir alıwda joqarıda atap ótilgenlerden basqa, óziniń hám dushpan armiyalarınıń jaylasıw jaǵdayı hám de baǵdarı anıqlanadı.

Topografiyalıq kartalar, aerofotosúwretler, jawınger hám komandir—shtab mashinalarına ornatılǵan navigaciya qurılmaları járdeminde aymaqta orientir alıwǵa boladı. Jawıngerlik jaǵdaylarda orientir alıwda tómendegi ápiwayı usıllarǵa tiykarlanadı: kompas boyınsha, aspandı jaqtılandırıwshıları hám jergilikli buyımlardıń belgileri arqalı. Usı ápiwayı usıllar menen orientir alınsa, olar gorizont táreplerin anıqlaw hám háreket baǵdarın saqlap turıwǵa járdem beredi.




*53-súwret.* Gorizont tárepleriniń jaylasıwı.

Orında hár túrli sharayatlarda kartasız orientir alıwdıń ózine tán ózgeshelikleri bar. Orientir alıw boyınsha bilimlerin jáne de bayıtıw maqsetinde shınıǵıwlardı ámeliy tárizde ótkeriw usınıs etiledi.

10-klasta ózlestirilgen maǵlıwmatlarǵa qosımsha túrde tómendegi usıllardıń birinde toqtap ótemiz.

*Gorizont (jiyek) tåreplerin dala sharayatında anıqlaw usılı.* Bunıń ushın kompastan paydalanıladı. 53-súwrette gorizont (jiyek) tárepleriniń dala sharayatındaǵı jaylasıwı kórsetilgen.

Gorizont tåreplerin kompas járdeminde (54-súwret) anıqlaw ushın ol gorizontal halatta uslap turıladı, tiliniń tormozı qoyıp jiberiledi hám kompas sonday etip qoyıladı, kompas shkalasınıń nol bólegi (SH) tiliniń arqa ushı qarsısında bolsın. Bul jaǵdayda Sh shkalasınıń bólegi (0°) arqa baǵdarın, SHQ (90°) — shıǵıs, Q (180°) — qubla, B(270°) — batıstı kórsetedi.

Aymaqta orientir alıw ulıwmalıq yamasa tolıq bolıwı múmkin.

Ózi turǵan orındaǵı háreketleniw baǵdarı hám baǵdarınıń aqırǵı punktine jetip barıw waqtın shamalap anıqlaw *ulıwmalıq orientir* alıw delinedi.

*Tolıq orientir alıw* ózi turǵan hám hár túrli obyektlerdiń jaylasqan orınları hám háreketleniw baǵdarın anıqlawda tolıq anıqlıqqa erisiw bolıp




*54-súwret.* Kompas járdeminde gorizont táreplerin anıqlaw.

tabıladı. Tolıq orientir alıw kartalar, aerofotosúwretler boyınsha hám navigaciya qurılmaları járdeminde ámelge asırıladı.

*Orientirlerdi tańlaw hám olardan paydalanıw.* Óziniń turǵan ornı, obyektler hám nıshanlardıń jaylasqan orınları hám de háreketleniw baǵdarın salıstırıp anıqlawda paydalanılatuǵın jergilikli predmetler hám de relyef formaları *orientirler* dep ataladı. Olar, ádette, forması, reńine qaray ajıraladı hám qorshap turǵan aymaqtı kózden ótkeriwde ańsat tanıladı (bilinedi).

Orientirlerdiń *maydanlı, sızıqlı* hám *noqatlı* túrleri bar.

Maydanlı orientirlerge xalıq punktleri, toǵaydıń óz aldına bólekleri, kóller, batpaqlıqlar hám basqa úlken maydanlı obyektler kiredi. Bunday orientirler aymaqtı úyreniwde ańsat tanıp alınadı hám este saqlanıp qaladı.

Sızıqlı orientirler onsha úlken bolmaǵan keńlikke iye, úlken uzınlıqtaǵı jergilikli predmetler de relyef túrleri bolıp, olarǵa jollar, dáryalar, kanallar, elektr jetkeriw sistemaları, tar páslikler hám basqalar kiredi. Qaǵıydaǵa muwapıq, olardan háreket baǵdarın saqlaw ushın paydalanıladı.

Noqatlı orientirlerge hár túrli formalardaǵı qurılıslar, zavod hám favrikalardıń trubaları, retranslatorlar, kópirler, jollardıń kesispeleri, karyerler, shuqırlar hám onsha úlken maydandı iyelemeytuǵın basqa jergilikli predmetler hám de refyef formaları kiredi.

Aymaqta isenimli orientir alıwdı támiyinlew kópshilik tárepten durıs orientir tańlawǵa da baylanıslı. Kúndizgi háreketleniw baǵdarın saqlaw ushın uzaqtan ańsat tanılatuǵın orientirler tańlanadı, máselen, óz aldına kishi toǵaylar, minara formasındaǵı qurılıslar, terekler hám usılarǵa uqsas noqatlı orientirler. Háreketleniw barısında jańa orientirler tańlanıp barıladı. Kórinis sheklengen sharayatlarda háreket baǵdarın saqlaw ushın sızıqlı orientir tańlanadı.

Qıs máwsiminde óz aldına ajıralıp turıwshı qara reńli predmetlerdi orinetir ushın tańlaw lazım, sebebi qar qaplamınıń bolǵanlıǵı sebebpli relyef formalarınıń belgileri sezilmey qaladı.

Orientirlerdi tańlawda hár qıylı noqarlardan qaralıp, olardaǵı kórinisler de ózara jaylasqandaǵı ózgerislerdi esapqa alıw zárúr. Bul jaǵday, tiykarınan, tawlı aymaqlarǵa tán. Orientir sıpatında tańlanǵan predmetler

hám relyef formaları geyde taw jolları boylap háreketlenip baratırǵanda kózge kórinbewi múmkin.

Orientirler ilajı barınsha aldıńǵı tárepinen, birdey uzaqlıqta tańlanadı, bul nıshanlardıń jaylasqan ornın tez hám anıq kórsetiwge imkan jaratadı. Orientir ońnan shepke, sızıqlar boyınsha bolsa ózi turǵan orınnan dushpan tárepine qarap nomerlenedi. Hárbir orientirge onı este saqlaw ushın qolay, tán belgilerdi esapqa alıp, shártli atlar qoyıladı, máselen, biyiklik — «Tegis», kishi toǵay — «Uzın», «Sarı tik jarlıq». Baslıq tárepinen tayınlanǵan orientirlardıń nomerleri hám atları ózgertilmeydi.

### *2.2. Quyashqa salıstırǵanda predmetlerdiń jaylasıwına qarap gorizont tárеplerin anıqlaw*

Bunda predmetler quyashqa salıstırǵanda tómendegishe jaylasadı:

— kópshilik terekler qabıǵı arqa tárepte qalıńıraq, qubla tárepte juqa hám elastik (aq qayıńda appaǵıraq) boladı;

— qaraǵayda ekilemshi qabıq (toyǵın qońır reń, jarılǵan) arqa tárepte denesi boylap joqarıǵa kóteriledi;

— terekler, taslar, aǵash hám cherepicalı shifrlardıń arqa tárepi lishaynik hám zamarrıqlar menen erterek hám kóbirek qaplanadı;

— iyne japıraqlı terek túrlerinde jelim arqa tárepte kóbirek jıynaladı;

— qumırsqa uyaları terek, doǵalaq hám bultlardıń qubla tárepinde jaylasadı, bunnan basqa, qumırsqa uyalarınıń qublası tegislew boladı.

— rezavor miywe (qulpınay, ejevika hám usı sıyaqlılar) hám aǵash miyweleri qubla tárepte tez jetiledi;

— jazda úlken taslar qurılmalar, aǵashlar hám putalar aldındaǵı jer qubla tárepte qurǵaǵıraq boladı (bunı qol menen uslap anıqlaw múmkin), qar qubla janbawırlarda tez eriydi, eriw nátiyjesinde qardıń qubla tárepinde gertikler payda boladı, tawlarda emen qubla janbawırlarında tez ósedi.

Gorizont táreplerin jergilikli predmetler járdeminde anıqlaw shamalıq nátiyjeler beredi, sol sebepli birinshi imkaniyatta-aq gorizont táreplerin anıqlawdıń durıs usılınan paydalanıw kerek.

Áskeriy bólimlerde kartasız orientir alıwdan keyin áskeriy xızmetshilerge topografiyalıq hám taktikalıq orientir alıw úyretiledi.

Topografiyalıq orientir alıw ótkeriliw waqtı, gorizont táreplerin, turǵan jer noqatın, jerdi qorshap turǵan obyektler jaǵdayın anıqlawdı óz ishine aladı.

Topografiyalıq orientir alıw, dáslep, qaysı bir predmet boyınsha arqaǵa baǵdarın hám ózine eń jaqın hám de jaqsı kórinip turatuǵın orientirge salıstırıp jerdiń jaǵdayın kórsetedi.

Sonday-aq, topografiyalıq orientir alıwda jerdiń kerekli orientirleri hám basqa obyektleri, olarǵa baǵdar hám olarǵa shekem bolǵan shama menen aralıq kórsetiledi. Orientirge baǵdar turǵan ornına salıstırǵanda (tuwrıda, ońda, shepte) yaki gorizont tárepleri boyınsha kórsetiledi. Obyektler atı hám olarǵa shekemgi bolǵan aralıq karta arqalı anıqlanadı.

Taktikalıq orientir alıw dushpan armiyaları, óz bólimsheleri jaylasıwın kórsetiw hám háreket xarakterin anıqlawdan ibarat.

Taktikalıq orientir alıwdan aldın baslanǵısh kórsetkishlerdi dıqqat penen tayarlaw kerek.

Razvedkashı baqlaw postında orientir alıwdı qansha puqta tayarlasa, jawıngerlik wazıypasın orınlawda nıshan kórsetiw sonsha ańsat hám tez ámelge asırıladı.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Aymaqta kartasız orientir alıw nelerden ibarat?
2. Orientirlerdiń qanday túrleri bar?
3. Gorizont (jiyek) tárepleri kompas járdeminde qalay anıqalanadı?
4. Quyashqa salıstırǵanda predmetlerdiń jaylasıwına qarap gorizont táreplerin anıqlaw usılların aytıń.
5. Topografiyalıq hám taktikalıq orientir alıw bir-birinen nesi menen ajıraladı?

## ORNÍNDA TURÍP QOZǴALMAYTUǴÍN HÁM DE PAYDA BOLÍWSHÍ NÍSHANLARǴA ATÍW

Atıw tayarlıǵı sabaqlarında, dáslep, quraldıń imkaniyatları úyreniledi. Nıshanǵa alıw hám atıw qaǵıydaları úyrenip shıǵıladı. Nıshanlar, óz náwbetinde, qozǵalmaytuǵın hám payda bolıwshı nıshanlarǵa ajıratıladı.

Qozǵalmaytuǵın nıshanlar — bir orında jaylasqan hám sawash maydanında ornın almastırmaytuǵın nıshanlar, oqıw ámeliyatı waqtında (sheńberli) aylanbalı nıshanlar, tirler hám trenajyorlardan paydalanıladı. Payda bolıwshı nıshanlar kóbinese atıw tayarlıǵı sabaqlarında shınıǵıwlarǵa kirgiziledi.

*Ornında turıp qozǵalmaytuǵın nıshanlarǵa kúndiz oq atıw. Baslanǵısh atıw shınıǵıwın avtomatta (pnevmatikalıq quralda, atıw trenajyorında yamasa dala sharayatında) orınlaw*

**Nıshanlar:** kókirek formasında dóńgelekler menen (4-nıshan 0,75×0,75 m li taxtada jaylastırıladı)— háreketsiz; taxta jer betinde orna-




*55-súwret.* Oq atıw sızıǵı.

tıladı (aralıqsız); hújimge ótiwshi (qarsı hújimge ótiwshi) piyada — boylı forma (8-nıshan), sheklenbegen waqıtqa payda boladı.

**Nıshanlarǵa shekem bolǵan aralıq:** kókirek formasına shekem—100 m; hújimge ótiwshi (qarsı hújimge ótiwshi) piyadasına shekem — 200 m.

**Patronlar sanı:**

— avtomat ushın — 9 dana; karabin, 1891/30 j. Úlgidegi mıltıq ushın — 5 dana, bulardan úshewi dóńgelek kókirek formasına atıw ushın.

**Atıw ushın waqıt:** sheklenbegen.

**Atıw halatı:** jatıp tirkegish penen.

**Baha:** eki nıshandı joq etiw «ayrıqsha» — 25 oshko; «jaqsı»—20 ochko; «qanaatlandırarlı» — 15 ochko.

*Hawa mıltıǵınan tirde shınıǵıw orınlaw*

**Nıshan:** dóńgelek aylanbalı (56-súwret).
**Nıshanǵa shekem bolǵan aralıq:** 10 m
**Oqlar muǵdarı:** 5
**Atıw ushın waqıt:** sheklenbegen
**Atıw halatı:** turıp tirkegish penen
**Baha:** «ayrıqsha» — 45 ochko; «jaqsı» — 40 ochko; «qanaatlandırarlı» — 30 ochko.



*56-súwret. Dóńgelek nıshan.*

***Qadaǵalaw sorawları***

1. Nıshanlar qanday túrlerge bólinedi?

2. Ornında turıp qorǵalmaytuǵın nıshanlarǵa kúndiz atıw hám hawa mıltıǵında tirde shınıǵıw orınlaw ushın neshe patron ajıratıladı?

## AVTOMAT HÁM MERGENLIK MÍLTIǴÍ MENEN «SAWASHQA» KOMANDASİN ORİNLAW

**«Sawashqa» komandasın turǵan halda orınlaw**
(ońtárepten kórinisi)





**«Sawashqa» komandasın dizede orınlaw**
(oń tárepten kórinisi)



**«Sawashqa» komandasın jatqan halda orınlaw**
(oń tárepten kórinisi)



**«Sawashqa» komandasın jatqan halda orınlaw**
(oń tárepten kórinisi)

## PISTOLET, GRANATOMYOT HÁM KALASHNIKOV PULEMYOTİ MENEN «SAWASHQA» KOMANDASİN ORÍNLAW



**«Sawashqa» komandasın jatqan halda orınlaw**
(shep tárepten kórinisi)



**«Sawashqa» komandasın jatqan halda orınlaw**
(oń tárepten kórinisi)



**«Sawashqa» komandasın turǵan halda orınlaw**
(shep tárepten kórinisi)



**«Sawashqa» komandasın turǵan halda orınlaw**
(oń tárepten kórinisi)

*57-súwret.* Hár túrli qurallar menen «SAWASHQA» komandasın orınlaw.

# *VI BÓLIM.* ÁMELIY ÁSKERIY FIZIKALÍQ TAYARLÍQ

## *1-bap.* ULÍWMA FIZIKALÍQ TAYARLÍQ

### *1.1. Ekinshi erkin shınıǵıw kompleksi*

Ekinshi erkin shınıǵıw kompleksi adamnıń barlıq topar aǵzaları jumıs iskerligin jolǵa qoyıw maqsetinde on altı esapta orınlanadı:



**Dáslep jaǵday** — qáddin tiklep turıw.



**Bir** — qollar tegis, shıǵanaqlar búgilmegen jaǵdayda artqa, alaqanlar ashılıp barmaqlar arqaǵa baǵdarlanadı.



**Eki** — qollardı joqarıǵa kóterip, alaqanlar ashılǵan jaǵdayda bir-birine qaratıladı, barmaqlar birikken, dene joqarıǵa qarap tartıladı.



**Úsh** — qollar shıǵanaqtan búgilip, barmaq ushları menen iyinge qoyıladı, shıǵanaqlar denege jaqınlastırıladı, kókirek quwıslıǵı jayıladı.



**Tórt** — shep qaptalǵa keń qádem taslap shep ayaq dizeden búgiledi hám dene awırlıǵı shep ayaqqa túsedi, qollar eki qaptalǵa iyin qáddinde jerge parallel jaǵdayda kóterilip, alaqanlar ashıq halda jerge qaratıladı, bastı shepke burıp kóz shep qol ushına taslanadı.



**Bes** — qollar shıǵanaqtan búgilip, barmaq ushları menen iyinge qoyıladı, shıǵanaqlar denege jaqınlastırıladı, kókirek quwıslıǵı jayıladı.



**Altı** — oń qaptalǵa keń qádem taslap oń ayaq dizeden búgiledi hám dene awırlıǵı oń ayaqqa túsedi, qollar eki qaptalǵa iyin qáddinde jerge parallel halatta kóterilip, alaqanlar ashıq halda jerge qaratıladı, bastı ońǵa burıp kózi oń qol ushına taslanadı.



**Jeti** — qollar shıǵanaqtan búgilip, barmaq ushları menen iyinge qoyıladı, shıǵanaqlar denege jaqınlastırıladı, kókirek quwıslıǵı jayıladı.



**Segiz** — sekirip ayaqlar keń ashılıp, qollardı joqarıǵa kóterip bastan joqarıǵa alaqanlar birigedi.



**Toǵız** — dene belden búgilip, birikken qollar joqarıdan tómenge birge túsiriledi, sonda qollar ayaqlar arasına ótkeriledi, bas tómenge qaratıladı.



**On** — dene kóterilip shep qaptalǵa burıladı, qollar eki qaptalǵa iyin qáddinen kóterilip, alaqanlar mush halına keltiriledi, bas dene menen shepke burıladı.



**On bir** — dene belden búgilip, qollar qaptaldan birikken halda tómenge birge túsiriledi, sonda qollar ayaqlar arasına ótkeriledi, bas tómenge qaratıladı.



**On eki** — dene kóterilip oń qaptalǵa burıladı, qollar eki qaptalǵa iyin qáddinen kóterilip, alaqanlar mush halına keltiriledi, bas dene menen ońǵa burıladı.



**On úsh** — dene belden búgilip, qollar qaptaldan birikken halda tómenge birge túsiriledi, sonda qollar ayaqlar arasına ótkeriledi, bas tómenge qaratıladı.



**On tórt** — dene tuwrılanıp, shep ayaq tabanı oń ayaq tabanı janına keltirilip, dizleri yarım otırǵan jaǵdayda búgiledi, qollar aldıǵa iyin qáddinen kóterilip, alaqanlar ashılıp bir-birine qaratıladı. Bas tuwrıǵa qaratıladı.





**On bes** — yarım otırǵan halattan biyikke sekirip qollar tóbege eki qaptalǵa ashıladı, alaqanlar ashılıp barmaqlar birlestiriledi, ayaqlar bolsa hawada iyin keńliginde ashılıp bel menen birge biraz artqa búgiledi, bas da artqa taslanıp kózler tóbege qaratıladı. Hawadan tómenge túsip atırǵanda dene tuwırılanıp, ayaqlar tabanları birlestirilip dizeler yarım otırǵan jaǵdayda búgiledi, qollar aldıǵa iyin qáddinde kóterilip, alaqanlar ashılıp bir-birine qaratıladı. Bas tuwırıǵa qaratıladı.



**On altı** — dáslepki jaǵday qabıl etiledi — qáddin tiklep turadı.

## *1.2. Kúsh shınıǵıwları kompleksi*



Uslap



Bir — dene aldıǵa búgiledi, qol ushları ayaq ushlarına uzatıladı.
Eki — dáslepki jaǵday qabıl etiledi.





Qollarǵa tayanıp jatıp, bir — qollar shıǵanaqtan búgiledi, eki — qollar tuwırılanadı, dene tegis jaǵdayda bolıwı shárt.

Usı shınıǵıwdı orınlaw ushın bir minut beriledi. 30 sekund — artqa jatıp deneni aldıǵa búgiw shınıǵıwına; 30 sekund — qollarǵa tayanıp jatıp qollardı shıǵanaqtan búgiw hám tuwırılaw shınıǵıwına. Orınlanǵan shınıǵıwlar sanı jámlenedi hám baha shıǵarıladı.

**Tastı siltep kóteriw shınıǵıwı** (58-súwret).

Tastıń awırlıǵı 16 kg. Turıw jaǵdayı — ayaqlar óz aldına, bir qol menen tas uslaǵıshınıń tóbesinen uslap, polǵa tiygizbegen jaǵdayda, izbe-iz tóbege kóteriw hám tómenge túsiriw, dáslep, bir qol menen, onnan soń dem almastan qol almastırıp — basqası menen. Tastıń tóbedegi jaǵdayı qol tuwırı bolıwı menen belgilendi, qollar almasıwı aldıǵa siltewde ámelge asırıladı. Tas tómenge túsirilgen jaǵdayda dem alıw, bas qol menen dene bólimlerine tiyiw qadaǵan etiledi.



*58-súwret.* Tastı siltep kóteriw shınıǵıwı.

## *1.3. Shaqqanlıq shınıǵıwları kompleksi*

**Aldıǵa domalaw shınıǵıwı** (59-súwret). Sapqa turıw jaǵdayı, tayanıp otırıw, bastı kókirekke iygen jaǵdayda, ayaqlar menen iyteriliw hám toparlanıp, aldıǵa domalap tayanıp otırıw jaǵdayına ótiwdi orınlaw, turıw.

**Artqa domalaw shınıǵıwı** (60-súwret). Sapqa jaǵdayı, tayanıp otırıw,



*59-súwret.* Aldıǵa domalaw shınıǵıwı.

basın kókirekke iygen jaǵdayda, toparlanıw jaǵdayın qabıl etip, artqa domalap, qollardı kúsh penen tuwırılaw, tayanıp otırıw jaǵdayına ótiw, turıw.



*60-súwret.* Artqa domalaw shınıǵıwı.

**Qaptal tárepke aylanıw shınıǵıwı** (61-súwret). Sapqa jaǵdayı, ayaq qádemi menen gewdeni iyiw, shep ayaqtı búkken jaǵdayda shep qoldı polǵa qoyıw, oń ayaqtı silkiw hám shep ayaqtıń túrtkisi menen, qollarǵa gezekpe-gezek tirengen jaǵdayda, qollarda turıp ótiw, ayaqlar jayılǵan jaǵdayda. Qollar menen gezekpe-gezek iyterilip hám ayaqlardı túsirip, turıw, ayaqlar ashılǵan. Qaptalǵa aylanıw eki tárepke de orınlanadı.



*61-súwret.* Qaptalǵa aylanıw shınıǵıwı.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Ekinshi erkin shınıǵıw kompleksin ámelde orınlaw.
2. Ulıwma fizikalıq tayarlıq shınıǵıwların ámeldegi normalarǵa muwapıq orınlań.
3. Shaqqanlıq shınıǵıwları kompleksin ámelde orınlaw.

# *2-bap.* BIRDEN-BIR TOSİQLAR QATARİNAN ÓTIW

## *2.1. Tosıqlar qatarı elementleri hám asırılıp ótiw tártibi menen tanısıw. Óz aldına tosıqlardan ótiw usılları hám olardı asırılıp ótiw shınıǵıwları. Tosıqlar qatarındaǵı tosıqlar kompleksinen tolıq ótiwdi úyreniw*



Transheyaǵa túsip, granata ılaqtırıwdı úyreniw.



Qudıqtan shıǵıwdı úyreniw.



Gerbishli diywaldan ótiwdi úyreniw.



Diywal tesiginen ótiwdi úyreniw.



Buzılǵan teksheden ótiwdi úyreniw.



Buzılǵan kópirden ótiwdi úyreniw.



Diywaldan asırılıp ótiwdi úyreniw.



Labirintten ótiwdi úyreniw.



Qándekten sekirip ótiwdi úyreniw.

## *2.2. Tosıqlar qatarındağı tosıqlar kompleksinen tolıq ótiwdi úyreniw. Iyelegen kónlikpelerdi jetilistiriw*

Birden-bir tosıqlar qatarında tómendegi shınıǵıwlar orınlanadı: aralıq 200 metr.

Baslanǵısh jaǵday — tosıqlar qatarınıń aldındağı sızıqqa jatıw.

«Alǵa!» komandası berilgende:

1. Sekirip 20 metr juwırıladı hám 2,5 metr keńliktegi shuqırdan sekiriledi.
2. Labirint qatarı arasınan juwırıp ótiledi.
3. Qálegen usılda 2 metr diywaldan asırılıp ótiledi.
4. Vertikal záńgi arqalı buzılǵan kópirdiń ekinshi bólimine shıǵıladı. Balkadan juwırıp, aqırınan jerge sekirip túsiledi.
5. Buzılǵan teksheniń úshinshi tekshesinen asırılıp ótiledi, lekin, ádette, ayaq jerge tiyiw shárti menen tórtinshi teksheniń astınan ótiledi.
6. Diywaldıń terezesinen ótiledi.
7. Okopqa shekem juwırıp barıladı. Oǵan sekirip túsiledi hám baylanıs jolı arqalı qudıqqa shekem barıladı.
8. Jerden granatanı alıp, diywaldağı terezelerdiń qálegen birine yamasa diywal artındağı 2,5 metrlik maydanshaǵa ılaqtırıladı. Bunda 3 granataǵa shekem ılaqtırıwǵa ruqsat beriledi. Granatalardıń salmaǵı 600 gr.
9. Qudıqtan sekirip shıǵıp, diywaldan sekirip ótiledi.
10. Qıya záńgi arqalı buzılǵan teksheniń tórtinshi tekshesine shıǵıladı hám teksheden-tekshege juwırıp túsiledi.
11. Vertikal záńgi arqalı buzılǵan kópirdiń balkası ústine shıǵıp, onıń ústinen juwırıp, úzilgen jerinen sekirip ótiledi hám qıya taxta arqalı tómenge juwırıp túsiledi.
12. Eki metrlik keńliktegi shuqırdan sekirip ótiledi, qatarǵa shekem ótip alıp, tosıqlar qatarınıń baslanǵısh sızıǵın kesip ótedi.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Birden-bir tosıqlar qatarınan ótiwdi ámelde orınlań.
2. Tosıqlar qatarındağı tosıqlar kompleksinen ótkende qanday shınıǵıwlar orınlanadı?
3. Tosıqlar kompleksinen ótiwde iyelegen kónlikpelerińizdi jetilistiriń.

# *VII BÓLIM.* MEDICINALÍQ BÓLIM TIYKARLARÍ

## *1-bap.* TÍNÍSHLÍQ WAQTÍNDA ARMIYALARDÍŃ MEDICINALÍQ TÁMIYNATÍN SHÓLKEMLESTIRIW TIYKARLARÍ

### *1.1. Tınıshlıq dáwirinde áskeriy bólim medicinalıq punktiniń jumısı*

Armiyalardıń jawıngerlik qábileti hám tayar dárejesine tásir kórsetiwshi jeke quramı densawlıǵın saqlaw, bekkemlew hám de tiklewge qaratılǵan shara-ilajlar kompleksi, tınıshlıq dáwirinde armiyalar medicinalıq támiynattıń tiykarǵı mazmunı bolıp esaplanadı. Usı shara-ilajlar kompleksiniń tiykarǵı bólimleri tómendegilerden ibarat.

— jeke quramnıń jawıngerlik hám fizikalıq tayarlıǵın támiyinlewde emlew-profilaktika shara-ilajları, olardıń densawlıǵı ústinen medicinalıq baqlaw, áskeriy xızmetshilerge óz waqtında belgilengen kólemde medicinalıq járdem kórsetiw, tekseriw hám de emlew.

— armiyanıń awqatlanıw, suw menen támiyinleniwi, áskeriy miynet, turmıslıq tárizi hám kúndelikli xızmet kórsetiw ústinen gigienalıq normalar, sanitariyalıq qaǵıydalarǵa ámel etiw ústinen medicinalıq baqlaw alıp barıw;

— jeke quramı arasında juqpalı kesellikler tarqalıwınıń aldın alıw hám joq etiw ilajları;

— jeke quramınıń áskeriy-medicinalıq tayarlıǵı hám gigienalıq tárbiyası;

— armiyalardıń medicinalıq ánjamlar menen támiyinleniwi, medicinalıq esapqa alıw hám medicinalıq esabattı shólkemlestiriw.

Áskeriy bólim medicinalıq punkti emlew profilaktikalıq jumıslarınıń ótkeriliwinde oray esaplanadı. Áskeriy bólim medicinalıq punktine tómen-degi wazıypalar kiredi:

— jeke quramı densawlıǵın saqlaw, bekkemlew hám onı tiklewge qaratılǵan ilimiy jaqtan tiykarlanǵan profilaktika, emlew-diagnoz shara-ilajların shólkemlestiriw hám de ótkeriw;

— áskeriy xızmetshilerge ambulatoriyalıq, stacionarlıq medicinalıq járdem kórsetiw, óz aldına hám jabıq garnizonlarda áskerlerdiń shańaraq aǵzalarına, jumısshı hám de xızmetshilerge medicinalıq járdem kórsetiw;

— mútáj bolǵanlardıń bárine tez medicinalıq járdem kórsetiw;

— medicinalıq punkti jeke quramı, sanitariya-gigiena hám epidemiyaǵa qarsı shara-ilajlar ótkeriliwin ámelge asırıw;

— jeke quramı jawıngerlik tayarlıǵın asırıw, xojalıq xızmeti hám áskeriy bólimde ótkeriletuǵın basqa shara-ilajlardıń medicinalıq támiyinlewde qatnasıw;

— brigada bólimsheleri kerekli medicinalıq ánjamlar menen támiyinlew;

— jeke quramınıń áskeriy medicinalıq tayarlıǵı, gigienalıq tárbiya jumısların ótkeriwde qatnasıw wazıypaları júklengen.

Áskeriy bólim medicinalıq punktiniń shólkemlestiriwshilik shtatı hár túrli bolıwı múmkin. Medicinalıq punktinde: medicinalıq punkti baslıǵı, eki shıpaker, shıpaker-stomotolog, eki sanitariya drujinası, dárixana baslıǵı, aspaz, úlken aydawshı-radiotelefonshı, aydawshı-eletromexanik hám aydawshı-sanitar bar.

Áskeriy bólim medicina punktiniń tiykarǵı bólimsheleri bolıp, oǵan ambulatoriya, dárixana hám lazaret kiredi.

*Medicinalıq punktiniń ambulatoriyası* — jeke quram nawqaslanıp qalǵanda, záhárlengende, zıyanlanǵanda qabıl etiw, tez medicinalıq járdem kórsetiw, ambulatoriyalıq emlew kórsetiliwine mútáj bolǵan jeke quramdı emlew, medicinalıq kórik hám tekseriwden ótkeriw profilaktikalıq emlew hám de sanitariyalıq-aǵartıwshılıq jumısların alıp barıw ushın arnalǵan.

*Medicinalıq punkti dárixanasında* eki assistent bólmesi, materiallıq zatlardı saqlaw, juwıw bólmesi, sterilizaciya ótkeriw, dezinfekciyalawshı zatlardı saqlaw bólmeleri úskenelenedi.

*Medicinalıq punkti lazareti (stacionarlıq)* — emleniw waqtı 14—15 kúnnen aspaytuǵın, jatıp emleniwge mútáj nawqaslardı tekseriw hám emlewge; medicinalıq járdem kórsetilgennen keyin áskeriy gospitalda emleniw ushın jiberiletuǵın nawqaslardı waqtınsha jaylastırıwǵa; juqpalı kesellikler menen kesellengenlerdi yaki oǵan gúman etilip atırǵan nawqaslardı áskeriy gospitalǵa evakuaciya etilgenge shekem, waqtınsha jaylastırıwǵa; transport bap emes nawqaslardı áskeriy gospitalǵa jiberiwden aldın hal-jaǵdayı qanaatlandırarlı bolǵanǵa shekem stacionarlıq emlew jumısları ótkeriliwge; densawlıǵı tómenligi ushın áskeriy xızmetke ılayıq emes dep tabılǵan áskeriy xızmetshilerdiń shaqırılǵan qorǵanıw jumısları bólimlerine jibergenge shekem, waqıtsha islep turıwǵa arnalǵan.

*Lazaretda* qabıl etiw bólmesi sanitar propusknigi (vanna bólmesi) menen, nawqaslar ushın palatalar, náwbetshi bólmesi, shıpaker bólmesi, prosedura bólmesi, izolyator, asxana, nawqaslar ushın demalıw bólmesi, hájetxana, juwınıw bólmesi, nawqaslar kiyim-kensheklerin saqlaw ushın sklad, taza hám patas prostınya, pododiyalniklerdi óz aldına bólek saqlaw, gospital kiyim-kenshekleri, súlgiler, lazaret hám de ambulatoriya medicinalıq punkti zat-múliklerin saqlaw bólmeleri bolıwı kerek.

Áskeriy bólim medicinalıq punktinde nawqaslardı qabıl etiw tártibi ishki xızmet Ustavı menen belgilenedi.

## *1.2. Áskeriy gigiena tiykarları*

*Gigiena* — bul sırtqı ortalıqtıń hár túrli faktorları tásiri hám óndiris xızmetiniń adam organizimine tásir etiwin, adam ómiri hám de miynet sharayatın salamatlastırıwǵa baǵdarlanǵan ámeliy shara-ilajların úyretetuǵın pánniń baǵdarı bolıp tabıladı.

Gigiena óz ishine birqansha ǵárezsiz baǵdarlardı, yaǵnıy jámiyetlik gigiena, áskeriy gigiena, miynet gigienası, awqatlanıw gigienası, suw támiynatı gigienası hám basqalardı óz ishine aladı.

*Áskeriy gigiena baǵdarınıń tiykarǵı wazıypası* — áskeriy xızmetshilerdiń densawlıǵına sırtqı ortalıq hám áskeriy miynettiń ózgeshelikleri tásirin úyreniw hám de zıyanlı faktorlar tásirin joq etiw yamasa tásirin kemey-tiwge qaratılǵan shara-ilajların islep shıǵarıw bolıp tabıladı. Áskeriy gigienanıń tiykarǵı wazıypası tınıshlıq hám urıs dáwirinde jeke gigienasınıń densawlıǵın bekkemlew hám saqlaw bolıp esaplanadı.

### Jeke gigiena

*Jeke gigiena* — jeke quram densawlıǵın saqlaw hám bekkemlewge, jawıngerlik hám miynet iskerligin joqarı dárejede uslap turıwǵa qaratılǵan gigienalıq qaǵıydalar toplamı bolıp tabıladı. Jeke gigiena óz ishine dene, awız boslıǵı, kiyim-kenshek, ayaq kiyim, miynet hám jumıs iskerligi intizamı hám de densawlıq ushın zıyanlı ádetlerdi joq etiwdi áz ishine aladı.

*Dene kútimi.* Jeke gigiena qaǵıydaları: azanda juwınıw hám tislerdi juwıw, deneni bel bólimine shekem muzday suw menen sıpırıwdı; hárbir awqat qabıl etiwden aldın qoldı juwıwdı; uyqıǵa ketiwden aldın

tislerdi tazalaw hám ayaqlardı juwıwdı; óz waqtında shash saqal hám tırnaqlardı alıwdı turaqlı túrde ishki kiyim hám jatatuǵın prostınya, pododiyalniklerdi almastırıp, hammomda shomılıwdı; noski (shulıq)lerdi juwıwdı; kiyim-kenshek hám ayaq kiyimlerdi hám de jatatuǵın ornın taza saqlawdı kózde tutadı.

*Teri kútimi.* Terini sırtqı pataslanıw, terlew, may basıwı, teriniń múyiz tárizli kletkalarınan hám mikroogranizmler tásirinen saqlaw ushın turaqlı túrde juwıp turıw kerek. Tırnaqlar astında kir toplanbawı ushın olardı jaqsılap juwıw hám hár hápte alıp turıw kerek. Terini kishi jaraqatlardan saqlaw kerek, sebebi olar mikroogranizmler túsiwin ańsatlastıradı. Bunıń ushın arnawlı kiyim, qorǵawshı pastalar hám arnawlı juwıw zatlarınan paydalanıw kerek. Kishi jaraqatlardı 5% yod eritpesi; 2% brilliant jasılın yamasa antiseptikalıq zatlar menen tazalaw zárúr.

Taza hawa, quyash nurı, shomılıw hám basqa fizikalıq shınıǵıwlar terige jaqsı tásir kórsetedi, bul bolsa teriniń sırtqı tásirge bolǵan shıdamlılıǵın arttıradı.

*Shashtıń kútimi.* Shashlardıń tazalıǵın saqlaw ushın olardı háptede bir márteden az emes, juwıw zatları (shampun) menen juwıw zárúr, maylı shashlardı bolsa tez-tez juwıw kerek. Juwınǵannan keyin shashlardı súlgi menen keptiriledi hám taraq penen taraladı.

Barlıq áskeriy xızmetshiler shashların kelte hám bir túste alıp júriwleri kerek. Bet terisin óz waqtında kútip qaraw ushın, kúndelikli saqal alıp turılıwı kerek. Saqal alıw ánjamları, elektr britvaların taza saqlaw kerek.

*Tistiń kútimi.* Awırıw tisler bolsa ishki keselliklerge sebep boladı. Tislerdi kúnine 2 máhál—azanda hám keshte uyqıdan aldın juwıw kerek. Tis shyotkası jeke bolıwı hám arnawlı ıdıslarda saqlanıwı kerek. Qattı zatlardı (ǵoza, shańǵalaq, sımlardı) tisler menen tislew zıyanlı bolıp tabıladı. Hár waqıt awqattan soń awızdı shayıw kerek, bolmasa awız boslıǵında, tisler arasında qalıp qoyǵan awqat qaldıqları tistiń emalınıń buzılıwına, tiste taslardıń payda bolıwına alıp keledi. Tisler emlenbese kesellik tistiń ishine ótip ketedi.

*Ayaq kútimi.* Áskeriy xızmetshiniń densawlıǵı hám jawıngerlik ózgesheligin saqlawda ayaqlardıń tazalıǵına áhmiyet beriw hám olardı tuwrı kútip qaraw úlken áhmiyetke iye bolıp tabıladı.

Mexanikalıq basım aqıbetinde tuwrı tańlanbaǵan ayaq kiyim hám ólshemi tuwrı tańlanbaǵan noskiyler ayaq terisiniń qırshılıwına alıp keledi. Bunday jaǵday arnawlı emlewdi talap etedi.

Ayaq terisindegi zamarrıqlı (griboklı) kesellikler monshalar, dush xanaları, sport zalları hám ózgelerdiń ayaq kiyimin kiyiw arqalı juǵadı. Ayaq terisiniń keselleniwi jeke gigienaǵa ámel etpew aqıbeti bolıp tabıladı. Uyqı aldınan ayaqlardı juwıw hám súlgi menen jaqsılap sıpırıw kerek. Dem alıw waqıtlarında botinka (etikler)nı tapochkaǵa almastırıw maqsetke muwapıq. Jalań ayaq júriw arqalı ayaq terisin shınıqtırıw kerek. Ayaǵı kóp terleytuǵın shaxslar, ásirese, ayaqlarına úlken áhmiyet beriwleri kerek. Olar shulıqların tez-tez juwıp turıwı kerek.

## Áskeriy turaq jay gigienası

Hárbir vzvodtı jaylastırıw ushın jataqxana (kazarma) da tómendegi bólmeler bolıwı zárúr: jataqxana, dem alıw bólmesi vzvod keńsesi, qural-jaraq saqlaw bólmesi, qural-jaraq tazalaw bólmesi, sport penen shuǵıllanıw bólmesi, áskeriy xızmetshiler hám vzvodtıń jeke buyımların saqlaw bólmesi, shegiw hám ayaq kiyim tazalaw ornı, kiyimler hám ayaq kiyim keptiriw bólmesi, juwınıw bólmeleri, dush hám hájetxanalar bolıwı kerek.

Hayal áskeriy xızmetshiler ushın óz aldına jataqxanalar yaki bólmeler ajıratıladı. Olar ushın da shınıǵıwlarǵa tayarlanıw, dem alıw hám jıynalıslar ótkeriw ushın bólmeler hám de dush hám de hájjetxanalar kózde tutıladı.

Múddetli xızmettegi áskeriy xızmetshilerdi uyqılaw bólmelerinde jaylastırıw bir adamǵa keminde 12 $m^3$ kólemde hawa tuwrı keliwin esapqa alıp ótkeriledi. Bólmedegi ventilyaciyalıq ásbaplar barlıǵı bólmeni samallatıwǵa tosqınlıq etpeydi.

Juwınıw bólmesine hár 5—7 adamǵa 1 juwınıw úskenesi ornatıladı. Ayaq juwıw ushın 2 aǵın suwlı úskene hám kiyimlerdi juwıw ushın orın ajıratıladı. Hárbir vzvodqa 15—20 adamǵa mólsherlengen 1 dush úskenesi ornatıladı.

Hájetxanalar taza saqlanıwı, hár kúni dezinfekciya etiliwi, joqarı ventilyaciya hám jaqtılandırıw ásbaplarına iye bolıwı kerek.

Kiyim-kenshek, bas kiyimlerdi keptiriw bólmeleri temperaturası 30—50°C bolıwı, hárbir vzvodqa 15—18 $m^2$ bolǵan bólme ajıratılǵan bolıwı kerek.

*Jataqxananı samallatıw* náwbetshiler tárepinen orınlanadı. Jataqların jatıw aldınan yamasa azanda, klass bólmelerin shınıǵıwlardan aldın yamasa tánepis waqıtlarında samallatıladı.

*Bólmeni tazalaw jumısları.* Hawanıń tazalıǵı mikrob hám shańlardan saqlaydı. Usı maqsette hár kúni bólmeni ıǵal shúberek penen tazalap turıladı. Bir haptede bir márte ulıwma tazalaw jumısları —pollardı juwıw, esik, aynalardı ashıp samallatıw, kórpe-tóseklerin ashıq hawada keptiriw jumısları orınlanadı. Medicinalıq kórsetpege muwapıq bólmeni ıǵal xlorlı eritpe menen tazalaw usınıs etiledi.

## Awqatlanıw gigienası

Awqatlanıw densawlıqtı saqlaw hám onı bekkemlew, armiyalar jawıngerlik qábiletin uslap turıwdıń tiykarǵı faktorlarınan biri bolıp tabıladı. Awqatlanıw armiyada áskeriy xızmetshiniń fiziologiyalıq zárúrligin racion boyınsha támiyinleydi, bul bolsa birqansha sińiwshi zatlar toplamın anıqlap beredi. Adam organizminde turaqlı túrde hár túrli zatlar qatnasında oksidleniw hám qayta tikleniw procesleri ótip turadı. Organizm tárepinen sarplanǵan barlıq kúshti qayta ornına keltiriw ushın organizmge hár túrli azıqlıq zatları: beloklar, maylar, uglevodlar, vitaminler, mineral duz hám suw jetkerip beriw shárti bolıp tabıladı.

*Beloklar* tirishilik deregi bolıp esaplanadı. Beloklardıń tiykarı bolıp haywan hám ósimliklerdiń azıqlıq zatları: gósh, balıq, máyek, sút, nan, jarma hám palız ónimleri bolıp esaplanadı. Adamlardıń belokqa bolǵan bir kúnlik talabı 80—100 g dı quraydı.

*Uglevodlar* kúshtiń tiykarı bolıp, azıq-awqattıń energetikalıq quwatınıń (50—60%) quraydı. Uglevodqa bolǵan kúndelikli talap 400—500 g. Uglevodlar ósimlik zatlarında qumshekerler kórinisinde boladı. Uglevodtıń deregi bolıp nan, kartoshka, palız ónimi hám jarmalar bolıp esaplanadı.

*Maylar* — kúshtiń tiykarǵı deregi bolıp tabıladı. Maydıń hárbir gramı organizmde belok yamasa uvlevodqa salıstırǵanda eki ese kóp quwattı beredi. Maylar awqat kólemin asırmay turıp, onıń tek energetikalıq qunın asırıw imkaniyatına iye. Maylar mayda eriwshi vitaminlerdiń (A, D, E) tiykarǵı deregi bolıp tabıladı. Mayǵa bolǵan kúndelikli talap 80—100 gdı quraydı (hárbir kg salmaǵına 0,7—1 g).

*Mineral zatlar (duzlar)* — hár túrli sistema hám aǵzalarǵa óz tásirin kórsetip turadı. Olar organizmde sintezlenbeydi, sonıń ushın olar awqat

quramınıń almastırılmaytuǵın bólimi bolıp esaplanadı. Kalciy, natriy, magniy, fosfor hám temir duzları organizm ushın úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Kalciy, fosfor, magniy duzları súyek sistemasınıń tiykarǵı quramlıq bólimi bolıp tabıladı. Fosfor nerv talshıqları quramına kiredi. Temir elementi bolsa qandaǵı gemoglobinniń quramlıq bólimi bolıp, kislorodtı toqımalarǵa jetkerip beredi. Natriy hám kalciy suw almasıwın basqarıp, kislotanıń tiykarǵı teń salmaqlıǵın uslap turadı. Mıs duzı qan islep shıǵarıw procesinde úlken áhmiyetke iye. Ftor elementi jetispewshiligi tislerdegi kariyec keselligi rawajlanıwına alıp keledi. Yod elementiniń jetispewshiligi nátiyjesinde endemik zov keselligi kelip shıǵadı. Gósh, balıq, sút, palız óniminen hám jarmalarda birqansha mineral zatlar bar.

Suw azıq-awqat ónimlerinde hár túrli muǵdarda boladı. Biraq, onıń belgili muǵdarı suwdı paydalanıw arqalı organizmge kiredi. Suw hárbir aǵza hám toqıma quramında boladı, sonlıqtan, ayırım bir toqımalarda onıń muǵdarı birqansha kóp boladı, qanda — 80% ti, bawırda, miy hám teride — 70% ti quraydı.

*Vitaminler* — biologiyalıq jaqtan hár túrli joqarı aktivlikke iye bolǵan organikalıq zatlar bolıp, ol zatlar almasıwı procesinde tiykarǵı orındı iyeleydi. Vitaminler ishki organizm ortalıǵın, onıń tiykarǵı sistemaları jumıs xızmetin jaqsılaydı, hár túrli juqpalı keselliklerge shıdamlılıq dárejesin asıradı. Vitaminler eki toparǵa bólinedi—mayda eriwshiler (A, D, E, K) hám suwda eriwshiler (B, C). Egerde organizmniń vitaminlerge bolǵan zárúrligi paydalanılatuǵın ónimlerde jeterli dárejede bolmasa (qıs máwsiminde, zorıǵıp miynet etiwde, kesellik waqtında), shıpaker kórsetpesine muwapıq hár túrli vitaminli preparatlar qabıl etiledi.

*Awqatlanıw rejimi* — densawlıqtı saqlaw hám organizmniń hár túrli jawıngerlik oqıw shınıǵıwlarına bolǵan shıdamlılıǵın asıradı. Óziniń energetikalıq quwatı boyınsha sutkalıq racionallıq normalıq támiynat tómendegishe bólistiriliwi múmkin: azanǵı shayǵa —30—35%, túslikke —40 — 45%, keshki awqatqa — 20 — 25%.

*Tayarlanǵan taǵam sıpatın qadaǵalaw.* Tayarlanǵan awqattı bólistiriwden aldın shıpaker (feldsher, sanitariya drujinashı) áskeriy bólim náwbetshi menen birgelikte taǵam sıpatı hám asxana sanitariyalıq jaǵdayın, asxana ıdısları hám de ásbap-ánjamlar tazalıǵın tekserip kóredi.

Shıpaker (feldsher, sanitariyalıq drujinashı) tekseriw nátiyjelerin «Tayarlanǵan taǵam sıpatın qadaǵalaw kitabi» na jazıp qoyadı.

*Dala sharayatında awqatlanıw ózgeshelikleri.* Dala sharayatında jeke quramnıń awqatlanıw rejimi orınlanatuǵın wazıypalardıń xarakterine baylanıslı boladı. Ádette, ıssı awqat kúnine 3 márte beriledi. Egerde 3 máhál ıssı awqat tayarlaw imkanı bolmasa, onda 2 márte ıssı awqat pisiriliwi támiyinlenedi. Bunday jaǵdaylarda eki máhál awqatlanıw aralıǵında qosımsha taǵam sıpatında nan hám góshli-ósimlik konservaları beriledi. Tayarlanǵan awqatlar bólimshelerdiń jeke quramına termoslarda da jetkeriliwi múmkin.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. Áskeriy bólimler medicinalıq támiynatınıń tiykarǵı baǵdarları qaysıları?
2. Tınıshlıq dáwirinde áskeriy-bólim medicinalıq punktine qanday wazıypa-lar júklenedi?
3. Medicinalıq punkttiń tiykarǵı bólimsheleri nelerden ibarat?
4. Áskeriy gigiena baǵdarınıń tiykarǵı wazıypası nelerden ibarat?
5. Jeke gigienaǵa neler kiredi?
6. Áskeriy turaq jay gigienasına táriyip beriń.
7. Awqatlanıw gigienasında nelerge itibar qaratıw kerek?

## *2-bap.* URÍS WAQTÍNDA ARMIYALARDÍŃ MEDICINALÍQ TÁMIYNATÍN SHÓLKEMLESTIRIW TIYKARLARÍ

Urıs waqtında armiyalardıń medicinalıq támiynatı áskeriy xızmetshilerdiń densawlıǵın saqlaw, armiyalardıń sanitariya-epidemiyalıq jaǵdayın kewildegidey uslap turıw, jaradar hám nawqaslarǵa óz waqtında medicinalıq járdem kórsetiw, olardı evakuaciya etiw hám emlew hám de jeke quramınıń jawıngerlik qábiletin (jumıs qábiletin) qısqa waqıt ishinde tiklewge qaratılǵan kompleks shara-ilajlardı ótkeriwge tiykarlanǵan.

Joqarıda kórsetilip ótilgen shara-ilajlardı orınlaw ushın, hárbir bólimshe, mákeme (áskeriy bólim) aldına anıq wazıypalar qoyıladı. Hárqanday jawıngerlik háreketlerdi alıp barıw dáwirinde jaralanıwdıń aqıbeti, dáslep, birinshi medicinalıq járdemniń kórsetiliwi waqtına hám onıń sıpatına baylanıslı.

Jaradarlardı sawash maydanınan alıp shıǵıp ketiw máselesin alsaq, ol jawıngerlik háreketler sharayatlarına baylanıslı bolmaǵan jaǵdayda, sutkanıń hárqanday waqıtlarında hám hawa rayınıń hárqanday sharayatlarında, úzliksiz túrde alıp barılıwı kerek.

## *2.1. Urıs waqtında bólimsheler hám áskeriy bólimlerde emlew-evakuaciya shara-ilajların ótkeriw tiykarları.*

Jawıngerlik háreketlerdi joqarı tezlikte, úzliksiz, kúni-túni, keń front boylap alıp barıw medicinalıq xızmet aldına bir qatar talaplardı qoydı. Bul talaplardı orınlaw, jawıngerlik háreketler alıp barıw waqtında bólimsheler hám áskeriy bólimlerdi medicinalıq támiyinlew máselelerin nátiyjeli sheshiwde úlken áhmiyetke iye bolǵan faktorlardan bolıp esaplanadı.

Jawıngerlik háreketler alıp barıw dawamında jeke quram arasında sezilerli dárejede hám hár túrli xarakterge iye bolǵan joǵaltıwlardıń júz beriwi kútiledi. Bunnan basqa, medicinalıq xızmet bólimshe hám bólimler medicinalıq quramınıń jaraqatlanıw qáwpi bárhá bolǵan sharayatlarda islewine tuwrı keledi. Sawash maydındaǵı jaradar hám nawqaslardıń qayta jaraqatlanıw qáwpi bárháma bar.

Joqarıda kórsetip ótilgen barlıq jawıngerlik, front artı hám medicinalıq jaǵday faktorları medicinalıq xızmet háreketiniń barlıq tarawında óziniń sheshiwshi tásirin ótkeredi. Usıǵan baylanıslı jaǵdayda jaradar hám nawqaslarǵa medicinalıq járdem kórsetiw, olardı emlewdi shólkemlestiriwdiń arnawlı sistemasına iye bolıw talap etiledi. Bunday sistema jaradar hám nawqaslardı evakuaciya basqıshlarında emlew sisteması dep ataladı.

Armiyalardı zamanagóy emlew-evakuaciyasın támiyinlew sistemasınıń áhmiyetin medicinalıq evakuaciya basqıshlarında jaradar hám nawqaslarǵa óz waqtında, izbe-iz hám úzliksiz túrde emlew shara-ilajların ámelge asırıw, jaǵdaydı hám anıq sharayatlardı esapqa alǵan halda jaradar hám nawqaslardı medicinalıq kórsetpelerge muwapıq, arnawlı emlew mákemelerine evakuaciya etiw menen birge alıp barıwdan ibarat.

Jollamaǵa baylanıslı jaradar hám nawqaslar medicinalıq evakuaciyası basqıshların emlewdiń zamangóy sisteması tiykarında óz ishine tómendegilerdi aladı:

— jaraqatlanǵan organizmde bolıp atırǵan patologiyalıq procesti birdey túsiniw;

— jaradarlardı emlew hám asqınıwlarınıń aldın alıwǵa birdey itibar beriw;

— medicinalıq evakuaciya basqıshlarında medicinalıq shara-ilajlardı óz waqtında, izbe-iz hám úzliksizligin saqlaǵan halda orınlaw.

Barlıq medicinalıq evakuaciya basqıshlarında medicinalıq hújjetlerdi durıs toltırıp barıw; kórsetiletuǵın medicinalıq járdem gezegi hám xarak-

terin anıqlaw ushın medicinalıq saralawın hám de keyingi basqıshlarǵa evakuaciya etiwdi durıs ámelge asırıwdı támiyinleydi

## *2.2. Medicinalıq járdem túrleri. Hárbir bólimde medicina punktiniń wazıypaları*

Zamanagóy emlew-evakuaciya shara-ilajları sistemasında jaradar hám nawqaslarǵa medicinalıq járdem bólimlerge ajıratılıp kórsetiliwi kózde tutıladı. Bunda, jaradar hám nawqaslarǵa medicinalıq járdem kórsetiw sawash maydanınan baslap izbe-iz túrde olardı evakuaciya etiwden, tap olar emleniw ornına jetkenge shekem alıp barılıwı qabıllanǵan.

Pútkil medicinalıq shara-ilajlar kompleksi óz aldına medicinalıq járdem túrlerine ajıratılǵan. Medicinalıq járdem túri dep, sawsh maydanlarında hám medicinalıq evakuaciya basqıshlarında armiyalardıń jeke quramı hám medicinalıq xızmet jeke quramı tárepinen jaraqatlanǵanlarǵa (jaradar hám nawqas bolǵanında) kórsetiletuǵın barlıq anıq belgilengen emlew-profilaktikalıq shara-ilajlar kompleksine aytıladı.

Armiyalardı emlew procesinde tóemdegi bes túrdegi medicinalıq járdem kórsetiliwi kózde tutıladı: birinshi medicinalıq járdem, shıpaker (feldsherlik) ge shekem bolǵan medicinalıq járdem, birinshi shıpaker járdemi, qánigeli medicinalıq járdem, qánigelestirilgen medicinalıq járdem.

*Birinshi medicinalıq járdem* jaraqat alǵan orınnıń ózinde (sawash maydanında, ǵalabalıq záhárleniw oshaǵında) sanitarlar hám sanitar drujinashıları tárepinen hám de jaraqat alǵan áskeriy xızmetshilerdiń ózine-ózi hám óz ara bir-birine kórsetiledi. Ǵalaba sanitar drujinashılar payda bolǵanda, jaraqatlanǵanlar birinshi medicinalıq járdemlerdi, tiykarınan ózine-ózi hám óz ara medicinalıq járdem kórsetiw menen ámelge asıradı. Bunnan basqa, qutqarıw jumısların ámelge asırıw ushın ajıratılǵan bólimshelerdiń jeke quramı tárepinen de járdem kórsetiledi.

*Shıpakerge shekem bolǵan medicinalıq járdem* áskeriy bólim medicinalıq punktiniń kúsh hám zatları járdeminde kórsetiledi. Bul quramǵa feldsher, sanitariya drujinası hám sanitarlar kiredi.

Shıpakerge shekem bolǵan medicinalıq járdem kórsetilgen birinshi medicinalıq járdem shara-ilajların toltırıp, jaradar hám nawqaslar ómirine qáwip salıp atırǵan jaraqat aqıbetleri menen gúresiw maqsetinde kórsetiledi.

Shıpakerlerge shekem bolǵan medicinalıq járdem kórsetiw ushın áskeriy bólim medicinalıq punkti tabelli úskeneleri hám jeke quramınıń medicinalıq zatları qollanıladı, bularǵa: sterillengen baylam materialları komplekti, armiyalar medicinalıq sumkaları, ókpeni jasalma ventilyaciya etiw ushın qollanılatuǵın ДГГ-10 markalı protativ qol apparatı, КИ-4 markalı kislorod ingalyatorı, dala feldsheriniń komplekti, sanitar nosilkalar hám sanitar avtomobili kiredi.

*Birinshi shıpaker járdemi* ulıwma qánigeli shıpaker tárepinen brigada medicinalıq punktinde hám medicinalıq otryadlarda kórsetiledi. Bunnan tiykarǵı maqset jaradar hám nawqaslar ómirine qáwip tuwdıratuǵın jaraqat (kesellik)ler aqıbetlerin joq etiw, awır belgiler (shok, jara infekciyası) payda bolıwınıń aldın alıw hám keyingi medicinalıq evakuaciya basqıshına tayarlaw bolıp tabıladı. Jaraqatlanıw alǵan waqıttan baslap birinshi shıpaker járdemin kórsetkenge shekem bolǵan eń optimal waqıt 4—5 saat bolıp esaplanadı.

*Qánigeli medicinalıq járdem* óz aldına medicinalıq otryadta shıpaker-xirurgler hám shıpaker-terapevtler (qánigeli xirurg yamasa qánigeli terapevt járdemi) tárepinen kórsetiledi. Kerek bolǵanda usı járdem áskeriy, dala gospitallarında da kórsetiledi.

Usı medicinalıq járdem kórsetiwden tiykarǵı maqset jaraqatlanıw hám keselleniwler nátiyjesinde payda bolǵan ómir ushın qáwipli awır aqıbet hám olardıń belgilerin (asfikciya, qattı tınıshsızlanıwlar, kollaps, ókpeninń isiniwi, ótkir búyrek jetispewshiligi hám basqalar) joq etiw bolıp tabıladı. Sonday-aq, rawajlanıwı múmkin bolǵan asqınıwlardıń aldın-alıw, jaradar hám nawqaslardı keyingi medicinalıq basqıshlarǵa evakuaciya etiw ushın ótkeriletuǵın shara-ilajlardı ótkeriw bolıp tabıladı. Jaraqat alǵannan baslap qánigeli medicinalıq járdem kórsetiwdiń eń optimal waqtı 8—12 saat bolıp esaplanadı.

*Qánigelestirilgen medicinalıq járdemdi* arnawlı emlew, diagnoz qoyıw úskeneleri menen támiyinlengen emlew orınlarınıń shıpaker qánigeleri ótkeredi.

Belgili bir topardaǵı jaradar hám nawqaslarǵa medicinalıq járdem kórsetiw ushın arnalǵan medicinalıq orınlardıń barlıǵı arqalı medicinalıq járdem qánigelestiriledi. Qánigelestirilgen medicinalıq járdemdi shólkemlestiriw ushın, medicinalıq otraydlar járdeminde anıq jollanba (kórsetpege)ǵa muwapıq evakuaciya etiw ámelge asırılǵan bolıwı kerek.

*Áskeriy bólim medicinalıq punkti jumısın shólkemelstiriw.* Hárbir áskeriy bólimde medicinalıq punkti shólkemlestiriledi. Medicinalıq punktiniń tiykarǵı wazıypaları sawash maydanında jaradarlardı izlep tabıw, jıynaw,

olardı sawash maydanınan, ǵalaba sanitar joǵaltıwlar oshaǵınan alıp shıǵıw (júklep alıp shıǵıw), batalyon bólimlerinde aktiv nawqaslardı anıqlaw, jaradar yaki nawqaslarǵa shıpakerge shekem bolǵan birinshi medicinalıq járdemdi kórsetiw, olardı keyingi basqıshqa evakuaciya etiw ushın tayarlaw, áskeriy bólimde sanitariya-gigiena, epidemiyaǵa qarsı, áskeriy bólim jeke quramın dushpannıń ǵalaba qırǵın qurallarınan qorǵaw shara-ilajların ótkeriw bolıp esaplanadı.

Medicinalıq punkti juwapkershiligine áskeriy bólimler jaylasqan aymaqlarda hám jawıngerlik háreketler alıp barılıp atırǵan orınlarda medicinalıq izlew alıp barıw, áskeriy bólim jeke quramın profilaktikalıq hám de birinshi medicinalıq járdem kórsetiw quralları menen, sanitariya drujinashılarına bolsa medicinalıq ánjamlar menen támiyinlew júklengen boladı.

Medicinalıq punkti jaradar hám nawqaslardı jıynaw, olarǵa tiyisli medicinalıq járdem kórsetiw hám evakuaciya etiw ushın tómendegiler menen támiyinlenedi: «Dala feldsherlik komplekti, armiyalar medicinalıq sumkası, Б-1 «Sterillengen baylam qurallar» komplekti, Б-2 «Shinalar» komplekti, ДП-10.02 markalı ókpeni jasalma ventilyaciya etiw ushın qollanılatuǵın qol protativ apparatı, КИ-4 kislorod ingalyatorı, basınan jaralanǵanlar ushın shlem-nıqabı, sanitar (lenta) hám de arnawlı Ш-4 lyamkası, sanitar nosilka hám basqalar.

Medicinalıq punktiniń barlıq medicinalıq quramı qızıl yarım ay súwreti túsirilgen baylaǵısh penen támiyinlenedi. Bunnan basqa, áskeriy bólim medicinalıq punkti úskenesinde sanitariya avtomobili hám baylanıs qurallarl bolıwı kerek.

Medicinalıq punkti baslıǵı áskeriy bólimde jaylasqan hám jawıngerlik háreketler alıp barıp atırǵan aymaqta medicinalıq izlew shólkemlestiriledi. Sonday-aq, jeke quram arasında epidemiyaǵa qarsı shara-ilajlar ótkerip, áskeriy bólim sanitariya-gigiena jaǵdayı ústinen qadaǵalap baradı. Medicinalıq punkti baslıǵı dushpan ǵalaba qırǵın qurallarn qollanıwı nátiyjesinde júzege kelgen aqıbetlerdi saplastırıw ushın áskeriy bólim medicinalıq punkti jeke quramın bárháma tayar jaǵdayda uslap turıwǵa juwap beredi.

Medicinalıq punkti baslıǵı jawıngerlik háreketler alıp barıw arasındaǵı dáwirinde áskeriy bólim jeke quramına birinshi medicinalıq járdem kórsetiw qaǵıydaları hám usılların úyretip, jaradarlardı jawıngerlik texnikalardan shıǵarıp alıw, jaradarlardı sawash maydanınan alıp shıǵıw,

jasırıw, medicinalıq járdem kórsetiw quralları, jeke aptechka hám de armiya aptechkasınan paydalanıwdı úyretedi.

*Vzvod sanitariya drujinasınıń wazıyapası.* Hárbir áskeriy bólim vzvodına sanitariya drujinası bolıwı kerek. Ol tikkeley vzvod komandirine, ishki xızmet tártibi boyınsha bolsa vzvod starshinasına boysınadı. Arnawlı máseleler boyınsha áskeriy bólim medicinalıq punkti baslığı kórsetpelerin orınlaydı.

Sanitariya drujinası jawıngerlik háreketler waqtında vzvodtıń jawıngerlik tártibinde háreket etedi. Vzvod sanitariya drujinası:

— vzvod aldına qoyılǵan wazıypanı, áskeriy bólim medicinalıq punkti ornı hám háreket etiw tártibin biliwi;

— sawash maydanında jaradar hám nawqaslardı izlep tabıwdı shólkemlestiriwi, ámelge asırıwı, birinshi medicinalıq járdem kórsetiwi, olardı bir jerge toplawı, jasırıw hám de orınlardı belgilewdi biliwi;

— jaradar hám nawqaslardı ekilemshi jaraqatlanıwdan qorǵaw ushın «jardarlar úylerinde» jasırıw sharaların kóriwi, qorǵanıw orınların shártli belgiler yamasa radiosignal úskeneler menen belgilew ushın kompleksli shara ilajlardı ámelge asırıwda jeke ózi qatnasıwı;

— sawash maydanınan alıp shıǵıp ketiwge mútáj bolǵan jaradar yaki nawqaslar sanı, usı maqsette qollanılıwı ushın kerek bolǵan kúsh hám de qurallar haqqında vzvod komandiri hám áskeriy bólim medicinalıq punkti baslıǵına bildiriwi.

— atqısh-sanitarlar tárepinen kórsetilgen birinshi medicinalıq járdem hám ózine-ózi, óz ara kórsetilgen járdemniń óz waqtında, sıpatlı kórsetilgenligin qadaǵalap barıwı;

— vzvod jeke quramı densawlıqtı saqlaw, orınlarda sanitariya-gigiena hám epidemiyalıq jaǵdaydı normada uslap turıw ústinen qadaǵalap barıwı;

— vzvod jeke tártibin dushpan ǵalaba qırǵın qurallarınan qorǵaw ushın sharalardı ámelge asırıwı kerek.

Sanitariya drujinası vzvod jeke quramı hám shtattan tısqarı atqısh-sanitarlardı jeke baylam paketleri (ППИ, ППУ), jeke ximiyaǵa qarsı paketler (ИПП-8, ИПП-9, ИПП-10), jeke apteshka (АИ-2), qandı toqtatıw ushın qollanılatuǵın rezinalı jgut, medicinalıq oramal hám de jeke flyajkadaǵı suwdı zıyansızlandırıwshı tabletkalar menen támiyinleydi.

Sanitariya drujinası tómendegi tabelli zatlar: sanitar lyamkası, tankishı bólimshelerinde arnawlı Ш-4 lyamkası (lenta), armiyanıń medicinalıq

sumkası (AMS), basınan jaralanǵanlar ushın ШР shlem-nıqabı, awızdan awızǵa usılı menen jasalma dem beriw ushın ТД-1 tútikshesi, sımlı shinalar, «jaradarlar uyası»n belgilew ushın arnawlı belgiler yamasa radiopelengaciyalıq komplekt, túnde kóretuǵın ásbap hám qızıl yarım ay belgisi túsirilgen qolǵa taǵatuǵın baylam menen támiyinlenedi.

Bunnan basqa, sanitariya drujinası hárbir áskeriy xızmetshide bolatuǵın jeke qural, gaz nıqap, ulıwma áskeriy qorǵanıw toplamı, jeke flyajka, kishi sapyor belshesi menen úskenelenedi.

*Atqısh-sanitarlardıń wazıypaları.* Hárbir áskeriy bólim toparı (sekciya) nda bir shtattan basqa atqısh-sanitar tayınlanadı. 5—10 kúnlik sanitarlar tayarlaw rejesi boyınsha arnawlı oqıwdı tamamlaǵan áskeriy xızmetshi atqısh-sanitar etip tayınlanadı.

Atqısh-sanitarlar jawıngerlik háreketler alıp barıw waqtında atqısh wazıypasın orınlaydı. Bunnan tısqarı, olar sawash maydanında jaradarlardı izlep tawıp, jawıngerlik jaǵdaylardıń hárqanday sharayatlarında zárúr bolǵan birinshi medicinalıq járdem kórsetkishinde qatnasadı. Atqısh-sanitarlar sawash bolıp atırǵan maydandı toqtawsız baqlap barıwı kerek. Jaradarlar ornın yadında saqlap qalıwı, tez izlep tabıwı, birinshi medicinalıq kórsetiwi, awır jaradarlardı qayta jaraqatlanıw hám jawınger texnikalar basıp ketpewi ushın jasırıw orınlarına jıljıtıp, alıp barıwı kerek. Sawash maydanınan jaradarlar menen birge, olardıń jeke quralı da alıp shıǵıladı.

Jaradarlar jaylastırılǵan orınlardı jaqsı kórinetuǵın belgiler menen belgilep qoyıw kerek. Dushpan tárepinen ǵalaba qırǵın quralları qollanılǵanda, atqısh-sanitar jaradarlarǵa jeke ximiyaǵa qarsı paket járdeminde biraz sanitariya tekseriwi ótkeriledi. Atqısh-sanitar armiyalar medicinalıq sumkası (AMS) menen de támiyinlenedi:

## *Qadaǵalaw sorawları*

1. Urıs waqtında bólimsheler hám áskeriy bólimlerde emlew-evakuaciya sharailajlarına neler kiredi?
2. Medicinalıq járdem túrlerin aytıp beriń.
3. Áskeriy bólim medicinalıq punktiniń tiykarǵı wazıypası nelerden ibarat?
4. Vzvod sanitariya drujinasınıń wazıypalarına neler kiredi?
5. Atqısh-sanitarlardıń wazıypalarına neler kiredi?

## *3-bap.* JARADAR BOLǴANDA HÁM JABÍQ JARAQATLANÍWLARDA BIRINSHI MEDICINALÍQ JÁRDEM KÓRSETIW

Nawqas hám jaradarlar densawlıǵın tiklew ushın hár túrli emlew shara-ilajların ótkeriw talap etiledi. Bir ret emlew shara-ilajları sawash maydanı hám medicinalıq evakuaciya basqıshlarında kórsetiletuǵın óz aldına medicinalıq járdem túrlerine bólinedi.

Medicinalıq járdemlerdiń bes túri qabıl etilgen: birinshi medicinalıq járdem; shıpakerlerge shekem bolǵan (feldsher) járdem; birinshi shıpakerlik járdemi; qánigeli medicinalıq járdem; qánigelestirilgen medicinalıq járdem. Sanitariya drujinası birinshi medicinalıq járdem kórsetiwde qatnasadı hám shıpakerlerge shekem bolǵan (feldsher) járdemdi kórsetiwge qatnasadı.

### *3.1. Birinshi medicinalıq járdem túsinigi. Jaraqat túrleri*

Birinshi medicinalıq járdem—qaǵıyda boyınsha jaraqat alǵan yaki kesellik rawajlanǵan jerde ózine-ózi (jaradarlardıń ózi isleydi) yamasa ózara járdem boyınsha (joldası tárepinen) hám de atqısh-sanitarlar, sanitarlar, sanitariya drujinaları hám basqa medicinalıq quram tárepinen kórsetiledi. Bunıń ushın jeke aptechka (АИ), jeke baylam paketi (ППИ), jeke ximiyalıq paket (ИПП), armiyalar medicinalıq sumkasındaǵı (CMQ) qurallar, sanitar sumkası hám qolında bar quralları qollanıladı (62-súwret).

Birinshi medicinalıq járdem kórsetiwden tiykarǵı maqset, jaradar ómirin saqlap qalıw, alǵan jaraqatlanıw awır aqıbetleriniń aldın alıw yamasa asqınıwların kemeytiw, jaradarlardı keyingi medicinalıq evakuaciya basqıshına qáwipsiz túrde evakuaciya etiwdi támiyinlew, jaraqatlanǵanlarǵa radioaktiv, zıyanlawshı hám basqa zıyanlı zatlar tásirlerin kemeytiw yamasa tolıq joq etiw bolıp esaplanadı.

Birinshi medicinalıq járdem kórsetiw shara-ilajları júdá ápiwayı bolıp tabıladı. Sawash maydanında jaraqatlanǵanlarǵa kórsetiletuǵın birinshi medicinalıq járdemge tómendegiler kiredi:

— jaraqatlanǵanlardı izlew, olardı jawıngerlik mashinalar, hár túrli qurılmalar, basıp qalǵan orınlardan qutqarıw;

— jaraqatlanǵanlardıń janıp atırǵan keyim-kenshegin, jaraqatlanǵan denesinde janıp atırǵan janıwshı aralaspanı óshiriw;



a b d e

*62-súwret. A*—jeke aptechka (АИ); *b*— jeke baylam paketi (ППИ); *d*—jeke ximiyalıq paket (ИПП); *e* — armiyalardıń medicinalıq sumkası (CMQ).

— ashıq túrdegi qan ketiwdi waqtınsha toqtatıw (magistral qan tamırın barmaq penen basıp turıw, qan toqtatıwshı jgutlar yamasa basıp turıwshı baylamlar járdeminde);

— asfikciyanıń aldın alıw yaki onı joq etiw ushın joqarı demalıw jolların qan, silekey zat hám jat denelerden tazalaw;

— tildiń ketip qalıwınıń aldın alıw ushın fiksaciya etiw, demalıw trubkasın awzına kirgiziw;

— demalıw, qan aylanıwı anıqlanbaǵanda jasalma demaldırıw hám júrekti jabıq massaj etiw;

— jaraqatlanǵan jer yamasa kiygen betke qorǵawshı baylam qoyıw, ashıq pnevmotoraksda bolsa jeke baylam paketiniń rezinalanǵan qaplaması járdeminde okklyuzion baylam qoyıw;

— jaraqatlanǵan jerlerdi ápiwayı qolda bar qurallar (zatlar) menen immobilizaciya etiw;

— awırıwdı qaldırıwshı hám záhárli (antidot) zatlardı shpric-tyubikler járdeminde bulshıq etler arasına jiberiw;

— jeke aptechkadaǵı radioprotektor hám antibiotiklerdi ishiw ushın beriw;

— jaraqatlanǵanlarǵa gaz nıqap hám qorǵanıw kiyimlerin kiydiriw (zıyanlanıw orınlarında bolǵan waqıtlarında) hám de tez zıyanlanǵan aymaqtan alıp shıǵıw;

— jaradarlarǵa biraz sanitariyalıq tekseriwin ótkeriw.

*Janıp atırǵan kiyim-kenshekler yaki janıwshı aralaspalardı óshiriw.* Kiyim-kenshekler janıwı, janıwshı zatlar tásiri (napalm, termit, pirogel), atom bombasınıń jarılıwı nátiyjesinde ajıralıp shıqqan jaqtılıq nurlanıwı, soqqı tolqınınıń qızıp ketken hawası tásiri hám qorǵanıw qurılmalarında, imaratlarda, jawınger texnikalarda júz bergen órtler jalını tásiri astında júzege keledi.

Teri yamasa kiyim-kensheklerge az túsken napalm aralaspası jaraqatlanǵannıń ózi yamasa joldası járdeminde, janıp atırǵan jer qolında bar bushlat (shinel), kurtka, plash-japqıshı yamasa ıǵal topıraq, qar menen qalıń etip jabıladı. Deneniń shegaralanǵan bóliminde napalm janıp atırǵan bolsa, usı jerge birneshe qabat bint baylanadı, adamnıń betinde janıp atırǵan bolsa, tez gaz nıqap kiygiziledi. Qıs waqtında kiyim-kenshek ústine qalıń qar taslap, jaz waqtında topıraq yamasa qum sebiw arqalı óshiriledi. Kiyim-kensheklerdegi janıwlar óshirilgennen soń janıw payda bolǵan jerlerdegi kiyim-kenshek hám ishki kiyim (kómirge aylanıp, terige jabısıp qalǵannan basqa) abaylap kesip, alıp taslanadı. Ashıq bolıp qalǵan jerlerge aseptikalıq baylam (fosfor menen kúyiwlerde ıǵallanǵan baylam) qoyıladı. Kúygen jerlerden ústinen kiyim-kenshekti sıpırıp alıw hám torsıldaqlardı ashıw usınıs etilmeydi. Deneniń úlken kólemde kúyiwi júz bergende jaraqatlanǵanǵa awırıwdı qaldırıwshı dárilik zat beriledi.

*Qan ketiwdi waqtınshalıq toqtatıw.* Qan ketiw tek awır asqınıwlarǵa alıp kelmey, jaraqatlanǵan jaradardıń ólimine de sebep bolıwı múmkin. Sonıń ushın jaradarǵa birinshi medicinalıq járdem kórsetiliwinen tiykarǵı maqset, qan ketiwin waqıtshalıq toqtatıw bolıp tabıladı. Sırtqa qan ketkende, iri arteriyalar barmaqlar menen basıladı, jgut yaki basıwshı baylam qoyıladı hám jaradardıń qol ayaqlar buwınların iyiw, búgiw, qayırıw arqalı da qan ketiwin toqtatıw múmkin.

Adam denesinde jgut (baylaw) qoyıp, qan ketiwin toqtatıw jerleri 20 nı quraydı. Biraq ámeliyatta tek ǵana birneshesin paydalanıladı.

*Jara yamasa kúygen jerlerdiń ústine aseptikalıq baylamlar qoyıw.* Aseptikalıq baylamlardı sawash maydanında qoyıw ushın anıq belgilengen qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek. Jaraǵa qoldı tiygiziw, jaradan kiyim-kenshek qaldıqları, bólekler hám basqa jat denelerdi alıp taslaw usınıs etilmeydi. Qarın boslıǵınan shıǵıp ketken ishki aǵzalardı ornına qoyıw qadaǵan etiledi.

*Asfikciyanıń aldın alıw yaki onı joq etiw.* Awır jaraqatlanıw hám zıyanlanıwlar dem alıwdıń tosattan toqtap qalıwına alıp keliwi múmkin. Dem alıwdı tiklew ushın jasalma dem aldırıwlar islenedi. Jasalma demaldırıwdıń birnshe nátiyjeli usılları bar, biraq olar paydalı bolıwı ushın demalıw jollarınıń ótkiziwsheńligi jolǵa qoyılǵan bolıwı kerek.

Tildiń ketiwi demalıw jollarınıń jawılıp qalıwına sebep boladı. Demalıw jollarında toplanıp qalǵan qan, silekey, qusıq massaları hám

basqa jat deneler demalıw jolları jawılıp qalıwınıń ekinshi sebepshisi bolıwı múmkin.

Demalıw jollarınıń ótkiziwsheńligi tiklengennen keyin dárhal jasalma dem aldırıwǵa kirisiledi. Jasalma dem aldırıwdıń «awızdan awızǵa» hám «awızdan murınǵa» usılları eń ápiwayı hám nátiyjeli bolıp esaplanadı. Eger demalıw tiklenbese, S formasında bolǵan hawa ótkergish (63-súwret, a) yaki ТД-1 dem aldırıw tútikshesi (64-súwret, a) arqalı jasalma dem aldırıladı.

*Jaraqatlanǵan jerdi waqıtshalıq immobilizaciya etiw.* Súyekler sınıwı nátiyjesinde átirapındaǵı toqımalar, bulshıq etler, qan tamırları hám nervler úziliwi baqlanadı. Bunday qolaysız, awır asqınıw (shok, qan ketiw)lardıń aldın alıw ushın toqıma hám súyeklerdi qıymıldatpaw kerek. Sawash maydanında sınǵan súyeklerdi waqıtshalıq immobilizaciya etiw ushın fanerli, torǵa uqsaǵan hám zańgi tárizli shinalardan, qolda bar zatlar (taxta, faner, karton, shópler hám basqalar)dan paydalanıladı. Shinalardı sınǵan jerlerge qoyıwda bolsa ornatılǵan qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek.



*a*



*b*

*63-súwret. a—S* formasındaǵı hawa ótkizgishtiń ulıwma kórinisi;
*b* — hawa ótkizgishti nawqasqa qoyıw usılı.



*a*



*b*

*64-súwret. a*—ТД-1 dem aldırıw tútikshesi;
*b*—dem aldırıw tútikshesin nawqasqa qoyıw usılı.

*Denege shpric—tyubik járdeminde awırıwdı qaldırıwshı dárilik zat jiberiw.* Denedegi súyekler sınıwı, keń kólemdegi jaralar hám jumsaq toqımalar ezilgende awırıw qaldırıw ushın teri astına awırıwdı qaldırıwshı dárilik zatlar (omnopon, morfin, promedol)dı shpic-tyubikler járdeminde jaraqatlanǵannıń ózi yaki járdem kórsetiwshi shaxs jiberedi.

*Ishiw ushın tabletka kórinisindegi preparatlar (antibiotikler hám basqalar)dı beriw* — ekilemshi infekciya rawajlanıwınıń aldın alıw ushın bir waqıttıń ózinde jeke aptechkadaǵı penaldan 6 dana antibiotik (tetraciklin), jeke flyajkadaǵı suw menen ishiledi.

*Jaraqat túrleri.* Teri, silekey perdeler, tereń jaylasqan toqımalar hám ishki organlar betiniń mexanikalıq yamasa basqa tásir nátiyjesinde buzılıwına ashıq jaraqatlanıwlar yaki jaraqatlar delinedi.

Jaraqatlawshı predmettiń qandaylıǵı hám onıń formasına qaray, *shanshılǵan, kesilgen, shabılǵan, urılǵan, jırtılǵan, oq tiygen tesilgen jaraqatlar* bar.

Predmet ótkir bolıp, jaraqat tez bolsa, jaraqat sheti sonsha az jaraqatlanadı. Topır buyım tásirinde payda bolǵan jaraqatlarda jaraqat sheti kóp jaraqatlanadı. Qattı awıradı hám geyde shok halatınıń rawajlanıwına alıp keledi.

*Shanshılǵan jaraqatlar* — shanshılatuǵın predmetler, yaǵnıy pıshaq, nayza, biz, iyne, shanshılǵanda payda boladı. Bul túrde jaraqattıń sırtqı tesigi kishkene bolıp, ózi ádette, tereń boladı. Jaraqat kanalı tor, toqımalardıń sorılıwı nátiyjesinde (bulshıq etlerdiń qısqarıwı, teriniń jılısıwı) gedir-budır boladı. Bul bolsa shanshılǵan jaraqatlardı qáwipli etedi. Sebebi ishki organlardıń jaraqatlanǵanlıǵı hám onıń tereńligin anıqlaw qıyın boladı. Ishki organlardıń kórinbey qalǵan jaraqatları ishki organlardan qan ketiwi, peritonit (qarın perdesiniń isiniwi) hám pnevmotorakske sebep boladı.

*Kesilgen jaraqatlar* ótkir qıyıqlı buyım (pıshaq, britva, ayna, skalpel) keskende júzege keledi. Bunday jaraqattıń shetleri tegis hám ezilmegen boladı.

*Shabılǵan jaraqatlar* ótkir, biraq awır buyım (balta, qılısh hám basqalar) menen urılǵanda payda boladı. Sırttan qaraǵanda ol kesilgen jaraqattı esletiwi múmkin, biraq jaraqat úlken bólimdi iyeleydi hám kópshiligi súyeklerdiń jaraqatlanıwı menen ótedi. Jaraqat shetleri biraz ezilgen boladı.

*Urılǵan jaraqatlar* topır buyım (balǵa, tas hám basqa)lar menen toqımalarǵa tásir etilgende payda boladı. Urılǵan jaraqat shetleri ezilgen,

tegis emes, qanǵa boyalǵan boladı. Tamırlardıń jaraqatlanıwı hám olardıń trombozǵa ushırawınan jaraqat shetleriniń azıqlanıwı buzıladı hám olar nekrozǵa ushıraydı. Ezilgen toqımalar mikroblar kóbeyiwi ushın qolay ortalıq bolıp esaplanadı. Sol sebepli urıp alınǵan jaraqatlarǵa infekciya ańsat túsedi.

*Tislep alınǵan jaraqatlar* haywan yaki adam tisinen boladı. Awızdan infekciya túsiwi nátiyjesinde, bul basqa jaraqatlarǵa salıstırǵanda ótkir infekciya rawajlanıwı menen ótedi. Tislep alınǵan jaralar qutırıw virusı menen zıyanlanǵan bolıwı múmkin.

*Záhárlengen jaraqatlar* záhárlewshi zatlar qollanılıwı nátiyjesinde záhárli zatlardıń túsiwi, shayan yaki jılan shaǵıwı menen xarakterlenedi.

*Oq tiygen jaraqatlar* deneniń oq atar quraldan atılǵan oqtan jaraqatlanıwı. Oq atar qurallarǵa: avtomat, vintovka hám pistolyotler, jarılıw nátiyjesinde oskolkalar ajıralıp shıǵıwshı qurallar, yaǵnıy artilleriya snaryadları, mina, qol granatası, aviabomba, kólemli jarılıwshı oq atar qurallar h.m basqalar kiredi. Snaryadtıń túrine qaray, oq, qańǵımay oq hám oskolkadan jaralanıwlar ajıraladı.

Oq atar quralınan jaraqatlanǵanlar arasında kópten kóp hám aralas jaraqatlanıwlar baqlanıwı kózde tutıladı.

Hár túrli qurallardıń tásir etiwshi hám bir túrdegi quraldıń hár túrli jaraqatlanıwshı faktorları tásirin esapqa alǵan halda: kombinaciyalasqan, kóp muǵdardaǵı hám aralasqan jaraqatlar boladı.

*Kombinaciyalasqan jaraqatlanıwlar* degende, hár túrli qurallar menen (máselen, oq atar quraldan jaradar bolıw hám yadro quralınıń jaqtılıq nurlanıwınan) yaki bir túrdegi quraldıń hár túrli jaraqatlawshı faktorları tásirinde (máselen, kúyiw, jaradar bolıw hám yadro quralınıń sińip ketiwshi nurlanıwınan jaraqatlanıw) júzege keliwi túsiniledi.

Birinshi náwbette belgili bir shıpaker-qánige tárepinen járdem kórsetiliwine mútáj bolǵan jaraqatlanıw tiykarǵı jaraqatlanıw esaplanadı.

*Kóp jaralanıwlar degende*, qandayda bir qural eki yaki onnan artıq jaraqatlawshı snaryadı menen kishi denesiniń birneshe anatomiyalıq aǵzasınıń (mısalı, birneshe oq penen yaki granata, bomba yaki snaryadlardıń bólekleri menen jaraqatlanıwı; teri qabatı hám ishki organ aǵzaların, záhárlewshi zatlar tásirinde jaraqatlanıw) jaraqatlanıwı túsiniledi.

*Aralasqan jaralanıwlar* degende, adam denesiniń birnshe aǵzaların bir snaryadtıń jaralawshı oǵı yaki bólegi nátiyjesinde kúyiwi hám jaraqatlanıwı túsiniledi (máselen, torakoabdominal aǵzasınıń jaraqatlanıwı).

### *3.2. Qan ketiwdi birinshi medicinalıq járdem kórsetiw. Qan ketiwdi toqtatıw.*

*Qan ketiwi* dep, qan tamırları diywallarınıń jaraqatlanıwı, qanday da bir kesellik aqıbetinde jemiriliwi yaki ótkiziwsheńliginiń artıp ketiwi sebebpli, olardan qan aǵıwına aytıladı.

Qan ketiwi kelip shıǵıwına qarap eki túrge bólinedi. Biri jaraqatlanıw (travmatikalıq) túri bolıp, ol sırtqı kúshtiń tásirinde tamır diywallarınıń pútinligi buzılǵanda (bir nárse shanshılıwı, urılıwı, sozılıwı, eziliwi, xirurgiyalıq usıl qollanılǵanda da) júzege keledi.

Qan ketiwdiń ekinshi túri jaraqatlanıwına emes, al tamır diywallarınıń zıyanlanıwına (patologiyalıq ózgeriw) baylanıslı boladı.

Qan ketiwdiń klassifikaciyası jaraqatlanǵan qan tamırlarınıń anatomiyalıq dúzilisi, sebepleri, hám sırtqı ortalıqqa baylanıslılıǵın esapqa alǵan jaǵdayda tómendegi toparlarǵa bólinedi.

Jaraqatlanǵan qan tamırdıń belgilerine qarap, arterial, venoz, kapillyar hám parenximatoz qan aǵıwı bar. Olardıń klinikalıq belgileri bir-birinen ajıraladı. (65-súwret).




*65-súwret.* Jaraqatlanǵan qan tamırınıń belgileri

*Arterial qan ağıwı* jaradar hám nawqas ushın awır ótedi. Bunda qırmızı qızıl qan tez qattı atılıp shığadı. Arterial qan ağıwı, ádette, kúshli boladı hám kóp qan joq etedi. Iri arterialar, aorta jaraqatlanǵanda bir neshe minut ishinde ómirge qáwip salatuğın dárejede kóp qan joq etip, jaradar óledi.

*Venoz qan ağıwı* venalar jaraqatlanǵanda payda boladı. Venalarda basım arteriyalardağığa qaraǵanda birqansha tómen, sonıń ushın qan ásterek, bir tegis, toqtawsız aǵadı. Bunda qan toyǵın alsha reńde boladı. Az jaǵdaylarda ómir ushın qáwipli boladı. Moyın hám kókirek quwıslığı venalar jaralanǵanda ólim qáwpi júzege keledi. Moyın hám kókirek quwıslığı venalarında dem alıw waqtında keri basım payda boladı. Venalar jaralanǵanda, tereń demalıw waqtında ishine hawa kiriwi múmkin. Hawa sharikleri qan ağımı menen júrekke kirip, júrek yaki qan tamırlardı jawıp qoyıwı hawa emboliyası júz beriwi hám tez ólimge alıp keledi.

*Kapillyar qan ağıwı* kóbinese aralas bolıp, mayda arteriya hám vena tamırları jaraqatlanǵanda júz beriwi múmkin. Bunday qan ağıwı teriniń ústingi bólimine qıyıq tiygende, qırshılıwında baqlanadı. Qan uyıwı normal bolǵanda kapillyar qan ağıwı toqtaydı.

*Parenximatoz qan ağıwı* parenximatoz aǵzalar, bawır, talaq, búyrek, ókpe jaraqatlanǵanda baqlanadı. Tamırlar organlar toqıması ishinde bolǵanınan hám bosap qalmawınan qan ağıwı derlik hesh qashan ózinshe toqtamaydı.

Qannıń jaraqatlanǵan tamırdan qayerge ağıwına qarap, ishki hám sırtqı qan ağıwı ajıraladı.

*Sırtqı qan ağıwı* qannıń teridegi jaraqatı arqalı sırtqa shığıwı menen xarakterlenedi. *Ishki qan ketiwde* qan qandayda bir boslıqqa (qarın boslığı, plevra boslığına) túsedi. Sırtqı ortalıq penen tutasatuğın gewek organ boslığına (asqazan, ishek, qabaq, traxeyaǵa) qan quyılıwı, *sırtqı jasırın qan ağıwı* delinedi. Qannıń toqımalar aralıq boslıqlarǵa (bulshıq etlerge, may keltchatkasına) ağıwı *gematomanı* payda etedi.

Qan ketiwi payda bolıwı dáwirine qarap 3 ke bólinedi:

a) birlemshi qan ketiwi — jaraqatlanǵannan soń dárriw qan tamırlarınan qan ağıw jaǵdayı menen belgilenedi;

b) ekilemshi erte qan ketiwi — birneshe saatlardan eki sutkaǵa shekem bolǵan dáwirdi óz ishine aladı. Ádette usı dáwir arasında jaraqatqa infekciya túsken biraq irińli process baslanbaǵan boladı. Ekilemshi qan ketiwi kóbinese oq tiygen jaraqatlarda payda boladı.

d) keshki ekilemshi qan ketiwi—jaraqatta infekciya tásirinde irińli process háwij alıwına tuwrı kelip, ádette, 2 kúnnen soń payda boladı.

Ekilemshi qan ketiwdiń sebepleri: birinshi medicinalıq járdemniń abaysız beriliwi, jaman immobilizaciya, jaraqatlanǵan shaxstıń evakuaciya waqtında transportta selkildewi, jaraqatta irińlesiw júzege keliwi, birinshi operaciyalıq tazalawda, operaciya waqtında qan tamırı jaqsı baylanbaǵanlıǵı yaki qan ketiwi jeterli toqtatılmaǵanlıǵında baqlanıwı múmkin.

*Qan aǵıwın toqtatıw.* Birinshi járdem kórsetiw sharayatlarında jaraqatlanǵan jaradar yaki nawqastı emlew ornına alıp barǵanǵa shekem ótetuǵın dáwir ishinde qan aǵıwdı tek waqıtsha yaki dáslepki toqtatıw múmkin. Shıpaker emlew ornında qan aǵıwın ulıwma toqtatadı.

Qan aǵıwdı waqıtsha toqtatıw usılları tómendegishe:

a) deneniń jaraqatlanǵan bólimin gewdege salıstırǵanda joqarıraq jaǵdayda qoyıw. Bunda qan aǵıwdıń biraz azayıwı jaqsı tásir kórsetedi. Kóbinese bul usıl vena tamırı jaraqatlanǵanda qollanıladı;

b) qanap turǵan tamırdı basıp turatuǵın baylam járdeminde jaraqatlanǵan jerinde basıp turıw. Bul usıldı vena hám kapillyarlardan qan ketkende qollanıwǵa boladı. Arterial qan ketkende jguttan paydalanıw maqsetke muwapıq. Bunıń ushın qan ketip atırǵan jerge jeke paketlerdegi sterillengen baylamlardan paydalanıladı. Pakettegi dastıqshalardan (podushka) biri búklenip qan aǵıp atırǵan jerge qoyıladı hám aylandırıp tartıp baylanadı. Eger bint bolmasa, taza gezleme yaki qol oramalınan da paydalanıwǵa boladı. Baylam mayda tamırlarınıń jumsaq toqımalarına basıp turılǵanda qan ketiwi tez toqtaydı;

d) arteriya uzınlıǵın barmaq penen basıp turıw (66-súwret). Waqıtsha qan toqtatıwdıń bul usılı da tamır janındaǵı súyekke basıp turıladı.

Uyqı arteriyası tós-palwan súyek bulshıq etiniń ishki bólimi arqalı moyın omırtqasın kesesine ósimtege basıwǵa boladı (VI moyın omırtqası kesesine ósimtesiniń joqarı bólimi, aytıp ótilgen bulshıq ettiń orta bólimi). Palwan súyek arteriyasın tós-palwan súyek sorıǵısh tárizli ósik bulshıq ettiń sırtqı tárepinen 1-qabırǵaǵa basıwǵa boladı. Iyin arteriyasın eki baslı bulshıq ettiń ishki tárepinen iyin súyegine basıladı. San arteriyasın shat súyeginiń gorizontal shaqındaǵı baylamınıń astında jaylasqan noqatqa basıladı. Arıq jaradar nawqaslarda qarın aortasın omırtqa baǵanasına basıwǵa boladı.



*66-súwret.* Arteriya uzınlığın barmaq penen basıp turıw

Barmaq penen basıp, qan ağıwın uzaq waqıt toqtatıp bolmaydı. Sebebi ol úlken fizikalıq kúsh talap etedi. Bul usıl járdem kórsetiwshini sharshatadı hám transportirovka etiw imkaniyatınan ayıradı. Biraq, qandı tez toqtatıw ushın qolay usıl sanalıp, jaraqatqa pataslıq túsirmey, qan toqtatıwdı támiyinleydi, hám de qan ağıwın toqtatıwdıń birqansha qolay usılı ushın kerek bolatuğın, basıp turatuğın baylam, burama (zakrutka) jgutin tayarlap qoyıw imkanın beredi;

e) jaraqatlanğan bólimdi buwındı imkanı bolğansha búgip yaki jazdırıp turğan jağdayda bekkem uslap, qan ketiwin toqtatıw (67-súwret). Qoltıq astı arteriyası jaralanğanda shığanaqtan búgilgen qollardı artqa sozıp, shığanaq buwınları qáddinen fiksaciya etiw arqalı qan ağıwın toqtatıwğa boladı. Taqım arteriyası jaralanğanda dize buwını, iyin arteriyası jaraqatlanğanda shığanaq buwını hám san arteriyası jaralanğanda shat bóliminde jambas-san buwınının maksimal búgiw jaqsı járdem beredi;



*67-súwret.* Qol-ayaqlardı maksimal qattı búgiw arqalı qan ketiwin toqtatıw



*68-súwret.* Rezinalı Esmarx jgutı.

f) jaraqatlanǵan bólimdi jgut penen aylandırıp, qısıp baylaw. Jgutti birinshi márte 1873-jılı Esmarx qollanǵan. Esmarx jguti (68-súwret) keń tarqalǵan bolıp, ol elastikalıq rezinadan ibarat. Bir ushında shınjırı, ekinshi ushında bolsa ilgegi bar. Jguttıń uzınlıǵı 1,5 metr, keńligi 1,5 sm keledi.

Qolǵa jgut baylaǵanda iyin úshten bir joqarı bólimi, ayaqqa baylawda bolsa sannıń úshten bir orta bólimi qolay jer bolıp esaplanadı. Ayaq-qol arteriyalarınan kúshli arterial qan aqqanda jgut baylawǵa ruqsat etiledi. Qalǵan barlıq jaǵdaylarda bul usıldı qollanıw usınıs etilmeydi.

*Jgut baylaw texnikası.* Teriniń jgut astında qısılıp qalıwınıń aldın alıw ushın jgut astına súlgi hám jumsaq material qoyıladı. Jgut qoyılıp atırǵanda qol-ayaq biraz joqarıǵa kóteriledi, jgut onıń astına qoyıladı, sozıladı hám qan aǵıwı toqtaǵanǵa shekem qol-ayaq átirapında aylandırıp oraladı. Jgut oramları terini qıspaǵan jaǵdayda qaptallap turıwı lazım. Birinshi oramdı bekkem qısıw, ekinshisin azıraq, qalǵanların bunnan da bosıraq oraw kerek. Jgut ushları shınjırǵa shekem hám ilmek penen oramlar ústinde bekkemlenedi. Jguttı tek qan aǵıwı toqtaǵansha qısıw kerek. Jgut durıs baylanǵanda arterial qan aǵıwı tez toqtaydı, ayaq yaki qol aǵaradı, jgut baylanǵan jerden tómende tamırlar pulsaciyası toqtaydı.

Jgut artıqsha qısıp baylansa, jumsaq toqıma (bulshıq et, nerv, tamır) lar eziliwi hám jaraqatlanǵan jer láń (paralish) bolıp qaladı.

Jgut bos baylansa, qan aǵıwı toqtamaydı, kerisinshe, venoz qan tıǵılıp qaladı (ayaq yaki qol aǵarmay, al kókshil túske kiredi) hám venoz qan aǵıwı kúsheyedi. Jgut baylanǵannan soń ayaq-qoldı immobilizaciya etiledi.

Jgut baylawda jol qoyılatuǵın qáteliklerge kórsetpeler bolmasa da, yaǵnıy venoz hám kapillyar qan aǵıwda baylaw, ashıq dene hám jaraqattan

uzaqta baylaw, bas yaki artıqsha qattı baylaw, jgut ushların bekkemlemew kerek. Jguttıń tómendegi kemshilikleri bar:

—arteriyalar qısılıwı menen jumsaq toqıma hám nerv jolları da eziledi. Bul bolsa parez hám láńleniwlerge alıp keledi;

—jgut 2 saattan artıq qoyılsa, onnan tómendegi toqımalarda qaytarıp bolmaytuǵın gangrena júzege keledi;

—qan aylanıwınıń toqtawı kislorodtıń toqımalarda jeterli bolmawına alıp keledi.

Baylap qoyılǵan jgut kórinip turıwı kerek. Jgut baylanǵan waqıttan soń 2 saat ishinde jaraqatlanǵan adamdı emlew ornına qan aǵıwın birotala toqtatıw maqsetinde alıp barıwdıń barlıq sharaların kóriw zárúr.

Jgut baylanǵan waqıttı tekserip turıw onı óz waqtında sheshiw yaki bosatıw ushın jgut astına yaki jaraqatlanǵan adamnıń kiyimine jgut baylanǵan kúni hám waqtı (saatı, minutı) jazılǵan xat tigip qoyıladı.

Arnawlı jgut bolmaǵanda ayaq-qolǵa qayıs, oramal, gezleme bólegi baylap tartılsa da boladı. Qattı gedir-budır zatlar nervlerdi ańsat jaraqatlap qoyıwı múmkinligin umıtpaw kerek. Qosımsha zatlardan tayarlanǵan jgut burama (zakrutka) dep ataladı. Burama ushın qollanılǵan zat kerekli jerde bos etip baylanadı. Payda bolǵan buramadan tayaqsha, taxtasha ótkeriledi hám onı burap, burama qan aǵıwı birotala toqtaǵansha aylandırıladı. Sonnan keyin tayaqsha ayaq yamasa qolǵa bekkemlenedi (69-súwret). Burama qoyıw awırıwǵa sebep boladı, sonıń ushın burama



*69-súwret.* Qandı toqtatıw
ushın qoyılatuǵın burama.

astına, ásirese, túyilgen jer astına qandayda bir zattı qıstırıp qoyıw kerek. Jgut baylanǵanda baqlanatuǵın barlıq qátelik, qáwip hám asqınıwlar burama ushın da tiyisli.

g) jaraqattaǵı qanap turǵan tamırǵa qısqısh qoyıp qan aǵıwın toqtatıw. Bul emlew orınlarında shıpaker tárepinen ámelge asırıladı.

*Ayırım sırtqı hám ishki qan ketiwlerde birinshi medicinalıq járdem kórsetiw.* Tek jaralanǵanda emes, al kesellik hám topır zatlardan jaraqatlanǵanda da qan aǵıwı múmkin.

*Murın qanaǵanda birinshi járdem.* Murınnan geyde júdá kóp qan aǵıwı múmkin hám bul tez járdem beriwdi talap etedi. Murın qanawdıń sebepleri hár túrli boladı: jergilikli jaraqatlar; tırnalıw, murın tosıǵı jarası; murındı qattı urıw; bas súyegi sınıwı hám basqalar.

Birinshi járdem berip atırǵan adam qan aǵıwın kúsheytip atırǵan barlıq sebeplerdi joq etiw kerek. Jaradardı tınıshlandırıw, oǵan keskin háreketler etiw, jóteliw, sóylesip, zorıǵıwlar qan aǵıwın kúsheyttiriwin túsindiriw kerek. Jaradardı ótkerip qoyıw, murın-alqımǵa qan aǵıw imkaniyatın azaytıw jaǵdayın jaratıw kerek. Murın ıssılap ketiw aqıbetinde qanaǵan bolsa, nawqastı salqın jerge kóshirip, bası hám kókiregine suwıq kompressler etiw kerek.

Qan aǵıwı toqtamasa murınnıń eki yarımın murın tosıǵına qattı qısıp, toqtatıwǵa urınıp kóriw kerek. Bunda jaradar bası biraz aldıǵa iyiledi hám murın imkanı barınsha joqarıdan qattı qısıladı. Jaradar awız arqalı demalıw kerek. Murındı 3—5 minutqa shekem qısıw hám nawqas awzına túsken qandı túpirip taslawı kerek.

Murındı qısıw ornına murın jolların sterillengen qurǵaq paxta bólekshesi yaki 3% li vodorod peroksidine ıǵallanǵan paxta bólekshesi menen tamponlaw múmkin. Murın jollarına paxta sharikleri tıǵılǵannan keyin jaradar bası aldına eńkeytiledi.

*Esitiw jolı* hám ishki strukturaları jaraqatlanǵanda (soqqı tiyiwi, tırnalıw, bas súyekleri sınıwı) qan aǵıwı júzege keledi. Sırtqı esitiw jolına voronka formasında oralǵan siyle tıǵılıp toqtatıladı. Siyleni qulaqtaǵı siyle baylam uslap turadı.

*Ókpeden qan aqqanda birinshi járdem kórsetiw.* Ókpe jaraqatlanǵanda (kókirekke qattı urılǵanda, qabırǵalar sınǵanda), ókpe hám júrektiń basqa bir qatar keselliklerinde ókpeden qan aǵadı. Jaradar jótel hám qaqırıǵında qırmızı-qızl kóbikli qan túpiredi. Geyde ókpeden júdá kóp qan aǵadı.

Qaqırıqta qan payda bolǵanda, dem alıwdı qıyınlastırılatuǵın kiyim sheshiledi. Jaradarǵa tez yarım otırıw jaǵdayı beriledi. Jaradardı imkanı barınsha tınıshlandırıw, oǵan shıpa etiwi ushın bárháma fizikalıq hám psixikalıq tınıshlıq zárúrligin túsindiriw kerek.

Ókpeden hárqanday qan aǵıwı qandayda bir awır keselliktiń qáwipli simptomı bolıp tabıladı. Sonıń ushın birinshi járdemniń wazıypası jaradardı emlew ornına tez jetkeriwden ibarat.

*Qarın boslıǵına qan aqqanda birinshi járdem kórsetiw.* Qarın boslıǵına qan aǵıwı qarın topır zattan jaraqatlanǵanda, bawır, talaqtıń jarılıwı nátiyjesinde júz beredi. Qarın ishine qan aǵıwına bawır hám talaqtıń ayırım kesellikleri sebepshi boladı.

Qarın boslıǵına qan aǵıwı qarında qattı awırıw payda bolıwında júzege shıǵadı.

Teri qaplamları aǵarǵan tamır urıwı (puls) tezlesken boladı. Kóp qan aqqanda esinen ketiwi múmkin, jaradardı gorizontal jatqızıp, qarnına muzlı qaltasha qoyıw kerek. Awqat jew hám suyıqlıq ishiw qadaǵan etiledi. Jaradar tez transportta medicinalıq punktine evakuaciya etiledi.

## *3.3. Súyekler sınıwında birinshi medicinalıq járdem kórsetiw*

Súyekler sınıwı kóp ushırasatuǵın jaraqatlar túrine kiredi. Mexanikalıq tásir hám patologiyalıq ózgerisler nátiyjesinde súyekler buzılıwı menen kórinedi. Hárbir sınıwda súyeklerdiń úlken-kishiligine qaramastan, átiraptaǵı jumsaq toqımalarǵa da jaraqat tásir etip, awır aqıbetlerge alıp keledi.

Súyek sınıwınıń payda bolıw sebebine baylanıslı, travmatikalıq hám patologiyalıq sınıwlar baqlanadı. Hár túrli jaraqatlanıwlar nátiyjesinde travmatikalıq sınıwlar júz beredi. Travmatikalıq sınıw súyekke, onıń qattılıǵın jeńiwshi mexanikalıq kúsh tásir etiwi nátiyjesinde kelip shıǵadı. Kúshtiń tásir etiw mexanizmine baylanıslı bunday sınıwlar tómendegi túrlerge bólinedi (70-súwret).

—iyilgen;

—buralǵan (rotaciya);

—qısılǵan (kompressiya);

—tuwrı urılǵan (sonday-aq, oq tiyiwden jaraqatlanıw);

—úzilgen sınıwlar.

Sınıwlar ashıq hám jabıq boladı (71-súwret). *Jabıq sınıw* dep, teri pútinligi buzılmaǵan halda júz beriwshi súyek hám átiraptaǵı toqımalardıń jaraqatlanıwına aytıladı.




*70-súwret.* Sınıw túrleri:
*1* — tuwrı urılǵan; *2* — iyilgen; *3* — buralǵan; *4* — qısılǵan; *5* — úzilgen (shıtnaǵan).

*Ashıq sınıwlarǵa* jaraqat payda bolǵan, teri pútinligi buzılǵan jaǵdayda júz beriwshi jaraqatlar kiredi.

Sınıwlar tolıq, tolıq emes hám súyek jarılıwlarına bólinedi. Súyektiń tolıq sınıwına súyek pútinligi tolıq buzıladı. Tolıq bolmaǵan sınıwda súyektiń bir bólimi ǵana zıyanlanadı. Súyek jarılǵanda bólimlerge ajıralmaǵan zıyanlanıw júz beredi.

Sınıw baǵdarına qarap, kese, uzın, qıysıq, vint tárizli hám bóleklengen boladı. Sınıwlarda bir yaki birneshe súyekler kóp jerden zıyanlanıwı múmkin. Sonı esapqa alıp, sınıw birden-bir hám kóp sanlı sınıwlarǵa bólinedi.

Súyek sınıwları ápiwayı, asqınıwlı, quramalı hám kombinaciyalanǵan boladı. Qol-ayaq súyeklerinde kóp ushırasatuǵın sınıwlarda sınǵan jer




*71-súwret.* Sınıwdıń kórinisleri:
*a* — jabıq; *b* — ashıq.

átirapında kúshli awırıw, isik, qan quyılıwı, buwınnan tısqarı búkleniwshi bólimler payda bolıwı, ulıwma ólsheminiń keltelesiwi sıyaqlı belgiler ushırasadı. Súyek ashıq sınıwlarda jaraqattan súyek sınıǵınıń sırtqa shıǵıp qalıwı baqlanadı. Bunda qol-ayaqtıń usı bólimde buwınnan tısqarı qosımsha háreketsheńligi baqlanadı hám háreketlengende súyek sınıqlarınıń ózara tiyiwinen shıqırlaǵan ses esitiledi. Geyde súyek sınıwlarında barlıq belgiler kózge kórinbeydi. Biraq kúshli awırıw hám hárekettiń qıyınlıǵı álbette seziledi.

Qabırǵalar sınǵanda usı bólim basılıwı nátiyjesinde jaraqatlanǵan dem alǵanında yaki qol tiygizilgende kúshli awırıw seziledi. Plevra yaki ókpe toqıması hám jaraqatlanǵan bolsa, plevra boslıǵına qan ketiwi yaki kókirek quwıslıǵına hawa kiriwi baqlanadı hám bulardıń barlıǵı dem alıwdıń buzılıwına alıp keledi.

Omırtqa sınǵan waqtında belde kúshli awırıw, sınǵan jerdiń tómengi bóliminde bulshıq ettiń parez hám láńleniwi baqlanadı.

Jambas súyekleri sınıwında jaraqatlanǵan adam ornınan tura almaydı hám ayaqların háreketlendire almaydı. Hátteki, jambasınan da awdarıla almaydı. Bunday sınıwǵa ishekler hám quwıqtıń jaraqatlanıwları da qosılıwı múmkin.

Súyek sınıwları onıń janınan ótken qan tamır hám nervleririniń jaraqatlanıwına alıp kelip, qan ketiwi, seziw hám hárekettiń bolmawı sıyaqlı asqınıwlar payda boladı hám de shok halatı rawajlanıwına sebep boladı.

*Súyek sınıwlarda birinshi járdem kórsetiwdiń ulıwma qaǵıydaları.* Súyek sınǵan jerdi kóriw hám jaraǵa (ashıq sınıw jaǵdayında) sterillengen baylam qoyıw kerek bolsa, kiyim-kenshek hám ayaq kiyim sheshilmeydi, al kesiledi). Birinshi náwbette qan ketiwi toqtatlıp, aseptikalıq baylam qoyıladı. Keyin jaraqatlanǵan jer qolay jaǵdayǵa keltiriledi hám immobilizaciyalawshı baylam qoyıladı.

Teri astına yaki bulshıq et arsına shpric-tyubik járdeminde awırıwdı qaldırıwshı dárilik zat jiberiledi.

Súyek sınıqların immobilizaciya etiw ushın Б-2 «Shinalar» komplektindegi standart shina yaki qolında bar qurallarınan (zatlarınan) paydalanıladı. Qolında bar zatları sıpatında taxta bólegi, tayaq, faner bólegi, qamıs baylamları hám basqalardan paydalansa boladı.

Qol-ayaqlarǵa qoyılǵan shina bint penen bekkemlenedi. Bekkemlew ushın qayıs, sharf, oramal arqan hám basqalardan paydalanıladı. Eger

súyek sınıqların immobilizaciya etiw ushın shina hám ózinde bar zatlar bolmasa, qol tuwrı múyesh jaǵdayında búgilip, denege jabıstırıp baylap qoyıladı. Jaraqatlanǵan ayaq saw ayaqqa bint penen bekkem etip baylanadı.

Shinalawdı tikkeley waqıya júz bergen orında ótkeriw kerek hám jaradar yaki nawqastı sanitar transportında evakuaciya etiledi. Súyek sınıqların jıljıtpaw shinalardı abaylap qoyıw kerek. Súyek sınıqların tuwrılaw, bir-birine jaqınlastırıw usınıs etilmeydi. Súyektiń ótkir ushı shoshayıp shıǵıp terini jaraqatlaw qáwpi bolǵan jaǵdaylar buǵan kirmeydi. Jaraqatlanǵandı júdá abaylap kóteriw, ayaq-qol hám gewdesin bir waqıtta, turaqlı bir qálipte kóteriw kerek.

Shok hám basqa ulıwma hádiyselerdiń profilaktikası jaraqatlanǵan organdı tuwrı immobilizaciyalaw, yaǵnıy ol awırıwdı seziwi az bolatuǵın jaǵdayda bekkem baylaw jolı menen támiyinlenedi. Jaradardı ıssı etip oraw, ıssı shay, kofe beriw kerek. Imkanı bolǵansha awırıw qaldıratuǵın dárilik zatlardı teri astı yaki bulshıq etler arasına jiberiw kerek.

Qolı sınıp jaraqatlanǵanlardı transportqa otırǵızıp, ayaq, jambas súyekleri, omırtqa baǵanası sınǵanlardı bolsa jatqızıp alıp barıw kerek.

*Bazı bir súyek sınıwlarında shinalardı qoyıw.* Iyin súyegi sınǵanda, iyin hám shıǵanaq buwınları jaraqatlanǵanda Kramer (záńgi tárizli) shinalardan paydalanǵan jaǵdayda immobilizaciya etiw qolaylıraq. Saw tárepke jawırınnıń orta bóliminen baslap qoyıladı hám qoyılatuǵın shina belge tiyip turadı. Tuwrı múyesh payda etken jaǵdayda iyin buwını ústinen qayırılıp ótip, bólek hám pánjege (alaqanǵa) tiygen jaǵdayda barmaq tiykarına shekem jetip baradı. Járdem kórsetiwshi shaxs shinanı qoyıwdan aldın oǵan tiyisli formanı beriw ushın dáslep óziniń denesine qoyıp maslastırıp alıwı kerek. Bunıń ushın ol óziniń bilegin shina aqırınıń bir tárepine qoyadı, bas qolı menen shinanıń ekinshi bas tárepin uslaydı. Shinanı bilektiń arqa-sırtqı beti boylap, bilek ústı hám bel arqalı basqa tárep iyin astına baǵdarlap barıladı. Shinaǵa kerekli forma berilgenge shekem modelirovka islenedi.

Bilek bóliminde shinaǵa tarnaw tárizli forma beriledi. Ol paxta qatlamları yaki basqa bir gezleme menen oralıp shıǵıladı hám qoyıladı. Shina jıljıp ketiwiniń aldın alıw ushın onıń joqarı bólimi eki siyleli baylaǵısh járdeminde pánje bóliminen tómengi bólimi boylap baylanadı. Baylaǵıshlar bilek buwınınıń shetinde aldı hám arqasınan, sınǵan jerdiń qarama-qarsı tárepine ótedi.

Shina qoyıwdan aldın jaraqatlanǵan qoldıń qoltıq astı oyıqshasına paxta domalaǵı yaki oramal (kosinka) oramı qoyıladı. Qoyılǵan shina bint penen baylanıp bekkemlenedi.

*Bilek súyekleriniń sınıwı.* Záńgi tárizli shina tuwrı úshmúyeshlik payda etip búgiledi. Bunda onıń bir tárepiniń uzınlıǵı bilek hám pánje barmaqları tiykarına tuwrı keliwi, ekinshi tárepiniń uzınlıǵı iyinniń $^3/_2$ bólimine tuwrı keliwi kerek. Shıǵanaq boyınsha tuwrımúyesh payda etip búgilgen qol shinaǵa qoyıladı hám bint penen bekkemlenedi. Eger shina hám qoldaǵı bar zatları bolmasa, tuwrı úshmúyesh payda etip, shıǵanaq buwınında búgiledi-de, oramal (kosinka), qayıs (remen) hám basqa zatlar járdeminde denege bekkemlenedi.

*Pánje súyekleriniń sınıwı.* Bilek-uzınlıǵına shekem bolǵan záńgi sıyaqlı shina alınadı hám uzınlıǵı boyınsha tarnaw tárizli etip iyiledi, ekinshi tárepi rulon etip oraladı. Shina bint járdeminde bekkemlenedi (72-súwret). Pánje hám bilek onsha úlken bolmaǵan faner hám taxtashalar járdeminde immobilizaciyalanadı. Bunday jaǵdaylarda barmaqlar yarım búgilgen jaǵdayda alaqanǵa paxta yaki gezleme bólegi qoyıladı.



*72-súwret.* Pánje súyekleri sınǵan waqıtta záńgi tárizli shinanı qoyıw.

*San hám baltır súyeginiń joqarı $^3/_2$ bóliminiń sınıwı.* San súyegi sınǵanda Diterixs shinası jaqsı transport shina bolıp esaplanadı. (73-súwret, 1, 2, 3). Bul jambas-san, dize hám baltır-pánje buwınların jaqsı immobilizaciya (háreketsizlikti támiyinleydi) etiw imkanın beredi. Shina uzınlıǵın ańsat




73-*súwret.* Diterixs shinası.

ózgertse bolatuǵın 2 aǵashtan tayarlanǵan bransh (taxtaydan, 1, 2), taban áste úskenesi hám buramadan ibarat (3).

*Shinanı qoyıw tártibi.* Shina 2—3 adam menen qoyıladı. Jaradar shalqasına jatadı. Dáslep shina tayarlanadı, bunıń ushın sırtqı hám ishki shinalar jaradardıń boyına sáykeslep alınadı:

a) qaptal branshlar sırtqı tárepten qoltıq astı hám de tabanǵa shekem tuwrılanadı. Ishkisi bolsa shat bólimine solay etip qoyıladı, branshtıń erkin tárepi tabannan 10—15 sm shıǵıp turadı;

b) jataq jara hám de nekrozdıń aldın alıw ushın súyektiń shıǵıp turǵan jeri (jambas súyek qanatı, tobıqlar) ne hám tabannıń arqa betine jumsaq gezleme qoyıladı;

d) taban astına qoyılatuǵın gezleme ayaq kiyimge bekkem baylanadı;

e) taban astına gezleme qoyılǵannan soń sırtqı shinanı qoyıwǵa kirisiledi. Bunıń ushın tómengi ushı taban úskenesiniń sırtqı branshina kirgiziledi. Keyin shina ayaqtan tap qoltıq astına shekem jaylastırıladı. Lenta yaki binttiń ushları bransh tesiginen ótkeriledi hám kókirek quwıslıǵın orap baylanadı. Ayaqqa shina baylanbay turıladı;

f) keyin ishki shina ornatıladı. Bunıń ushın tómengi ushı tabanǵa qoyılatuǵın gezlemeniń ishki ramkasınan kirgiziledi. Ishki shinanıń bas




*74-súwret.* Ayaqtıń Diterixs shinası járdeminde immobilizaciyalanıwı: *a* — taban astı úskenesin bekkemlew; *b* — shinalardı taban astı úskenesindegi skobalarǵa kirgiziw hám dene boyınsha tegislep qoyıp shıǵıw; *d* — remen (qayıs) hám baylaǵıshlar járdeminde shinanı san hám de denege baylap shıǵıw; *e* — ayaqtıń Diterixs shinası járdeminde immobilizaciya etip bolǵannan soń kórinisi.

bólimi shat bólimine taqalıp turadı. Sırtqı branshtıń tesiginen shıǵarılǵan lenta yamasa bint ushları sannıń átirapınan aylandırılıp baylanadı;

g) taban astına qoyılatuǵın gezlemesine biriktirilgen jip gorizontal planka tesiklerinen shıǵarılıp, ushları baylanadı hám burap tartıwǵa kirisiledi (74-súwret). Qollar menen jaraqatlanǵan ayaqtıń tabanınan uslap tartıladı, bunda branshtıń basları qoltıq astı hám shatına taqalıp turıwı kerek. Sonnan keyin jipler arqalı tartıw tayaqshanı buraw járdeminde ámelge asırıladı. Tartıw tap ayaqlar teńlesemen degenshe dawam ettiriledi. Burama tayaqsha gorizontal plankaǵa bint penen bekkemlenedı.

Tartıw tamam bolǵan soń shinanıń branshları ayaq hám denege bint spiral tárizli etip oralǵan jaǵdayda bekkemlenip qoyıladı;

h) ayaqlar ilinip qalmawı ushın, san hám baltırǵa arqa tárepten fanerli yaki Kramer shinası qoyıladı. Sonı yadda saqlaw kerek, normadan kóbirek tartıw awırıw hám sińirlerde jataq jaralar payda etedi.

*Baltır súyekleri sınıwında* 3 záńgi tárizli shina menen immobilizaciyalaw qolay. Olardan biri baltırdıń arqa tárepine qoyıladı. Bul shina ayaq pánjesin záńgi (tirepberdi) kórinisinde uslap turıwı kerek. Baltırdıń ishki hám sırtqı tárepine fanerli shinalardı qollanıwǵa boladı (75-súwret).

*Bas súyeginiń sınıwı.* Jaraqatlanǵan insan nosilkaǵa jatqızıladı hám basınıń astına ortası oyıq etip, jumsaq zat tóseledi. Bastıń eki shetine uzınına boylap jumsaq valikler qoyıladı.

Eger jaradardı qandayda bir qurılmadan vertikal jaǵdayda alıp shıǵıw zárúr bolsa, dáslep onıń moyın bólimine paxta-siyleli jaǵa qoyıladı.




*75-súwret.* Baltırǵa shina qoyıw:
*a* — shinalardı búgip ayaq formasına keltiriw; *b* — shinanı ayaqqa baylaw.

Bunıń ushın moyın birneshe qabat paxta menen oraladı. Onıń ústinen tıǵız etip, biraq onsha qattı qıspastan bint oraladı. Moyın omırtqaları jaraqatlanǵanda joqarıda kórsetip ótilgendey uqsas paxta-siyleli valik qoyıladı.

*Qabırǵalardıń sınıwı.* Bintlewden aldın jaraqatlanǵan adamnan tereń hawa shıǵarıw iltimas etiledi. Jaraqatlanǵan adam kókirek quwıslıǵınıń tómengi bólimi qattı qısıp bintlenedi. Dem alınıp atırǵanda bintlew waqıtsha toqtatıladı. Usı waqıtta binttiń bas turǵan ushı tartıp turıladı. Awırıwdı azaytıw ushın awırıwdı qaldırıwshı dárilik zat teri astı yaki bulshıq et arasına shpric-tyubik járdeminde jiberiledi.

*Jaqlardıń sınıwı.* Waqıtshalıq immobilizaciya sapqan tárizli baylam qoyıw járdeminde, isenimli immobilizaciya standart jaq astına qoyılatuǵın shina járdeminde ámelge asırıladı (76-súwret).

Jaq astına qoyılatuǵın standartlı shina basqa kiyiletuǵın arnawlı baylam hám jaq astına qoyılatuǵın plastmassalı shinadan ibarat boladı.



*76-súwret.* Tómengi jaq sınǵanda standart basıwshı baylamdı qoyıw.

Saqpan tárizli baylam basqa kiyiletuģın baylamģa rezina járdeminde bekkemlenedi. Awırıwdıń aldın alıw maqsetinde jaq astına qoyılatuģın plastmassa shina ishi paxta-siyleli qaplama menen toltırıladı. Qoyılģan paxta-siyleli shinanıń sheti shıģıp turıwı kerek.

Tómengi jaq hám moyın jaraqatlanıwında asfikciya rawajlanıwınıń aldın alıw maqsetinde standart basıwshı baylam qoyılmaydı.

*Omırtqanıń sınıwlar.* Omırtqa baģanasınıń sınıwı júdá awır jaraqatlanıw bolıp tabıladı. Azmaz háreket etiw menen belde kúshli awırıw payda bolıwı onıń belgisi bolıp esaplanadı.

Jaraqatlanģan adamdı otırģızıw, tik turģızıp qoyıw qatań qadaģan etiledi. Onı, dáslep, tegis, qattı zatqa (taxtaģa) jatqızģan halda tınısh sharayat jaratıw kerek. Tap usı zatlardan transport immobilizaciyasında da paydalanıladı. Taxtay bolmaģanda jaraqatlanģan adam essiz jatsa, onıń iyinleri hám basınıń astına kurtka yaki buyımlar qabınan islengen valik qoyıp nosilkada tómen qarata jatqızıp, transportta evakuaciya etiw qáwipsiz bolıp tabıladı.

## *3.4. Kóz, qulaq, murın, tamaq jaraqatlanģanda birinshi medicinalıq járdem kórsetiw*

Kóz ximiyalıq, mexanikalıq, termikalıq, radiaciyanıń sińiwshi tásiri hám záhárlewshi zatlardan jaraqatlanadı. Mexanikalıq jaraqatlanıwlar qabaq jaralanıwı, kóz kontuziyası hám jaralanıwın keltirip shıģaradı.

Qabaq jaraqatlanıwında ajıralģan kóz alması jaraqatlanģan hám jaraqatlanbaģan halda boladı. Kózdıń jaraqatlanıwı tesip ótken hám tesip ótpegen (ótip kirmegen), jat deneler túsken yaki túspegen boladı.

Kózdıń múyiz perdesi tesilip jaraqatlanıwı qattı awırıw, kóz jası aģıwı, hám konyunktiva qızarıwı menen xarakterlenedi. Ápiwayı kórikten ótkeriw waqtında kózde jat dene barlıģın anıqlaw qıyın bolģanlıģı sebepli, lupadan paydalanıladı. Bunday jaraqatlanģanlarģa óz waqtında durıs medicinalıq járdem kórsetilse, úlken qáwip tuwdırmaydı.

Kóz múyiz perdesi júdá hám názik esaplanadı. Eger infekciya tússe, kózdıń kóriw qábileti joq boladı.

Kózdıń aldınģı kamerası joq bolıwı múmkin. Qantalasqan, kóz qarashıģınıń ashılıp turģan jaraqatı bolsa, kóz ishki qabatları, gáwhar hám shiyshe tárizli denesi aģıp túsedi.

*Kóz kontuziyası.* Topır buyım, zat yaki mush penen urǵanda hám jarılıwdıń soqqı tolqını urıwı aqıbetinde kóz kontuziyası baqlanadı. Kóz ishi basımınıń tez kóterilip ketiwi nátiyjesinde kóz ishindegi silekey qabat, kóz bólimleri reńli perde, gáwhar, qanlı silekey qabat hám tor perdeler jaraqatlanadı.

Kontuziya waqtında kózde awırıw, jaqtılıqtan qorqıw, kóriw biraz yaki pútkil joǵalıwı, kóz aldı kamerası, shiyshe tárizli dene hám qabaqqa qan quyılıwlar baqlanadı.

Ayırım jaǵdaylarda kóz aldı perdesi jarılıp ketiwi hám kóz ishinen ishki bólimlerdiń aǵıp túsiwi baqlanadı.

*Kózdıń termik kúyiwi.* Kózge janıp atırǵan gaz, suyıqlıq, qızǵan temir bólekleriniń túsiwi nátiyjesinde kiyiw rawajlanadı. Kóz toqımalarınıń belogi uyıp, jansızlanıp qalıwı nátiyjesinde tırtıq payda boladı.

Kózdıń kúyiw jaǵdayı yadro quralı jarılıwında ajıralıp shıǵatuǵın jaqtılıq nurlanıwı aqıbetinde de júz beredi.

Yadro quralı jarılıwı nátiyjesinde ajıralıp shıqqan jaqtılıq nurlanıwın, kóriw qábiletiniń tómenlep ketiwi yaki ulıwma kórmey qaladı. Kórmey qalıw bir minuttan bir sutkaǵa shekem dawam etiwi múmkin. Keyin kóriw qábileti jáne óz jaǵdayına qaytadı.

Quramında ultrafiolet nurı kóp bolǵan nurlanıw energiyası tásirinde kózdiń kúyiwi elektr svarkalaw, qar menen qaplanǵan tawlı jerlerde ultrafiolet nurlarınıń qaytarılıwı tásirinde baqlanadı. Ultrafiolet nurları tásir etken waqtınan 6—8 saattan keyin qabaq terisi hám konyunktiva qızarıp ketip, jaqtılıqtan qorqıw hám kózden kóp kóz jası shıǵıwı payda boladı. Bul kórinisler birneshe kúnnen soń ótip ketedi.

Kózdıń ximiyalıq kúyiwi kislota, silti hám basqa eritpe tamshılarınıń túsiwi nátiyjesinde boladı. Kislotalar tásirinde qurǵaq qara-qotır payda boladı. Keyinnen ol shıǵadı. Siltiler menen kúyiw awır ótedi. Toqımalar tereń ishkerige kirip, eritip jiberedi hám ıǵallanǵan qaraqotır payda boladı. Ol uzaq waqıt ajıralıp túspeydi hám de astında toqımalardıń buzılıwı dawam etedi.

*Birinshi medicinalıq járdem.* Jaraqatlanǵanda, termikalıq kúygende, kóz kontuziyasında kózge dárhal sterillengen baylam qoyıladı hám tez jaraqatlanǵan shaxstı medicinalıq punktine jiberiledi. Kózdi tesip ótiwshi jaraqatlanıwlarǵa binokulyar baylamı qoyıladı. Bul jaqsı tınıshlıq jaǵdayın támiyinleydi.

Jaraqatlanǵan hám kúygen kózge dári-dármaq qoyıw yamasa onı juwıw múmkin emes. Bul kózge infekciya túsiwi yamasa radioaktiv zatlardıń sorılıp ketiwine alıp keledi. Kózge túsken jat denelerdi alıp taslawǵa háreket etpew kerek. Tek ǵana kóz hám onıń átirapındaǵı topıraq, ılay bólekleri hám basqa deneler alıp taslanadı.

Kózdıń ximiyalıq kúyiwi hám de kózge kóp muǵdarda radioaktiv shańlar túsken waqıtta dárhal suwıq suw menen juwıp taslaw hám jaraqatlanǵandı tez evakuaciya etiw kerek.

Egerde kóz qamasıwı, bir waqıttıń ózinde kóriw qábiletiniń joq bolıwında awırıw sezilse, kóz sezilerli dárejede jaraqatlansa hám kózdiń kóriw qábileti 0,5—1 saattan kóp waqıt joq bolsa, jaraqatlanǵan adamǵa tez medicinalıq járdem kórsetiw ushın medicinalıq punktine evakuaciya etiledi.

*Murın jaraqatı* qan ketiwi menen qáwipli bolıp tabıladı. Bunday jaǵdayda keseldı shalqasına jatqarıwǵa bolmaydı. Sebebi qan ketiwi dawam eteberedi hám qan jutılıp asqazanǵa kelip túsedi. Keyin kewil aynıwı hám qaytarıwı baqlanıp, nawqas jaǵdayı tómenleydi. Bunday waqıtta nawqastıń basın tómenge iygen halda otırǵızıw yaki betin tómen qaratıp jatqızıw kerek (qarınǵa). Murınǵa muzday suw, muz yaki qar salınǵan ıdıs qoyıw kerek. Múmkinshilik bolǵanınsha murın tesiklerine vodorod peroksidi eritpesine ıǵallanǵan paxtalı tampon yaki tumawǵa qarsı tamshılar menen ıǵallanǵan tampon qoyıladı.

*Qulaq barabanı jaraqatınıń* klinik ótiwi hám kórsetiliwi kerek bolǵan medicinalıq járdem basqa organlardıń teri qabatı jaraqatına kórsetiliwi kerek bolǵan járdemnen parqı joq. Qulaq barabanı tez pitiwshi bolǵanlıǵın esapqa alǵan halda, hátte qulaq úzilip túsken bolsa da onı múmkinshilik bolǵansha uslap turıwǵa háreket etiw kerek.

*Sırtqı esitiw jolı* tómengi jaq buwını sınǵanda, oq atar quraldan jaraqatlanǵanda, bas súyeginiń tiykarı sınǵanda jaraqatlanadı. Geyde baraban perdesiniń jırtılıwı baqlanadı.

Sırtqı esitiw jollarınan qan aǵıwı awır jaraqat alǵan hám súyek tiykar bólimi sınǵannan derek beredi. Bunday jaǵdayda, ádette, esitiw qábileti keskin tómenleydi, qan arqa miy suyıqlıǵı shókpeleri menen aralasıwı esabınan jaman uyıydı. Bunday jaǵdayda qulaqqa sterillengen baylam qoyıp, jaraqatlanǵan jatqan halında medicinalıq járdem kórsetiw ushın medicinalıq punktine evakuaciya etiledi. Qulaqtan qan ketkende, onı toqtatıw maqsetinde baylam ústinen muz salınǵan qalta qoyıladı.

*Sırtqı qulaq esitiw jolı* ishine jánlik kirip qalsa, esitiw jolına birneshe tamshı jıllı suw yamasa vazelin mayı 30 minutqa tamızıladı. Keyin rezinalı dári sepkish járdeminde jıllı suw menen juwıp taslanadı. Qulaqtan basqa jat denelerdi alıp taslawdıń basqa usılların sanitariya drujinası qollanıwǵa bolmaydı.

*Baraban perdesiniń jaraqatlanıwı*, ádette, sırtqı esitiw jolında hawa basımı keskin kóterilgende (oq dári jarılǵanda, qulaqqa shapalaq urılǵanda, suwǵa sekirgende hám basqalarda) júz beredi. Baraban perdeniń jırtılıwı awırıw, qan ketiwi, esitiw qábileti tómenlewi hám qulaqta shawqım esitiliwi menen baqlanadı. Bunda, orta qulaq samallawınıń aldın alıw maqsetinde jaraqatlanǵan qulaq juwılmay hám dári-darmaq tamızılmastan, sterillengen baylam qoyıw kerek. Imkanı bolsa, baylam ústinen muz salınǵan ıdıs qan toqtatıw ushın qoyıladı.

*Jutqınshaq (alqım), kómekey, kekirdek (traxeya) jaralanǵan hám jaraqatlanǵanda* kóbinese qan ketiw aqıbetinde qan demalıw jollarına túsedi. Bul ókpe samallawın keltirip shıǵaradı hám ólim halatına alıp keledi.

Kómekey (tamaq) hám kekirdek jaraqatlanǵanda ses buwıladı yamasa sıbırlap sóylegendey ses shıǵadı. Geyde buwılıw jaǵdayları júz beredi. Jótelgen waqıtta jara bóliminde awırıw kúsheyedi, jaradan hawa shıǵadı. Jutqınshaqtıń jaralanıwı jutınıwı buzıladı.

Jutqınshaq, kómekey hám kekirdek jaraqatlanǵanda birinshi medicinalıq járdem ómir ushın qáwip tuwdırıwshı qan ketiwin toqtatıw hám buwılıp qalıw sebeplerin joq etiwden ibarat. Jaralanǵan jerge sterillengen baylam qoyıw kerek.

## *Qadaǵalaw sorawları*

1. Birinshi medicinalıq járdem túsinigi.
2. Sawash maydanında jaraqatlanǵanlarǵa kórsetiletuǵın birinshi medicinalıq járdemge neler kiredi?
3. Jaraqat túrlerin aytıp beriń.
4. Qan ketiw túrlerin hám belgilerin aytıp beriń.
5. Qan ketiwde birinshi medicinalıq járdem kórsetiw ilajlarına neler kiredi?
6. Qan ketiwdi toqtatıw usıllarına qaysıları kiredi?
7. Súyek sınıwınıń klassifikaciyasın aytıp beriń.
8. Súyek sınıwında birinshi járdem kórsetiwdiń ulıwma qaǵıydaları nelerden ibarat?
9. Shinalar qoyıwdıń ulıwma qaǵıydalarına neler kiredi?

## *4-bap.* RADIACIYADAN JARAQATLANÍW HÁM ZÁHÁRLEWSHI ZATLARDAN ZÍYANLANÍWDÍN ALDÍN ALÍW HÁM BIRINSHI MEDICINALÍQ JÁRDEM KÓRSETIW

### *4.1. Yadro quralınıń jarılıwı nátiyjesinde ajıralıp shıqqan ónimler menen zıyanlanǵanda sanitariyalıq islew ótkeriw. Yadro quralınıń jarılıw oshaǵında emlew-evakuaciya shara-ilajların shólkemlestiriw hám de kórsetilip atırǵan birinshi medicinalıq járdemniń kólemi.*

Yadro quralınıń jarılıwı nátiyjesinde ajıralıp shıqqan ónimler menen zıyanlanǵanda sanitar islew, saralaw postında teri qabatların hám kiyim-kensheklerdiń radioaktiv zatlar menen zıyanlanıw dárejesi, dozimetriyalıq tekseriwlerden alınǵan maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp ótkeriledi.

Radioaktiv zatlar menen zıyanlanǵan jeke quramǵa sanitar islewi biraz yaki tolıq ótkeriledi. Bólimsheler jeke quramı ózleriniń iyelep turǵan orınlarınan shıǵarılıp, radioaktiv zatlar menen zıyanlanǵanlǵı anıqlanǵannan soń biraz sanitar islew ótkeriledi. Radioaktiv zatlardan zıyanlanǵanda, zıyanlanıw payda bolǵan waqıttan soń birinshi saatlar ishınde dezaktivaciya ótkeriledi.

Radioaktiv zıyanlanıw oshaǵınan shıqqannan soń biraz sanitariya islewi tómendegishe ótkeriledi: jeke qural suwǵa ıǵallanǵan tamponlar menen eki márte sıpırıp tazalap dezaktivaciya etiledi, eger ИД-1 paketi bolsa, onda usı degazaciyalawshı paket járdeminde islenedi; jeke qorǵanıw zatları sheship qaǵıp (sıpırıp) taslanadı yaki ıǵallanǵan gezleme menen sıpırıp shıǵıladı; kiyim-kenshek sheshiledi hám silkip qaǵıladı yaki sıpırıp taslanadı, bunda gaz nıqap sheshilmeydi; qural-jaraq ánjamlar, ayaq kiyimler sheshiledi hám ıǵallanǵan gezleme menen sıpırıp shıǵıladı yaki qolında bar zatlar menen sıpırıladı. Adamnıń ashıq jerleri: qolları, moynı taza suw menen juwıladı, gaz nıqaptıń ústi sıpırıladı hám taza suw menen juwıladı, soń gaz nıqap sheshiledi, betin suw menen jaqsılap juwadı, awız hám tamaq shayıladı (77-súwret). Jaradar hám nawqaslardıń tolıq sanitar islewi medicinalıq emlew máekemeleriniń sanitar islew bólimlerinde ótkeriledi.

Tolıq arnawlı islew ótkeriw jeke quramǵa tolıq sanitariya islewi ótkeriwin hám qural-jaraq, texnika, kiyim-kenshekler, ayaq kiyimler, qural-jaraq-ánjamlar hám de jeke qorǵanıw zatların tolıq dzaktivaciya, degazaciya hám dezinfekciya etiwdi óz ishine aladı.




*77-súwret.* Radioaktiv zatlardan zıyanlanǵanda biraz sanitariya islewin ótkeriw usılları.

Tolıq arnawlı islew armiyalar aldına qoyılǵan jawıngerlik wazıypalar islengennen keyin hám de sawashtan shıqqannan soń áskeriy bólim komandiri buyrıǵı tiykarında ótkeriledi. Tolıq arnawlı islew ótkeriw áskeriy bólimlerdiń turaqlı turaq jayları (yaki armiyalar toplanǵan orınlar)nda, háreket etip atırǵan baǵdarlarda hám arnawlı islew aymaǵında ótkeriledi. Arnawlı islew ilajı barınsha zıyanlanbaǵan jerlerde ótkeriledi.

Arnawlı islew ótkeriw punktinde tómendegi orınlar shólkemlestiriledi hám kerekli zatlar menen úskenelenedi: bólistiriwshi-qadaǵalaw postı; áskeriy texnikanı hám qural-jaraqtı degazaciya, dezinfekciya etiw maydanshası; jeke qorǵanıw zatları degazaciya, dezaktivaciya etiw maydanshası; sanitariya islewin ótkeriw maydanshası, zıyanlanǵan ústi-basın almastırıw maydanshası; komandirlik-baqlaw punkti (78-súwret).

Yadro quralınıń jarılıw oshaǵında, yadro quralı hújimi astında qalǵan hám jawıngerlik qábiletin saqlap qalǵan bólimshelerdiń jeke quramı tárepinen ózine-ózi hám bir-birine járdem kórsetiw ilajları ótkeriledi. Bul óz ishine jeke aptechka quramındaǵı, birlemshi reakciyanıń aldın alıw ushın qollanılatuǵın quraldı qabıl etiwdi óz ishine aladı. Eger organizm ishine radioaktiv zatlardıń kiriwi baqlanbaǵan bolsa, adsorbent qabıl etiledi hám keyin asqazan juwıladı.




*78-súwret.* Arnawlı islewdi ótkeriw aymaǵı.

Kombinaciyalanǵan jaraqatlanıwlarǵa, birinshi gezekte, mexanikalıq hám kiyiw faktorları tásirin joq etiwge qaratılǵan ilajlarǵa qan ketiwin toqtatıw hám dem alıwdı tiklew sharaları kóriledi. Kerek bolsa jeke qorǵanıw zatları (respiratorlar, gaz nıqaplar, qorǵanıw kiyim-kenshekleri) qollanıladı. Teri qabatları hám kiyim-kenshekler radioaktiv zatlar menen zıyanlanǵanda, biraz sanitariya islewi ótkeriledi. Zıyanlanǵan oshaqtan hám aymaqtan qısqa waqıt ishinde, tez shıǵıp ketiw (alıp ketiw) jumısları shólkemlestiriledi. Yadro qurałı jarılıwı júz bergen oshaqta hám radioaktiv zatlar menen zıyanlanǵan orınlarda birinshi gezekte evakuaciya etiwge mútáj bolǵan awır jaradarlar toparı ajıratıladı.

Sanitariya drujinası birinshi medicinalıq járdem elementleriniń durıs orınlanıwı ústinen qadaǵalaydı, kerek bolǵan waqıtlarda awır jaradarlarǵa zıyanlanǵanlarǵa medicinalıq járdem kórsetedi. Sanitariya drujinası zıyanlanǵanlar hám jaradarlardı sawash maydanında izlep tabıwda hám olardı medicinalıq punktine evikuaciya etiwde qatnasadı. Bunda sanitariya drujinası jaradarlar hám zıyanlanǵanlarǵa yadro jarılıwı oshaǵınan erkin túrde shıǵıp ketiw ushın jaqın bolǵan jollardı kórsetedi hám de sanitariya transportları keliwin esapqa alǵan jaǵdayda awır jaradarlar hám zıyanlanǵanlardı toplaw ornın anıqlaydı. Awır jaradarlar hám zıyanlarǵanlardıń sawash maydanında toplanǵan orınların sutkanıń barlıq waqıtlarında jaqsı kórinetuǵın belgiler yaki «Roza-MT» radiopelengaciyalıq ásbabı járdeminde belgilep qoyıladı.

Shıpakerge shekem bolǵan (feldsherlik) medicinalıq járdem (batalyon, brigada medicinalıq punktlerinde) óz ishine alıp kelgen jaradar hám zıyanlanǵanlar jaraqatlanıwınıń awırlıq dárejesin esapqa alǵan halda saralawdı óz ishine aladı. Bunda eki topar ajıratıladı: awır jaraqatlanıwlar birinshi gezekte evakuaciya etiledi; jeńil jaraqatlanǵanlar (imkanı barınsha qısqa waqıt ishinde) bolsa ekinshi gezekte.

Shıpakerge shekem bolǵan (feldsherlik) medicinalıq járdem: birlemshi reakciyanı alıw ushın qollanılatuǵın zattı qayta qabıllaw ushın beriwdi; radioaktiv zatlardıń ishine túsiwi gúman etilgen bolsa—antidottı beriwdi hám keyin asqazandı juwıwdı; kombinaciyalanǵan jaraqatlanıwlarǵa—awırıwdı qaldırıwshı dárilik zatlardı hám antibiotiklerdi qaytadan beriw; kórsetpelerge tiykarlanıp júrek-qan tamırlarınıń dári-darmaqları hám dem alıw analeptikleri (kofein, kordiamin), antigistamin preparatları (dimedrol, suprastin hám basqalar), trankvilizatorlar beriwdi óz ishine qamtıp aladı.

Kórsetilip atırǵan medicinalıq járdem óz ishine tek tez túrde kórsetiletuǵın shara-ilajlardı—tikkeley jaradar hám zıyanlanǵanlardıń ómirin saqlap qalıwǵa qaratılǵan jumıslardı ótkeriwdi hám de radiaciya nurlanıwı az bolǵan jerlerge olardı tez evakuaciya etiwdi qamtıp aladı.

### *4.2. Ximiyalıq qural qollanıwı nátiyjesinde zıyanlanǵanlarǵa birinshi medicinalıq járdem kórsetiw*

*Záhárlewshi zatlar menen zıyanlanǵanda biraz islew ótkeriw.* Biraz arnawlı islew ótkeriwdi, ádette, áskeriy bólimshe yaki bólim aldına qoyılǵan jawıngerlik wazıypa toqtatılmastan, komandrdiń buyrıǵı tiykarında yamasa hárbir áskeriy xızmetshi erkin túrde ózine hám bir-birine ótkeredi. Bunda, záhárlewshi zatlar menen zıyanlanǵanda tómendegiler ótkeriledi: ashıq qalǵan teri qabatları, kiyim-kenshek, gaz nıqaptıń ústingi bólimi tez degazaciya etiledi. Bunnan basqa, jeke quram jawıngerlik wazıypanı orınlaw waqtında qural-jaraq hám áskeriy texnikanıń ayırım bólimlerine tiyedi, sonıń ushın usı jerler de degazaciya etiledi.

*Biraz sanitariya islewin ótkeriw tártibi.* Záhárlewshi zat qollanılǵan waqıtta jeke quram gaz nıqap hám jeke qorǵanıw qurallarında bolsa, adamnıń teri qabatları hám kiyim-kenshegi usı záhárlengen oshaqtan shıqqannan soń degazaciya etiledi.

Qorǵanıw quralların kiymegen jeke quram ashıq jerde jaylasqan waqıtta, tosattan dushpan záhárlewshi zatları qollanılsa, tez gaz nıqap kiyiledi, qorǵanıw plashı bolsa jawǵıshı menen kiyiledi. Dárhal zıyanlanǵan teri qabatları, kiyim-kenshektiń zıyanlanǵan bólimleri hám gaz nıqaptıń ústingi bólimi ximiyaǵa qarsı jeke paket (ИПП-8, ИПП-9, ИПП-10) járdeminde degazaciya etiledi. Qural-jaraq zıyanlanǵan orınnan shıqqannan keyin degazaciya etiledi. Komandir (baslıq)diń buyrıǵına tiykarlanıp qorǵanıw plashı, qorǵanıw qolǵabı qorǵanıw etigi sheshiledi. Eger usı zatlar záhárlewshi zatlar qollanıp atırǵan waqıtta kiyilgen bolsa, qorǵanıw zatları sheshiliwden aldın degazaciya etiledi. Biraz sanitariya islewi ótkerip bolınǵannan soń gaz nıqap sheshilmeydi.

Jeke quram bir waqıttıń ózinde záhárlewshi, radioaktiv zatlar hám bakteriyalıq zatlardan zıyanlanǵan waqıtta, ximiyaǵa qarsı zatlar járdeminde olarǵa biraz sanitariyalıq islew ótkeriledi. Birinshi gezekte záhárlewshi zatlar degazaciya hám bakteriyalıq zatlar dezinfekciya etiledi, soń radioaktiv zatlar dezaktivaciya etiledi.

***Biraz sanitariya islewin ótkeriw ushın qollanılatuǵın zatlar.*** Dala sharayatında biraz (tolıq emes) sanitariyalıq islew ótkeriw ushın áskeriy toplamlar hám ásbaplardan paydalanıladı. Bunnan basqa, ximiyaǵa qarsı jeke paketler ИПП-8, ИПП-9, ИПП-10, qural hám kiyim-kenshekti degazaciya etiwshi ИД-69 toplamı, poroshoklı degazaciya etiwshi ДПП qollanıladı.

Ximiyaǵa qarsı ИПП-8 jeke paketi (79-súwret) — teriniń ashıq jerlerine túsken záhárlewshi zatlardı degazaciyalaw hám teriniń ashıq jerlerine (moyın, bet, qollar) tiyip turatuǵın kiyim-kenshektiń jeńi, jaǵası hám de gaz nıqaptıń júz bólimin degazaciyalaw ushın arnalǵan.

Ximiyaǵa qarsı jeke paket qalayılanǵan polietilen qaltadan ibarat bolıp, onıń ishinde degazaciya etiwshi suyıqlıq salınǵan shiyshe flakon (135 ml kólemde suyıqlıq penen toltırılǵan) hám tórt $7\times10$ sm li paxta-siyle tampon bar. ИПП-8, ádette, gaz nıqaptıń ústingi bólimi saqlanatuǵın gaz nıqap qaltasında alıp júriledi (79-súwret, a).

Paketten tómendegishe paydalanıladı:

— záhárlewshi zat terige túsken waqıtta tez paket shep qolǵa alınadı, qaptı jırtıp qoyılǵan jerinen tartıp aqırına shekem jırtıladı hám suyıqlıq toltırılǵan shiyshe ıdıs hám paxta-siyleli tampon alınadı;

— shiyshe ıdısınıń qaqpaǵı ashıladı;




*79-súwret.* ИПП-8 jeke paketi:
*a*—ulıwma kórinisi; *b*—suyıqlıq salınǵan shiyshe flakon; *d*—paxta-siyle tampon.

— paxta-siyle tampon suyıqlıq penen ıǵallanadı, deneniń záhárlewshi zat tiygen jerleri (usı suyıqlıq penen 1—2 minut dawamında) jaqsılap sıpırıladı. Beti sıpırılıp atırǵan waqıtta kózge suyıqlıq túspewine háreket etiw kerek.

Eger záhárlewshi zattıń suyıq tamshısı kiyimge tiygen bolsa, flakon tesigi biraz jabılıp, kiyimniń záhárlewshi zat tiygen jerleri ıǵallanadı hám tampon járdeminde ısqılap tazalanadı.

Islew ótlerip bolǵannan keyin teri qabatında awısıq qalǵan suyıqlıq qurǵaq paxta-siyleli tampon járdeminde qurǵatıladı.

Flakonnıń qaqpaǵı jabıladı hám jáne gaz nıqap qaltasına salıp qoyıladı.

Sawash maydanında kórsetiletuǵın birinshi medicinalıq járdem ózi-ózine, ózara, sanitarlar hám sanitariyalıq drujinashılar tárepinen kórsetiletuǵın medicinalıq járdeminnen ibarat. Bunda zıyanlanǵanlarǵa:

— tez gaz nıqap kiygiziledi;

— jeke aptechkadaǵı yamasa armiyalar sumkasınan záhárge (afin, budaksim) jiberiledi;

— ИПП-8, ИПП-10 hám basqa zatlar járdeminde biraz islew ótkeriledi;

— zıyanlanǵanlarǵa kórsetpe boyınsha jasalma dem aldırıladı;

— zıyanlanǵan oshaqtan shıǵıp ketedi (alıp keltiledi);

— zıyanlanǵanlar tez medicinalıq punktke sanitar yamasa basqa transportlarda, qorǵanıw qurallarında (birinshi gezekte awır zıyanlanǵanlar) evakuaciya etiledi.

Záhárleniwdiń birinshi klinikalıq belgileri payda bolıwı menen (kóz qarashıǵınıń qısqarıwı, mioz, dem alıwdıń qıyınlasıwı hám




*80-súwret.* Shpric-tyubik: *1*—antidot salıńǵan plastmassalı tyubik; *2*—antidot, *3*—kanyula; *4*—membrana; *5*—iyne; *6*—qaqpaqsha.

basqalar) fosfororganikalıq záhárlewshi zatlarǵa qarsı záhár shpric-tyubik (80-súwret) járdeminde ózine-ózi yaki óz ara járdem kórsetiw arqalı teri astına yamasa bulshıq etler arasına jiberiledi.

Záhár (antidot)di bulshıq et arasına jiberiw ushın qırlı dóńgelekti kanyuladaǵı (3) rezba boyınsha sheklegishke tiygenge shekem jılıstırıladı hám kúsh penen 2—3 márte burıladı. Bunda inyekciya iynesinuń ishki bólimi (4) plastmassa tyubikdegi perdeni tesedi, iyneni (5) jawıp turǵan qaqpaqsha (6) alınadı, keyin tyubikti (1) tiykarınan uslap turıp, iyne ushında suyıqlıq 2 (payda bolǵanǵa shekem hawa qısıp shıǵarıladı hám záhárlengen adamnıń terisi astına yaki bulshıq etleri arasına iyne shanshıp kirgiziledi hám suyıqlıq jiberiledi (81-súwret). Sonı este saqlaw kerek, shpric-tyubikte suyıqlıqtıń az ǵana bólegi qaladı.

Shpric-tyubik qollanılǵannan soń zıyanlanǵan adamnıń qaltasına salıp qoyıladı yaki tiyrewish járdeminde ústi-basına taǵıp qoyıladı. Bul bolsa záhár jiberilgenligin bildiredi.

Keyingi waqıtta záhárlengen ximiyalıq aymaqlarda paydalanıw ushın kóp márte qollanılatuǵın avtomatikalıq shpricler islep shıǵarılmaqta. Kóp márte qollanılatuǵın avtomatikalıq shpricler isletiwshi úskene, kóp márte qollanılatuǵın qabıq hám bir márte qollanılatuǵın záhár eritpesi menen toltırılǵan sterillengen kapsuladan ibarat.



*81-súwret.* Shpric-tyubikdi isletiw usılı.

Dushpan tárepinen záhárlewshi zatlardı qollanıw qáwpi tuwılǵanda, komandrdiń buyrıǵına tiykarlanıp fosfororganikalıq zatlarǵa qarsı eki tabletka «preparat P-6» profilaktikalıq záhári suw menen ishiledi, 5 saat ótkennen keyin jáne eki tabletka suw menen ishiledi.

## *Qadaǵalaw sorawları*

1. Yadro quralınıń jarılıwı nátiyjesinde ajıralıp shıqqan ónimler menen zıyanlanǵanda sanitar islewin ótkeriw ilajları nelerden ibarat?
2. Yadro quralınıń jarılıw oshaǵında emlew-evakuaciya shara-ilajlarına neler kiredi?
3. Yadro quralınıń jarılıw oshaǵında kórsetilip atırǵan birinshi medicinalıq járdeminiń kólemine neler kiredi?
4. Záhárlewshi zatlar menen zıyanlanǵanda biraz sanitariyalıq islewdi ótkeriw tártibin aytıp beriń.

## *5-bap.* PUQARALÍQ QORǴANÍWDÍŃ MEDICINALÍQ XÍZMETIN SHÓLKEMLESTIRIW HÁM ONÍŃ WAZÍYPALARÍ. JARAQATLANǴAN XALÍQQA BIRINSHI MEDICINALÍQ JÁRDEM KÓRSETIWDI SHÓLKEMLESTIRIW

### *5.1. Puqaralıq qorǵanıwdıń medicinalıq xızmetin shólkemlestiriw hám onıń wazıypaları. Puqaralıq qorǵanıwdı áskeriylestirilmegen medicinalıq dúzilmeleriniń xarakteri hám wazıypası.*

*Mámleketimizde puqaralıq qorǵanıw* — xalıqtı, materiallıq baylıqlar hám de xalıq xojalıǵı obiektlerin tábiyiy, texnogen hám ekologiyalıq túrdegi ayrıqsha jaǵdaylardan, sonday-aq, urıs waqtında ǵalabalıq qırǵın quralı hám basqa túrdegi qurallardan qorǵaw maqsetinde, tınıshlıq hám de áskeriy halatta ámelge asırılatuǵın ulıwma mámleketlik qorǵanıw ilajlarınıń sistemasınan ibarat.

Puqaralıq qorǵanıw hár qıylı zıyanlanıw oshaqlarında qutqarıw, tez tiklew jumısların shólkemlestiredi hám ámelge asıradı. Mine, usı is-ilajlardı ámelge asırıw ushın mámleketimiz kóleminde, Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayat, qala, rayon hám xalıq xojalıǵınıń basqa obyektlerinde Puqaralıq qorǵanıw shtabları hám xızmetleri dúziledi. Sol waqıtta bul shtab quramında medicinalıq xızmetke de ayrıqsha áhmiyet beriledi.

Puqaralıq qorǵanıw medicinalıq xızmeti (PQMX)niń tiykarǵı wazıypaları:

— jaradar hám kesellerge barlıq túrdegi medicinalıq járdemdi óz waqtında kórsetiw, olardıń densawlıǵın múmkinshiligi bolǵanınsha tezirek tiklew hám miynetke qaytarıw maqsetinde olardı emlew;

— xalıqtıń sanitariyalıq jaqtan jaqsı awhalda bolıwın támiyinlew hám dushpan tárepinen ǵalabalıq qırǵın qurallarınıń qollanılıwınıń qolaysız sanitariyalıq aqıbetlerin saplastırıw boyınsha sanitariya-gigienalıq shara-ilajların orınlaw menen birge epidemiyalarǵa qarsı shara-ilajların uyımlastırıw;

— xalıqtıń arasında juqpalı keselliklerdiń payda bolıwı hám tarqalıwınıń aldın alıw.

PQMX tınıshlıq dáwirindegi densawlıqtı saqlaw mákemeleriniń bazasında, olardıń qaysı shólkem yaki basqarmalarǵa qaraslı bólıwına qaramastan, aymaqlıq-óndiris principlerine muwapıq dúziledi.

Tiyisli densawlıqtı saqlaw mekemeleriniń basshıları PQMX baslıqları esaplanadı. Medicinalıq kúshleri hám qurallarına basshılıq etip barıw

ushın baslıqlardıń janında medicinalıq xızmet shtabları dúziledi, bul shtablar quramına densawlıqtı saqlaw sistemasınıń basshı xızmetkerleri kiredi.

Puqaralıq qorǵanıw medicinalıq xızmetiniń barlıq kúsh hám quralları dushpan tárepinen ǵalabalıq qırǵın quralları hám basqa hújim quralları qollanılǵanda, xalıqqa medicinalıq járdem beriwdi uyımlastırıwǵa mólsherlengen bolıp, olar tınıshlıq waqtında tayarlap barıladı. Mine sol wazıypalardı sheshiw ushın PQMX áskeriylestirilmegen medicinalıq dúzilmeleri hám medicinalıq mákemelerin jumısqa tayarlap baradı, sonday-aq, tınıshlıq waqtında bar bolǵan emlew, profilaktika hám sanitariya-epidemiologiya mákemelerinen óz aldına sharayatlarda paydalanıwdı rejelestiredi.

Puqaralıq qorǵanıwdıń áskeriylestirilmegen medicinalıq dúzilmelerine tómendegiler kiredi:

— baslıq hám sanpostshılardan ibarat sanitariya postı (SP);

— medicinalıq xızmetker drujinası, bunıń quramına tómendegiler kiredi: drujina baslıǵı, siyasiy basshı, baylanısshı, sandrujinashılar (bular tórt adamnan ibarat zvenolarǵa birlestiriledi);

— tınıshlıq waqtındaǵı emlew-profilaktika mákemesiniń bazasında shólkemlestiriletuǵın birinshi medicinalıq járdem bólimi;

— tınıshlıq waqtında bar bolǵan sanitariya-epidemiologiya stanciyaları bazasında dúziletuǵın epidemiyaǵa qarsı kóshpeli bólim;

PQMXniń medicina mákemeleri qatarına tómendegiler kiredi: tańlaw-evakuaciya gospitalları, bas emlewxanalar, qánigelestirilgen hám kóp qánigeli emlewxanalar.

Bul mákemeler qala sırtında jaylasqan boladı hám emlewxana kollektorlarına birlestiriledi. Birneshe emlewxana kollektorları emlewxana bazasın quraydı.

## *5.2. Kúyiw, suwıq alıw jaǵdayları hám basqa baxıtsız hádiyseler júz bergende birinshi medicinalıq járdem kórsetiw*

### Kúygende birinshi medicinalıq járdem kórsetiw

*Kúyiw* — joqarı temperatura (termikalıq kúyiw), ximiyalıq zatlar (ximiyalıq kúyiw), rentgen hám quyash nurları, yadro bombaları jarılıwındaǵı nurlanıw (nurdan kúyiw), elektr toki tásirinen payda bolatuǵın toqımalardıń jaraqatlanıwı bolıp tabıladı.

*Termikalıq kúyiw* — denege joqarı temperatura (jalın, qaynaǵan suw, ıssı suyıqlıq, gaz, shoq bolǵan hám de eritilgen metallar hám basqa) nıń tikkeley tásirinen payda boladı. Jaraqatlanıwdıń awır-jeńilligi tásir etetuǵın temperaturanıń joqarılıǵı, tásir etiw múddeti, kúygen bólimniń úlken-kishiligi hám kúygen bólimge baylanıslı. Basım astındaǵı jalın hám puw tásirinde awır kúyiw hádiyseleri júz beredi.

Bul jaǵdayda atmosfera menen tutasatuǵın awız boslıǵı, traxeya hám basqa aǵzalar kúyiwi múmkin. Kóbinese qol, ayaq hám kóz dene hám de bas kúyedi.

Kúyewdiń awır-jeńilligi onıń qansha jerge tarqalǵanlıǵı hám deneniń qanday tereńlikte jaraqatlanǵanlıǵına baylanıslı. Kúygen jer qanday dárejede úlken hám jaraqatlanıw tereń bolsa, nawqas ómiri ushın qáwip-qáter sonsha úlken boladı. Deneniń 1/3 bólimi kúygende kóbinese nawqas óledi.

Jaraqatlanǵan bólimnıń tereńligine qaray, kúyiwdiń tórt dárejesi bar.

**I dárejeli kúyiw** (eritema) teriniń qızarıwı, isiwi hám awırıw menen júzege shıǵadı. Kúyiwdiń bul jeńil dárejesi teride isiniwdiń rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Isiniw hádiyseleri birqansha tez (3—6 kúnde) ótip ketedi. Keyingi kúnlerde teride qabıq taslaw baqlanadı.

**II dárejeli kúyiw** (torsıldaqlar payda bolıwı) birqansha keskin kóringen isiniw reakciyası háwij alıwı menen xarakterlenedi. Qattı awırıw teriniń qızarıwı hám epidermis qabatı qırshılıp, tınıq yaki gúńgirt suyıqlıq penen tolǵan torsıldaq payda bolıwı menen ótedi. II dárejeli kúyiwde teriniń tereń qatlamları jaraqatlanbaydı. Sonıń ushın kúygen jerge infekciya túspese, bir hápte ótkennen keyin, teriniń barlıq qatlamları tiklenip, tırtıq qalmaydı. 10—15 kún ótkennen keyin, nawqas tolıq sawaladı. Torsıldaqlarǵa infekciya túskende tikleniw keskin buzıladı hám kúygen jer áste-aqırın birqansha múddetten soń sawaladı.

**III dárejeli kúyiw** teriniń barlıq qatlamları nekrozǵa ushıraydı (jansızlanadı). Teri kletkalarındaǵı belok hám qan uyıydı. Qattı qabıq payda etedi, qabıq astında jaraqatlanǵan hám jansızlanǵan toqımalar boladı. III dárejeli kúygen jer tırtıq bolıp ekilemshi tártipte pitedi. Jaraqatlanǵan jerde granulyaciyalıq toqıma rawajlanadı. Ol biriktiriwshi toqıma menen almasıp, tereń jaylasqan juldız tárizli tırtıq payda etedi.

**IV dárejeli kúyiw** (kómirleniw) toqımaǵa júdá joqarı temperatura (volt jalını, erigen metall) tásirinde payda boladı. Bul kúyiwdiń eń awır forması bolıp, teri, bulshıq et, sińir, súyek hám basqalar jaraqatlanadı.

Kúyiwdiń III hám IV dárejesi áste pitedi hám kúygen bólimi terisin kóshirip ótkeriw jolı menen ǵana jabıwǵa boladı.

Kúyiw awır hádiyseler keltirip shıǵaradı. Bul jaǵday, bir tárepten, oraylıq nerv sistemasındaǵı ózgerisler (awırıwdan shok júz beriwi) ekinshi tárepten, qan hám ishki organlar funkciyasındaǵı ózgerisler (intokcikaciya) sebepli júzege keledi.

Termikalıq kúyiwde birinshi járdem kórsetiw tártibi joqarıda kórsetip ótilgen.

### Suwıq alǵan, kún ótken hám ıssılıq hálsiretken, suwǵa shókken, záhárli jılan hám nasekomalar shaqqan adamlarǵa birinshi medicinalıq járdem

Suwıq alıwı (suwıq urıwı) organizm toqımalarına tómen temperatura tásir etiwiniń nátiyjesinde usı toqımalardıń jaraqatlanıp qalıwı menen sıpatlanadı. Toqımalardıń temperaturası 0°C dan joqarılaw bolıp turǵanda da suwıq alıwı múmkin, ásirese, kúnler birden ısıp-suwıtıp turǵanda da usınday boladı. Ayaq kiyimniń ızǵar hám tar bolıwı, suwıq hawada, qarda, muzday jawınnıń astında uzaq waqıt qıymıldamay turıp qalıw suwıq alıwın tezlestiredi. Kóbirek ayaq-qollardı, ásirese, ayaqlardı súwıq alatuǵın boladı. Suwıq tásir etken waqıtta dáslep sol jer shanshıp, suwıq alǵanı seziledi, ashıp turadı, soń terisi aǵarıp yaki kógerip, sezbeytuǵın bolıp qaladı. Qol yaki ayaq tez háreket ete almaydı. Jaraqattıń qanshelli tereń hám keń jayılǵanın suwıq tásiri toqtaǵannan keyin, bazıda birneshe kún ótkennen soń anıqlawǵa boladı (suwıq alǵan jer isip, onda isiniw baslanadı yaki toqımalar óledi — *nekroz* júz beredi).

Toqımalardıń qanshelli tereń jaraqatlanǵanına qarap, suwıq alıw tórt dárejege ajıraladı: *jeńil* (*I*), *ortasha awır* (*II*), *awır* (*III*) hám *júdá awır* (*IV*) (82-súwret).




*82-súwret.* Suwıq alǵannıń kórinisi.

Suwıq urıwdıń I dárejesi teri qan aylanıwınıń tiklenetuǵın buzılıwları jaǵdayındaǵı záhárleniwi menen xarakterlenedi. Jaraqatlanǵan adamnıń terisi aǵarıp, biraz isken, seziwsheńligi keskin páseygen yamasa tolıq joq boladı. Ísıtıwdan keyin teri kókshil-qızıl túske kiredi, isik azayadı. Bunda kóbinese loqıldap awıradı. Isiniw (isik, qızarıw, awırıw) birneshe kúnge shekem saqlanıp, áste-aqırın joq boladı. Keyinirek teriniń qabıǵı qırshılıp hám qıshıwı baqlanadı. Suwıq urǵan jer kóbinese suwıqqa ázzi bolıp qaladı.

Suwıq urıwdıń II dárejesi teriniń ústingi qatlamlarınıń nekrozı menen júzege shıǵadı. Ísıtıwdan keyin jaraqatlanǵan adamnıń aǵarǵan terisi toyǵın qızıl-kókshil túske kiredi. Tez toqımalar isigi rawajlanıp, suwıq urǵan jer átirapında tınıq yamasa aq reńli suyıqlıq penen tolǵan torsıqshalar payda boladı. Jaraqatlanǵan bólimde qan aylanıwı áste-aqırın tiklenedi hám teride seziwsheńliktiń buzılıwı uzaq waqıtqa shekem saqlanıp qaladı. Biraq uzaq waqıtqa shekem birqansha awırıw boladı. Suwıq urıwdıń bul dárejesinde ulıwma ózgerisler júz beredi: dene temperaturası kóteriledi, ishtey hám uyqı tómen dárejede ózgeredi. Bul jerdegi teri uzaq waqıtqa shekem kókshil, seziwsheńligi tómen bolıp qaladı.

Suwıq urıwdıń III dárejesi qan támiyinlewiniń buzılıwı (tamırlar trombozı), teriniń barlıq qabatları hám jumsaq toqımalarınıń hár qıylı tereńlikte nekrozǵa ushırawına alıp keledi. Bunda qanday dárejede tereń jaraqatlanǵanlıǵı áste-aqırın anıqlanadı. Dáslepki kúnleri teri nekrozı kórinedi. Gemorragiyalıq hám toyǵın qońır reńli suyıqlıq penen tolǵan torsıqshalar payda boladı. Tereń toqımalardıń jaraqatları 3—5 kún ótkennen keyin, háwij alıp atırǵan ıǵal gangrena kórinisinde anıqlanadı. Suwıq urıwdıń bul dárejesinde ulıwma ózgerisler birqansha kóp júzege shıǵadı. Máselen, intokcikaciya nawqastıń qattı titirep qaqsawı hám terlewi, kewliniń buzılıwı, átiraptaǵı hádeyselerge biyparıq qarasında kórinedi.

Suwıq urıwdıń IV dárejesi toqımalardıń barlıq qatlamları, sonıń ishinde, súyeklerdiń de jansızlanıwı menen xarakterlenedi. Bunday tereń suwıq urıwda deneniń jaraqatlanǵan bólimin jılıtıp bolmaydı. Ol suyıqlıǵınsha qaladı hám hesh nárseni sezbeydi. Teri qara suyıqlıqqa tolǵan torsıqlar menen qaplanadı. Jaraqatlanıw shegarası áste-aqırın anıqlanadı. Demarkaciyalıq sızıq 10—17 kún ótkennen keyin payda boladı. Jaraqatlanǵan jer átirapı tez qarayadı hám qurǵap baslaydı (mumiyolanadı). Nekrozǵa ushıraǵan bólimniń qırshılıp túsiw procesi kópke sozıladı (1—2 ay) hám jaraqat júdá áste pitedi.

Kún suwıq, ásirese, samal bolıp turǵanda dene terisiniń ashıq jerlerin bekitip alıw lazım. Adam qattı suwıqta júziniń ashıq bólimleriniń seziwsheńligin tez-tezden tekserip turıw kerek. Suwıq alıwına jol qoymaw ushın hár qıylı súrtpe dáriler, yaǵnıy mazlardı qollanıwdıń paydası joq.

Birinshi medicinalıq járdem kórsetiwde jaraqatlanǵan adam ıssı imaratqa alıp kirilip, ıssı suwlı vannaǵa salınadı. Eger de bunıń ilajı bolmasa, onı sol jerdiń ózinde suwıqtan abaylap, oǵan ıssı shay, kofe ishkiziledi. Ízǵar kiyim hám ayaq kiyimi múmkinshiligi bolǵanınsha qurǵaǵına almastırıladı. Toqımalarda ózgerisler baslanbaǵan bolsa (teride qabırshaqlar, eti ólgen jerler joq bolsa), suwıq alǵan jerler spirt, átir menen sıpırılıp, paxtalı tampon menen yaki juwıp, qurǵatılǵan qollar menen teri qızarıp shıqqansha ısqılanadı.

Jaraqatlanǵan adamnıń toqımalarında joqarıdaǵı ózgerisler baslanǵan bolsa, bunday hallarda jaraqatlanǵan jerleri spirt penen juwılıp, ústinen sterillengen baylam menen baylap qoyıladı. Suwıq alıwınıń hárqanday dárejesinde de jaraqatlanǵan jerdiń terisin qar menen ısıw usınıs etilmeydi. Bul jaraqatlanǵannıń awhalın tómenletiwine alıp keliwi múmkin.

*Íssılıq hálsiretiwi* joqarı temperatura uzaq tásir etip turıwınıń nátiyjesinde pútkil dene hádden tısqarı qızıp ketkeninde baslanadı. Kún ótiwi de ıssılıq hálsiretiwiniń bir túri bolıp tabıladı. Quyash nurları ashıq denege tikkeley tásir etiwiniń nátiyjesinde adamǵa kún ótedi. Sol waqıtta organizmdi ıssılıq hálsiretiwi, yaǵnıy termoregulyaciya buzılıp, bas awırıwı payda boladı, adamnıń qulaqları shıńlap, miyi aylanadı, dińkesi qurıydı, kewli aynıydı hám qaytaradı.

Awır jaǵdaylarda dene temperaturası 40°C ǵa shekem kóterilip, sandıraqlaydı, kóz qarashıqları keńeyip ketedi, dem alıwı tezlesip, minutına 35—40 qa shekem, pulsi bolsa 140—160 qa shekem jetedi, geyde adam esinen ketip qaladı. Birinshi medicinalıq járdemdi kórsetiwde nawqastı ısıp ketken jerden alıp shıǵıp, qısıp turǵan kiyimlerin sheship alıw, basın bálentirek kóterip, jatqızıp qoyıw kerek. Basına hám júrek bólimine muzday nárse basıw, nashatr spirt iyskeletiw, kóp suyıqlıq — shay, kofe ishkiziw kerek.

*Esinen ketiw* miyde qan aylanısınıń qısqa múddet buzılıwı menen ótetuǵın tamır jetispewshiliginiń kórinisi bolıp tabıladı. Bunday hádiyse, ruwxıy jaraqatlar, qattı bas awırıw waqtında hám qan ketip turǵan payıtta, nawqaslar keskin háreket etip, ornınan birden turǵanda júz beriwi

múmkin. Adam esinen ketkende, ulıwma, dińkesi qurıp, bas aylanadı, qulaqları shıńlaydı, kózleriniń aldı tınıp, birneshe minut ózin bilmey qaladı. Nawqas jıǵılıp túsedi, denesi aǵarıp, terlep turadı. Pulsi tómenlep, minutına 40—60 márteden uradı.

Birinshi medicinalıq járdem kórsetiwde, nawqastıń ayaǵın sál kóterip, jatqarıp qoyıw (bası bálent turmaytuǵın bolıwı kerek), jaǵasın sheship, júzin muzday suw menen juwıw, nashatr spirt iyiskeletiw kerek. Adam ózine kelmese, jasalma dem bere baslaw kerek.

*Suwǵa ketiw* (shógiw) dep, dem alıw jollarınıń suyıqlıqqa, kóbinese suwǵa tolıp qalıwına aytıladı. Suwǵa ketken adamnıń bronxları hám ókpesine suw kirip, dem alıwı toqtaydı, birden kislorod jetispewshiligi baslanıp, júrek xızmeti de toqtap qaladı. Bunday halda imkanı barınsha tezirek suwdan shıǵarıp alıw zárúr (83-súwret). Onı suwdan shıǵarıp alǵannan soń beline shekem sheshindirip, awzı menen murnı jabısqaq balshıqlardan jaqsılap tazalanadı, domalaqlap orap bálentlew etip qoyılǵan



Qutqarıw ushın barlıq qolda bar zatlardan paydalanıń.



Awdarılǵan qayıqtan uzaqqa júzip ketpeń, onı jaǵaǵa júzip-iyterip járdem kútiń.



Shógip baratırǵan adamdı tek qayıqtıń aldıńǵı tárepinen qayıqqa tartıp shıǵarıń.



10 minut ishinde shókken adamdı suw astınan kóterip shıǵıwda háreketińizdi toqtatpań.



Shógip baratırǵan adamnıń ózińizdi uslap qalıwına jol qoymań. Onı jaǵaǵa júzip alıp shıǵıwda basınıń suwdan sırtqa shıǵıp turıwına itibar beriń.



Shókken adamdı jaǵaǵa shıǵarıp, awız boslǵın tazalap, hawa jolınan, ókpeden hám asqazannan suwdı shıǵarıp taslań.

*83-súwret.* Suwǵa shókken adamdı qutqarıw tártibi.

nársenıń ústine yaki bir adamnıń dizesine qarnı menen jatqızıladı hám soń kókireginen basıp, ókpesi hám asqazandaǵı suw shıǵarıp tasalanadı. Soń jaraqatlanǵan adamdı shalqasına jatqarıp, dárhal jasalma dem beriwge hám júrekti tikkeley uwqalawǵa kirisiledi.

«Awızdan-awızǵa» usılı menen jasalma dem aldırıw bárinen kóbirek paydasın beredi (84-súwret). Bunday jasalma dem aldırıw jaraqatlanǵan adamnıń dem alıwı óz qálpine kelgeninshe dawam ettiriledi. Dem alıw tiklenip, jaraqatlanǵan adam esine kelmese, ol waqıtta jasalma dem aldırıw hám júrekti tikkeley uwqalaw ólimniń obyektiv belgileri payda bolǵanınan keyin ǵana toqtatıladı (kóz qarashıqları keńeyip, kózleriniń jaqtılıqqa ulıwma tásir kórsetpewi, uzaq waqıt dawamında júrektiń urmay turıwı, ólik belgileri payda bolıwı).

Dem alıw menen júrek xızmeti tiklenip, óz qálpine kelgeninde jaraqatlanǵan adamnıń denesin ısıtıw sharalarınıń kóriliwi, oǵan ıssı shay ishkiziw hám medicinalıq mákemege alıp barıw kerek.

*Záhárli jılanlar:* ápiwayı qara jılan, kózáynekli, gyurza hám basqa jılanlar, sonday-aq, qaraqurt hám tarantul sıyaqlı órmekshilerdiń shaǵıwı ómir ushın qáwipli. Bunda birinshi medicinalıq járdemdi dárhal kórsetiw kerek. Jaraqattan 4—5 minut dawamında birneshe tamshı qan qısıp shıǵarıladı. Jaraqattan záhárdi sorıp alıw ushın oǵan qansorıw banka qoyıladı. Záhárdi awız penen sorıp alıp taslaw jaramaydı — adamnıń awız silekey perdesinde arzımas jaraqatlar yaki awırıw tisleri bolsa, bul qáwipli. Jılan (gyurza, kózáynekli jılan) shaqqan adamǵa jılan shaqqanınan keyin bir saattan keshiktirmey antigyurza sıvorotkasın ukol etiw zárúr. Bunday sıvorotka bolmasa, jılan shaqqan jerdi janıp turǵan shırpı menen kúydiriw usınıs etiledi. Sorılıp sińiwge úlgermegen záhár tarqap ketedi. Adamdı pal



*84-súwret.* «Awızdan awızǵa» usılı menen jasalma dem aldırıw.

hárresi, túkli hárre, sarı hárreler shaqqanında, jaraqattan hárre nayzası alıp taslanıp, ústine nashatr spirt aralastırılǵan suw menen primoshka (maz) qoyıladı.

*Baylam túrleri, olardı qoyıw qaǵıydaları.* Baylam jaraqattı bekitip, baylap qoyıw ushın qollanılatuǵın material bolıp esaplanadı. Baylamdı jaraqatqa qoyıw procesine *baylaw*, dep aytıladı. Baylam eki bólimnen: jaraqatqa taqalıp turatuǵın ishki hám baylamdı tutıp, uslap turatuǵın sırtqı bólimnen ibarat. Baylamnıń ishki bólegi sterillengen bolıwı kerek.

Birinshi márte qoyıp baylanatuǵın baylam *birlemshi sterillengen baylam* delinedi. Baylamdı qoyıw payıtında artıqsha awırıw bolmawına háreket etiw zárúr. Bintti oń qolda uslap, shep qol menen bolsa baylamdı uslap turıw hám bint oramların jazdırıp barıw kerek. Bintti baylamnan úzbey, shepten ońǵa qarap, jazdırıp barıladı hám náwbettegi hárbir oramı menen aldınǵısınıń yarımına shekem qaplap orala beredi. Qan aylanısına kesent etpewi ushın baylamdı onsha qattı qıspaytuǵın (qısıp turatuǵın arnawlı baylam qoyıw kerek bolatuǵın jaǵdaylardan tısqarı) hám jaraqattan túsip ketpewi ushın onsha bos etpesten qoyıladı.

Birlemshi baylam qoyıwdan aldın, jaraqatqa patas nárse túsirmey jaraqatqa azar bermegen halda jaraqattı ashıp, jalańashlaw kerek. Jaraqattıń awır-jeńilligi, hawa-rayı hám jergilikli sharayat inabatqa alınıp, ústki kiyim sheship alınadı yaki qırqıp taslanadı. Kiyim dáslep saw tárepten, keyin jaraqatlanǵan tárepten sheshiledi.

Kún ayaz payıtlarda jábirleniwshi tońıp qalmaslıǵı, sonday-aq, awhalı awırlarǵa tez túrde birinshi medicinalıq járdem kórstilip atırǵanda, kiyimniń jaraqat bólimindegi bólegi qırqıp alınadı. Jaraqatqa jabısıp qalǵan kiyimdi úzip alıwǵa bolmaydı, onı qayshı menen áste kesip alıw hám soń baylam qoyıw kerek. Sheship alınǵan kiyimdi kerisinshe tártipte: dáslep jaraqatlanǵan tárepke, soń bolsa saw tárepke kiygiziledi.

*Bas hám kókirekke sterillengen baylamlar qoyıw.* Bas jaraqatlanǵanda, hár qıylı bint baylamlar, kosinkalar, sterillengen salfetkalar hám jabısqaq plastirden paydalanıp, baylap qoyıladı.

Bastıń shashlı bóliminiń jaraqatına «chepec» baylam qoyıladı (85-súwret). Bunday baylam bint penen tómengi jaqqa baylap bekkemlenedi. Bintten 1 metr keletuǵın etip qırqıp alınıp, ortası jaraqattı jawıp turǵan sterillengen salfetka ústine, bastıń tóbe bólimine qoyıladı, onıń ushları qulaqlardıń aldınan tik tómenge túsirilip, kerip tartıp turıladı. Bastan bir



*85-súwret.* Bastı «chepes» kórinisinde baylaw.

aylandırıp uslap turatuǵın bint ótkeriledi, soń túyiletuǵın orınǵa jetkennen keyin bintti sol orınnan qaytarıp, qıysıq halda eńsege qaray aparıladı.

Bint ekinshi tárepten de túyiletuǵın jerdiń átirapınan qaytarılıp, qıysıq halda mańlayǵa qarap júrgiziledi. Usı tárizde bintti bir márte eńseden hám keyingi ret mańlaydan ótkerilip hám hár saparı tigirek júrgizip barıp, bastıń pútkil shashlı bólimi jabılıp shıǵıladı. Sonnan keyin bintti 2—3 márte ǵır aylandırıp orap, baylam bekkemlep qoyıladı. Túyinniń ushları iyektiń astınan gúbelek túrinde baylanadı.

Adamnıń moynı, tamaǵı yaki eńsesi jaraqatlanǵan bolsa, atanaq baylam qoyıladı (86-súwret). Dáslep bintti basqa ǵır aylandırıp baylanadı, soń shep qulaqtıń joqarıraǵı hám artınan onı qıysıq jóneliste moyın tárepke tómenge júrgiziledi.

Soń bint moyınnıń oń qatpal tárepin boylap barıp, aldınǵı betin bekitedi hám eńsege qaytıp keledi, oń hám shep qulaqtıń joqarı tárepinen ótip, aldınǵı oramların tákirarlaydı. Bastı ǵır aylandırıp bint penen orap, baylam bekkemlenip qoyıladı.



*86-súwret.* Eńse tárepin atanaq kórinisinde baylaw.



*87-súwret.* Bastı «júwen» kórinisinde baylaw.

Basta úlken jaraqatlar payda bolǵanda, bet tárepi jaraqatlanǵanda «júwen» kórinisinde baylam qoyǵan maqul (87-súwret). Bintti mańlaydan 2—3 márte ǵır aylandırıp uslap turatuǵın etip orap alǵannan soń eńseden moyın hám iyekke qarap júrgiziledi, eńse menen bastıń tóbesinen ótkerip birneshe márte tikkesine oraladı, soń bint iyek astınan ótip, eńse boylap baradı hám keyin onı aldınǵıday etip jáne ǵır aylandırıp oraladı. Bet jaraqatlanǵan bolsa, qosımsha oramlar islep, bettiń hámmesin bekitip oraw múmkin.

Murın, mańlay hám eńsege sapqan tárizli baylamnan paydalanıladı (88-súwret). Baylamnıń astınan jaraqattıń betine sterillengen salfetka yamasa bint qoyıladı.

*Kókirekke spiral* yaki atanaq tárizli baylam qoyıladı. Spiral baylam qoyıw ushın (89-súwret, a) binttiń úsh tárepinen shama menen 1,5 m uzınlıqta kesip alınıp, ol saw iyinge salınadı hám kókirekte qıysıq etip ildirip qoyıladı. Bintti spiral halda júrgizip, kókirek quwıslıǵın arqa




*88-súwret.* Sapqan tárizli baylam: *a* — murındı;
*b* — mańlaydı; *d* — iyekti baylaw.



89-*súwret.* Kókirekti baylaw: *a* — spiral tárizli; *b* — atanaq tárizli.

táreptiń tómeninen baslap bintlep shıǵıladı. Binttiń erkin ilinip turǵan ushları baylanadı.

*Kókirekke atanaq* baylamdı bintti (89-súwret, *b*) uslap turatuǵın etip 2—3 márte ǵır aylandırıp oraw jolı menen tómennen salıp barıladı, soń arqanıń oń tárepinen shep iyinge ótkeriledi, keyin uslap turatuǵın etip ǵır aylandırıp oraladı, tómennen oń iyinnen asırıp, jáne kókirek quwıslıǵı ǵır aylandırıp oraladı, aylandırıp oralǵan sońǵı bint oramınıń ushı ilgeshek penen bekkemlenip qoyıladı.

*Kókirek quwıslıǵında tesip ótken* jaraqat bolǵanda, germetik (okklyuzion) baylam qoyıladı. Dáslep jaraqatqa 3—4 qabat etip sterillengen salfetka yaki sterillengen bint, keyin bir qabat paxta, soń hawa ótkermeytuǵın bir bólek material (jeke baylam paketiniń rezina sińdirilgen qabı, jabısqaq plastır tilimleri, kleyonka) qoyıw hám qattı etip bintlew kerek. Hawa ótkermeytuǵın material jaraqattı pútkilley qaplap, shetlerinen 1—2 sm shıǵıp turatuǵın bolıwı kerek.

*Bas yaki kókirektiń úlken jerleri kúygende* kosinka baylam hámmesinen góre kóbirek qorǵaydı. Kúygen jerdiń ústine sterillengen salfetkalar jabılıp, 90-suwrette kórsetilgenindey bekkem baylap qoyıladı.

*Qarın hám qolǵa sterillengen baylamlar qoyıw.* Qarın bólimi jaraqatları arasında qarındı tesip kirgeni ómiri ushın bárinen góre kóbirek qáwipli bolıp tabıladı. Usınday jaraqatta ishki organlar, ishek sırtqa shıǵıp qalıwı, júdá kóp qan joq bolıwı múmkin.

Ishki organlar shıǵıp qalǵan bolsa, olardı qarın boslıǵına qaytarıp salıp qoyıwǵa bolmaydı. Shıǵıp qalǵan ishki organlardıń átirapındaǵı jaraqattı sterillengen salfetka yamasa sterillengen bint penen orap bekitip qoyıw kerek. Salfetkaǵa jumsaq paxta-siyle halqa qoyıw hám baylamdı onsha



*90-súwret.* Kókirekti kosinka menen baylaw.

qattı etip baylamaw kerek. Qarnında tesip kirgen jaraqatı barlarǵa suw ishkiziwge bolmaydı, tek ǵana erinlerin ıǵallap turıw múmkin. Qarınnıń ústingi bólegine sterillengen baylam qoyıladı, bunda bint tómennen joqarıǵa qaray ǵır aylandırıp orap shıǵıladı. Qarınnıń tómengi tárepine spiral baylam qoyılatuǵın bolsa, túsip kete beredi, sol sebepten bunda qarın hám shat bólegine masaq tárizli baylam qoyıladı (91-súwret, *a, b*). Bunday baylam qarındı bint penen ǵır aylandırıp orawdan baslanadı, soń bint sannıń sırtqı beti boylap onı orap ótedi hám keyin qarındı jáne ǵır aylandırıp orap baradı.

Qolǵa ádette, spiral, masaq tárizli hám atanaq tárizli baylamlar qoyıladı. Barmaqqa spiral baylam qoyıwdı (92-súwret, *a*) alaqan ústin aylandırıp orap alıwdan baslanadı, soń bint qol pánjesiniń artınan tırnaq falangasına alıp barıladı hám barmaqtıń ushınan túbine shekem bint



*a* *b*

*91-súwret.* Qarınnıń tómengi bólimi (*a*) menen shat bólimin (*b*) masaq tárizli etip baylaw.



*92-súwret.* Baylamlar: *a* — barmaqtı spiral sıyaqlı etip baylaw; *b* — qol pánjesin atanaq tárizli etip baylaw; *d* — shıǵanaq buwının spiral tárizli etip baylaw.

spiral etip orap shıǵıladı, jáne qol pánjesiniń artınan ótkerip, bintti alaqan ústine baylap qoyadı.

Qol pánjesiniń alaqan tárepi yaki artqı tárepi jaraqatlanǵanında, atanaq tárizli baylamdı alaqan ústinde uslap turatuǵın oram salıwdan baslanadı. Onnan soń bint 92-súwret, *b* da kórsetilgenindey etip, qol pánjesiniń artınan alaqanǵa alıp ótiledi. Iyin hám bilekke spiral tárizli baylamlar qoyıladı, bunda bint birden qayırıp, tómennen joqarıǵa qaray orap barıladı.

Shıǵanaq buwınına baylam (92-súwret, *d*) bintti spiral tárizli etip orap salınadı, bunda bint oramları shıǵanaq oyıqshasında kesilistirilip, bir ret bilekke hám bir ret iyinge salıp barıladı.

Iyin buwınına baylam qoyıwda (93-súwret) bintti dáslep saw tárepindegi qoltıq astı oyıqshasınan kókirek hám arqadan qoltıq astı oyıqshasınan asırıp ústi boylap jaraqatlanǵan iyinniń sırtqı bólimine ótkerip, saw qoltıq



*93-súwret.* Iyin buwının baylaw.



*94-súwret.* Tabandı baylaw.

astı oyıqshasınan asırıp arqadan alıp kelinedi hám buwınnıń hámmesi bekitilmegenshe bint oramları tákirarlana beredi, binttiń ushı kókirekke ilgeshek penen bekkemlep qoyıladı.

Bilek yaki iyinnen qan ağıwı toqtatılğannan keyin kosinka baylam salıp baylanadı. Kosinkanıń astına jaraqat betine sterillengen salfetka hám bir qabat paxta qoyılıp, kosinka oramal menen bekkem baylanadı.

Ayaq pánjesi hám baltır bólimlerine baylam ayaqtan ayaq kiyimdi sheship alğannan soń qoyıladı. Ókshege baylamdı (94-súwret) qoyıwda binttiń birinshi oramın tabannıń hámmeden góre kóbirek tompayıp shığıp turatuğın jerinen ótkerip, keyin binttiń birinshi oramınan izli-izinen joqarığa hám tómenge alıp oraladı, baylamdı bekkemlep qoyıw ushın bintti qıysıq hám segiz tárizli etip júrgizip orap barıladı.

Baltır-pánje buwınına segiz tárizli baylam qoyıladı (95-súwret). Binttiń uslap turatuğın birinshi oramı tobıqtan joqarıraq salınadı, soń tómenge, ayaq astı tárepine ótkerip, ayaq pánjesi oraladı, soń bintti ayaq pánjesiniń artqı tárepinen tobıqtan joqarıraq etip júrgiziledi hám ayaq pánjesine, soń tobıqqa qaytarıp ákelinedi, bintti tobıqtan joqarıraqta ğır aylandırıp orap, ushı bekkemlep qoyıladı.

Baltır menen sanğa sterillengen baylamlar tap bilek penen iyinge salınğanınday etip qoyıladı.



*95-súwret.* Baltır-pánje buwının segiz tárizli etip baylaw

Dize buwınına baylam salıwda dáslep dize kózin ǵır aylandırıp baylap alınadı, soń bolsa bintti taqım shuqırshasında kesistirip, bir ret tómenge hám bir ret joqarıǵa orap barıladı.

Qandayda bir jaraqattan ayaq short sınıp ketkende, eń dáslep, jgut yaki burama salıw jolı menen qan toqtatıladı, keyin awırıwdı qoydıratuǵın dári menen ukol salıp, ayaq baylap qoyıladı. Jaraqatqa paxta-siyle dastıqsha qoyılıp, ústinen bintti bir ret ǵır aylandırıp, keyingisinde uzınınan alıp, dastıqsha ayaqqa bekkemlenip baylanadı.

### *Qadaǵalaw sorawları*

1. PQMX sistemasında áskeriylestirilmegen qanday medicinalıq dúzilmeler boladı?
2. Sanitariya postları hám medicinalıq drujinalar qanday wazıypalardı orınlaydı?
3. Puqaralıq qorǵanıwdıń «Hawa qáwpi», «Radiaciyalıq qáwip», «Ximiyalıq qáwip» xabarları ne ushın belgilengen?
4. Kúyiwde birinshi medicinalıq járdem kórsetiw tártibin aytıp beriń.
5. Suwıq alǵan máhálde kórsetiletuǵın birinshi medicinalıq járdem nelerden ibarat?
6. Adam esinen ketip qalǵanda qanday birinshi járdem beriledi?
7. Adamǵa kún ótiwi hám ıssı kúydiriwde qanday birinshi járdem beriledi?
8. Suwda shókkende birinshi medicinalıq járdem nelerden ibarat?
9. Adamdı záhárli jılan hám jánlikler shaǵıp alǵanda qanday birinshi járdem kórsetiledi?
10. Baylam hám baylaw degen ne?
11. Hár túrli jaraqatlarda kórsetiletuǵın birinshi medicinalıq járdem hám baylamlar qoyıw tártibin kórsetip beriń (muǵallimniń tańlaǵan jaraqatına baylanıslı).

# ATAMALAR

**Qorǵanıw qurılmaları** — xalıqtı hám óndiris xızmetkerlerin zamanagóy qırǵın qurallarınan qorǵawǵa mólsherlengen arnawlı injenerlik qurılmaları kompleksi.

**Puqaralıq qorǵanıw kúshleri** — qutqarıw hám keshiktirip, bolmaytuǵın jumıslardı ámelge asırıw ushın dúzilgen puqaralıq qorǵanıwı áskeriy bólimleri, ulıwma hám arnawlı aymaqlıq, funkcionallıq hám obyekt dúzilmeleri.

**Pesticidler** — ósimlik zıyankesleri, kesellikleri hám jabayı shóplerge qarsı gúreste qollanılatuǵın ximiyalıq zatlar, sonday-aq, awıl xojalıǵı ósimlikleri rawajlanıwınıń regulyatorları hám defoliantları.

**Avariya**—qurılmalar hám (yaki) shıǵarıw obyektlerinde qollanılatuǵın texnika qurılmalarınıń buzılıwı, qamsızlandırıw shártnaması háreket etetuǵın dáwirde júz bergen qadaǵalap bolmaytuǵın jarılıw hám (yaki) qáwipli zatlar ajıralıp shıǵıwı.

**Qatar** — eki áskeriy xızmetshiniń sherengada aldında-keyin turıwı. Eger birinshi sherengada turǵan áskeriy xızmetshiniń artında hesh kim turmasa, bunday qatar tolıqsız esaplanadı. Eki sherenga artına burılǵan waqıtta tolıqsız qatarda turǵan áskeriy xızmetshi aldıńǵı sherengaǵa ótedi.

**Kolonna** — áskeriy xızmetshiler hám bólimshelerdiń Ustav yaki komandir belgilep qoyǵan aralıq qashıqlıqtı saqlaǵan halda aldınǵa–keyinge turıwı.

**Jayılǵan sap** — bunda bólimsheler bir yaki eki sherengaǵa Ustav yaki komandir belgilep qoyǵan aralıqtı saqlaǵan halda diziledi. Jayılǵan sap tekseriw, esap-kitap, kórik jumısları, parad, sonday-aq, basqa zárúr jaǵdaylarda qollanıladı.

**Júriw sapı** — bunda bólim yaki bólimsheler Ustav yaki komandir belgilep qoyǵan aralıq qashıqlıqtı saqlaǵan halda kolonnalarǵa diziledi. Júriw sapı bólimshelerdiń marshın orınlawı, saltanatlı marsh hám qosıq penen ótiwi sıyaqlı bir orınnan ekinshi orınǵa kóshiwi, sonday-aq, basqa zárúr jaǵdaylarda qollanıladı.

**Jetekshi** — belgili bir baǵdar boyınsha háreket etiwshi dáslepki áskeriy xızmetshi (bólim). Qalǵan áskeriy xızmetshiler (bólimsheler) jetekshisine qarap óziniń háreket baǵdarın belgilep aladı.

**Hújim** — hújimge ótiw waqtında tez dushpannıń birinshi poziciyasın iyelewge qaratılǵan jawıngerlik háreketleri.

## SHÁRTLI BELGILER

(K) — topar komandiri

(SK) — sekciya komandiri

(MO) — nıshanǵa alıwshı

(M) — mergen

(O‘) — atıwshı

(MH) — mexanik aydawshı

(KO‘) — úlken atıwshı

(P) — pulemyotshı

(H) — aydawshı

(G) — granatomyotshı

(GrY) — granatomyotshı járdemshisi

(GKO‘) — topar komandiriniń orınbasarı

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR


1. *I. A. Karimov.* O'zbekiston kelajagi buyuk davlat. — T. «O'zbekiston» 1992.
2. Уголовный кодекс Республики Узбекистан. — Т. 2008.
3. Учебник. Военная топография. — М. 1990.
4. Учебник сержанта танковых войск. — М. «ВИ».1989.
5. Учебник сержанта мотострелковых войск. — М. «ВИ».1989.
6. Учебник. Тактика мотострелковой, танковой роты и батальона. — М.ВИ. 1986.
7. Боевой устав Сухопутных войск. Часть 2. Группа, секция, танк. — Т.ВИ 2001.
8. Огневая подготовка. Материальная часть стрелкового оружия, наступательных и оборонительных гранат. Часть 1. УБП. 2003.
9. Начальная военная подготовка.— М. «Просвещение». 1985.
10. Приёмы и способы действий солдата в бою. — М. «ВИ». 1988.
11. Подготовка офицеров запаса Сухопутных войск. — М. 1988.
12. Otish tayyorgarligi (o'quv qo'llanma)— T. «SHARQ» 2004.
13. Начальная военная общевойсковая подготовка. Учебное пособие. МО РУз. — Т. 2005.
14. Начальная допризывная подготовка. Учебное пособие. Часть 2. Министерство высшего и среднего-специального образования РУз. — Т. 2005.
15. Рекомендации по подготовке и ведению боевых действий во внутреннем вооружённом конфликте. — М. 2004.
16. Система вооружённой борьбы в тактическом звене. Методическое пособие. ГШ ВС РФ — М. ВИ. 2004.
17. Наставление по физической подготовке в ВС РУз. (НФП-97). — Т.1997.
18. Boshlang'ich umumqo'shin xarbiy tayyorgarlik. O'quv qo'llanma. O'zR MV. «Sharq». 2005.
19. Chaqiruvga qadar boshlang'ich tayyorgarlik. 1—2-qismlar. O'quv qo'llanma. — T. «ILM ZIYO» 2009.
20. O'zbekiston Respublikasi Qurolli Kuchlarning Umumharbiy Nizomlari. — T. «O'ZBEKISTON» 1996.
21. Saf tayyorgarligi nizomi. 2013-yil 28 oktabr №13/34/6/84 Qarori bilan tasdiqlangan.
22. *F.A. Abdullayev, E.X. Rasulev, A.R. Rahmonov.* Qurolli to'qnashuvlar huquqi. — T. «ADOLAT» 2001.

23. *I.K. Abdukarimov.* Men general bo'laman. — T. «CHO'LPON» 2001.
24. Vatan himoyasi-muqaddas burch. — T. «O'zbekiston» 2001.
25. To'planma-armiya davlat tayanchi, tinchli kafolati. — T. MV. 2004.
26. *H.Jo'rayev.* Chaqiriqqacha yoshlarni tayyorlash. — T. «SHARQ» 2004.
27. Xalqaro gumanitar huquq. Jeneva konvensiyalari to'plami. — T., «ADOLAT» 2002.
28. Aholi va xududlarni favqulodda vaziyatlardan muxofoza qilishning xuquqiy asoslari. O'zbekiston Respublikasi favqulodda vaziyatlar vazirligi fuqaro muxofazasi instituti. Meyoriy-xuquqiy xujjatlar to'plami. 1 tom. — T., 2017.
29. Aholi va xududlarni favqulodda vaziyatlardan muxofoza qilishning xuquqiy asoslari O'zbekiston Respublikasi favqulodda vaziyatlar vazirligi fuqaro muxofazasi instituti. 2 tom. — T., 2017.
30. Tinglovchilar uchun fuqaro muxofazasi masalalari bo'yicha o'quv qo'llanmasi. O'zbekiston Respublikasi favqulodda vaziyatlar vazirligi fuqaro muxofazasi instituti. — T., 2008.
31. Sanitariya yo'riqchilari uchun o'quv qo'llanma. Mudofaa Vazirligi nashriyot bo'limi. — T., 2012.
32. Гражданская защита. Учебное пособие. — М.1977.
33. Учебное пособие для слушателей по вопросам защиты населения от чрезвычайных ситуаций. МЧС РУз. Институт гражданской защиты. — Т. 2009.
34. Защита от оружия массового поражения. «Узбекистан». 1977.
35. Это должен знать каждый. Памятка для населения. — М.1984.
36. Подготовка и обучение команд добровольных общественных спасателей (Пособие для тренеров по обучению добровольных спасателей). Ташкентский государственный технический университет. Международная стратегия ООН по снижению бедствий. — Т. 2008.
37. Первая медицинская помощь на месте происшествия. (Учебное пособие для добровольных спасателей). Ташкентский государственный технический университет. Международная стратегия ООН по снижению бедствий. — Т. 2008.
38. Международное право ведения военных действий. Сборник Гаагских конвенций и иных международных документов. — М. Международный Комитет Красного Креста. 2000.
39. Учебно-методические материалы по международному гуманитарному праву. Для преподавателей и студентов общественно-гуманитарных дисциплин. Выпуск 1. — Т. Издательство народного наследия им. А.Ю.Кадыри. 2003.

# MAZMUNİ

Kirisiw........................................................................................................3

*I BÓLIM.* **PUQARALİQ QORĞANİWİ. ÓMIR QÁWIPSIZLIGI TIYKARLARİ. QÁWIPSIZLIK HÁM AYRÍQSHA JAĞDAYLARDA INSAN QORĞANİWİ**

*1-bap.* **AYRİQSHA JAĞDAYLARDİŃ ALDİN ALİW HÁM HÁREKET ETIWDIŃ BIRDEN-BIR SISTEMASİN SHÓLKEMLESTIRIW**

1.1. Ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw hám háreket
etiwdiń mámleketlik sisteması (AJMS)..........................................................4
1.2. Mektepte ayrıqsha jağdaylardıń aldın alıw hám
saplastırıw háreketleri rejesiniń dúzilisi........................................................11

*2-bap.* **QORSHAĞAN ORTALİQTİŃ UNAMSİZ TÁSIRLERINDE, INFEKCIYALİQ HÁM INFEKCIYALİQ EMES KESELLIKLERDEN SALAMATLİQTİ SAQLAW**

2.1. Qorshağan ortalıqtıń adam organizmine unamsız tásiri............................12
2.2. Tiykarğı infekciyalıq hám infekciyalıq emes keselliklerge
sebep bolıwshı qáwipli faktorlar...................................................................14
2.3. Azıq-awqat ónimleri hám suw menen
baylanıslı qáwipli faktorlar...........................................................................16

*3-bap.* **ZAMANAGÓY JAWİŃGERLIK QİYRATÍWSHİ QURALLAR**

3.1. Yadro quralı...............................................................................................18
3.2. Ximiyalıq qurallar.......................................................................................23
3.3. Biologiyalıq (bakteriologiyalıq) qurallar hám kesellik
tarqatıwshı mikroblar.......................................................................................31
3.4. Zamanagóy ápiwayı qırğın quralları..........................................................32

### *4-bap.* AYRIQSHA JAĞDAYLAR PAYDA BOLĞANDA XALIQTI QORĞAWDIŃ TIYKARĞI ILAJLARI

4.1. Ayrıqsha jağdaylarda xabar beriwdiń birden-bir sisteması ........................... 34
4.2. Dem alıw ağzaları hám terini qorğaw quralları ........................................ 39
4.3. Xalıqtı qorğawdıń injenerlik qurılmaları ................................................ 45
4.4. Radiaciyadan jasırınatuğın jerler, jertóle hám basqa jerlerdi qorğanıw qurılmalarına sáykeslestiriw ................................................ 48
4.5. Ayrıqsha jağdaylarda haywan hám awıl xojalığı ósimliklerin qorğaw ................................................................................ 51
4.6. Qutqarıw jumısların shólkemlestiriw, ótkeriw tiykarları hám alıp barıw usılları. Qutqarıw jumıslarınıń maqseti hám áhmiyeti ................ 56
4.7. Zıyansızlandırıw. Adamlardı sanitariyalıq islewden ótkeriw ....................... 60
4.8. Ayrıqsha jağdaylarda evakuaciya ilajların shólkemelestiriw hám ótkeriw ............................................................ 62

## *II BÓLIM.* SAP TAYARLIĞI

### *1-bap.* QURALSIZ ORINLANATUĞIN SAP ÁMELLERI HÁM HÁREKETLERI

1.1. Bir orında turıp hám quralsız háreket etkende áskeriy sálem beriw ........... 70
1.2. Saptan shığıw hám sapqa qaytıw. Baslıqtıń aldına barıw hám onıń aldınan ketiw ................................................................................ 71

### *2-bap.* SEKCIYA HÁM TOPARLARDIŃ SAP TARTIWI. JÚRIW SAPI HÁM JAYILĞAN SAPI

2.1. Sekciyanıń sap tartıwı. Jayılğan sapı ...................................................... 73
2.2. Júriw sapı ................................................................................ 77
2.3. Topardıń sap tartıwı. Jayılğan sap ........................................................ 78
2.4. Topardıń sap tartıwı. Júriw sapı ............................................................ 84

## *III BÓLIM.* ÁSKERIY XIZMETTIŃ HUQIQIY TIYKARLARI

### *1-bap.* ÁSKERIY JOQARI OQIW ORINLARI

1.1. Áskeriy oqıw orınları ........................................................................ 86
1.2. Joqarı áskeriy oqıw orınlarına qabıllaw tártibi hám qağıydaları ................... 92

## *2-bap.* ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ QURALLÍ KÚSHLERI ARMIYALARÍNDA TARBIYALÍQ HÁM JAWÍNGERLIK DÁSTÚRLERININ ORNÍ

2.1. Komandirler, baslıqlar hám olardıń jeke quramdı tárbiyalawdaǵı ornı........94
2.2. Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleriniń jawıngerlik dásturleri........95

# *IV BÓLIM.* ÁSKERIY XÍZMET TIYKARLARÍ

## *1-bap.* ULÍWMA ARMIYA SAWASHÍ TIYKARLARÍ

1.1. Dushpan menen júzbe-júz kelgen jaǵdayda hújimge ótiw hám birden hújimge ótiw usılları........101
1.2. Piyada tártipte hújimge ótiw........103

## *2-bap.* ORÍNLARDA KARTASÍZ ORIENTIR ALÍW

2.1. Orında hár túrli sharayatlarda kartasız orientir alıwdıń ózine tán ózgeshelikleri........106
2.2. Quyashqa salıstırǵanda predmetlerdiń jaylasıwına qarap gorizont tárеplerin anıqlaw........109

# *V BÓLIM.* ATÍW TAYARLÍǴÍ

## ORNÍNDA TURÍP QOZǴALMAYTUǴÍN HÁM DE PAYDA BOLÍWSHÍ NÍSHANLARǴA ATÍW

Ornında turıp qozǵalmaytuǵın nıshanlarǵa kúndiz oq atıw. Baslanǵısh atıw shınıǵıwın avtomatta (pnevmatikalıq quralda, atıw trenajyorında yamasa dala sharayatında) orınlaw........111

# *VI BÓLIM.* AMELIY ÁSKERIY FIZIKALÍQ TAYARLÍQ

## *1-bap.* ULÍWMA FIZIKALÍQ TAYARLÍQ

1.1. Ekinshi erkin shınıǵıw kompleksi........114
1.2. Kúsh shınıǵıwları kompleksi........119
1.3. Shaqqanlıq shınıǵıwları kompleksi........120

*2-bap.* **BIRDEN-BIR TOSİQLAR QATARİNAN ÓTIW**

2.1. Tosıqlar qatarı elementleri hám asırılıp ótiw tártibi menen tanısıw. Óz aldına tosıqlardan ótiw usılları hám olardı asırılıp ótiw shınıǵıwları. Tosıqlar qatarındaǵı tosıqlar kompleksinen tolıq ótiwdi úyreniw....122
2.2. Tosıqlar qatarındaǵı tosıqlar kompleksinen tolıq ótiwdi úyreniw. Iyelegen kónlikpelerdi jetilistiriw....126

*VII BÓLIM.* **MEDICINALÍQ BÓLIM TIYKARLARİ**

*1-bap.* **TİNİSHLÍQ WAQTİNDA ARMIYALARDİN MEDICINALİQ TÁMIYNATİN SHÓLKEMLESTIRIW TIYKARLARİ**

1.1. Tınıshlıq dáwirinde áskeriy bólim medicinalıq punkttiń jumısı....127
1.2. Áskeriy gigiena tiykarları....129

*2-bap.* **URİS WAQTİNDA ARMIYALARDİN MEDICINALİQ TÁMIYNATİN SHÓLKEMLESTIRIW TIYKARLARİ**

2.1. Urıs waqtında bólimsheler hám áskeriy bólimlerde emlew-evakuaciya sharailajların ótkeriw tiykarları....135
2.2. Medicinalıq járdem túrleri. Hárbir bólimde medicina punktiniń wazıypalar....136

*3-bap.* **JARADAR BOLĠANDA HÁM JABİQ JARAQATLANİWLARDA BIRINSHI MEDICINALİQ JÁRDEM KÓRSETIW**

3.1. Birinshi medicinalıq járdem túsinigi. Jaraqat túrleri....141
3.2. Qan ketiwde birinshi medicinalıq járdem kórsetiw Qan ketiwdi toqtatıw....147
3.3. Súyekler sınıwında birinshi medicinalıq járdem kórsetiw....154
3.4. Kóz, qulaq, murın, tamaq jaraqatlanǵanda birinshi medicinalıq járdem kórsetiw....162

*4-bap.* **RADIACIYADAN JARAQATLANİW HÁM ZÁHÁRLEWSHI ZATLARDAN ZÍYANLANİWDİN ALDİN ALİW HÁM BIRINSHI MEDICINALİQ JÁRDEM KÓRSETIW**

4.1. Yadro quralınıń jarılıwı nátiyjesinde ajıralıp shıqqan ónimler menen zıyanlanǵanda sanitar islewin ótkeriw. Yadro quralınıń

jarılıw oshaǵında emlew-evakuaciya shara-ilajların shólkemlestiriw hám de kórsetilip atırǵan birinshi medicinalıq járdemniń kólemi.................................166
4.2. Ximiyalıq qural qollanıwı nátiyjesinde zıyanlanǵanlarǵa birinshi medicinalıq járdem kórsetiw.............................................................169

*5-bap.* PUQARALÍQ QORǴANÍWDÍŃ MEDICINALÍQ XÍZMETIN SHÓLKEMLESTIRIW HÁM ONÍŃ WAZÍYPALARÍ. JARAQATLANǴAN XALÍQQA BIRINSHI MEDICINALÍQ JÁRDEM KÓRSETIWDI SHÓLKEMLESTIRIW

5.1. Puqaralıq qorǵanıwdıń medicinalıq xızmetin shólkemlestiriw hám onıń wazıypaları. Puqaralıq qorǵanıwdı áskeriylestirilmegen medicinalıq dúzilmeleriniń xarakteri hám wazıypası..........................................................................174
5.2. Kúyiw, suwıq alıw jaǵdayları hám basqa baxıtsız hádiyseler júz bergende birinshi medicinalıq járdem kórsetiw.............................................................175

Atamalar.............................................................................................190
Shártli belgiler.....................................................................................191
Paydalanılgan ádebiyatlar....................................................................192

*O'quv nashri*

**SHUHRAT SHAVKATOVICH UBAYDULLAYEV,**
**BAHODIR BERDIYEVICH GAFUROV,**
**DILNOZA RUZIMATOVNA UBAYDULLAYEVA**

# CHAQIRUVGA QADAR BOSHLANG'ICH TAYYORGARLIK

*O'rta ta'lim muassasalarining 11-sinfi va o'rta maxsus, kasb-hunar ta'limi muassasalarining o'quvchilari uchun darslik*

1-nashri

*O'zbekiston Respublikasi Xalq ta'limi vazirligi tasdiqlagan*

Toshkent — «ILM ZIYO» — 2018

*Qaraqalpaq tilinde*

| | |
|---|---|
| Awdarmashılar | *S. Aytmuratova, Z.Oserbaeva* |
| Redaktorı | *S. Aytmuratova* |
| Kórk. redaktorı | *I. Serjanov* |
| Tex. redaktorı | *B. Turımbetov* |
| Operatorı | *A. Begdullaeva* |

**Baspa licenziyası: AI № 275, 15.07.2015-jıl.**

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 29. 06. 2018. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. Tip «Tayms» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 12,5 b.t. 17,1 esap b.t. 14,63 sh. b.t. Nusqası 10452 dana. Buyırtpa № 151.

Original-maket «Bilim» baspasında tayarlandı
«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.
«ILM ZIYO» baspa úyi. Tashkent, Nawayı kóshesi, 30-úy.

**«SHARQ» baspa-poligrafiyalıq akcionerlik kompaniyası baspaxanasında basıldı.**
**100000, Tashkent qalası, Buyuk Turon kósjesi, 41-úy.**

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| ***Jańa*** | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| ***Jaqsı*** | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| ***Qanaatlandırarlı*** | Muqaba jelingen, birqansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| ***Qanaatlanarsız*** | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlanarsız qálpine keltirilgen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı |